МАХ ДУГ
Отечественная война
1945
2020
Индекс 73247
12+
4-5
2020

ТОТИТЫ Барис, ХОДЫ Никъала. *Цыртдзæвæн Петр Барбашовæн. Джызæлмæ фæндаг*

САНАХЪОТЫ Сергей. *Цыртдзæвæн Гæздæнты авд æфсымæрæн*

75
ПОБЕДА!
1945–2020

1945
2020

НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор
Оксана ХЕТАГУРОВА

Редакция
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

Редакционный совет
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2020

МАХ ДУГ

4-5
2020

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

Редакци
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

Редакцион совет
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КОСТЫ Лизæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2020

НОМЫРЫ ИС:

РЕДАКТОРЫ НЫХАС 6

ПРОЗÆ ÆМÆ ПОЭЗИ

Уыраугæ рис æмæ цæссыгтæ. *Æмдзæвгæтæ* 10

КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ

ТЪЕХТЫ Тамерлан. Тохы быдырмæ ирон чызг фæцыд... 20

ДЗАБАЙТЫ-КЪЕСАОНТИ Таисæ.

Уæд ма... Хæсты размæ... *Æцæг хабар* 25

КОЧЫСАТЫ МУХАРБЕГ: 100 АЗЫ 41

Зарæг аскъуыд æрдæгыл. *Æмдзæвгæтæ, фыстæджытæ* 42

ИРОН ХЪÆБАТЫРТÆ

ТЪЕХТЫ Тамерлан. Æхсар æмæ лæгдзинады æвдисæн цаутæ 52

ГÆБÆРАТЫ ЮРИ: 60 АЗЫ

Уастырджийы зарæг. *Романæй скъуыддзаг* 62

«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ 129

КАСАТЫ БАТРАДЗ: 70 АЗЫ 149

Мæ уд мысайнагæн æвæрын. *Æмдзæвгæтæ* 150

ХОЗИТЫ Барис. Йæ сыгъдæг уарзт – рæбинагдæр æнкъарæн 157

ХÆМЫЦАТЫ АЛБЕГ: 80 АЗЫ 168

Ивгъуыд рæстæг атахт. *Æмдзæвгæтæ* 169

Амонддæжын азтæ. *Уац* 177

ХЪÆДГÆМТТÆ АБОН ДÆР ДУДЫНЦ...

Æмдзæвгæтæ 181

АИВАД ÆМÆ КУЛЬТУРÆ

ЦÆЛЫККАТЫ Мæирбег. Ирон театр Фыдыбæстæйы

Стыр хæсты азты 191

КЪАДЗАТЫ СТАНИСЛАВ: 65 АЗЫ 208

Фыдыбæстæ – йæ урс къæсæр, йæ зарæг. *Æмдзæвгæтæ* 209

ГÆДИАТЫ СЕКЪА: 165 АЗЫ 218

Сафиат. *Радзырд* 219

ЗОНДДЖЫН ЛÆГТЫ НЫХÆСТÆ 225

САТИРИКОН РАДЗЫРДТÆ

БИАЗЫРТЫ Роланд. Æмæ, дам, чындзы фæцу!Еспине 230

ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

НАНИТЫ Асиат. Тугæйдзаг уæрдон. *Радзырдтæ* 240

ТÆФÆРФÆС ДАУЫРАТЫ – СЛАНТЫ ЗОЯ 254

ФЫДЫБÆСТÆ УÆ ДЗЫРДЫ СÆР КУЫ УА – ФЫЦЦАГ НЫХАС-ИУ МАРД ХÆСТОНÆН РАТТУТ…

1945 азы 9 Май у нæ Фыдыбæстæйы сæйраг бæрæгбон, знагæй Райгуырæн бæстæ бахъахъхъæнынмæ иу хæдзары бинонтау цы адæмтæ сыстад, уыдоны æнæбасæттæ лæгдзинад æмæ æнæфæцудгæ æфсымæрдзинады символ.

Зын æмæ дæргъвæтин уыд Уæлахизмæ фæндаг.

190 дивизийы 5,5 милуан адæймаджы, 4300 танчы, 47 мин сармадзаны æмæ минометы, 5000 хæдтæхæджы – уыйбæрц тыхтæй æрбалæбурдтой гитлеронтæ нæ бæстæмæ. Уыдон сæ зæрдæ дардтой цыбыр хæстыл, 1941 азы 7 ноябрьмæ Мæскуы байсынил æмæ дзы се 'фсæдты парад саразынил. Фæлæ сæ фæндтæ сæ хъуыры фæбадтысты. Нæ уæды æгæрон бæстæ растад сæ ныхмæ æмæ бахъахъхъæдта йæ зæрдæ – Мæскуы. Нæ бæстæйы иннæ адæмты минæвæрттимæ иумæ цыфыддæр знаджы ныхмæ карз тохы стыр хъæбатырдзинад равдыстой не 'мзæххонтæ, Ирыстоны цæрджытæ.

Цæгат Ирыстоны 95 мин цæрæгæй фылдæр тох кодтой знаджы ныхмæ Советон Æфсады рæнхъыты æмæ партизанты къордты ныхмæлæуды змæлды. Хæстæй нал сыздæхт алы дыккаг дæр. Республикæйы иунæг ахæм бинонтæ дæр нæй, Фыдыбæстæйы Стыр хæст кæй бындур нæ нынкъуысын кодта, арф хъæдгом кæй царды нæ ныууагъта.

Абон мах сæрыстырæй фæзæгъæм, Ирыстон Райгуырæн бæстæйæн кæй радта 79 Хъæбатыры, 12 адæймаджы кæй систы Намысы ордены æххæст кавалертæ, 45 – хæстон инæлар æмæ адмиралы, фæсчъылдымы фæллойы тыххæй 10 адæймаджы кæй систы Ленины æмæ Паддзахадон премиты лауреаттæ.

Цæгат Ирыстоны 60 мин æфсæддонæй фылдæр райстой хæстон хæрзиуджытæ. Куыд нæ хæссæм нæ сæр бæрзæндты Советон Цæдисы

дыууæ хатты Хъæбатыр, Монголы Адæмон Республикæйы Хъæбатыр, æфсады инæлар Плиты Иссæйæ, Советон Цæдисы дыууæ хатты Хъæбатыр Иван Фесинæй, Советон Цæдисы Хъæбатыр, æфсады инæлар Хетæгкаты Георгийæ, Советон Цæдисы Хъæбатыр, инæлар-булкъон Мамсыраты Хаджумарæй, Советон Цæдисы Хъæбатыртæ – авиацийы инæлар-майор Дзусаты Ибрагимæй, инæлар-майор Александр Карасевæй, инæлар-майор Билаонты Павелæй, Советон Цæдисы фыццаг ирон Хъæбатыр Остъаты Алексейæ, Советон Цæдисы Хъæбатыртæ Æбаты Æхсарбег, Тогызты Хъауырбег, Гагкайты Алихан, Александр Бондарь, Калоты Георги, Никитæ Дронов, Василий Коняхин æмæ иннæтæй. Нæ бæстæйы намысджын æфсæддон разамонджыты 'хсæн уыцы тугуарæн азты уыдысты не 'мзæххонтæ – инженерон æфсæдты маршал Михаил Воробьев, авиацийы инæлар-булкъон Николай Науменко, инæлар-лейтенант Хуыдæлты Харитон, инæлар-лейтенант Василий Терентьев, инæлар-майортæ Цæлыккаты Хъантемыр, Сланты Лентъо æмæ иннæтæй.

Зæрдæйы арфы æрцардысты Иссæйы ныхæстæ:

"Зонут: æз фидар интернационалист дæн. Дæн æмæ баззайдзынæн ахæмæй кæронмæ. Мæ цард снывонд кодтон адæмæн, уыдоны æз нацитыл никуы дих кодтон. Хæсты цал æмæ цал хаты фæцæф дæн, цас туг мæ фæкалд, æмæ мæ цас бауагътой кæйдæр туг, æвæццæгæн, æмæ мæм ирон, Плиты тугæй иу æртах дæр нал баззад. Ныр кæсын «Алан»-ы концертмæ æмæ мæхи тыххæй уромын, фæнды мæ сценæмæ рагæпп кæнын æмæ артисттимæ къахфындзтæ æрсадзын. Цыфæнды уа, уæддæр мæ буары алы хайæ дæр æнкъарын: ирон дæн æз, ирон!"

Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау сæ цард радтой нæ республикæйы 46 мин хъæбулы. Уыдонимæ Гæздæнты æмæ Кобегкаты авд æфсымæры, Темырты æмæ Хестанты æхсæзгай æфсымæртæ, Хъалæгаты, Дыгуры, Сеойты, Бæройты, Багаты, Хъесаты, Дзугаты, Токаты, Тахохты фæндзгай æфсымæртæ; Æдæппæт 15 хæдзарæй фæмард фæндзгай, 52 хæдзарæй та цыппæргай æфсымæртæ. Æртыгай æмæ дыгай æфсымæртæ кæй хæдзармæ нал сыздæхт, ахæмтæ та Ирыстоны уыд сæдæгæйттæ.

30 милуан советон хæстоны нал раздæхтысты карз хæстæй. Ирыстон аккаг бавæрæн бахаста иумæйаг Уæлахизмæ. Алы карз тохы дæр (Мæскуыйы бынмæ тох, Дзæуджыхъæуы бынмæ гитлеронты

ныддæрæн, Сталинград, Курскы къæлæт, Днепрыл бахызт, Прагæ, Будапешт æмæ Берлин байсын) сгуыхтысты республикæйы цæрджытæ, сæхи дæр æмæ сæ чысыл Райгуырæн бæстæ дæр æнустæм скадджын кæнгæйæ. Уыцы иу рæстæг æндонау æхсыст нæ адæмты хæлардзинад. Фæзынд бирæ хъомысджын уацмыстæ нæ бæстæйы æппæт адæмты литературæйы. Уæды заманы уацмыстæ дзаг сты Райгуырæн бæстæмæ æхсидгæ уарзты æнкъарæнтæй, патриотизм æмæ интернационализмы мотивтæй.

Тыхджын æмæ зæрдæргъæвд литературон фæсивæд уыдис хæсты хæдагъоммæ Ирыстоны. Ахуырад райстой Цæгирпедрабфачы æмæ техникумы, Цæгат Ирыстоны педагогон институты. Фæлæ се 'хсæн уыдис, суанг астæуккаг скъола каст чи нæма фæцис, ахæмтæ дæр. Фæлæ сæ бахъуыд сæ къухмæ хæцæнгарз райсын æмæ хæсты цæхæры балæууын. Сæ фылдæр сæ цард æрхастой сæ адæмы сæрибардзинады сæрвæлтау. Сæ хотых ссис сæ фыссæн сис дæр. Сæ фыст уацмыстæ, се 'взаг, сæ аивадон мадзæлттæ, ног чи фæзынд, уыцы мотивтæ æмæ интонацитæ, сæ хъайтарты характерты структурæмæ гæсгæ ирон литературæйы историйы баззайдзысты æнусмæ. Кочысаты Мухарбег, Калоты Хазби, Плиты Грис, Дзадтиаты Тотырбег, Плиты Хадо, Богазты Умар, Дарчиты Дауыт, Токаты Асæх, Цырыхаты Михал, Цæгæраты Максим, Хъайтыхъты Геор, Цæголты Васили, Мыртазты Барис, Тимофей Ефимцов, Хъайттаты Сергей, Чехойты Сæрæби, Баситы Михал, Цæгæраты Гиго, Сечъынаты Ладемыр, Баситы Дзамболат, Наниты Васо, Фæрниаты Дзибус, Елехъоты Мурат, Джусойты Нафи, Багаты Лади, Хъайтыхъты Азæмæт, Сидахъты Илья... Уыдонæй алчи дæр йæ уацмысты ныууагъта йæ зæрдæйы рис, тохы рæстдзинад, рæстæджы комулæфт.

1945 азы 9 Май æнустæм баззайдзæн нæ бæстæйы хæстон Намысы æппæты кадджындæр бонæй, фæразондзинад æмæ лæгдзинады, æхсар æмæ адæмты иудзинады, хæлардзинады æмæ æфсымæрдзинады бонæй.



О, цас разынд хъæбатыртæ нæ Иры,
Фæйнæгфарс нæ, болатбазыг ысты,
Тæхгæ нæмыг-иу ахызти йæ риуы,
Уæддæр нæ хауд лæгæвзарæн хæсты.

1965 азы 8 майы Дзæуджыхъæуы Æфсымæрон ингæныл Хъалæгаты фондз зынгхуыст æфсымæры мад Хангуассæ ссыгъта æнусон арт

УЫРАУГÆ РИС ÆМÆ ЦÆССЫГТÆ

БАСИТЫ Дзамболат

Хæрзбон зæгъын. Нæ сæрмæ згъоры тар мигъ.
Нæ хъæу æмырæй доны был лæууы.
Кæс-ма, чызгай, у мæнæ уый сымах тигъ,
Æддæмæ ам ыстыр фæндаг цæуы.
Ыстыр фæндаг ыстыр бæстæмæ ацыд,
Кæцы ран хæст æнæнцойæ цæуы,
Кæцы ран зæхх ызнæгты мастæй басыгъд,
Æмæ кæуы сæ къæхты бын, кæуы.
Цæуын æз уырдæм, тохы арт кæм судзы,
Кæм кæны хуры топпы фæздæг тар.
Ызнæгтæм рагæй сонт зæрдæ рæмудзы...
Æрцыд рæстæг. Ыcластон æз мæ кард.
Ды ма тæрс, ма мæнæн, мæ дуне, тохы
Нæ бæстæйæн æрфиддзынæн йæ хæс,
Æмæ дæумæ нæ уæлахизы боны
Сæрыстырæй æрыздæхдзынæн æз!

ÆНÆФЫСТ ЦЫРТ

Æз федтон цырт, æнæфыст цырт нæ фæзы,
Рæсугъд нæууæвæрд ингæны сæр уыд.
Цыдысты адæм фæндагыл йæ рæзты,
Æмæ-иу ам фæсабырдæр сæ цыд.

Æрбацыд цыртмæ урсзачъе зæронд лæг.
Йæ сау худ систа. Фемырæг и бон.
Æмæ ызгъордта суадæттау йæ мæллæг,
Йæ мæллæг рустыл цæстытæн сæ дон.

Нæ зоны уый æфсæддоны хæстæгмæ,
Йæ цыртыл ном æмæ мыггаг фыст нæй.
Æрмæстдæр зоны: ингæны мыггагмæ
Фынæй кæны хъæбатыр гуырд, фынæй...

1944 азы август

КАЛОТЫ Хазби

ФÆДЗУРЫНЦ МЫН…

Фæдзурынц мын: «Ныууадз дæ фæндыр,
Кæнæ та бацагай дæ бæх.
Поэт уæвын кæй нæ фæфæнды,
Фæлæ нæуæгæй исты зæгъ.

Цард хорз у, уый фыстой ма раздæр…
Лæджы фæзмын æмбисонд нæу.
Кæдæмдæр музæ цалдæр азы
Дзæгъæл быдыры скъæфы дæу».

Æмæ фырадæргæй мæхицæн
Æппындæр нал ф 'арын бынат.
Фæбæллын: ехх, кæмæй фæхицæн
Поэтикон лæмæгъдзинад!

ЕЛЕХЪОТЫ Мурат

ФÆУÆЛАХИЗ УЫДЗЫСТÆМ

Нæрут, хæстон уадындзтæ,
Арвау,
Кæнут, о нæмгуытæ,
Зынг уард!
Зындоны карз тымыгъ,
Ныццарау,
Куыд фæуой удхортæ быңдзагъд!
Лæгсырд йæ тугмондаг хъæлæсы
Нæ бæстæмæ æрхаста марг.

Фæлæ йын сау мæлæт фæхæссæм,
Зæххыл дзы нал уыдзæн мыггаг.
Рæстдзинад – мастисæг – нæ фарс у,
Тæрс, не знаг,
Хус сыфтæрау риз!
Кæнынц нæ фыдгæндтæ дæ фарсæй,
Фæуыдзæн авддæлдзæх фашизм!

САУКУЙТИ Хасан

МЕ 'ХСИРФМÆ

Гъей, ме 'хсирф, зарæ мæ къохи,
Исзæлланг кæнæ цæрдæг.
Бацудан нур кусти тохи –
Æрæфснайæн нæ тиллæг!

Ехх, тиллæг, тиллæг... Фурзадæй
Нæ будур бунмæ тонуй.
Æ нæмуг дæр куд иставд æй!
Е мах фарнæ амонуй.

Гъей, æхсирф, зарæ мæ къохи.
Дессаги рæстæг хæссуй.
Ма фæллайæ кусти тохи.
Уæхæн рæстæг ка хæссуй!

ГАФЕЗ

ЗÆРДÆ МЫСЫ

Бæстæ судзы мæ цæсты раз, –
Фæздæг мигъау ныббадт.
Хæсты стыр æмæ бирæ уæз
Уæнгтыл сихау ныббадт.

Фæлæ зæрдæйы сагъæстæ
Ничи бакæндзæн тар:
Мысы дард ранæй хохбæстæ,
Мысы уарзон хæдзар.

Ноджы мысы, кæд афонмæ
Мад кæрдзынтæ кæны,
Æмæ сусæгæй й' арынгмæ
Цæссыг рустыл кæлы.

Кæнæ иунæгæй пецы раз
Бады, мысы уый мæн.
Мысы... абон æртыккаг аз
Уый нæ зоны, кæм дæн.

Зонын, зонын, мæ уарзон мад,
Ды кæй тæрсыс мæнæн,
Бон нæ арыс æрынцойад,
'Хсæв нæ кæныс фынæй.

Арæх хъæубынмæ рудзынгæй
Ды æдзынæг кæсыс
Æмæ алкæй дæр ме 'рцыдæй
Ды хынцфарстæй фæрсыс.

Гыцци, тагъд дæм æрцæудзынæн, –
Нæй дæ фыртæн мæлæт!
Æмæ батæй ныссæрфдзынæн
Æз дæ цæссыг дæуæн.

ГЕРМАНЫ ХÆСТЫ ЗАРÆГ

Далæ комы хæрæ мигъ фæзынди,
Æмæ арв ныннæрыд, арв нырттывта,
Судзгæ цæхæртæ зæхмæ куы калы,
Зæхх ныррызти, зæхх нынкъуысти, уæдæ.

Уый хæрæ мигъ куы нæу, хæрæ мигъ,
Уый арв куы нæ нæры мигъты 'хсæнтæй,
Уый арвы 'рттывд куы нæу, арвы 'рттывд,
Æмæ арвы цæхæртæ куы нæ сты.

Уый нæм залийаг калм æрбабыры,
Залийаг калм Германы бæстæй,
Авдсæрон маргхæссæг залийаг калм,
Хæлбурцъгæнгæ, хæлбурцъгæнгæ, уæдæ.

Йæ комы тæф сау мигъау куы сбадти,
Йæ хъæлæсæй цæхæртæ куы калы,
Йæ сау дзæмбытæй хъæдтæ куы цæгъды,
Хæхтæ куы гæрды, хæхтæ куы халы.

Ой! Фæдис, фæдис, Иры фæсивæд!
Лæгæвзæрст, бæхæвзæрстæй рацæут, –
Тохы бон ыскодта, хæсты дуг æрцыд,
Лæджы сæр бахъуыд, лæджы сæр, уæдæ.

Ой! Фæдис, фæдис, Иры фæсивæд –
Нарты буц цот – нарты байзæддаг!
Худинаг ма 'руадзæм нæ адæммæ,
Худинаджы бæсты мæлæт – хуыздæр!

1942

ЦЫРТЫТÆ

(Уац)

Цыртытæ...
Цыртытæ...
Цыртытæ...

Ныййарæг зæххы тæрттæй алы рæтты стыдтой саумæр сыджытæй йæ зынгхуыст хъæбулты æгъуыстаджы зæрдæтæ æмæ атындзыдтой хурмæ.

Ирыстоны рыстзæрдæ мадæлтæ, уыдон уе ’дзард зæрдæйы уидæгтæ нæ ныббыхстой сæ ингæнтæ æмæ уæм сæ тохы фæндæгтæй уал азы фæстæ æрыздæхтысты кад æмæ намысы цыртытæй.

Æрыздæхтысты... Цæмæй цæрой, улæфой, тох кæной, сæ цард ныфсæн кæй рухс фидæны сæрыл æрхастой, уыцы фæлтæрты зæрдæты, сæ цинты, сæ хъыгты, се ’рвылбонон хъуыддæгты...

Цыртытæ...
Цыртытæ...
Уыдон...

Æрвылхатт дæр сæ ныййарæг гыццитæ фæндаджы былмæ сæ размæ кæмæн рацæуынц, сæ цæсты рухс æнхъæлмæ кæсынæй кæмæн батад уал азы фæндаджы цыргъ дуртыл, фæлæ сæ гыццитæм чи нæ уал зыны, кæмдæр хæсты быдыры тугхъулон зæххы фæдджитыл æнусмæ мæрдфынæй чи бацис...

Уыдон...

Сæ уарзæттæн, куырдуаты бадгæйæ, сæ дадалитæ кæмæн сурс сты æнхъæлмæ кæсынæй, сæ зæрдæты рæсугъд бæллицтæ уæларвон стъалытæ кæмæн фестадысты æмæ мæйрухс æхсæвты æвзонг уарзæттæм сæ мидбылты чи фæхуды...

Уыдон...

Авдæнты сæ фырттæ кæмæн баззадысты æмæ дæс æмæ ссæдз азы фæстæ сæ фыдтæй чи фæасдæр абон.

Уыдон...

Чи нæ райгуырд, хуры рухс чи нæ федта, «мæхи баба» зæгъын кæмæн нæ бантыст, уыцы сабиты æгъуыстаджы бабатæ æнусон цыртытæ фестадысты абон.

Æмæ цас сты, цас, уыцы лæгдзинады цыртытæ!
Ма сæ нымайут!
Ма нымайут ныййарæг гыцциты зæрдæты уæззау хъæдгæмттæ!
Дудынц!
Даргъ æмæ æвирхъау уыди, Ирыстоны рыстзæрдæ урсдадали ный- йарджытæ, уæ хъæбултæн сæ фæндаг. Ахызтысты æрдуйы хидыл, сæ фазыл фæбырыдысты карды комыл æмæ астæумæ туджы фæлæгæрстой Берлинмæ! Иутæ фæхæццæ сты кæронмæ æмæ æрыздæхтысты сæ фыдæлты уæзгуытæм уæлахизæй фæстæмæ, иннæтæ, зæгъынц, зæгъгæ, дам, фестадысты уалдзыгон хъарм къæвдайы æртæхтæ æмæ æрызгъæлынц зæххыл, æрхауынц зад мæнæуты æфсиртыл, уардидидинджыты хъустыл æмæ адæмæн царды хос, удæнцой æрхæссынц.
Раджы фæци хæст. Хъазуат рæстæг фестади истори. Фæлæ, ныййарæг мæдтæ, нæма зыны стыр хæстæн йæ кæрон. Нырма дæр уæ хъæбулты топпыхосæй арыд æртæтигъон фыстæджытæ, цæстыгагуыйау, æфснайдæй дарут. Уыцы фыстæджыты уæ хъæбултæ баззадысты удæгасæй, æмæ фæныхас кæнут семæ. Æниу, куы зониккат, уæ хъæбултæ кæмыты сты, уæд сæм фæцæуиккат, хоры гагатау сæ æруидзиккат æмæ сæ æрхæссиккат сæ фыдæлты ингæнтæм.
Афтид ингæнтæ! Ахæм хъæу нæ баззад Схлиты, Шихантурийы, Додоты, Рустауы, Джеры комы, Куырттаты комы, Хъæдгæроны, Цъунары, Хъорнисы, Дзуарыхъæуы, Урстуалты – уæ афтид ингæнтæ цы рæтты не сты!
Фæндаг, фæндаг! Тарст сагъæсты, саст ныфсыты фæндаг! Куыд нæ зыны дæ кæрон!
Нырмадæр, Ирыстоны рыстзæрдæ ныййарджытæ, уæ зæрдыл лæууы уыцы æвирхъау фæндагæн йæ райдиан, йæ сæр...
Хъуыды ма йæ кæнут...
Æхсæвæй куыд фæхицæн бон, афтæ сау рын феуæгъд и зындоны къæлæтæй... Ыннæрыд топпы хъæр, рæстæджы цалх йæ раст фæндагæй фæиртæст, æмæ фæдисы хъæр арвы нæрдау айхъуыст...
Лæгдзинады сæр бахъуыд!
Æмæ сымах, Ирыстоны мадæлтæ, уæ ахсджиæгты фервыстат хъазуатмæ, зыдтат, куывдмæ, гъе, чындзæхсæвмæ нæ цæуынц... ныффæдзæхстат сын:
– Нæ зæрдæты уидæгтæ, лæджы сæр уæ бахъуыд, фæлæ худинаг

Баситы Чабæхан

ма ’рхæссут уæ сæрмæ. Ма фегад кæнут ирон лæджы кад, нæ фыдæлты æгъуыстаджы лæгдзинад!
Рæстæг уыд карз æмæ æгъатыр, карды комыл æрæвæрдæуыд цард: кæнæ сæрибар, кæнæ та кады мæлæт тохы быдыры!
Æмæ Ирыстоны равзаргæ æгъуыстаджы фæсивæд сæрибары сæрыл фæцыдысты лæгдзинады хъазуатмæ, æппæт советон адæмы намысджын фырттимæ уæхски-уæхск æрурæдтой фыдрыны. Нæ фæхудинаг кодтой сæ кадджын фыдæлты, æгады бæсты равзæрстой кады мæлæт хæсты быдыры. Куы-иу æрхауд сæ иу, уæд-иу иннæ æрбалæууыд йæ фарсмæ... æмæ уæлахизы тырыса дæлимонты ахстоны пырхæнты сæрмæ ’рсагътой.
Æмæ куыд уæззау, куыд æвирхъау уыдысты уыцы цыппар азы!

Нæ урсдадали ныййарджытæ, сымах здыйы донау аныхъуырдтат уе стыр сагъæс-маст, дæндагæй ныххæцыдыстут уæ зынты хурхыл æмæ уæ ахсджиаггæн айнæг хохау слæууыдыстут сæ фæсчъылдым. Райстат уæхимæ уæ хъæбулты, уæ удыхæйтты, уе 'фсымæрты уæззау уаргъ æмæ фидарæй загътат:

– Æппæт дæр фронтæн! Æппæт дæр фæуæлахизы хъуыддагæн!

Æмæ уæм цы стыр хъару, цы стыр фæразондзинад разынд! Æхсæ- вæй нал иртæстат бон, бонæй та – æхсæвы. Афтæмæй уæ къухмæ райстат цæвджытæ – карстат хос. Сбадтыстут уæ удыхæйтты бæсты тракторты. Хуым кодтат, райстат лæдзджытæ, цыдыстут фыййау. Слæууыдыстут заводты, фабрикты тæрхыты уæлхъус æмæ куыстат дывæр – æртывæр хъаруйæ. Уæхицæн адджын ницыуал кодтат. Хи цард, хи уæззаджы мæт æппæт адæмы, æппæт бæстæйы хъысмæтимæ баиу, æмæ уæ фæстаг кæрдзыны къæбæр дæр æрвыстат уæ ахсджиаггæн фронтмæ.

Фæци хæст!

Æрыздæхтысты нæ уæлахиздзау фæсивæд сæ æвирхъау тохы быдырæй... Æрхастой семæ фарн æмæ уæлахиз...

Фæлæ алкæмæн уый фадат нæ фæци!

Æвæдза, цы диссаджы цæрæццаг лæппутæ уыдысты!

Зын уыд мæлын. Кæй нæ фæндыд фыдызæххыл зæрдæфæндонæй фæцæрын, фæлæ уын цардæй зынаргъдæр разындысты уæ ныййарæг Ирыстон æмæ уæ иубæстон адæм!

Æмæ куыд уарзтат цард! Нæ хæхты цъуппытыл хурыскаст сæрдыгон, урсдзыкку æхсæрдзæнтæн сæ сæх-сæх. Куыд уарзтат сæумæрайсом арф кæрдæгыл къæвдайы 'ртæхтæ æмæ зад мæнæуты хуымтæй уæрццы «быллыхъхъ»-мæ хъусын. Кæнæ сæрвæттыл сæумæйæ фыййауы зарæг æмæ цъæх кæрдæгыл фосы дзугты мере!

Уарзтат ирон зарæг, нæртон симд!

Уарзтат уæ иубæстон адæмы æмæ сыл батадыстут царвау. Батадыстут, цæмæй сæ сæрмæ сыгъдæг уа арв, худой сабитæ, хъуыса ирон ныхас, ирон дзырд. Хызт уой дунетæ фыдбылызæй – фыдрынæй, цæмæй æфсымæрон адæмты фынгыл ирон лæг сæрыстырæй йæ къухмæ райса нуазæн! Цæмæй ныййарджытæн ма мæлой сæ хъæбултæ хæсты быдыры æвзонгæй! Цæмæй мах цæрæм, райæм, уæм царды цинтæй хайджын.

Гъей, джиди, цы лæппутæ уыдысты!..

Æнусон кад æмæ уын цыт, Ирыстоны рыстзæрдæ мадæлтæ, йæ фыдыбæстæйæн ахæм бæгъатыр фырттæ чи схъомыл кодта!

Уе 'гъуыстаджы кадæн ныммæлæн макуы уæд æнусмæ! Уæ хъæбултæ фæцыдысты лæгдзинады фæндагыл, схæццæ сты уæларвмæ, хуры цæсгомæй асæрфтой мылазон мигътæ æмæ сæрдыгон ирд æхсæвы арвыл фестадысты æрттиваг стъалытæ. Æмæ æхсæв куы 'рсабыр вæййы æрдз, бæстыл куы атулы сабырдзинады уылæн, уæд уæларвæй сæ мидбылты фæхудынц, цæрынæн кæм райгуырдысты, цæрын сын кæм нæ бантыст, сæ уарзæттæн фæстаг хъæбыс, фæстаг хæрзбон кæм загътой, сæ ныййарджытæ сæм абон дæр кæм æнхъæлмæ кæсынц, уыцы уæзгуытæм.

Скæсут æмæ арвыл мин-мин æрттивагдæр стъалыты 'хсæн базондзыстут дзуарыхъæуккаг Гæздæнты Тасойы авд зынгхуыст хъæбулы, цырауыхъæуккаг Габысаты Верæйы фондз зынгхуыст хъæбулы, дæргъæвсыхъæуккаг Дзебойты Гигкайы фондз зынгхуыст хъæбулы, рустауыхъæуккаг Гасситы Оленкъайы цыппар зынгхуыст хъæбулы, Дыгуры Хъуыдинæйы фондз зынгхуыст хъæбулы, æрыдойнаг Дзугаты Фаризæты цыппар зынгхуыст хъæбулы, мызураг Таболты Фатъийы цыппар зынгхуыст хъæбулы, алагираг Хъесаты фондз зынгхуыст æфсымæры, елхотыхъæуккаг Беройты Госæмайы фондз зынгхуыст хъæбулы, ногирыхъæуккаг Джиоты Сидойы цыппар зынгхуыст хъæбулы, галуантыхъæуккаг Козаты Натъойы цыппар зынгхуыст хъæбулы, ручъыхъæуккаг Плиты Папело æмæ Оленкъайы фондз зынгхуыст хъæбулы, Хъорсеу – Едиаты сыхы Тедеты Пъаулейы фондз зынгхуыст хъæбулы, самцъхъаройаг Хуыбецты Олгъайы фондз зынгхуыст хъæбулы, хъæдгæройнаг Хъалæгаты Хангуассæйы фондз зынгхуыст хъæбулы, сырхдыгураг Бæлоты Дафайы фондз зынгхуыст хъæбулы. Мингай мадæлты зынгхуыст хъæбултæ арвыл æрттивагдæр стъалыты хуртуан фестадысты!

Æнусон кад æмæ сын цыт!

Ды та, дард бæлццон, ныййарæг фыдызæххы фæндæгты былтыл куы фенай æгъуыстаджы салдæтты цыртытæ, дæ худ-иу сис æмæ-иу уысмы бæрц сæркъулæй æгъдау ратт, цæрын кæй фæндыд æмæ цæрын кæмæн нæ бантыст, гыццийы уыцы зынгхуыст хъæбултæн. Ма дæ ферох уæд, уыцы æдзард салдаттæ дæу æмæ мæн тыххæй сæ сæр нывондæн кæй æрхастой, уыцы хабар!

Цыртытæ...

Цыртытæ...

Цыртытæ...

Æхсар æмæ лæгдзинады цыртытæ!

КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ
1945–2020

ТЪЕХТЫ Тамерлан

ТОХЫ БЫДЫРМÆ ИРОН ЧЫЗГ ФÆЦЫД…

Æнусæй чысил къаддæр цæры а зæххыл ногираг Амирова-Хуыбаты Варварæ, æмæ йын уыцы рæстæгæй Фыдыбæстæйы Стыр хæст, абаргæйæ, йæхирдыгæй бирæ нæ фæкодта. Гъе, фæлæ йын ныхъуыргæ йе ‘рыгон азтæ акодта, йæ хъысмæтыл ын трагикон хуызы кæрæй-кæронмæ сахадыдта. Уымæн, æмæ мысинæгты уаргъ уæззауæй-уæззаудæр у. Уыцы æхсарджын лæппуты цæсгæмттæ, йæ чызгæмбæлтты худæндзаст цæстытæ дзы иу уысм дæр рох не сты. Æнусмæ зæрдæйы баззадысты, бирæтæн дзы сæ ингæнтæ бæрæг дæр не сты, фæлæ Хуыбаты Петры чызджы цæстытыл æрыгæттæй уайынц. Ехх, тæхуды, фæцу ма уыцы фæндæгтыл, февæр дидинджытæ сæ тугкалæн тохты бынæтты, æдзард фæсивæды бæсты фæцин кæн цъиуыты зардыл, фæку сæ зынгхуыст бæллицтыл. Варварæйау уыдон дæр цардæй бирæ куы нæ агуырдтой – райгуырæн бæстæйæн лæггады охыл хъазуатон фæллойы бацæуын, райдзаст цъæх арв уынын, сæ кæстæртыл сын хуры тынтæ кæй узæлынц, уымæй зæрдæскъæфт уæвын.

17-аздзыдæй фæцыд тохы быдырмæ йе ‘мгар чызджытимæ Хуыбаты хъæйтар чызг. Дзæуджыхъæуæй балц сæм зын каст, фæлæ цыбыр рæстæгмæйы фæлварæн. Хъысмæтсæттæн сау мигътæ та арв цыппар азы æмгъуыдмæ æрбахгæдтой…

«Рæстдзæвинты курсытæ сарæзтæуыд Грознайы, 212-æм фæстауæрцгонд полчы. Мах, 125 чызджы, систæм йæ фыццаг рауагъдонтæ. Арвыстой нæ æфсæддон хæйттæм. Мæн – 10-æм уæлдæфон-десантон бригадмæ», – мысы хæстон. Знаджы сырдтой Мæздæг æмæ Краснодарæй, Керчь æмæ Новороссийскæй. Йæ снайперы хыгъд байгом Кубаны, немыцы «Æрвгъуыз хахх» – Таманы æрдæгсакъадахы ны-

вæст «тын» дæрæнгæнгæйæ: «Инженерты æххуысæй арæзт позици батонын æгæрон зын уыд, уымæн æмæ сырæзыд цъымаратæй æхгæд къуыппыл, йæ фæстæ – быдыртæ. Гъемæ знаджы снайпер нæ батальоны æнцад нæ уагъта. Хæринаггæнæгæн-иу йæ канистрæ фехста, æмæ-иу фыцгæ донæй йæ къухтæ басыгъдысты. Уый ссарын сси мæ фыццаг хæслæвæрд. Æхсæвæй-бонæй æнæзмæлгæйæ æмбæхстæй бадтæн, цалынмæ та йæхи нæ равдыста, уæдмæ. Боныцъæхтыл йæхи аирхæфса, зæгъгæ, афтæ ацахстон йе ‘хсæн бынат. Федтон, стыр бæласæй куыд рахауд, уый…»

Ирыстойнаг чызджы сгуыхтытæн æвдисæн – Сырх Стъалыйы æмæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты I къæпхæны ордентæ, майдан «Æфсæддон сгуыхтыты тыххæй». Цы уыдаид, чи зоны, фæлæ 1943

азы Керчы донбакæлæны цур тохты старшина Хуыбаты Варварæ дыккаг хатт фæцæф, æнæ къахæй баззад æмæ æфсадæй уæгъд æрцыд.

Хæстонтæ се 'взыгъд ирвæзынгæнæджы Чижик хуыдтой, ирон дзырд «чызг» сын зын дзурæн кæй уыд, уымæ гæсгæ. Варварæйæн ис, уыцы рæстæгæй худæнбылæй цы æрымыса, уый дæр: «Æгæрон уарзтæй уарзтон ирон кæфтытæ. Иуафон нын ныббырсты размæ старшина чысыл бæрæгбон сарæзта. Кæддæры халсардарæн агъуыст асыгъдæг кодтам, фынг авæрдтам, нæхи ирон музыкæ сифтыгътам (нæ зонын, кæцæй нæм æрбахауд, уый). Удуæлдай кафты бацыдтæн, æрмæст ма мæм къæрццæмдзæгъд хъуыст. Нæ командир мæ нал базыдта æмæ фæрсы, ацы лæппу, дам, чи у. Гыццыл уыдтæн, мæллæг, ноджы ма мæ дзыккутæ дæр цыбыр къуырд. Загътой йын, нæхи Чижик, дам, у. Хæрзиуæгæн мын æнæхъæн къопп халсартæ радтой». Уыцы рæстæг федта чызг фыццаг хатт таурæгъон «Катюшæты» дæр. Кæуылты рæсугъд æм фæкастысты, фæлæ куы скуыстой, уæд дзы тас бацыд. Йæ фыны сæ фены ныр дæр ма. Скъоладзаутимæ фембæлдтыты уый тыххæй арæх радзуры, æмæ сын фæзæгъы: «Хуыцау уæ бахизæд ахæм фæлварæнтæй. Сабырдзинад хъахъхъæнынхъом ут! Цыма ис уымæй æвирхъаудæр – ныртæккæ дæр ма дæ тохæмбалимæ ныхас кодтай, æнымад минутты фæстæ та фæмард. Ме 'мбал Настенька йæ уд мæхи къухты систа. Снайпер æй фæцæф кодта, æз æй ме 'ккойы санитарон хайадмæ фæхастон, фæлæ нал фервæзт».

Цавæр тырнæнтæ уыд цымæ нæмгуытæй тымыгъты адæймаджы зæрдæйы? Ацы фарстæн йæ дзуапп у ахæм: «Цæуыс æхсæвыгон. Хуыссæгимæ тох кæнын дæ бон нал у. Фæндаг дæ разæй гæрдæг хæстоны цинелыл ныддæвдæг дæ æмæ афынæй дæ. Хуыцауæй разы, кæд дæ бамбара æмæ дæм афоныл къуыпп-дзыхъхъы, донгуырæны тыххæй исты бадзура, кæннод дæ цырыхъхъ ихæмхæццæ цъыф донæй айдзаг, æмæ дæ хъуыддаг раст – мыс дæ хæдзар, дæ хъарм хуыссæн. Алкæй дæр фæндыд сæрæгасæй баззайын. Уымæй стырдæр амонд ма цы хъуамæ уыдаид».

О, фæлæ хæрзæрыгонæй сахъат адæймаджы уаргъ хæссын дæр кæуылты хъизæмайраг хабар у… Исдуг Варварæмæ йæхимæ йæ къух сисыны хъуыды дæр фæзынд, фæлæ уайтагъд йæ сæрмæ ныццавта: «Ау, удæгасæй уый тыххæй баззадтæн, æмæ ныр ме 'нæбондзинадыл басæттон? Чи мæ кодта тыххæй 17-аздзыдæй хæстмæ? Фæсмон? Æппындæр нæ, зæгъгæ, ногæй алцæмæн дæр райдайæн ис, уæд та тæккæ

цыренмæ атындзин! Бирæтæн феххуыс дæн! Уæдæ, ахæм уæззау рæстæг кæй цæрын, уымæй хъæстаг уæвыны зонд дæр мæм нæй. Адæм кæрæдзийыл æнувыд кæй сты, сæ фæстаг къæбæры мур дих кæй кæнынц, уый дæр цæй аргъ у».

Йæ царды цы аивтаид, уый – æрмæстдæр иу хъуыддаг. Æрыгонæй йын дохтыры дæсныйадыл ацæуын куы бантыстаид, уæд йæ адæмæн ноджы фылдæр хæрзты бацыдаид. Фæлæ ма ныр, дыууæ лæдзæджы æнцæйтты лæугæйæ та, цы фæуа?! Æмæ цæхгæр йæ цард фæивта. Йæхимæ хъусыны бæсты ацыд Томскмæ, уырдыгæй – Туркменимæ. Уым, Ашхабады, ссардта йæ амонд, сси дыууæ хъæбулы мад. Цæрæнбонты зæрдæрыст уыд æрмæст ууыл, æмæ йе 'мгæрттæй бирæтæ, уыимæ йæхæдæг дæр, уарзондзинады ад афоныл, æрыгонæй кæй нæ банкъардтой.

Астæуккаг Азимæ куы ацыд, уæдмæ чызг каст фæци педагогон институт, æмæ кусын райдыдта ахуыргæнæгæй, раздæр – сидзæрты хæдзары, уый фæстæ – скъолайы. 53 азмæ йæ къухæй цал сывæллоны рацыд, уый чи банымайдзæн. Сæ иу уыд фидæны Туркменбаши – паддзахады цæрæнбонтæм æвзæрст президент Сапармурат Ниязов. Зындгонд политик райгуырд хæсты хæдразмæ. Йæ фыд Атамурат Ниязов хæстмæ бархионæй ацыд æмæ фæмард Кавказыл тохты Цыколайы хъæуы цур. Уым цæфæй бахауд немыцы къухмæ, æмæ йæ фехстой. Йæ мад æмæ

дыууæ æфсымæры та фæмардысты Ашхабады зæххæнкъуысты рæстæг 1948 азы, æмæ афтæмæй сси сидзæрты хæдзары хъомылгæнинаг.

«Ахуыргæнинагæн йæ ахуыргæнæгæй фылдæр нæ бантысдзæн, дæнцæджы бæсты дзы ныхмæлæууæг куы уына, уæд», – Виссарион Белинскийы ацы куырыхон ныхæстæ Хуыбаты чызг йæ куысты рæстæг нæ зыдта. Уыимæ, йæ зондахаст уыцы уагæвæрдыл арæзт уыд, сывæллæттæн дæнцæг уæвыныл архайдта, æмæ йын йе ʻмкусджытимæ æнтыст стыр цардмæ хорздзинад тауæг фæлтæртæ уадзын. Уыдон сты йæ ныфс. Дызæрдыггаг ын нæу, Хъæбатырты тыххæй дзурынхъом кæй уыдзысты сæхи кæстæртæн, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты истори гæлиртæй чи æвдисы, уыцы фыдгæнджытæн та ныхкъуырд кæй дæтдзысты сæ зонындзинæдтæй.

Абон Варварæйыл азтæ сæ уæз æруагътой, фæлæ сын ары хос – рацæуы йæ цæхæрадонмæ, æмæ та йæ зæрдæ барайы. Уый фæдзæхсы кæстæртæн дæр – æнæзæрдæхудт фæллойæ удæнцойдзинад исын. Æмæ ма ноджы иу хабар – куы бахъæуа, уæд сæхимæ алы фæлварæнты сæрты хизыны хъарутæ цæмæй арой, ног æмæ ног æнтыстытæм цæуой.

Афтæ уæд кæддæриддæр, цæмæй сæ нæ ныхасы хъайтар сæрыстыр уа, Ирыстон та хъомысджындæр кæна йæ Уæлахиздзауты фæндиаг.

Къамты:
Амирова-Хуыбаты Варварæ Уæлахизы бæрæгбоны рæстæг;
Михайловскы хъæуы скъолайы ахуыргæнинæгтимæ фембæлд.

ДЗАБАЙТЫ-КЪЕСАОНТИ Таисæ

УÆД МА... ХÆСТЫ РАЗМÆ...

(Æцæг хабар)

Хестанты Саукуыдз йæ хо Венерæйы фæстæ хуын æрвыста. Хъарман-Сындзыхъæуы фæтæнуæхск, æлвæстастæу, уæздан фæсивæд сæ дуармæ бонасадæн кодтой. Иутæ та кæртмæ сæхи байстой – хъазтмæ. Хæдзар лæууы, хъæуысæрмæ цæугæйæ, галиу фарс тигъыл. Æхсæруисæй быд аив нывæфтыд кулдуарæй дæлæмæ уынджы чылауи бæлæстæ – рæнхъæй сагъд.

Сæ кæрон, Борæтæм хæстæг домбай тута бæлас сæрыстырæй фæлгæсы, макуыцæй фæзынæнт цъиусур, гæркъæраг, гъе халон æмæ ма бахъыгдарæнт, сыхбæсты бæлæстæй цы алымыггаг цъиуты зарыны симфонии хъуысы, уый уагæвæрд. Йæ быны къордтæ-къордтæй цы бабызтæ бадынц сæ лæппынтимæ, уыдоны æдасдзинадмæ дæр йæ цæст дары. Бæласæй тута куы æрхауы, уæд, фæдисон бапп-бапп кæнгæ, сæхи тутайы нæмыгыл ныццæвынц... Фæстæмæ æрбадынц. Алчидæр сæ йæ мæстæлгъæд цæстæнгас ахæссы йе 'мбæлттыл, уæдæ, чи аныхъуырдта тута, зæгъгæ. Сæ базыртæй цы рыг скалынц, уый нæма æрбады, афтæ та æрхауы тута, æмæ та бабызты бапп-баппы айзæлд Урсдоны донгуыроны ныййазæлы.

Уæллаг тигъыл Габанты хæдзары раз дæр фæйлауы тута, урс тута бæлас. Уым та бадынц хъазты къорд. Цал тутайы нæмыджы æрхауы, уал хатты хъазты хъæр сыхбæстæ йæ сæрыл сисы.

Цæхгæрмæ уынджы Додтиты 'рдыгæй донгуырæнæй узгæ-узгæ сæрбæрзондæй, рæнхъæй æрбацæуынц хъазты дзуг. Ныфсхастæй се 'ргом фездæхтой урс тутамæ. Фæлæ сын уайтагъд сæ раз рацахстой цалдæр хъазы хъуырдаргъ æмæ æхситт кæнгæ. Æмæ уæд сæ цыды уаг кæнгæ Джерджыты 'рдæм фæраст сты.

Уалынмæ, хъæлæба кæнгæ сывæллæттæ фæзындысты, сæ иутæ тутамæ бырынц, иннæ къорд ныййарц урс тутамæ, фæлæ Хестанты раз адæмы куы ауыдтой, уæд фæфæстæмæ сты æмæ уайтагъд Борæты бæласы сæрæй ракастысты... Тута бæлас, рог дымгæмæ йæ фыр цинæй æмризæджы рызти йæ къалиутыл, йæ цæнгтыл æхсæрсæттæгтау сывæллæттæ куы апырх сты, уæд... Бабызты бын нал æрхъæрм – тутайы фæлмæн нæмгуытæ згъæлдысты миты тъыфылтау... Куы бафсæстысты,

уæд доны былмæ уæздан атындзыдтой. Уайтагъд бæласы бын фæзындысты гогызтæ æмæ кæрчытæ сæ лæппынтимæ. Нæл гогыз, хъуа-хъуа кæнгæ, кафыд куы иуырдæм, куы иннæрдæм. Искуы-иу хатт-иу зæхxмæ тутамæ æнæбарыгомау æрæвнæлдта...

Тута бæласыл фæззæг былысчъилтæ фæкæнынц зымæгон сырхфарс фæткъуытæ, уæлдайдæр та фæткъуыты паддзах сафран фæткъуы... Салыгæрдæйнаг кæрдоты хъал ныхæстæн та кæрон нæ вæййы. Фæлæ сæ тута хъуыды дæр нæ кæны. Зоны йæхи. Адæм дæр æй зонынц. Рувæнтæй суанг мæнæуæгæрдæнтæм сывæллæттæ йе 'ккойæ нæ хизынц. Адæм дæр дзы сæ дыргъмæ мондæгтæ суадзынц. Хæдзары æфсинтæн, сæ цæнгтыл сæ сывæллæттæ, афтæмæй сæ сæ бабызтæ æмæ хъазтæ агурын нæ фæхъæуы, фæстаг тутайы онг бадынц йæ быны. Уæдæ, æмбисонды цыллæйы кæлмыты дæр тута хæссы йæ фæлмæн сыфæй. Гъе, æрмæст нæ уарзы, хъомыл кæлмытæ къуыбырмæ куы бахизынц, уæд ын йæ лæппын къалиутæ æд сыфтæ ракæнынц... Зын ын вæййы, фæлæ быхсы – адæмæн хъуыддаджы хъæуы. Иннæ аз та сæ баххæст кæндзæн, ног къалиутæй. Бурфарс кæрдотæ æмæ сырхфарс фæткъуытæн тута бæлас «дыууæ ныхасы» бæргæ зæгъид, фæлæ йæ фыдæлты ныхас йæ зæрдыл дары: «Цæргæс быныдзытæ нæ ахсы».

Ныр скæсæм, чылауиты бын цы бричкæ лæууы, дыууæ сырх бæхы ифтыгъд кæм ис, уымæ. Бæхтæй иуы ныхы урс зыгъар йæ къухæй сæрфы бричкæйы хицау, хæрзконд, бæрзонд бæрæгбон арæзт саухил лæппу. Йæ бæдзджын сау сæрыхъуын, йæ фæтæн ныхыл æхсырфкъæдз, аив къæлæтхуызæй, йæхи хæрдмæ систа, æмæ хосы лæвæрæнау æрбадт сæрыл.

Ацы сау къобор лæппу, йæ бæхыл узгæ, уысмæй-уысммæ йæ цæстæнгас уæлæсыхмæ фехсы – уæдæ Тамарæ цæй æрæгмæ цæуы? Кæд сæрмагонд дыккаг хонæг æрвыст нæма æрцыд. Уæвгæ чызджы æфсымæртæ æмæ сæ сыхбæсты лæппутæй дæр йæ цæст никæуыл ма æрхæцыд. Йæ миддунейы хъуырдухæнæн дзуапп дæттæгау, цæхгæрмæ уынджы тигъæй æрбазындысты Дзбойты Сосланбег, Тæтæрхъан, Алибек, Цæбиты Дзамболат, Цæрукъаты Дзанхот, Мæир, Хъамболат, Батыр, Хъæраты Цæрай, Алыкка, Сау, Кудзи, Атарбег... Сæхи бричкæмæ хæстæг æристой. Салам радтой бæхтæрæг Адамæн. Лæппу бæхы галиу фæстаг къахы фатхъулыл уыдисны бæрц цы урс зыгъар уыди, уый йæ къухæй сæрфта. Фестад æмæ сын салам радта. Уыдон йемæ хъазгæ æмхасæн ныхас кæнынил схæцыдысты.

– Адам, дæ бæх йæ иннæ урс цъында кæм фесæфта?

– Цы æрттывтытæ калынц, цы, йæ бæхтæ!

– Кæсут-ма, кæсут, – Сосланбег бакъуырдта Дзанхоты, – йæ бæхты дзылæрттæ хурмæ налхъуыт-налмасау цæхæртæ куыд калынц!

– Лыстæг-ма сæм бакæсут, – йæ сæры тылдæй йæ цæстæнгас аразгæйæ сæм дзуры Алыкка, – бæлæсты сыфтæ сыл кæрдæгхуыз тæмæнтæй куыд хъазынц!..

Æхсызгонæй кæсынц дзылæрттæм. Æрæджиау Сау ныфсхаст ныхасы уагæй афтæ загъта:

– Æвзист цады тылд сты дæ бæхтæ, æви?!

– Æниу йæ бричкæйы гуыффæ дæр æвзæрдæр не 'рттивы, цыма йын йæ фæйнæджытæ хырхфадæны хъæлæсæй ныр фелвæстой, – загъта Цæрай.

– Ногфаст фæйнæг, – йæ армытъæпæнтæ амбæхста Атарбег, – мæнæ Батыры къухты хуызæн дæрзæг вæййынц, бричкæйы фæйнæджытæ та, æхсæруисхуыз бархæтау æрттивынц...

Иууылдæр ныххудтысты, сæ фыргуыст скъуыдтæ стыр къухтæ аивæй æмбæхсгæйæ.

– Æз федтон, – худын фæсыкк кодта Кудзи, – Мæскуыйы иу музейæн раст ахæм дуæрттæ ис.

– Мæскуымæ цæмæн цæуыс! – фæхъыг Хъамболатæн, – мæнæ нæ сыхы кæцыфæнды хæдзармæ бацу æмæ фендзынæ змис æмæ фæныкдонæй æхсад дуæрттæ, къæлидорты решоткæтæ, агъуысты силифкæ цартæ...

– Æцæг, æцæг, – асырх Кудзи.

Уалынмæ сæ размæ тута бæласы бынæй сызгъордтой, сæ къухтæ, цæсгæмттæ, сæ дарæс тутайæ хъулæттæ, афтæмæй сыхы сывæллæттæ. Кæрæдзийæн дзырды бар нæ дæтгæйæ, дзырдтой: «бричкæ», «дон», – æндæр ницы бамбæрстой сæ ныхæстæй. Дзургæ-дзурын сæ тутайæ сау былты агъудæй сæ дæндæгтæ дзæнхъа дуртау æрттывтой. Иутæн та – михцухæй.

– Фæлæуут, – дзуры сæм Адам, – уæ иу уал радзурæд.

– Дзылæрттæ... – сдзырдта иу лæппу.

– Стæ-ма, – размæ рахызт цурчы хуызæн иу цыппæрдæсаздзыд лæджы бындзæфхад. – Знон донбылмæ нæхи найынмæ ацыдыстæм. Кæсæм, æмæ куыройы раз донхæрис бæлæсты бын лæууы Адамы бричкæ. Уайтагъд дæр æй бамбæрстам, хуындзау та кæй цыдаид, уый. Чындзхæссæг куы фæцæуы, уæд йæ бричкæ фехсы. Сапонæй ныхсадтам

дзылæрттæ, цалынмæ уыдон хурмæ хус кодтой, уæдмæ бричкæ змис æмæ цъалайæ æхсадтам...

– Цъала цы у? – афарста Мæир.

Цалдæр сабийы хъæлæстæ та фæиу сты. Фæлæ сæ Цæрукъайыфырты къухы тылд фемыр кодта. Æмæ, чызджытæй зына-нæзына бæрзонддæр чи уыди, уый радзырдта:

– Цъала зайы тæккæ доны былгæрон, – йæ къухты пака æнгуылдзтæй къозогонд акодта, – цупалæй зайы, гæдыйы дымæджы æнгæс йæ сыфтæ, фæлæ цыбыр. Æнцонæй йæ стонæм, уымæн æмæ йын йæ æмбис дон æхсы. Нæ бедратæ дæр уымæй фехсæм донызбыл.

– Бамбæрстам, – хъуыды ныхасы уагæй загъта Цæрай æмæ йæ бафарста, – кæй чызг дæ?

– Бадтайы.

– Адон профессортæ куы сты, – загъта Дзанхот. Цурчы хуызæн лæппу та йæ ныхас райста:

– Дзылæрттæ куы схус сты, уæд сæ хус фæнык æмæ нымæтхудæй ныссæрфтам.

– Фæлæу-ма, фæлæу, Адам, – бахатыд æм Алибек, – знон чызгæрвысты нæ уыдтæ?

– Азилæнтæ кодтон æмæ рацыдтæн.

– Цæмæн, дæ бричкæ æхсынмæ?

Адамы сдзурын нæ бауагъта иу фынддæсаздзыд гъе 'нгæс саухил лæппу.

– Баба фынгыл бадт чындзхæсджытимæ. Æмæ, – ацамыдта Сосланбегмæ, – ды дæр иуварс лæппутимæ лæууыдтæ, уымæн æмæ дæ фыд Зауырбег дæр чындзхонтимæ бадт, – йæ ныхас кæронмæ ахæццæ кодта лæппу.

Сæрыстыр фæсивæд, сæ сæртæ тилгæ, сæ мидбылты бахудтысты сывæллæтты æмбаргæ ныхæстыл. Тæтæрхъаны къухы бафтыд бафæрсын:

– Кæй лæппу дæ, кæ? Дæ ном цы хуыйны?

– Дрис...

– Ме 'фсымæр у, – загъта Адам.

– Цал æфсымæры стут? – афарста Мæир, – дæ хорзæхæй.

– Æхсæз...

– Хуыцау уæ фылдæр фæкæнæд.

– Кæсут-ма, – дзуры Хъамболат, – нæ буц хистæр сылгоймæгтæ, сыгъдæгæй дæр, хуын уынынмæ ссæуынц.

Фæсивæд бричкæйы алыварс аив алæууыдысты. Кæрæдзийæн салам раттыны фæстæ сæм Лесга дзуры:

– Сымахæй дæр бирæты тыххæй ахæм фæрнджын хъуыддаджы фæдыл тагъд рæстæджы куыд æрбамбырд уæм, ахæм амонд уæ уæд.

Уайдзæф кæмæ хауд, уыцы усгур лæппутæ къæмдзæстыгæй сæхи бæхты фæстæмæ байстой...

– Мæнмæ дæр фæлæуут, – сæ размæ балæууыд къæрæмисæй доны дыууæ бедраимæ Гадзыга Борæты.

Мæир Саумæ аивæй бадзырдта:

– Йæ бедратæ куыд æрттивынц. Цъалайæ æхсад сты, сыгъдæгæйдæр...

– Кæм уыдтæ уæдæй нырмæ? – Бабуца йæ афарста, – æз куыройæ куы рацыдтæн, уæд ды та Надзыггаты цæхæрадоны фисынæй куы фæзылдтæ?

Гадзыга, цыма дыууæ лæппуйы сусæг ныхас банкъардта, афтæ дын куы зæгъид:

– Мæ бедратæ æхсадтон. Æз ныртæккæ, – сæ кулдуарæй фæмидæг.

Сывæллæттæ сæ нанатæм базгъорынмæ хъавыдысты, фæлæ, сæ тутайæ хъулон къухтæ æмæ уæлæдарæс фæхъуыды кæнгæйæ, æнцад алæууыдысты.

Гадзыга фæдисонæй, йе уæхсчытыл йæ райс-бавæрды гуырдзиаг зæлдаг кæлмæрзæн кæнгæ, рауад.

– Цæй æрæгмæ та уыдтæ? – афарста йæ Авдокия. Гадзыга, йæ цæсгом фенцъылдтæ кодта, йæ сæр батылдта æмæ загъта:

– Сирæн хуырх фæуæларт кодтон, донмæ куы цыдтæн, уæд æмæ...

– Æмæ зæххы бар баци, и, – сдзырдта Дадинна. Уыцы иумæ сылгоймæгты худын, фæсивæды худын æмæ бæхтæй сæ иуы мыр-мыр фæиу сты, æмæ раст уыцы цъусдуг доны былæй райхъуыст хæрæджы уасын.

Сылгоймæгтæ худгæ фæраст сты хуын уынæг. Сабитæм дзуры Кудзи:

– Сымах тынг хорз сывæллæттæ стут. Ныр цæут æмæ уæхи цæхсут.

Сабитæ уæрыччытау азгъордтой, кæрæдзийы къуыргæ...

Сæ фæстæ цыдæр æнахуыр иу-цъусдуг бæстæ ныссабыр.

Фæлæ дын кæсынц, æмæ бричкæйы фæстæйæ рацыд аргъæутты дзуринаг иу – æхсæзаздзыд чызг.

Æмхуызонæй йыл бацин сты. Цыма сæм арвæй цыкурайы фæрдыг æрхауд, уыйау.

– Рауай-ма, кæй дзæбæх чызг дæ, кæ? – афарста Куыдзи.
– Ме 'фсымæры чызг у, – загъта Адам.

Сагсур лæппуты раз лæууыд саби урс джиппæйфыст къаба æмæ хихуыд ирон кæрдæгхуыз дзабырты. Йæ цыллæхуыз бæзджын дзыккутæ рог уылæнтæй йе уæхсчытыл калд. Йæ сыгъдæг егъау æрвхуыз цæстытæ се 'ппæтыл ахаста, стæй æрынцадысты, чи йæм сдзырдта фыццаг, ууыл нæ, фæлæ Алыккайыл. Цæмæн? Хуыцау йæ зонæг. Чызгæн, хердмæ кæсгæйæ, йæ сæр афтæ акъул, æмæ йæ дзыккутæ йæ астæумæ æрхæццæ сты.

Алыкка чызджы бур дзыккутыл йæ дæрзæг къух фæлмæн æруагъта æмæ загъта:

– Ацы чызджы сæр уæларвон Куырдалæгон йæ куырдадзы хæрз æхсыст бакодта сызгъæринæй. – Дæ ном цы хуыйны?

Чызг ныфсæрмы, йæ цæстæнгас байста йæ фыдыæфсымæрмæ.

Æмæ йын Адам радта дзуапп:

– Нæ хæдзарвæндаджы сывæллæттæй иунæг ацы чызг у бурсæр...

Гыццыл чызгыл ацин кæныны рæстæг сæ нал фæци. Саукуыдз та сæ уæлхъус алæууыд æмæ сæ йæ разæй хæдзармæ ахуыдта.

Адам чызджы арвыста сæхимæ, æмæ егъау сæрвасæнæй бæхты бæрцытæ фасынмæ бавдæлд.

Саукуыдзы бæстон митæ Адамы дисы æфтауынц, цыма арвы айдæны акæсы, афтæ, уайтагъд йæ хуынд адæмы раз февзæры. Уый афтæ æгъдау дæттынмæ йæ ныфс нæ хæссы, кæд æмгæрттæ сты, уæддæр. Саукуыдз лæппутæй хистæр у хæдзары, уымæн та дыууæ хистæр æфсымæры ис, æмæ йæ æгъдаудæттыны æфсарм нæма æрцахста.

Йæ хъуыдытæ йын фемхæццæ кодта нæлгоймæгты ныхас. Аив цыды уагæй ссæуынц дæлæ сыхы фæсивæд: Уырымты Арыпхан, Цæрукъаты Голо, Бутаты Адзæдзе, Габанты Дæтту йæ хоимæ. Уæлæсыхы лæппутæ дæр тагæй дзæвгар фæдæле сты, хæрзконд æмæ хæрзарæзтæй: Бутаты Дзанте, Валодя, Цæразон, Саланджери, Михел, Цæрæкты Алыксандр, Дзибо, Сало; Дзалаты Геор, Бузарты Елхъан, Дзугкойты Гаврил, Бимболат, Осмæн; Магкæты Гаги, Тотрадз, Адасо, Константин; Кокайты Гермæн, Бутаты Аслæнбек æмæ, кæмæ æнхъæлмæ кæсы, уый æфсымæры семæ куы федта, уæд бынтон батыхст. Йе 'фсымæр Ладеимæ кæм нæ рацыд, уым!.. Цæй, чызджытимæ зындзæн... – ахъуыды кодта Адам...

Дыууæ сыхы фæсивæд кæрæдзийæн салам куы лæвæрдтой, уæд та сæ уæлхъус алæууыд Саукуыдз. Дуарæй сæ фæмидæг кодта æмæ

Адаммæ дзуры:
– Рацу мидæмæ, фынгыл абад.
– Нæ цæуын. Чертыби... Чертыби уым ис.
– Уый кафынæй не 'вдæлы, – ныххудтысты. Сæ сиахс Азæмæт сæм дзуры кулдуарæй:
– Рацæут, сымахмæ кæсынц. Саукуыдз атындзыдта кæртмæ.

Адам, раст хуынтæ æввæрæн бынат гуыффæйы куыд бæстон кодта, афтæ йæ хъустыл ауад чызджыты худын. Фæкаст, æмæ тигъыл лæууынц доны хъуазтау сæ сыхы чындздзон чызджытæ рæсугъд æмæ хæрзарæзтæй. Семæ Борæты Тимофей йæ хо Нюрæимæ, Къæбысты Граф, Гатеты Аким... Адонимæ дæр та нæй... «Хацъæты чызджытæй дæр ам ничима и», – зæрдæ та авæрдта йæхицæн.

Кæртæй рацыдысты сылгоймæгтæ митыхъæпæнау урс тæбæгъбæттæнтæй баст бæрзонд хуынтимæ, æмæ сæ гъа-ныр бричкæйы сæвæрой, зæгъгæ, афтæ бæхтæрæг сгæпп кодта бричкæмæ.

Адæм фæсах сты...

Æфсинты мæсты хъæлæба, лæппуты айуан ныхас æмæ худт, цыппæрвадæй згъорæг бæхты къæхты хъæр, цæлхыты гыбар-гыбур... уыдон иу кодтой Урсдоны стыф хæл-хæлимæ, æмæ уыцы æхцон уынæр, хæхтæй рог дымгæйы уддзæф фæстæмæ æмбæлын кодта хъæубæстыл æхсызгон айзæлдæй.

Бричкæйы фæдисон хъæр фегуыппæг Бутаты Сафонкæйы хæдзары дуармæ. Дыууæ бæхы сæ фæстæгтыл алæууыдысты. Хъал бæхты сæртæ, мыр-мыргæнгæ, схæццæ сты раст сæ размæ бур чылауийы бæласы цъуппмæ, цыма дзы æвирхъау маргъ ауыдтой æмæ йæ сæ комытæфæй сырдтой, ахæм хуызæй. Æмæ, æцæгдæр, бæласæй фæдисонæй апæрпæр кодта сырддонцъиуты бал.

Бæхтæрæг асæррæтт ласта, бози бричкæйы рæтæнагъдыл баппаргæйæ. Хæдзармæ кæй барвита, ууыл æй тыхсын нæ бахъуыд. Хæдзары хицау йæхæдæг ракаст æнæсæрфат уæрдоны æрфистæгмæ...

Сæ чызг Тамарæ æнæвдæлон уыди, стæй йæ кар дæр уыйас нæма амыдта. Уымæ гæсгæ йæ хъусы тъæбæртты дæр нæ уыд хуындзау ацæуын. Фæлæ йæм ныр йæ фыд дзуры:

– Къесаоны фырты бæхты мыр-мыр нæ тохынайы сæрæй ма айхъуысин кæн!..

Талф-тулфæй арæвдз чызг, æмæ ...бричкæйы скуысси, йæ цæсгом сæрфгæ. Уырдыгæй йæ мад Фаризæтмæ хисæрфæн раппæрста. Чызджы

рæсугъд цæсгом зынди рагуалдзæг уымæл кæрдæгау.

Адам йæ сæрæй арфæ ракодта Сафонкайæн, бозийыл фæхæцыд. Бричкæ цæхгæр зылд ныккодта. Цæлхытæ, цæугæдоны 'рдыгæй – раззаг æмæ фæстаг цæлхытæ, сæ мидбынат æрзылдысты, фæстаг цæлхытæй галиу цалх та зæхх афсæрста, гутон ауæдзы йæ фындз куы ацæвы, фæлæ дзы куы нæ абыры, уыйау. Цæвиттон, цыппар цалхы зæххыл æрфыстой, Ногбоны Басылгур хоры æфсирхуыз ныв.

– Сабырдæр цу, мæ игæртæ мын фехæлдтай! – схъуыр-хъуыр кодта Тамарæ, фæлæ йæм лæппу кæсгæ дæр нæ фæкодта, нæ, фæлæ ма таджы куы фæуырдыг сты, уæд бричкæмæ сгæпп кодта... æрбалвæста бози...

Таджы амбæлдысты æртæ хæрзарæзт хуындзау лæппуйыл, кæцытæ æвæстиатæй хъазæн-айуан ныхæстæ фехстой Адаммæ: «Къесаоны-фырт йæ уарзоны фескъæфы»... «Йæ файтоны»... Тамарæ дæр бæхтæ-рæгмæ цыдæртæ дзырдта...

Фæлæ бричкæ цæстыфæныкъуылдмæ уыцы-иу дугъæй бассæста таджы доны, раст зæрватыкк доны рæвдз йæхи куыд анайы, афтæ бæхтæ иу уысммæ сæ къæхтæ ахсадтой, бричкæ та йæ цæлхытæ ахсадта. Лæппутæ федтой царциаты æмбисонды ныв: бричкæйæн йæ рахиз цæлхыты бынæй, доны егъау стъæлфæнты уылæн йæхи фехста æмæ, таджы фахсыл Хъараты Саулохы цæхæрадоны стыр дзæнæт бæласыл бацæллахъ ласта. Бæлас æхцонæй уæзбын йæхи батылдта.

– Кæсут-ма, – фыр цинæй сдзырдта Дзобаты Батырбег, бæласмæ амонгæйæ йæ рахиз къухæй, – доны æртæхтæ дзæнæт фæткъуыйы сыфтыл фæрдгуытæй куыд тыбар-тыбур кæнынц хуры тынтæм.

– Гъеныр ын йæ хуыз сис, йе та йæ сныв кæн, – бахæлæг кодта Дзæгу Бутаты. – Исчи нæ Ленинграды нывгæнджыты академийы куы ахуыр кæнид...

– Æмæ цы мæнг зæгъыс, Дзæгу, – йæ сæр батилгæйæ, загъта Дзугкойты Алыксандр, – ды ныв кæнынмæ скъолайы дæр тылавæст уыдтæ. Бавдæл æмæ ма дæ фæччитæ дæ сины сæр асадз æмæ тæккæ ацы сæрд Ленинградмæ афардæг у нывгæнджыты академимæ.

Дзæгуйы сау цæстытæ цины цæхæртæ скалдтой.

– Æз нæхи Едзиты нывгæнджытæм цæуын, – фæстæмæ здæхыны змæлд скодта Батырбег.

– Фæлæу-ма, – дзуры Дзæгу, – Саукуыдзæй худинаг у. Уæдæмæ хуындзау нæ ацæудзыстæм, кæд нын бантыса йæхи фæауыон кæнын, уæд дыууæйæ ацæудзыстæм. Гъе, æрмæст бæлас бæстон бахъуыды кæнæм æд æртæхтæ, кæннод айсысдзысты...

Батырбег тамако ссыгъта, сдымдта æмæ афтæ зæгъы:

– Ау, Едзиты Сосланбеджы къухты уираг дур куы сдзуры, уæд бæласыл дон нæ «бапырх» кæндзæн, æви?!

Лæппутæ мидбылхудт кæнгæ аззадысты Саулохы дзæнæт фæткъуы бæласмæ кæсгæйæ...

Ахæм хуызы сæ æрæййæфтой Бутаты лæппутæ Хъазджери, Хъасболат æмæ Сланджери.

– Дзæбидыр ныууыдтат, æви? – Батырбеджы цонгмæ февнæлгæйæ, сдзырдта Сланджери.

Хъазджерийы ауынгæйæ, Гаппойы фырт йæ тамако амбæхста. Къæмдзæстыг æмæ сæргуыбырæй иуварс алæууыд. Иннæтæ дæр салам раттыны фæстæ йæ фарсмæ алæууыдысты.

– Цомут, – дзуры сæм Хъазджери, – уæ гуырыкондмæ гæсгæ сымах дæр хуындзау хуынд стут.

Фæсивæд фæныфсхаст сты æмæ хистæрæн къаххидмæ фæндаг раттыны фæдыл иуварс сæхи айстой.

Дыууæ фæйнæгæй конд хидыл фыццаг, йæ æрттивгæ хром цырыхъхъы, йæ рахиз къах æрывæрдта Хъазджери...

Бричкæ уым дæлæмæ згъордта, кæрчытæ æмæ гогызты каурæбынтæм сургæ. Бæхтæ сæ фæстæгтыл алæууыдысты хуындзæутты раз. Адам æргæпп ласта, бадæн фæйнæджы бынæй хæцъил фелвæста æмæ бæхты рагътæ сæрфынмæ фæци.

Саукуыдзы мад Хадзыгуа хæстæг бацыд Тамарæмæ, къухаууонæй йæм скаст бричкæмæ æмæ былысчъилæй загъта:

– Мæнæ амæ бахъуыд дыууæ бæхæй хонæг?..

Сындзыхъæуы уæздан æмæ сæрыстыр фæсивæд æрфистæг сты Салыгæрдæны Цæрæкты дуармæ...

Хъазты зилахар сæ йæхимæ байста.

Рагæй-æрæгмæ дæр Алагир æмæ Црауы лæппутæ Сындзыхъæуы чызджытæм æмхиц сты... Мæнæ ныр дæр, Тамарæйыл йæ цæст æрæвæрдта салыгæрдæйнаг æрыгон лæппу Фардзинты Дзамболат. Хъазты чъегърейæн бамбарын кодта, æмæ нысангонд кафты аив басирдта Тамарæмæ.

Фæндыры цагъд, зард, æмдзæгъд, зæрдæхцон уылæнæй айзæлд хъæдрæбын. Тамарæ гуырцæй сæрæн уыди, иннæмæй та йæ кар нæма æййæфта, уымæ гæсгæ йæхи æнæмæт хуыз дардта. Фæерыс сты кафты

мидæг. Лæппумæ бадзырдта нæлгоймæгтæй чидæр:
– Сæр дæ бахъуыд, Дзамболат, ацы чызг Ирыстоны номдзыд мыггæгты цырвы сæртæй конд у!
Уаты кæстæр уазджытæн фынгыл хистæрæн бадти Бецыкк. Фысымтæй сæ иу уыди Фардзины-фырт. Фынджы æгъдаумæ гæсгæ Тамарæйы фарсмæ бадт куы фæци Дзамболат, уæд Къесаоны фырты цæстытæ мæсты æрттывд фæкодтой.
Цал хаты кадджын хай æмæ нуазæнæн фестадысты бадты адæм, чи сæ банымайдзæн. Иуахæмы Дзамболаты къухы карчы риугуыдыры саджил сгуы бафтыд. Сфæнд кодта Тамарæимæ хæснаг скæнын.
Уæд ма... хæсты размæ фæсивæд хъазтмæ кафынмæ цыдысты. Уæд ма, ног усджын лæппу ныййарджытæ æмæ хъæубæсты хистæртæй мæйгæйттæ йæхи æмбæхста... Уæд ма, чындзытæ сæрбæттæнтæ дардтой. Уæд ма чындз йæ хицауимæ æмдзырд æмæ æмвынг нæ уыди. Уæд ма скъоладзау æнхъæл уыди, æмæ ахуыргæнæг комдзаг нæ кæны...
Уæд ма...
Фынджы æгъдаумæ гæсгæ Дзамболат йæ фæндон бамбарын кодта хистæрæн. Акæс ма, Бецыккæн дæр йæ бон нæ уыд, сæ хистæр Арыппханы хивастæй хæснаг кæныны бар раттын æмæ хай æмæ нуазæн арвыста кæртмæ хистæртæм. Фæндон дзуаппимæ йæм æрбаздæхтысты хатджытæ.
Дзамболат æмæ Тамарæ хæснаг кæнынил æрлæууыдысты. Æвдисæн сын уыди Бецыкк йæхæдæг. Адамы тымбыл къухтæ сæхи фынгæмбæрзæны къæдзыбын амбæхстой. Тамарæ æмæ Дзамболат фынгæй фестадысты.
Лæппу загъта:
– Кæд æмæ дæ амбулон æз – баззадтæ ам.
– Куыд!? – фестад Къесаоны-фырт, фæлæ йын фынджы фарн йе уæхсчытыл æрынцад. Хорз, æмæ йæ хистæр нæ федта, æндæр дæ гуырæй райгæ у – ивар сыкъа йыл сæмбæлыдаид. Иу æхсгæ каст ма фæкодта хистæрмæ æмæ уæзбын йæхи æруагъта. Хæснаг кæныны фæтк йæ тыхы куы бацыд, уæд Бецыкк бафарста Дзамболаты:
– Ды куы фембылды уай, ды, уæд та?
– Уæд?! – æнæсæрфат фæкаст Дзамболатмæ ацы фарста. Ау, куыд фæхæрд уыдзæн?! Æмæ йæ чи амбулдзæн? Лæппын зæрватыккау хъуымыздзых чызг?! Уæд æмбисондæн куы баззайдзæн Ирыстоны. Цы йæм бауæндыдысты, дæ хорзæхæй, ацы сындзыхъæуккæгтæ!

– О, о, уæд та? – айхъуыста та Бецыччы фарста.
– Уæд?.. – цæттæ нæ уыди сæрыстыр Фардзины-фырт ацы фарстæн дзуапмæ, уымæн æмæ, уый цы зæгъы, уый æнæмæнг йæ бынаты уыдзæн, фæлæ? Йæ цæсгом фæтар, йæ хъуыддаг, Хуыцау бахизæд, куы фæсыкк уа, уæд?! – Уæд та æз Тамарæйы хынцын дыууиссæдз лæгимæ!..
Чызг дзыхъхъы лæуд кæм уыди, æмæ дын йæ сæр ахъаззаг нæ разыйы тылд куы бакæнид. «Цымæ цы йæ зæрды ис сау рæсугъдæн?», – ахъуыды кодта Адам. Йе 'фсымæр Ладе йæ дæле бады æмæ разыйæ йæ мидбылты худы.
Æппынфæстаг Бецыкк чызгæн йæ фæндон зæгъыны бар радта.
Æмæ дын Тамарæ сæрыстырæй афтæ куы зæгъид:
– Уæд та ды рацæуудзынæ немæ...
Фынгыл ауылæн кодта дисы тауыс. Ладе йæ рихи адаудта. Дзамболат та йæ йæхирдыгонау бамбæрста æмæ сæрыстырæй йæ хъамайы сæрыл æрхæцыд. Ацæудзæн, бæгуы, æмæ чызгимæ фездæхдзæн.
Тамарæйы ныхасмæ Адам, къæдзæх йæ мидбынат базмæлæгау базмæлыд, фæлæ йын чызджы ныхас йæ иу къух иннæйы рацахсын кодта.
– Æххуырстæн нын бæздзынæ.
Дзамболат фæуыргъуыйау. Фæлæ ницы сдзырдта. Куыддæр фынгæй фестой, афтæ лæппутæ фендзысты, чи кæдæм цæудзæн, уый?! – афтæ ахъуыды кодта Фардзины фырт.
Уæд ма, хæсты размæ, фынджы фарн фынгыл бадыны рæстæг хæснаг хæссыны бар нæ лæвæрдта. Фæстейы аззад фынджы æгъдаумæ гæсгæ кадджын хæйттæ æмæ нуазæнты дугъы уагъд. Адæм нæма сбадынц, æмæ та кæс æмæ нуазæн æрфистæг вæййы. Фынг цæмæй ма «алидза», уый тыххæй бадгæ æрцæуы иунæг адæймагæн. Иннæтæ уырдыг фæлæууынц, цалынмæ хай æмæ нуазæнæн се гъдау раттынц, уæдмæ. Кæртæй – уатмæ, уатæй – кæртмæ, уæд – хистæртæм, уæд – цæлгæнæнмæ, æфсинтæн, уæд – хæдзары хицауæн...
Æмæ... Æппынфæстаг, фынгæй фестадысты. Кæрт рухс уыди бонау: фанартæ ауыгъд уыдысты бæлæстыл, тыргъты цæджындзтыл. Кæрты хъазты астæу уыди цыппар фанары. Чызджытæ ивтой рæстæгæй-рæстæгмæ фанартæ сыгъдæг авг фанартæй. Цалынмæ кæрты хъазтмæ хæццæ кодтой, уæдмæ дæр дыууæ уысмы скодта Дзамболат хæснаджы нысаныл, фæлæ-иу Тамарæ хин мидбылхудт бакодта.
Симды гуылфæны смидæг сты хуындзаутæ. Уыйас хъæлдзæгдзинад, уыйбæрц дзыллæ, хистæрæй-кæстæрæй, фæсивæд, змæлыд кæрты,

раст цыма хъæубæстæ æрæмбырд сты. Куы «Симд»-ы уæздан цагъдæн фæрсаг кодтой лæппу-фæсивæд, куы та – «Хонгæ»-йæн.

Кадджын хай æмæ нуазæн та æрфистæг хъазтмæ. Бæрзонд хæрзарæзт зæронд лæг рацыд, йæ галиу фарс лæппуйы къухты – хай æмæ нуазæн. Кафджытæ – дыууæ лæппуйы æмæ дыууæ чызджы, чи сæ кæм кафыд, уырдыгæй хъуазтау асирдтой фæстæмæ хъазты рæгъмæ. Цæсты фæныкъуылдмæ æмдзæгъд, зард, цагъд фегуыппæг сты. Фæндырдзæгъдæг дæр æд фæндыр уырдыг слæууыд.

Зæронд лæг йæ сæры тылдæй арфæ ракодта:

– Фарн уæ хъазты, нæ дзæбæх фæсивæд! – Галиу фарсмæ лæппумæ раздæхт. Лæппу дæр хатыр ракурын æмæ арфæ ракæныны фæстæ загъта:

– Нæ буц хистæр Хъайтыхъты Хъайтмырзæ нуазæн рахаста йе 'рдхорд Бутаты Сафонкайы чызгæн!

– Лæппу дыууæ къахдзæфы ракодта размæ. – Саккаг кæнæд. – Йæ цæст ахаста чызджытыл. Тамарæ фефсæрмы, батыхст. «Дæумæ кæсынц», – чидæр æй бакъуырдта.

Чызг рацыд. Нуазæн райста лæппуйы къухæй. Сæры тылдæй йын раарфæ кодта, зæронд лæгæн дæр. Иу уысм алæууыд, стæй... фæраст фæсивæдмæ æмæ ... æрлæууыд, йæ сæрæй акувгæйæ, Дзамболаты раз, афтæ аив æмæ бамбæрста, йæ къæхты хæцъæфтæ кæрæдзи куыд алвæстой, уый.

Фардзины-фырт сæрыстырæй, йæ сæрæй салам ратгæйæ, райста нуазæн, «нуазæнæй дæ сæр кадджындæр уæд», загъта. Тамарæ цыппар къахдзæфы фæстæмæ акодта æмæ та хæрз аив æрлæууыд. Хъазты ауылæн ис дисы тауыс: «Амбылдта йæ... Амбылдта йæ...»

Фæлæ, нæдæр Тамарæ исты сдзырдта, нæдæр Дзамболат йæхи исты хуызы фæкодта, нæ фæлæ ма куыддæр фæстæмæ акъахдзæф кодта, афтæ та, æгъдау куыд домы, афтæ чызгæн йæ сæрæй акуывта æмæ бацыд Хъайтмырзæйы галиу фарс цы зæронд лæг лæууыд, уый размæ, акуывта йын йæ сæрæй æмæ загъта:

– Нæ буц хистæр, саккаг кæн.

Уыцы цъусдуг сæ размæ февзæрдысты дыууæ лæппуйы графин, тæбæгъы фыды карст æмæ нуазæнтимæ. Дзамболат сæ райста дыууæ нуазæны, иу радта Хъайтмырзæмæ, иннæ та хуындзауты хистæр Уырымты Арыппханмæ. Æмæ æрмæстдæр гъеуæд иуварс алæууыд, зæрæдты нуазæнты æгъдаумæ йæ хъус даргæйæ.

Зæронд лæгтæ хъазты адæмæн, фысымтæн, уазджытæн, уазджыты хистæр Арыпханæн, арфæтæ фæкодтой.

Зæронд лæгæн нуазæнимæ йæ къух куы фæхæрд кæны, афтæ уыцы иу уысмы аивæй фæндыры «нуазæны цагъд», зарын æмæ æмдзæгъд аивылынц ргсæууон хъæубæстыл. «Айс æй, ануаз æй, ахуыпп æй кæн, айс æй, ануаз æй!..»

Кадджын нуазæнтæн се 'гъдау куы бакодтой, уæд хъазты чъегъре, йæ сæрæй акувгæйæ, бахатыд Хъайтмырзæмæ.

– Нæ буц хистæр, иу кафт саккаг кæн. Хъайтмырзæ аив басирдта Тамарæмæ...

Æппынфæстаг, хуындзæуттæ цæуынил ныллæууыдысты. Дзамболатмæ айуан дзырдæппарæн кæнынц. Уый дæр сæм хъуыста, уæздан æмæ мидбыл худгæ, уæдæ цы кодтаид. Хъыг та йын искуы ма нæ уыд?!

Арыпхан дзуры Тамарæмæ: – Ацы лæппуйæн цы кæнгæ у?

– Сбадæд немæ, – загъта стырзæрдæйæ чызг. Къесаоны-фырт йæхи нал бауырæдта: «Кæдæм?!» Тамарæ йæм бакаст.

– Тыхсгæ ма ма кæн, Адам, хуыгæсæн нын бæздзæн.

Уыцы ныхасмæ Фардзины-фырты дæндæгтæ кæрæдзийы нылхъывтой, гæркъа æлвасæгау, фæлæ йæхи ницы уæлдай хуызы равдыста, афтæмæй бабадт дыккаг бричкæйы фæстейæ, Сындзыхъæуы хъал фæсивæдæн уым фалæмæ хъазæн хъулæн.

Авдæнæй сабийы бахудтау бонивайæн хурскæсæны арвгæрæттыл йæ уардихуыз сæуæхсид айтыгъта. Уыцы сауæхсиды уддзæфæй талынг денджызы – рог уылæнау, зивæггæнгæ, бырыди ныгуылæнмæ, йæ фæстæ æгæрон арвы тыгъдадыл копрадзхуыз зæлдаг кæлмæрзæн таугæ.

Раст уыцы афон, хуындзауты фæндыры цагъд æмæ бричкæты цæлхыты уынæр æрдæгфынæй Црауы хъæууынгты айзæлд.

Хъæугæрон Сындзыхъæумæ ахизæны уынджы кæрæдзийы комкоммæ цардысты Черчестæ æмæ Дудиаты Биаслан. Черчесты Чермен – Арыпханы сиахс, Дудиатæ – Чертыбийы каистæ. Хъуыддаг зыдтой æмæ, карк æфтуанхъæдыл куыд фынæй кæна, ахæм уавæры уыдысты канд Черчестæ æмæ Дудиатæ нæ, фæлæ æппæт сыхбæстæ дæр. Уалынмæ сæм сæууон дымгæ йæ уæлныхты баскъæфта фæндырдзагъд, уасджыты уасын алы мыггаг мæргъты зарыны сæууон симфони æххæст, кæнгæйæ.

Хуынимæ сæ размæ рацыдысты... Бричкæты ифтыгъд хъал бæхтæ

мыр-мыргæнгæ, æххæст нæма æрлæууыдысты, афтæ фыццагдæр рагæпп кодта Чертыби, йæ каис Биаслан æй бричкæйы ма ауынæд.

Дзырды уысммæ уæрдæтты ничиуал аззад.

Дыхъусыг хъæдын бæгæныйы къусæй Чермен Хуыцаумæ скуывта, "æгас цæут", загъта æмæ, æрлæууыд Арыпханы цур, бæгæныйы къус æм дæтты:

– Дæ разæй кувгæ скодтон, фæлæ дæ кæстæр та нæ кæнын.

Арыппхан райста дыхъусыг нуазæн...

Алы нуазæнæн нуазæны фæндырдзагъды, зарыны, æмæ æмдзæгъды æхцон уынæртæ иу кодтой æмæ сæууон хъæубæсты æмæ хъæды кæмтты айзæлыдысты. Уынджы адæм фылдæрæй-фылдæр кодтой. Искуы-иу сылгоймаджы къæхтыл уыди туфлитæ, иннæтæ ивуылдæр хихуыд ирон дзабырты. Ивуылдæр цъындаты. Сæ рæсугъд цæсгæмттыл мидбылхудт хъазыд.

Фæндыры хъæлæсæй раивылд уæздан «Хонгæ» кафты зæлтæ. Дзобаты Батырбег аив басирдта цырайуаг чызг Венерæмæ... Кафты фæстæ Батырбег Алыккайы хъусы бадзырдта:

– Кæимæ кафыдтæн, уымæн ныууадзæн нæй.

– Кæй чызг у, уый зоныс?

– Кæйфæндыйы дæр уæд, – ныфсхастæй загъта Дзобайы-фырт, стæй, йæ цæсгом фæтар уæвгæйæ, афарста:

– Кæй чызг у, кæ, уæддæр?

– Уæртæ Чермены. Арыппханæн та йæ хо Лазиггайы чызг.

– Мæ фыд Гаппо тæккæ аизæр фæцæуы Уырымтæм, – ныфсхастæй загъта Батырбег.

Хур нæма скаст, фæлæ йæ зæрин тынтæ Эльбрусы хохы саргъæвæрд æвзист цъуппыл куы сæмбæлдысты, уæд хуындзау фæсивæд уынджы – хъæугæронмæ аивылдысты. Сыхбæстæ дæр – сæ фæстæ.

Бричкæтæ сæ размæ куы æрлæууыдысты æмæ, Сындзыхъæуы фæсивæдимæ Дзамболат фæстаг бричкæмæ куы сгæпп кодта, уæд æй Биасланы хо Госæда дисæй афарста:

– Мæ бæрзонд тиу, уæд ды та кæдæм цæуыс?

Адам дзуапмæ фæрæвдз, бозимæ февналгæйæ:

– Хъуыддаджы фæдыл!..

Хъæлдзæг худт æмæ фæсивæды зард тулгæ цæлхыты гыбар-гыбур сæ быны анорстой.

Хуындзæуттæй нæ ферох Фардзины-фырт.

– Æз дыууиссæдз хуыйæ къаддæр нæ раскъæрдзынæн, – загъта Гатеты Аким.

– Уæдæ æз та уымæй фылдæр, – загъта Бæцойты Майрæм.

– Мæнмæ дыууæ дзæргъы ис, уыййас хъыбылтæ-иу куы адзоргъа кæной куы иу æрдæм, куы иннæрдæм!.. – худæгæй бакъæцæл Бутаты Михел.

– Мæ хуыты мыггаг сыскъуыдтон, фæлæ та мын æнæ сынтаугæ нæй, мæнæ сау хъулон хуытæ, – куыройы гæркъæраджы хъæр, фыдты уынæр йæ быны куыд фæкæна, афтæ, Бутаты Адзæдзейы ныхас худæджы бын фæци...

Тынг хъуыддагхуызæй Къæбысты Граф дзуры Дзугкойты Гаврилмæ:

– Хæрзмыггаг хуытæ уæййаг никæмæ зоныс?

– Хæдæгай, æз дæр дæ уымæй фæрсинаг куы уыдтæн, худгæ-худын йæ ныхас баппæрста Хъараты Алыкка.

– Цы, уый зонут? – йæхи сæм фæкарз кодта Дзобаты Батырбег, – хуытæ кæй хъæуы, уый сæ Чырыстонхъæуы базары агурæд... сæударты...

Хорз куы фæхудтысты, уæд ныфсджын æмæ æнæ худгæйæ дзуры Ладе:

– Кусарт кæй уыди, уый, дам, къæдзил дæр нал фæци. Æххуырст мах у, æмæ йæм нырма уасæг дæр нæма раскъæрдтам, уасæг!

Уый дын фехъуыстой, цы? Уæлахиз æмæ сæрыстыр фæсивæды худын бричкæйы згъоргæ цæлхыты гыбар-гыбур бамынæг кæнгæ, айзæлд Гаспойы дыргъ цæхæрадонæй суанг хъæды Бадзийы комы.

– Тынг раст зæгъыс... – амоны йæм Тимофей, – цыдæр зæгъын æй фæнды, фæлæ йын йæ ныхасыл тыхджындæр кæны худæджы дзæкъул.

– Ды йæм æппæты фæстаг раскъæрдзынæ, – худæджы цæссыгтæ сæрфгæ Ладемæ бадзырдта Сандыр Хымылонты.

– Уасæг, и?! – худы Дæтту.

– Уасæг, уæдæ, – уасæджы бынат ноджы фæбæрзонддæр кодта Чертыби. – Хорз фыййауы фысвосы дзугæн Бодз у раздзог, Фардзинтæн та – Уасæг...

Уæдмæ хур Арвы тыгъдады дзæвгар суади. Бричкæтæн сæ рахиз фарс хурыскæнæнырдыгæй хъуыдыды мæнæуы хуымыл æмæ кæрдæгыл сæууон æртæхтæ хуры тынтæм тыбар-тыбур кодтой налхъуытналмасау.

Тамарæ аивæй, цæстæнгас æмæ зына-нæзына сæры тылдæй «аны-

хас» кодта Арыпханимæ æмæ, Сауисджыны тагмæ куы фæцæйхæццæ кодтой, уæд йе «'ххуырстмæ» афтæ дзуры:

– Ацу, дæ хæдзар бацагур.

Дзамболат исдуг нæ бамбæрста, æмæ йæ цæст ахаста фæсивæдыл.

Уыдон æм зæрдæхæлар мидбылты худгæ кастысты... Йæ дызæрдыджы уавæр та сыл худæг æмæ айуан бафтыдта. Æмæ гъеуæд, рагæпп кодта бричкæйæ. Хъал бæхтæ Сындзыхъæуы фæсивæды хъæлдзæг худт æмæ хъазæн ныхас дарддæрæй-дарддæр аскъæфтой.

Дзамболат исдуг цавддурау лæууыд, стæй сæм йæ къух тилы, уыдон дæр æм æмхуызонæй тилынц... стæй фесхъиудта, цыма йæ исчи фесхуыста, афтæ æмæ азгъордта сæ фæстæ. Згъоры, згъоры... йæ къухтæй йæ былтæн агъуд акæнгæйæ, ахъæр кодта:

– Зындзынæн уæ-æ-æм!!!

Æппынфæстаг, нал хъуысыд Дзамболатмæ нæдæр сæ хъæлдзæг айуан ныхас, нæдæр сæ худын, нæдæр бричкæты цæлхыты гыбар-гыбур, æрмæст ма уыдта сæ къухты тилын. Иутæ йæ бамбæрстой, цыдæр сæм кæй дзуры, уый, æмæ йæ, лæугæйæ, къухы тылдæй фарстой, уый дæр сын амыдта йæ къухæй – рæхджы сæм кæй зындзæн...

Фæлæ, оххай-гъе... кæрæдзийы фенины бон сæ нал фæци...

Ацы таурæгъы кæй ном ссардтам, нæлгоймæгтæй Сафонка, Чермен, Биаслан æмæ Хъайтмырзæйæ фæстæмæ, уыдон... нæ Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау гитлерон фашизмимæ карз тохы, Уæрæсейы хæстон быдырты æнусмæ баззадысты... 1941–1945 азты Фыдыбæстæйы хæсты.

КОЧЫСАТЫ МУХАРБЕГ: 100 АЗЫ

ЗАРÆГ АСКЪУЫД ÆРДÆГЫЛ

Кочысаты Георгийы фырт Мухарбег райгуырди 1920 азы Олгинскæйы. Авдазон скъола каст куы фæци, уæд ахуыр кæнынмæ бацыди педагогон техникуммæ. Иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ йæ каст фæци, æмæ йæ райстой Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институтмæ. Ам дæр ахуыр кодта иттæг хорз, иста Къостайы стипенди. Хæст куы райдыдта, уæд Мухарбег уыди фæстаг курсы. Фæлæ йын институт фæуын нæ бантысти. 1941 азы ацыди Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау тохы быдырмæ, уыди афицер. Йæ хъæбатырдзинады тыххæй йын лæвæрд æрцыди Сырх Стъалыйы орден. Фæмард 1944 азы украинаг горæт Ямполы.

Кочысаты Мухарбеджы æмдзæвгæтæ мыхуыры цыдысты 1937 азæй фæстæмæ. Хæсты размæ йæ æмдзæвгæтæй иу-дæс мыхуыргонд æрцыдысты чиныг "Мах уарзæм"-ы. Мухарбеджы уацмыстæ хицæн чиныгæй рацыдысты 1947 азы, "Царды хъæбысы", зæгъгæ, ахæм номимæ.

1958 азы Цæгат Ирыстоны чиныгуадзæн рауагъта, ирон поэттæй хæсты чи фесæфт, уыдоны чиныг "Бæсты сæрвæлтау". Уым уыдысты Мухарбеджы уацмыстæ дæр. 1972 азы чиныгуадзæн "Ир" рауагъта, Фыдыбæстæйы хæсты чи фæмард,уыцы ирон фысджыты уацмыстæ. Чиныг "Хорзæй баззай, ИР..."сарæзта æмæ йын разныхас ныффыста Хъодзаты Æхсар.

Чиныджы разныхас "Зарæг æрыздæхти Ирмæ"- йы Æхсар Кочысаты Мухарбеджы тыххæй афтæ фыссы: «Кочысаты Мухарбег царды дæр æмæ литературæйы дæр ахуыр кодта Нигерыл. Нигеры фæлгонцы æрыгон лæппу уыдта æцæг поэты, уымæ гæсгæ йæхи сфæлдыстадыл дæр зынынц Къостайы-Нигеры цардды х традицитæ. Йе 'мдзæвгæты чиныг «Царды хъæбысы», зæгъгæ, ууыл дæр хуымæтæджы нæ ныффыста: «Нигер, мæ зынаргъ ахуыргæнæг, дæ ном дзы арын».

Цас æмæ ма цас бантыстаид Мухарбегæн, абон дæр адæмы зæрдæтæм арф чи ныххызтаид, йæ ахæм уацмыстæ сфæлдисын, фыдбоны хæст ын йе 'взонг уд, йæ зарæг æрдæгыл куы нæ аскъуыдтаид, уæд.

ФЫДЫБÆСТÆ

Лæгæн зынаргъ куыннæ вæййынц
Йæ бинонтæ, йæ мад!
Лæгæн зынаргъ куыннæ вæййы
Йæ рæзгæ бонты цард!
Фæлæ уæддæр, ныййарæг зæхх,
Дæуæн æмбал кæм и!
Дæуæй зæрдæйæн адджындæр,
Зæгъ-ма мын, чи у, чи?!
Нæ урс хæхтæ, нæ тар хъæдтæ,
Нæ хъал дæтты хъæлæс,
Нæ зад хуымтæ, нæ быдыртæ,
Нæ дидинæгджын фæз,
Кæм хъазыдтæн æз сабийæ,
Кæм рæзыдтæн æдас, –
Мыггагмæ дæр сымахимæ
Мæ зæрдæ баст у, баст.
Нæ фыдæлтæ сæ хъарм тугæй
Дæу балхæдтой, мæ зæхх,
Нæ бæркадджын фæллойæ дæ
Ысбуц кодтам дзæбæх.
Ды дæ мæ цин, мæ цардамонд,
Фыдыбæстæ, дæуæй
Мæнæн зынаргъдæр, адджындæр
Нæ уыдис æмæ нæй.
Æрмæст дæ кой, дæ буц ном дæр
Ыстыр ныфс у лæгæн.
У суанг дæ сыгъдæг уæлдæф дæр
Æвдадзы хос мæнæн.
Æмæ дæ никуы ратдзынæн
Ызнагæн, зон уый ды.
Фæлтау мæлæт ыссардзынæн
Дæ сæрвæлтау хæсты!

* * *

Мыййаг, хæсты быдыры искуы
Куы фæуон мард...
Æмæ куы аскъуына æмбисыл
Мæ рæзгæ цард.

Мыййаг, куы нал фæуон кæронмæ
Мæ зарæг æз.
Æмæ куы бамыр уа бынтондæр
Мæ сонт хъæлæс...

Мыййаг, куы фæсыкк уой мæ фæндтæ,
Мæ рухс фæндаг...
О, курын уæ, зынаргъ æмбæлттæ,
Æз иу хъуыддаг.

Зæгъут-иу мын мæ зæронд мадæн,
Куы фæуа хæст:
Хæсты быдыры, зæгъ, фæмард дæн
Цытимæ æз.

Зæгъут-иу ноджыдæр Кавказæн
Салам мæнæй.
Æцæг хъæбулау дæ, зæгъ, уарзтон
Зæрдæбынæй.

МÆ ХÆС

Ирыстон, зын бонтæ æрвыстай,
Зын уавæрты бахауд Кавказ.
Дæ сæрмæ хæсты уад æртыхсти,
Æрбадти бæзджын мигъау раст.

Фæлæ нын нæ байста нæ амонд –
Раст айнæгау разынд нæ тых.
Æркодта йыл ацы ран сау бон,
Ныссаста йæ тугæйдзаг ных.

Ныр дæр ма мæ цæстытыл уайы
Гъе уыцы уæззау бонты таг,
Ирыстон, мæ уарзон ныййарæг,
Нæ хæхтæм куыд бырста ызнаг.

Кæйдæртау нæ фæлыгъдтæн тохæй,
Нæ бамбæхстон пыхсы мæ сæр.
Дæ хъахъхъæнæг сау айнæг хохау
Æрлæууыдтæн фидар æз дæр.

Фæуагътон уæд фæндыр рæстæгмæ,
Рæстæгмæ фæуагътон мæ зард, –
Мæ къухмæ æз райстон мæ гæрзтæ,
Æз райстон мæ топп æмæ кард.

Гъе, уый тыххæй абон, Ирыстон,
Дæ разы мæ цæсгом у рухс.
Гъе, уымæн дæн афтæ сæрыстыр,
Гъе, уымæн дæн афтæ хъал æз.

1942 аз.

ФЫСТÆГ МÆ МАДМÆ

Мæ фын фæлыгъди. Хуыссæг та мæ н 'ахсы.
Хæстæг у бон, æвæццæгæн, хæстæг...
Уæдæмæ, цæй, мæ райгуырæн Кавказмæ
Ныффыссон æз гъе ацы 'хсæв фыстæг.

Ыссыгътон цырагъ ныккæнды æдæрсгæ.
Мæ чысыл пецы бафу кодтон арт...
Салам дæуæн мæ райгуырæн хæхбæстæ,
Æнæниз у, мæ ныййарæг, мæ мад!

Ærвитын дын хæсты быдырæй абон,
Ærвитын дард Украинæй салам! –
Дæ буц хъæбул, дæ иунæг фырт, дæ уарзон
Нæ рох кæны дæу иу минут дæр ам.

Мæ цæстыл уайы райгуырæн хъæубæстæ,
Нæ хъæдынкъул, нæ æлыгбын хæдзар,
Дæ дæлбазыр кæм рæзыдтæн æдæрсгæ,
Кæм æрвыстон мæ рæзгæ бонты цард.

Мæ цæстыл уайыс алы бон, ныййарæг,
Цыма та бадыс рудзынджы раз ныр, –
Кæсыс æнхъæлмæ: "Искæцæй, мыййаг, кæд, –
Фæзæгъыс ды, – æрбазынид мæ фырт..."

Æз зонын хорз дæ хъуыдытæ, дæ фæндтæ,
Кæй у дæуæн æнæ мæн, нана, зын.
Æмбарын æз, кæй мыл риссы дæ зæрдæ,
Кæй дæм фæзыны хаттæй-хатт цæссыг..

Нана, дæ зæрдæ ма дзурæд мæнимæ,
Дзæгъæлы ма кæн, ма, нана, æнкъард! –
Куыд нæ дæн æз хæсты быдыры иунæг,
Нæ дæ ды дæр, гъе афтæ иу, мæ мад.

Фæуыдзæн хæст!.. Нæ рæстдзинады кардæй
Ызнаг æрцæудзæн тагъд рæстæджы саст,
Æмæ дæм уæд, ныййарæг мад, æз дардæй
Фæзындзынæн сæрæгасæй æваст.

1943 аз.

ФÆСТАГ САЛАМ

"17-IX-1941.Красноград. Горæты хуызæнæй ма дзы цыдæртæ аззади. Пер-сайнæгтæ-цырыхъсæрфджытæ. Базары балхæдтам бедрайы 'рдæг фæткъуытæ æмæ дыууæ чысыл харбызы. Фæндаг цæуы дыргъдзæхæрадæттæ æмæ хъæды сæрты. Арæх тæхынц хæдтæхджытæ. Кæцæйдæр æхсынц, нæ сæрмæ ныллæджыты чи тæхы, ахæм немыцаг хæдтæхæджы. Æз та йæ нæхион æнхъæлдтон. Федтам цалдæр пырх хæдтæхæджы. Куыд рабæрæг, афтæмæй сыл æндон цъар нæй.

Ахызтыстæм, æфсæнвæндаджы сæрты цы хид ис, уыл. Станцæ – æвваxс. Галиуырдыгæй – садзгæ кæй ныччындæуыд, ахæм æрыгон хъæд. Изæрмилтæ. Ныллæджыты æрбатахтысты æртæ хæдтæхæджы. Æваст нæ 'хсын байдыдтой рухс фæд уадзæг нæмгуытæй. Мах нæхи баппæрстам хъæдмæ. Æз æрхуыссыдтæн къалиуы ауон. Æвæццæгæн нæ бафиппайдтой æмæ ныл пулеметтæй ралæууыдысты. Мæ тæккæ фындзы рæзты асенк кодта судзгæ нæмгуыты сырх къæвда, æз мæ цæстытæ бацъынд кодтон. Фервæзтыстæм. Базгъордтам конд хуыммæ æмæ уым ныххуыссыдыстæм.

19-IX-1941. Зæронд Водолагтæ. Хæсты фæсчъылдыммæ кæй тæрынц, уыцы фосæй фæндæгтыл ацæуæн нæй. Чи сæ скъæры, уыдон разы сты сæ фосæй махæн раттыныл, æрмæст сын гæххæтт ратт, фос сæ кæй райстай, уый тыххæй. Дыууæ боны дзул нæ цæстæй нæ федтам. Слæмæгъ стæм. Нæ хæринаг – æрмæст пъæмидортæ æмæ уырыдзытæ.

Цæуæм дарддæр. Æхсæз боны дæргъы фыццаг хатт нæхи хорз ныхсадтам цады. Йæ ран – къуылдымджын. Дымгæйы ныхмæ æрлæууæнтæ нæй. Тæрккъæвда. Бадын телыхъæды бын. Лидзæг адæм æд уæргътæ. Сæ уындæй зæрдæ уынгæг кæны. Фæлæ нæхæдæг дæр хуыздæр уавæры не стæм.

Иу-æртæ сахатыл бахæццæ стæм Черемушнаямæ. Æвæццæгæн дзы тыхджын дымгæтæ вæййы. Хæдзæртты сæртæ – гом. Бахсæвиуат кодтам хуыдоны. Талф-тулфæй сихор кæнæм. Фронтæй чи 'рбаздæхт, уыцы æфсæддонтæ дисæй мæлынц: "Нæ бронетанкон хæйттæ ныридæгæн Харьковы куы сты, уæд сымах та хæйрæг чердæм хæссы".

МÆ ФÆДЗÆХСТ

Фыдыбæсты сæраппонд тохы,
Мыййаг, куы фæмард уон рæстæй,
Уæд-иу мæ мард фæласут хохмæ,
Мæ Ир, мæ фыдæлты бæстæм.

Æмæ-иу бавæрут, æмгæрттæ,
Мæн рагон сау къæдзæхты 'хсæн,
Цæмæй æхсырхуыз цъитидæттæ
Рæвдауой с' аив зардæй мæн.

Цæмæй мæ ингæнмæ мæ уарзон
Фæсизæр хъазынмæ цæуой
Æмæ тæгæр бæласы ауон
Фыдæлты зарджытæ кæной.

1942 азы 13 январь.
Ростовы облæст, Слепихины хутор

МА КÆН ХЪЫГ

Хæрзбон, хæрзбон, мæ уарзон,
Æз дард балцы цæуын.
У а дуджы фæразон,
Ныууадз, мæ хур, кæуын.
Цæуын, цæуын æз абон
Хæсты быдырмæ раст.
Цæмæй уа рухс дæ амонд,
Дæ рæзгæ цард – æдас.
Цæмæй цагъарау бастæй
Ног ма 'рвитæм нæ цард,
Гъеуый тыххæй мæ фарсыл
Æз бабастон мæ кард.
Фыцы мæ уæнгты ног тых.
Æхсарæй мæ фæрсыс?!
Дæ цардамонд – мæ хотых,



Добрый день, дорогая Зоя, я жду и не дождусь
от тебя письма. Ведь ты же обещала мне
писать, а вот уже более 2х недель, а от вас нет
никаких известий. Ведь я не так далеко от
вас нахожусь. Письмо доходит чуть ли не через
2-3 дня. Зоя, напиши мне поступила-ли
в институт, как твои дела вообще, ~~[illegible]~~ чем
ты занята, что делает Зина, как здоровье
Нади, бедная я чувствую что она без меня
очень страдает, а ты тоже с ней обращаешься
не хорошо, ведь мы с тобой многому ей обязаны
~~она же~~ нас вскормила и воспитала.
Зоя, милая, ты мне обещала отпечатать открытки
из [illegible] фотографии. Я сам здесь сфотографировался
но не могу их выкупить так как у меня сейчас
нет ни копейки денег. Зоя, почему Жури мне
не отвечает я же ей написал письмо как только
приехал. Зоя, передай привет Саше. Скажи
ей, что я был дома, хотел ее видеть но не пришлось
Ну пока кончаю. Привет всем знакомым и
приятелям. А так же соседям Офеши Оли
Мадине и другим

Пока целую твой братик
Ростислав

Адрес: г. Ессентуки
п/я 1 „в"
мне

Дæ уарзонад – мæ ныфс.
Æмæ хæсты фыдафон
Ызнаджы сау нæмыг
Мæн ку ‘амара, мæ уарзон,
Уæд-иу мыл ма кæн хъыг.
Нæ райсдзынæн хæдбарæй
Цагъайраджы къæлæт, –
Хуыздæр æгады цардæй –
Сæрибарыл мæлæт!

1942 азы 27 февраль.
Сталинграды облæст, Суровикинойы станицæ

ХÆРЗБОН

Б-æн.

Цæуын хæсты тыгъд быдырмæ,
Кæм судзы артау зæхх.
Хæрзбонтæ ут. Дæ хъæбулæн,
Мæ Ир, фæндараст зæгъ.

О, ма ку, ма, ныййарæг мад,
Мæ фæстæ ма кæн хъыг.
Нана, лæгæн уынгæг сахат
Зæрдæныфс нæу цæссыг.

Мæ рухс дуне, мæ удлæууæн,
Ды та цы 'руагътай сæр?
Ныууадз, ныууадз дæ сусæг куыд,
Дæхиуыл схæц уæлдæр.

Фæлтау мын ратт мæ фæндагмæ
Дæ уарзондзинад ды,
Цæмæй мын уа ныфсы суадон
Лæгæвзарæн хæсты.

1943 азы 7 октябрь.

* * *

Кæм дæ, кæм дæ, мæ райгуырæн хæхбæстæ,
Цы фæдæ, цы, мæ ивгъуыд бонты цард?
Кæмдæр, кæугæйæ, ихсийут мæ фæстæ,
Нæ сæгдзыд къæс, мæ иунæг хо, мæ мад.

Цы ран ыстут, мæ ргабонты лымæнтæ,
Кæдæм фæлыгъд уæ хъæлдзæг худт, уæ хъазт!
Тæрсын, æваст куы фæсыкк уой мæ фæндтæ,
Æмæ æууилы ме 'взонг зæрдæ маст.

Мæ фæстæ-иу зæрдæрай ут уæ цардæй,
Фæсурæд фарн уæ зын, уæ рынтæ дард.
Æз цалынмæ нæ амæлон нæ бартыл,
Уæдмæ æлвæстæй дардзынæн мæ кард!

1942 азы 8 мартъи.
Сталинграды облæст, Суровикинойы станицæ.

ФÆСТАГ ФЫСТÆГ

Уæ бон хорз, мæ зынаргъ бинонтæ!

Хъусын уын кæнын, сæрæгас æмæ æнæниз кæй дæн, уый, сымахæн дæр мæ зæрдæ зæгъы, бирæ азты дзæбæх цæмæй уат, уый. Цалдæр боны рацыди, ногæй фронты куы дæн, ууыл. Санчъехгай цæуæм ныгуылæнырдæм, нæ райгуырæн зæхх сæрибар кæнгæйæ. Ног хабарæй мæм ницы ис, уæхæдæг кæй хъусут, уыдонæй дарддæр. Бацыдтæн ÆК(б)П-йы рæнхъытæм, тагъд хъуамæ мæ партбилет райсон. Куыд цæуынц уæ хъуыддæгтæ, ног хабарæй цы ис? Нада куыд у? Зойæ кæм и? Мæ аттестатæй нырма ницыма уайы. Куы йæ райсон, уæд уын цалдæр мæйæн уыциу æрвыст акæндзынæн æхца. Æндæр хос нæй. Цæй уал. Фыст фæдæн. Уæ дзæбæхтæ мæм хъуысæнт.

Полевая почта 25771 "Л",
Кочисову Мухарбеку Георгиевичу.

ТЪЕХТЫ Тамерлан

ÆХСАР ÆМÆ ЛÆГДЗИНАДЫ ÆВДИСÆН ЦАУТÆ

Советон Цæдисы Хъæбатыры ном сныcан кæныны тыххæй уынаффæ ССР Цæдисы Сæйраг æххæстгæнæг комитет рахаста 1934 азы 16 апрелы. Паддзахады Сæйраг Советы 1939 азы 1 августы Указмæ гæсгæ та тæккæ кадджындæр цины аккаг хъайтартæн райдыдтой риуылдаргæ æвдисæндар – «Сызгъæрин стъалыйы» майдан дæттын. Ууыл бирæ рæстæг нæ рацыд, афтæ хæрзиуæг сæрттывта ирон сахъгуырдты æфсæддон дарæстыл – 1940 азы 21 мартъийы Советон Цæдисы Хъæбатыр сси Остъаты Алексей, уыцы азы 7 апрелы та – Карсанты Хъазыбег.

Уæдмæ райдыдта, ирон адæм æхсардзинады раззагдæр дæнцæг кæм систы, уыцы Фыдыбæстæйы Стыр хæст, æмæ уым та ирæттæй Советон Цæдисы Хъæбатыры номæй фыццагдæр хорзæхджынгонд æрцыд Милдзыхты Хадзымырзæ. Йæ фæстæ ма хæсты дуджы фæзынд ноджы 25 ирон Хъæбатыры, æхсæз хæстонæн (Мамсыраты Хаджумар, Бицаты Сергей, Гагкайты Алихан, Дзусаты Ибрагим, Махъоты Алихан æмæ Хъыбызты Алыксандр) та уыцы кадджын ном лæвæрд æрцыд 1945 азы 9 майы фæстæ, кæй зæгъын æй хъæуы, фашисттимæ тохы æвæджиауы сгуыхтыты тыххæй.

34 ирон лæджы – 34 фæйнæхуызон хъысмæты... Абон ма уын иу хатт уæ зæрдыл æрлæууын кæндзыстæм сæ нæмттæ, се сгуыхтыты хæрзцыбыр æрфыстимæ. Æрыгон фæлтæр та кæцыдæр хабæрттæ, чи зоны, нырма ныр бакæсдзысты, æмæ нæ ныфс ис, хъæбатырты цардвæндаджы тыххæй ноджы фылдæр базонынмæ кæй сразæнгард уыдзысты, уымæй. Уæрæх чиныгкæсæджы фаг æрмæг ныридæгæн ссарæн ис, æфтынц ыл иртасджыты ног куыстытæ дæр.

Æмæ ма иу фиппаинаг. Ирон туг-стæгыл йæхи нымадта Украинæйы Донецкы облæсты горæт Бахмуты райгуырæг Игорь Анатолийы фырт Машков. Ирæттæ уыдысты хæсты быдырмæ Гуырдзыйæ æмæ стыр советон бæстæйы æндæр рæттæй ацæуæг Георгий Иваны фырт Беруашвили (Беруаты), Александр Николайы фырт Бибилашвили (Бибылты), Давид Василийы фырт Джабидзе (Дзабиты), Владимир (Ладо) Леуаны фырт Берошвили (Беруаты), Николай Иваны фырт Гогичашвили (Годжыцаты), Георгий Иваны фырт Тваури (Туаты). Хъуыдыйаг нын уæнт ацы Хъæбатырты нæмттæ дæр…

Плиты Иссæ Алыксандры фырт (1903 – 1979). Райгуырд Терчы облæсты Зæронд Бæтæхъойыхъæуы. Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын фыццаг хатт лæвæрд æрцыд 1944 азы 16 апрелы, дыккаг хатт – 1945 азы 8 сентябры. Раздæр аргъгонд æрцыд, Одессæйы операцийы рæстæг бæхты-механизацигонд къордæн арæхстджын разамынд кæй лæвæрдта æмæ 3-аг Украинаг фронты знаджы Хуссар Буджы иугæндтæ кæй ныддæрæн кодта, уымæн. Уый фæстæ та, советон æфсæдтæ Маньчжурийы операцийы куы архайдтой, уæд сарæхст командæгæнджыты æфсæддон хæслæвæрдтæ иттæг хорз сæххæст кæнынмæ.

Хетæгкаты Георги (Габо) Иваны фырт (1903 – 1975). Райгуырд Цæгат Ирыстоны Зæрæмæджы хъæуы. Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын лæвæрд æрцыд 1945 азы 6 апрелы (дыккаг хатт æй бавдыстæуыд 1945 азы 5 майы Берлиныл тохты æхсардзинады тыххæй, фæлæ йын уыцы стыр хæрзиуæг ахæм цыбыр æмгъуыдмæ ногæй нал радтой – раивтой йын æй Суворовы I къæпхæны орденæй). Цыппар фронты стратегион операци «Багратион» бахызт Польшæйы зæххытæм, æмæ уым Хетæджы-фырты дивизи бабырста Познанмæ. Немыцы Цитадель-фидар басаста, æмæ афтæмæй æрмæст амынд горæт не суæгъд кодта, фæлæ ма не ‘фсæдтæн Одермæ æдасдæр фæндаг дæр байгом.

Мамсыраты Хаджумар Джиуæры фырт (1903 – 1968). Райгуырд Терчы облæсты Олгинскæйы хъæуы. Советон Цæдисы Хъæбатыры номæй хорзæхджынгонд æрцыд 1945 азы 29 майы. Уæлдай стыр сгуыхтдзинæдтæ равдыста Берлины операцийы 1945 азы апрелы. Дрездены ‘рдæм бырсгæйæ, йæ дивизи фæцагъта бирæ знæгты

æмæ суæгъд кодта, 16 мин адæймаджы бæрц кæм уыд, дыууæ ахæм концлагеры. Уый фæстæ рацыд цæугæдон Эльбæмæ, ахызт ыл, æмæ абырста дарддæр.

Абайты Æхсарбег Мæхæмæты фырт (1923 – 1982). Райгуырд Цæгат Ирыстоны Чырыстонхъæуы (ныртæккæ – горæт Дигора). Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын лæвæрд æрцыд 1944 азы 16 майы. Фесгуыхт 1943 азы 3 ноябры нырыккон горæт Керчы цур хъæу Маякы районы тохты. Знаг фæстæмæ куыд лыгъд, афтæ йæ иу къорды ныхмæ æрлæууыд æмæ авд немыцаджы маргæ акодта, дыууæйы та уацары райста, ноджы ма йæ къухы бафтыд æртæ автоматы æмæ топп дæр.

Æхсараты Энвер Бимболаты фырт (1915 – 1943). Райгуырд Цæгат Ирыстоны хъæу Зилгæйы. Советон Цæдисы Хъæбатыры номæй хорзæхджынгонд æрцыд 1944 азы 10 январы йæ амæлæты фæстæ. Фесгуыхт Харьковы размæбырсты операцийы. Йæ полк горæтмæ фæндаг байгом кодта дивизийæн æмæ бацыд Алексеевкæйы цур тугкалæн тохы. Ам командир Æхсары-фырт хъæбатырæй фæмард.

Бзарты Георги Никъалайы фырт (1915 – 1943). Райгуырд Цæгат Ирыстоны Заронд Бæтæхъойыхъæуы. Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын лæвæрд æрцыд 1944 азы 15 январы йæ амæлæты фæстæ. 1943 азы сентябры йæ полкъ ахызт Днепры сæрты æмæ Гомелы облæсты хъæу Глушецы районы бацахста плацдарм. Уый руаджы дивизийы иннæ хæйттæ размæ абырстой. Уыцы аз ноябры мæлæтдзаг цæф фæци знаджы контрныббырсты рæстæг.

Билаонты Павел Семены фырт (1919 – 1996). Райгуырд Амуры облæсты поселок Шимановскы (ныртæккæ – горæт). Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын лæвæрд æрцыд 1944 азы 13 сентябры. Фесгуыхт 1944 азы 24 мартъийы. Йæ дивизийы раззагдæртимæ бахызт Днестры сæрты Винницæйы облæсты хъæу Липчаны-Могилевы районы. Суткæйы дæргъы йæ разамындæй архайæг полкъ, плацдарм хъахъхъæнгæйæ, басыгъта знаджы æртæ танчы, 60 машинæйы хæцæнгарзимæ, уацары райста 150 фашисты.

Бицаты Сергей Владимиры фырт (1922 – 1962). Райгуырд Цæгат Ирыстоны Дигорайы. Советон Цæдисы Хъæбатыры номæй хорзæхджынгонд æрцыд 1945 азы 18 августы. Ленинграды, Волховы, 3-аг Прибалтиаг æмæ 2-аг Белоруссаг фронтты 84 уæлдæфон тохы æрæппæрста знаджы15 хæдтæхæджы.

Бутаты Георги Данилы фырт (1910 – 1943). Райгуырд Стъараполы крайы Хъæрæсе-Черкесийы автономон облæсты хъæу Лабæйы (Коста-Хетагурово). Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын лæвæрд æрцыд 1943 азы 17 октябры йæ амæлæты фæстæ. 1943 азы 5 октябры Украинæйы Чернобылы районы Горностайполы хъæуы цур парторг Бутайы-фырт цыппар хатты систа батальон атакæйы, знагимæ бацыд лæгæй-лæгмæ хæсты дæр. Гитлеронтæ фæндзæм хатт контрныббырст сарæзтой, æмæ фæстаг тохы бацыд, йæ батальонæй ма удæгасæй чи баззад, уыдонимæ иумæ…

Гагкайты Алихан Андрейы фырт (1917 – 1943). Райгуырд Цæгат Ирыстоны Æрыдоны районы Хъæдгæроны хъæуы. Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын радтой 1965 азы 6 майы йæ амæлæты фæстæ. Архайдта историйы баззайæг Курскы тохы. 1943 азы 5 июлы йæ батарейæ Белгороды облæсты Быковкæйы хъæуы районы басыгъта 6 фашистон танчы, фæлæ хæстонтыл се знæгтæ æртыхстысты, æмæ æхсарджын командир фæмард.

Гаджиты Алыксандр Максимы фырт (1922 – 1981). Райгуырд Цæгат Ирыстоны сæйраг горæт Дзæуджыхъæуы. Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын лæвæрд æрцыд 1945 азы 6 мартъийы. 1944 азы июлæй фæстæмæ Балтийаг денджызы сæрмæ йе 'мтохгæнджытимæ хæдтæхæгыл стахт 28 хатты æмæ фæдæлдон кодта знаджы 4 транспорты æмæ доны бынты цæуæг бæлæгъ.

Дойаты Давид Тебойы фырт (1912 – 1943). Райгуырд Терчы облæсты хъæу Джызæлы. Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын радтой 1944 азы 1 майы йæ амæлæты фæстæ. 1943 азы сентябрьмæ, полк Таманы æрдæгсакъадахыл тохты куы бацыд, уæдмæ рæстдзæвин Дойаты Давид фæцагъта 167 гитлероны. Уыцы аз 3 ноябры та фыццаг десантонтимæ æрбынатон Керчы æрдæгсакъадахыл æмæ цалдæр боны фæстæ плацдармтæ хъахъхъæныны тохы фæмард.

Дзусаты Ибрагим Мæхæмæты фырт (1905 – 1980). Райгуырд Цæгат Ирыстоны хъæу Заманхъулы. Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын саккаг кодтой 1945 азы 29 майы. Уæлахизхæссæг азы маймæ Дзусы-фырты разамындæй архайæг хæйттæ æмæ иугондтæ æрæппæрстой знаджы 832 хæдтæхæджы, уыдонæй 219 – Берлины операцийы. Йæхæдæг æрæппæрста 6, къорды цæугæйæ та – 4 хæдтæхæджы.

Калоты Алыксандр Алыксандры фырт (1917 – 1943). Райгуырд Стъараполы крайы Хъæрæсе-Черкесийы автономон облæсты хъæу Лабæйы (Коста-Хетагурово). Советон Цæдисы Хъæбатыры номæй хорзæхджынгонд æрцыд 1943 азы 10 ноябры йæ амæлæты фæстæ. Хъырымы зæххыл, Туркаг вал кæй хуыдтой, уыцы фидар бацахсынил тохы цæф хæстон йæ риуæй сæхгæдта знаджы амбразурæ.

Калоты Георги Алыксандры фырт (1916 – 1987). Райгуырд Цæгат Ирыстоны Мæздæджы районы Веселæйы хъæуы. Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын радтой 1945 азы 28 апрелы. Йæ хæстон фæндаг райдыдта Кавказ хъахъхъæнынил тохтæй. 1944 азы та Калойы-фырты батальон архайдта Ясcты-Кишиневаг операцийы, уæгъд кодта Румыни, Венгри, Австри. 1945 азы апрелы советон æфсæдтæй æппæты фыццаг рацыд Дунайы былмæ.

Карсанты Хъазыбег Дрисы фырт (1910 – 1997). Райгуырд Цæгат Ирыстоны Елхоты хъæуы. Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын саккаг кодтой 1940 азы 7 апрелы. Уæд, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты дæр басгуыхыны размæ, хæцыд урс финнтимæ æмæ йæ батарейæ бакодта, Маннергеймы хахх кæй хонынц, уый батонынмæ. Уæд ма басгæрста æмæ фехæлдта знаджы дыууæ дурын-зæххон æмæ иу æфсæнбетон æмбæхсæн бынæттæ.

Козаты Алыксандр Барисы фырт (1919 – 1994). Райгуырд Стъараполы крайы Хъæрæсе-Черкесийы автономон облæсты хъæу Лабæйы (Коста-Хетагурово). Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын лæвæрд æрцыд 1945 азы 29 июны. Знагæй уæгъд кодта Цæгат Ирыстоны хъæутæ æмæ горæттæ, уый фæстæ йæхи æхсарджынæй равдыста Белоруссаг фронты, знаджы Земландаг иугонд дæрæнгæнгæйæ.

Кцойты Петр Налыхъы фырт (1902 – 1945). Райгуырд Цæгат Ирыстоны Алагиры районы Куырттаты комы хъæу Гулиайы. Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын лæвæрд æрцыд 1945 азы 24 мартъийы. Æхсæг полчъы командиры сæйраг сгуыхтытæ баст уыдысты Польшæйы зæххыл тохимæ, уым, зæгъæм, æхсарджынæй уæгъд кодта горæт Сахачев. Уæлахизы тыххæй хъусынгæнинагмæ ма нымад минуттæ баззад, афтæ фæмард Берлины.

Къобылты Сергей Константины фырт (1915 – 1954). Райгуырд Цæгат Ирыстоны хъæу Къобы (ныртæккæ – Гуырдзыйы Хъазыбеджы район). Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын радтой 1943 азы 14 февралы. Эскадрилийы командир хæцыд Курскы къæлæты, Смоленщинæйы, Белоруссийы, Прибалтикæйы. Хъæбатыры номы аккаг суæвыны рæстæгмæ 17 уæлдæфон тохы æрæппæрста знаджы 9 хæдтæхæджы.

Къозонты Сардион Давиды фырт (1911 – 1994). Райгуырд Гуырдзыйы Карелы районы хъæу Суканаатубанийы. Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын саккаг кодтой 1943 азы 30 октябры. Архайдта Мæскуы хъахъхъæнины, Курскы къæлæты тохты. Сæйраг сгуыхт Къозоны-фырт равдыста, Севскаг æхсæг дивизийы хæйттимæ фыццæгты рæнхъы Днепрмæ куы рацыд, уæд. Æмбисæхсæв зын æмæ тæссаг уавæрты йæ сæрты ахызт йæ хæстонтимæ, æд рæмудзæн æрмæг æмæ хæцæнгарз, байста тактикон æгъдауæй сæйрагдæр æхсæн бынæттæй иу æмæ полчъы иннæ дæлхайæдтæн размæ бырсыны фадæттæ саразта.

Махъоты Алихан Амырханы фырт (1922 – 1981). Райгуырд Цæгат Ирыстоны Æрæфы районы хъæу Цыколайы. Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын лæвæрд æрцыд 1946 азы 15 майы. 1945 азы апрелы Махъойы-фырт батальон атакæйы систа æмæ раздæр Берлинмæ бацæуæны хуызæр æхсæн бынат æрцахста, уый фæстæ та знаджы горæты вагзал æмæ цыппар кварталæй фæсырдта. Йæ батальоны æвзыгъд архайды руаджы гитлеронты гарнизон йæхи уацары радта.

Милдзыхты Хадзымырзæ Зауырбеджы фырт (1919 – 1998). Райгуырд Цæгат Ирыстоны хъæу Елхоты. Советон Цæдисы Хъæбатыры

ном ын радтой 1942 азы 16 мартъийы. Сгарæг уæвгæйæ, 1942 азы 14–17 январы, Новгороды облæсты ныртæккæйы Демяновскы районы равдыста æвæджиауы сгуыхтдзинад. Æхсæвы йæ фазыл бабырыд знаджы блиндажмæ, фæцагъта авд фашисты æмæ сын сæ къухæйæхсгæ пулеметимæ бацыд сæ чъылдыммæ. Уым æрбынатон, сæйраг фæндаг æрцахста йæ отрядимæ, æмæ дивизийæн размæ абырсыны фадат фæци…

Моргуаты Бек Хадзымуссæйы фырт (1919 – 1978). Райгуырд Цæгат Ирыстоны Кировы районы хъæу Кæрдзыны. Советон Цæдисы Хъæбатыры номæй хорзæхджынгонд æрцыд 1944 азы 3 июны. 1943 азы 21 октябры фашисттæ сæхи ныццавтой советон æфсæдты хъæхъхъæнынадон хаххыл æмæ стыр къордæй баирвæзтысты хидмæ. Моргуайы-фырт йæ хайад контрныббырстмæ систа æмæ, фистæгæфсæддонты разæй цæугæйæ, æппæты фыццаг бабырста Днепры цур Æнæном бæрзæндмæ. Уым срæмыгъта, знаг йæ артиллерийы архайд кæцæй амыдта, уыцы цæстдарæн пункт.

Остъаты Алексей Егоры фырт (1905 – 1942). Райгуырд Хуссар Ирыстоны ныртæккæйы Дзауы районы хъæу Сохтайы. Ирæттæй йын æппæты фыццаг Советон Цæдисы Хъæбатыры ном лæвæрд æрцыд 1940 азы 21 мартъийы. Урс финнтимæ хæсты архайгæйæ, 1939 азы кæрон Остъайы-фырты хæдтæхæг ныссыхырна – нæмгуытæ йыл сæмбæлдысты 49 хатты, фæлæ цæф тæхæг йæ хæслæвæрд сæххæст кодта æмæ иу моторыл аэродроммæ æрбатахт. 1940 азы 19 февралы та Выборджы æфсæнвæндæгты баиуугондыл, знагыл рæмудзæнтæ калгæйæ, йæ хæдтæхæг зенитон сармадзанты амæттаг фæци, æмæ уæддæр йæ ныхмæлæууджыты ныффалгæрон кодта. Ахæм уавæрты лæгдзинад равдыста Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг дæр, фæлæ йын судзгæ хæдтæхæг æрбадын кæнын нал бантыст…

Сабанты Григори Луарсабы фырт (1910 – 1968). Райгуырд Хуссар Ирыстоны ныртæккæйы Ленингоры районы хъæу Кедигорайы. Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын саккаг кодтой 1943 азы 1 ноябры. Уыцы азы 26 сентябрьмæ æхсæвы сгарджыты взводы рæнхъыты Днепры сæрты бахызт æмæ фыццæгтимæ æрлæууыд Украинæйы рахиз фарсы зæххыл. Лæгæй-лæгмæ хæсты сгарджытимæ фæцагътой гитлеронты, сæ плацдарм сын бацахстой æмæ боны дæргъы ныххъуырд радтой 11 контрныббырстæн. Афтæмæй Сабаны-фырт йæ 18 хæстæмбалимæ æнæхъæн дивизийæн сарæзта цæугæдоны сæрты æрбахизыны фадæттæ.

Тогызты Хъауырбег Темболаты фырт (1919 – 2009). Райгуырд Цæгат Ирыстоны Æрыдоны хъæуы (ныртæккæ – горæт). Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын радтой 1943 азы 21 сентябры. Йе 'хсардзинад æвдыста бирæ рæтты, уыимæ – Сталинграды тохы æмæ Курскы къæлæты дæр. Сталинграды тохы йæ разамындæй архайæг къорд басыгъта 8 танчы æмæ хибарæй тулæг сармадзаны, 13 пулеметы, ныццагъта 80 фашистон салдаты æмæ афицеры. 1943 азы 5 июлы та ныртæккæйы Белгороды облæсты Черкасскы хъæуы районы, йæ батарейы ныхмæ 36 танчы куы 'рлæууыдысты, уæд сæ Тогызы-фырт сармадзанæй æхсын райдыдта æмæ 4 танчы басыгъта.

Ходы Константин Елдзары фырт (1907 – 1989). Райгуырд Цæгат Ирыстоны, Дзæуджыхъæуы. Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын радтой 1944 азы 15 январы. 1943 азы 22 сентябры Мæскуымæ бацæуæны хъæу Ивашковойыл тохы пулеметæй æхсæг Ходы-фырты эскадроныл афсæрстой танктæ. Ирыстойнаг хæстонмæ ма баззад нæмгуыты иунæг лент, æмæ сфæнд кодта, знаджы æрмæстдæр, хæрзхæстæг æм куы æрбацæуа, уæд æхсын. Танктæ æмæ сармадзантæ эскадроны акъоппытыл зылдысты, афтæ сæ æхсын райдыдта. Танк, фистæгæфсæддонты бахъахъхъæныны охыл, йæ ных пулеметæй æхсæгмæ сарæзта, ныссæста йæ, фæлæ уый удæгасæй баззад, æмæ та знаджы ногæй цæгъдын байдыдта. Уыйадыл немыцы ныббырст фæсыкк.

Хъараты Алыксандр Акимы фырт (1915 – 1984). Райгуырд Цæцæны республикæйы сæйраг горæт Грознайы. Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын лæвæрд æрцыд 1945 азы 23 февралы. Хæсты фыццаг бонтæй фæстæмæ йæ хæдтæхæгыл стахт 375 хатты æмæ 75 уæлдæфон тохы æрæппæрста знаджы 18 хæдтæхæджы. «Сызгъæрин Стъалыйы» аккаг æй цы уæлахизхæссæг аз скодтой, уым уæлдæфон фыдбылызæй хъахъхъæдта Польшæйæн сæрибархæссæг фистæгæфсæддонты.

Къесаты Астан Никъалайы фырт (1914 – 1977). Райгуырд Цæгат Ирыстоны Чырыстонхъæуы (ныртæккæ – горæт Дигора). Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын лæвæрд æрцыд 1944 азы 31 майы. Æрмæст 1943 азы дæргъы командир Къесайы-фырты разамындæй дæлдондзæуæг бæлæгъ «Малютка» («М-117») 7 балцмæ схæцын кодта знаджы 7 науы. Сæ иу æфсæддон техникæйæ йедзагæй Хъырымы денджызы лæгæрста фондз хъахъхъæнæг хæстон науимæ, фæлæ йæ уыдон дæр нæ фервæзын кодтой…

Хъоцыты Константин (Къоста) Георгийы фырт (1913 – 1946). Райгуырд Хуссар Ирыстоны, Цхинвалы. Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын саккаг кодтой 1944 азы 16 майы. Командир Хъоцыйы-фырты разамындæй Сауденджызон флоты торпедæтимæ катертæ 250 хатты рацыдæн схæцын кодтой дæлдондзæуæг бæлæгъ, 4 транспорты, 13 сæхигъдауæй цæуæг баржæйы, торпедотимæ катер, хæдтæхæг, сæвæрдтой 78 рæмудзæны знаджы фæндагыл, сæ бынатмæ баластой 256 десантоны. Афтæмæй стыр æвæрæн хаст æрцыд Хъырым уæгъд кæныны хъуыддагмæ.

Хъыбызты Алыксандр Никъалайы фырт (1912 – 2001). Райгуырд Цæгат Ирыстоны Чырыстонхъæуы (ныртæккæ – горæт Дигора). Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын радтой 1945 азы 31 майы. Уыцы азы 16–17 апрелы, немыцаг горæт Зееловы бацæуæны, полчъы раззаг отряды уæвгæйæ, Хъыбызы-фырты разамындæй архайæг артиллеристты къорд басыгъта 5 танчы, танктæ рæмудзæн 3 хæцæнгарзы, 6 пулеметы, скуынæг кодта знаджы 60 салдаты. Уый фæстæ фыццæгты æмрæнхъ бабырста Берлинмæ æмæ, знаджы æнауæрдонæй цæгъдгæйæ, æхсæг дæлхайæдтæн фадæттæ сарæзта цæугæдон Шпрейы сæрты бахизынæн.

Цоколаты Геннади Дмитрийы фырт (1916 – 1976). Райгуырд Томскы. Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын лæвæрд æрцыд 1944 азы 15 январы. Хæцыд Таллины, Кронштадты æмæ Ленинграды. Йæ хæдтæхæгыл стахт 309 хатты æмæ фæцагъта 300 фашистæй фылдæр, йæхæдæг æрæппæрста 6 хæдтæхæджы, къордгæйттæй цæугæйæ та – 11. 62 сгарæн уæлдæфон балцы рæстæг самал кодта æхсызгон хъæугæ зонинæгтæ.

Цоциты Васили Семены фырт (1917 – 1947). Райгуырд Хуссар Ирыстоны хъæу Бабулети Ортевийы. Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын саккаг кодтой 1943 азы 1 ноябры. 1942 азы 28 августы Цоцийы-фырты тæхджыты къорд уæлдæфмæ систой, цæмæй ма бауадзой Сталинграды цæгатварс не ‘фсæдты знаджы æрхъулайы бахауын. Тохы бацыдысты бомбæтæ калæг 29 немыцаг хæдтæхæгимæ æмæ уыдоны хъахъхъæнæг 12 мессершмиттимæ æмæ сæ нæ бауагътой сæ мæлæтхæссæг уæззæгтæ рæстдзæвинæй æрызгъалын. «Сызгъæрин Стъалы» райсыны рæстæджы онг Цоцийы-фырт уæлдæфмæ стахт 100 хатты æмæ басыгъта бомбæтæ калæг 7 хæдтæхæджы, æндæр техникæ, фæцагъта знаджы бирæ салдæтты.

Цхуырбаты Иван Давиды фырт (1913 – 1943). Райгуырд Хуссар Ирыстоны Тигвайы хъæуы. Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын лæвæрд æрцыд 1944 азы 22 февралы йæ амæлæты фæстæ. Украинаг фронты хæцгæйæ, командир Цхуырбайы-фырты взвод фыццæгтимæ бахызт цæугæдон Днепрыл Запорожьейы облæсты хъæу Каневскоейы районы æмæ дыууæ суткæйы ныхкъуырд лæвæрдта знагæн, цалынмæ сæ полчъы иннæ дæлхайæдтæ доны сæрты хызтысты, уæдмæ. 1943 азы 18 декабры, амынд хъæу цыфæндыйæ дæр бацахсыны нысанимæ немыцæгтæ æд танктæ æмæ мотоциклтæ ныббырстой æртыккаг хатт. Тыхджын артиллерион æмæ уæлдæфон æхстыты бын хæстонтæ æмæ сæ сармадзантæ дæр къаддæрæй-къаддæр кодтой. Командир йæхæдæг балæууыд пулеметы цур æмæ хъæбатырæй фæмард.

ГÆБÆРАТЫ ЮРИ: 60 АЗЫ

ГÆБÆРАТЫ Юри

УАСТЫРДЖИЙЫ ЗАРÆГ

Хуыцау бæрзонд уыд, тынг бæрзонд…

Ацы зæххон-уæлион дунейæ афтæ дард æмæ бæрзонд уыд, æмæ йæ бадæн бынаты хуымæтæджы зæххон лæг куы бадтаид, уæд æм уæлион дунейы æнæкæрон тыгъдадæй цъиуы цæсты дзаг гæппæл дæр нæ зындаид… Фæлæ Хуыцаумæ зæххон-уæлион дуне зынд æнæхъæнæй – уыдта æмæ зыдта алцы дæр, уыдта æмæ зыдта алкæй дæр…

Алцы дæр зынд зæххон дунейæ уæларвон дунемæ: цард дæр æмæ мæлæт дæр, рæстдзинад дæр æмæ мæнгдзинад дæр… Æууæнк дæр æмæ гадзрахат дæр… Уарзт дæр æмæ фыдæх дæр… Хъуыст дзы зарæг дæр æмæ хъарæг дæр…

Æмæ куыннæ хъуамæ зыдтаид æмæ уыдтаид æппæт дæр, кæд æмæ æппæт уыдæтты фæлдисгæ дæр Йæхæдæг скодта…

Хуыцау…

Кувгæ Йæм алчи дæр кодта. Йæ быны цæрын æмæ цард фæлдисыны тыххæй кæй сфæлдыста, уыцы адæмæй. Фæлæ Йæм чи куывта, уыдонæй Йæм алкæмæй хуыздæр хъуыст, Уастырджийы зарæг чи кодта, уыцы адæмы куывд. Чи зоны уымæн, æмæ Йæм йе скæнгæ зæдтæй Уастырджийæ æввахсдæр æмæ барджындæр кæй ничи уыд…

Æниу, чи зоны, афтæ дæр нæ уыд, чи зоны æмæ йæм æндæр адæмтæй искæйты куывд хуыздæр хъуыст, сæ куывд сын хуыздæрæн иста, кæннод та… Чи зоны, æмæ ма уæларв дунейы уыд, Йæхицæн Уастырджийæ æввахсдæрыл кæй нымадта, ахæм зæд кæнæ бардуаг, фæлæ…

Чи зоны, Уастырджимæ кувæг адæмæн сæхимæ каст афтæ… Чи йæ зоны, цæмæн – афтæ нымадтой, цыма Хуыцаумæ Йæ сфæлдисгæ адæмæй уыдонæй барджындæр ничи у, уыдоны разæй Йæм никæй куывд фехъуысдзæн. Уымæн æмæ кæддæр, цалынмæ сæ рагфыдæлтæ Йемæ не схæцыдысты, уæдмæ Йе сфæлдисгæ зæдтæ æмæ даудджытимæ æмхуынд, æмвынг уыдысты. Хуыцауы бадæн бынатмæ, дам, æрмæстдæр Уастырджийæн уыдис бахизыны бар… Сæхæдæг афтæ нымадтой – кæнæ сæхи афтæ фæндыд, æмæ сæ иугæр афтæ

фæндыд, уæд сæ Уый дæр ныууагъта сæ адыл. Хуыцау…

Æрмæст уый тыххæй сæ куы ныууагътаид сæ адыл, уæддæр ма цы нæ вæййы, фæлæ сæ сæхи адыл ныууагъта алцæмæй дæр – куыдфæстагмæ йæ коммæ кæй нал кастысты, сæ цардфæлдисæн хъуыддæгты зыгъуыммæ хæцын кæй райдыдтой, уый тыххæй.

Æмæ уыдон дæр сæмтъеры æмæ ныззыгъуыммæты сты æндæр адæмтау, æндæр адæмты уаг æмæ æгъдауыл цайдагъ кæнын куы райдыдтой, уæд – бæлвырддæр зæгъгæйæ, сæхи æндæр адæмты сæрвæлтау алы æмæ алы тугуарæн хæстыты цæгъдын кæнын куы райдыдтой, уæдæй фæстæмæ. Æмæ иу хæстæй иннæмæ нымæцæй куыд къаддæр кодтой, афтæ къаддæр æмæ бонвыддæрмæ цæуын райдыдтой уаг æмæ фарнæй дæр – рагфыдæлтæй фæстагæтты онг ма сæм сæ ныхыфыстæй цы ‘нæбары гæччытæ æрхæццæ, уыдæттæй дæр сæ сæр бæрзæндты хæссын райдыдтой.

Æппын нæйы бæсты…

Хуыцаумæ уæддæр куывтой, Йæ ном ын ардтой æртæ кæрдзын æмæ æртæ цырагъæй, фыдæлтæй сæм куыд баззад, афтæ. Фæлæ уæддæр диссаг æндæр цыдæр уыд: сæ гакк, сæ ныхыфыстыл комдзог кæй цыдысты, уый дæр ын кæд райдыдтой Йæхи аххос кæнын… Хуыцауæн… Кæддæр ын Йе сфæлдисгæ зæдтæ æмæ дауджытимæ кæй схæцыдысты, уый дæр ын кодтой Йæхи аххос – уый дæр, дам, Йæхи фæндонæй æрцыдаид афтæ. Æмæ се ‘ппæт азымтæ дæр сæвæрдтой Хуыцауыл. Иугæр, дам нæ сфæлдыстай, уæд, дам нæ æфтау раст фæндагыл, рæдийын нæ ма уадз, макæмæ æмæ дæ мацæмæ æвдæлæд мах йеддæмæ. Хуыцауæн та, Йæ бадæн бынат куыд бæрзонд у, стæй Йе сфæлдисгæ дуне куыд дардыл у, афтæ бирæ уыдысты Йе сфæлдисгæ адæм дæр, афтæ дардыл æмæ бирæ уыдысты Йæ кæнинаг хъуыддæгтæ дæр. Æмæ сæ ноджы уый амидин кодта æндæрырдæмты кæсынмæ, цы нæма федтой æмæ бавзæрстой, уыдæттæ фенын æмæ бавзарынмæ. Иугæр ма Хуыцауы уыдоны уæлдай æндæр адæмты хъуыддæгтæм дæр æвдæлди, уæд сæхæдæг дæр сцымыдис сты уыцы адæмты цард æмæ уагмæ… Æндæр адæмты фæзмгæйæ цæрын сæм хуыздæр кæсын райдыдта, æцæгæлон хæрвы сæхи стыхтой – ныридæгæн сыл Куырдалæгоны куырдадзы æхсыст згъæр уæлæдарæс райдыдта уæз кæнын, æмæ йæ, сæ алфæмблай æрцæуæг-æрцæрæг адæмты фæзмгæйæ, рогдæрæй раивтой… Стæй та ногæй суæлæхох сты æппæт уыдæттыл дæр – нал цухъхъа дардтой, нал – разгом. Нæлгоймæгтæ сæ риутæй бæрцытæ куы рафтыдтой, уæдæй фæстæмæ бæрц ницæмæйуал зыдтой, сылгоймæгтæ сæ разгæмттæ куы раластой, уæдæй фæстæмæ се ‘фсарм æмæ уæздандзинад райдыдта, кæй хæрвы бацыдысты, уыцы æрцæуæггаг адæмты фæндиаг кæнын…

Кæддæр сæ къæхты бын æмризæджы чи рызт, иу фурдæй иннæмæ чи æхххæсыд, уыцы зæххытæ кæйдæрты пайдайæн афтæ бакъаддæртæ кодтой, æмæ дзы сæ фæстагæттæн иу нæргæ-нæртон хъазт скæныны фаг гæппæл нал ныууагътой…

Æмæ сæ куыдфæстагмæ уыцы зæххы гæппæлыл дæр уазджытæ хонын райдыдтой æрцæуæг-æрцæрæг адæм, байстой сын сæ рагфыдæлты нæргæ кад, дау сын кодтой сæ зæххыл, сæ ис, сæ боныл, æгæрыстæмæй сæ алан-ирон равзæрдыл дæр… Æмæ быхстой, фæрæзтой æппæтæн дæр алан-ирон адæм.

Уастырджимæ кувæг адæм…

Уæддæр дзыхъхъылæуд ницæмæй уыдысты æндæр адæмты ‘хсæн – къуыпп дардтой алцæмæй дæр æмæ алы хъуыддаджы дæр, се сгуыхт, сæ номы лæгты кадæй ма сæрыстыр уыдысты æндæр адæмтæ дæр, фæлæ са мардта иу низ, æргæвста сæ иу кард: уый мæнæй лæгдæр цæмæн у…

Æрмæст та-иу сын, искуыдæй-искуыдмæ сæ кæддæры знæгты цагъды уæлдæйттæ æргом хæст куы расидтысты, уæд та-иу райхъалрастадысты уыдон дæр – ныддæрæн та-иу кодтой се знæгты, сæ ном, сæ кады ном та-иу ахъæр, сæ кæддæры зæххытыл чи цард, уыцы адæмтыл, стæй та-иу сæ хæцыны сæр куы нал хъуыд, уæд та-иу сæ хæцæнгæрзтау арф бафснайдтой сæ тау, сæ уидаджы сомбоныл сагъæс æмæ мæтаг хъуыддæгты дæр, ногæй та-иу бавнæлдтой кæрæдзимæ…

Æмæ сæмтъеры сты бынтондæр, Хуыцаумæ ма чи куывта, фæлæ Хуыцауы хъæр чи нал хъуыста, уыцы адæм. Хуыцауы хъæр ма сæм цас хъуыст, уый бæрц ма сын хъуыста сæхи хъæр дæр… Дугтæ ивтой дугты, фæлæ цыфæнды æвыдон-дывыдон дугивæнты дæр сæ ныхыфыст æмæ æрдзон гакк уæлдæр никуы сæвæрдтой ног дуджы цъаллмардзинæдтæй – уайтагъд-иу уыцы цъаммардзинæдтæн се ‘мдзу цæуынмæ фесты… Афтæмæй, хæрам æмæ фыдæхы бын кæрæдзи ссæндгæйæ, бонвыддæрмæ цæуын райдыдтой, иу дугивæнæй иннæмæ – райдианы кæрон кæм нал зынд, уыцы æвыдæй дывыдонмæ…

***

...Иу сæумæраджы, фæдисы змæлд æмæ цæлхъ уынæртыл ахуыр чи нæ уыд, уыцы тархъæды иугъæдон сабырдзинад фехæлд дугъон бæхы знæт хуыррытт æмæ къæхты хъæрæй. Хъæдæн йæ райдианæй йæ кæронмæ чи ныййивæзт, уыцы рагъвæндагыл æхст фатау тахт хъандзалæлвæст бæх. Фæндаг кæмыты ахæрд кæны, уым фæсабырдæр вæййы йæ къахайст, стæй та уыцы сæгуытæлвæстæй айвазы йæ хидмæцъæл уæнгтæ. Бæхыл саргъ нæ уыд, саргъы бæсты йе рагъыл нынныхæст, хæстæгмæ дæр саргъæй бирæ стырдæр чи нæ зындаид, ахæм чысыл лæппу. Лæппуйæн йæ фæлвых къухæнгуылдзты нал уыд бæхы рохтæ æрбалвасыны фаг тых, æмæ ныдæвдæг сты барцыл. Бæх-иу бæлæсты къалиутæй йæхи бахизыны охыл йæ сæр бындæр куы ауагъта, уæд-иу лæппу дæр йæхи æнгомдæр нылхъывта бæхы хъандзалæлвæст бæрзæймæ.

Ничи дис кодта чысыл барæджы æнахуыр фæдис тахтыл, уымæн æмæ йын йе 'нахуыр митæ ничи уыдта бæрзонд бæлæстæй æмæхгæд хъæды рагъвæндагыл. Цалынмæ барæг хъæды бæзджын тары нæ баивгъуыдта, уæдмæ йæм дардæй кастысты чидæртæ, фæлæ уæды онг барæджы митæй æнахуыр зæгъæн ницæмæй уыд, адæймаг цæуыл бадис кодтаид – бæхыл бадæг саргъæй стырдæр кæй нæ зынд, уымæй дарддæр. Уымæн æмæ уæды уонг йæ митæ йæхимæ дæр уадиссаг æнахуыр нæ кастыстысты.

Лæппуйæн…

Йæ къухы нæдæр ехс уыд, нæдæр – уис, уæлдай æвзыст нæ кодта йе ’рмахуыр бæхмæ. Ницы йæ æндæвта, ницæуыл хъуыды кодта, кæдæм æмæ цæй тыххæй цыд, уый йеддæмæ. Йæ хъуыдыйы та æнæхъуаджы ракæ-бакæтæн бынат дæр нал уыд – цы сфæнд кодта, уыцы фæндæй йæ кæй ницыуал фæиппæрд кæндзæн, уый фидарæй бауырнын кодта йæхицæн æмæ, кæдæм цыд, уырдæм нæдæр тагъд кодта, нæдæр байрæджыйæ тарсти…

Лæппу цыд йæхи марынмæ…

Царды æнуд тар æмæ адæймаджы хæрамы йæ чысыл уд кæмæн снарæг ис, уыцы лæппу.

Ахæм тæрхон рахаста йæхицæн, афтæ скарста йæ саби-зонд, ахæм зондыл æй бафтыдта йæ хъысмæт, йæ ныхыфыст. Цыд йæхи марынмæ, фæлæ нæ тарст, йæхи марынмæ кæй цыд, уымæй – тарст, йæхи марын йæ бон куы нæ бауа, уымæй…

Райсомæй, цалынмæ йæ тарст бæх нæ сызнæт, уæдмæ бынтон æндæр зæрдæйы равгимæ цыд йæ фæндагыл… Бадт бæхыл æмæ фæйнæрдæм каст, кæд уынгæг зæрдæйæ, уæддæр – ныфсджын æмæ сæрыстырæй. Йæ цæстныдзæвæн кæуылты æхххæссыд, уыцы тыгъдады йын цард йæ фæстаг уысмтæ райдыдта нымайын æмæ йыл куыдта æгомыгæй. Бæрзонды рагъæй ма йæм сæхи хъæуы йеддæмæ зынд ноджы цалдæр хъæуы, фæлæ йæ уыцы хъæутæн нæдæр сæ цæрджыты, нæдæр сæ фидыц æндæвта – йæхи хъæу æмæ уыцы хъæуы цæстныдзæвæн цыдæриддæр ахста, æппæт уыдæттæ уыдысты йæ удлæууæн, кæд дзы маст æмæ зæрдæрыстæй дарддæр сабион царды цин никуы банкъардта, уæддæр. Сæ хъæуæй дарддæр никуыма уыд, фæлæ зыдта, дуне кæй у æнæкæрон, зæххыл кæй цæры бирæнымæц адæмтæ, уыдон та кæрæдзийы хуызæн ницæмæй сты – алкæмæн дæр дзы ис йæхи уаг, йæхи æвзаг, фæлæ йын уыцы адæмтæй алкæмæй зынаргъдæр йæхи æвзагыл дзурæг адæм кæй хъуамæ уой, уый та куыннæ хъуамæ æмбæрстаид; уыцы стыр дунейыл цы æнæкæрон бирæ цæрæнбынæттæ ис, уыдонæй та йын сæхи хъæуæй зынаргъдæр ничи суыдаид, се ‘ппæты куы зыдтаид æмæ федтаид, уæддæр…

Фæлæ ныр… Фæстаг хатт ма уыны, йæ цæстныдзæвæн æфсæдгæ дæр кæмæй нæма бакодта, уыцы рæсугъд бынæтты, фæлæ йæхицæн æппæтфенæг æмæ æппæтзонæг ас лæгау уырнын кодта: цы дунейæ сфæлмæцыд æмæ æнусмæ цы дунейæ цæуы, уыцы дунейы йын ныр алцы дæр цæрдхуынкъ æхсæры хъузгау афтид у, фæлæ, цы дунемæ цæуы, уыцы дуне та хæрзты хуыздæртæй æмыдзаг хъуамæ уа, уым рæсугъддæр хъуамæ уа алцы дæр.

Хъæуысæр худисæн къуылдыммæ куы схæццæ, уæд бæх æмхæрд фездæхта Бæрзонды рагъы 'рдæм, фæлæ Тæссæртты сæрмæ сæ комбæсты чъирикувæг Ергены бадгæ куы федта, уæд æвæндонæй æрбахæцыд йæ бæхы рохтыл. Йæ зæрдæ суынгæг, фæлæ йæ сæрмæ скæуын нæ бахаста. Ергены уынд ын нырæй æхсызгондæр никуыма уыд, кæд æм дард у, кæд ын йæ фæлмбадт, фæлæ рæвдауаг цæстæнгас нæ уыны, уæддæр. Йæ фæстаджы фæндагыл кæй цæуы, уыл хъуыды кæнгæйæ, йæ зæрдыл риссаг æнкъарæнтæй æрбалæууыдысты йæ бирæ лæггæдтæ: йæ уд-иу адæмы хæрам æмæ царды зынтæй бынтон куы снарæг, уæд-иу сæ хъæубæсты иннæ лæгты уæлдай йæхи уымæ баппæрста. Зæронд лæг-иу æй алы хатт дæр

уыцы зæрдиагæй барæвдыдта, алы хатт дæр ын хъуамæ ныфсытæ авæрдтаид, стæй-иу дзы, цыма йе 'мкар, йе 'мсæр лæг уыд, уыйау хатыртæ фæкуырдтаид… Йæ бон кæй ницыуал у, кæй базæронд æмæ кæй нал у, лæппуйæн йæ уд цы хæрам тыхтæ снарæг кодтой, уыдонæн сæ ных бакъуырынхъом.

Æппæтæй фылдæр та йын йæ Уастырджийы зарæгмæ хъусын уарзта. Ергенæн. Сæ хъæуы бирæ æмæ æйтт-мардзæ зарæггæнджытæ уыд, бирæ диссаджы зарджытæ фехъуыста йæ мады æрвадæлты хъæуы дæр, фæлæ Ергены Уастырджийы зарæг бынтон æндæр уыд – чи-иу æм хъуыста, уыдон-иу сæрæй къæхтæм хъустæ фестадысты. Уастырджийы зарæг сæ хъæуы иннæ лæгтæ æрмæстдæр расыгæй зарыдысты, стæй ма уыдон зарыдысты æндæр зарджытæ дæр, Ерген та зарыд æрмæстдæр Уастырджийы зарæг, уымæй дæр æрмæст фынгыл бадгæйæ нæ, фæлæ фиййау уæвгæйæ дæр. Æмæ ма иу хабар: саби-лæппу йæ рæзгæ царды цы уарзта, уыдæттæй йæ удæй æппæтæй æхцондæр уыд Уастырджийы зарæгмæ хъусын. Æмæ йæ рæстмæ æмбаргæ дæр нæ кодта: Уастырджийы зарæг Ергены тыххæй бирæ уарзы æви Ергенæн йæхи Уастырджийы зарæджы тыххæй уарзы?..

Ацы хатт нæ зарыд Ерген. Афтæ раджы куыд хъуамæ зарыдаид, кæд æмæ адæм нырма дæр сæ боны уæззау куысты фæстæ сæ тæккæ тарф фынты уыдысты… Уымæ та афтæ каст, лæппумæ, цыма Ерген дæр зыдта, кæдæм цæуы, уый æмæ ацы хатт æндæр хæттыты хъауджыдæр уый тыххæй нæ уыд зарыны зæрдæйыл. Фæндгæ та йæ кодта, цы фæндагыл цæуы, уыцы фæндагыл йемæ куы ахæссид, ацы комбæсты алкæмæй фылдæр рæвдыд кæмæй зоны, уыцы æхцон хъæлæсы зæлтæ, йæ фæстаджы фæндагыл куы ацæуид, Уастырджийы зарæгмæ хъусгæйæ. Йæхи марынмæ йæ цы цард æркодта, уыцы цардæй зарæгмæ хъусгæйæ ацæуын, чи зоны, уымы бæсты кадджындæр уа – сæ хъæуы зæронд устытæй йæ фехъуыста айразмæ: йæхимæ, дам, йæ къух чи сисы, уый, дам, мæрдты 'хсæн дæр æгад вæййы…

Фæлæ Ерген нæ зарыд, æмæ йын цы хъуамæ бакодтаид…

Фыццаг æй бафæндыд йæ фæндаг ууылты акæнын – куыдфæндыйæ дæр ацы комбæсты йæ сидзæр уд уымæй фылдæр рæвдыд никæмæй банкъардта, стæй йæ фæстаг фæндагыл цæуы, æмæ ма йæ кæд, кæнæ кæм хъуамæ фена… Фæлæ йæ нæ бафæндыд афтæ дæр, уæддæр ма адывæндтæ кодта æмæ… Йæ зæрдæ нæ бахаста афтæ бакæнынмæ, æмæ уæд йæ бæх фæзылдта тæссæртты къахвæндагмæ, стæй ахæрд кодта Бæрзонды рагъы 'рдæм. Йæ фæндаг Ергеныл акодтаид, уый ныфс æм кæй нал разынд, уымæй ноджы тынгдæр суынгæг йæ зæрдæ, цардæй мæлæты 'хсæн фæндаг цы у, ууыл хъуыды нæ, æмбаргæ дæр æй чи нæма бакодта, ахæм саби-лæппу куыннæ фæтарстаид, уырнгæ дæр æй чи нæма кæны, йæ уыцы фæндæй?..

Æрдæбон æрмæстдæр фæтарст фæстæмæ, сæхи сыхмæ ныккæсынæй. Уæд йæ цæст андзæвдаид, дысон æхсæв йæ мад цъыбыртты сыгъд кæй хъуамæ бакодтаид, уыцы хæдзары сыгъдæттыл. Уыцы хæдзары чи цард, уыдон йæ туг, йе стæг уыдысты, йæ æдзард фыды мадызæнæгæфсымæртæ, сæ устытæ æмæ сæ зæнæгимæ, фæлæ сæм уый йæхи базонынæй фæстæмæ хионы зæрдæ никуы бадардта, сæхицæй сын куыд нæ зоны хионы ад æмæ цæстæнгас, афтæ… Уымæн æмæ йæ зæрдæрыст мады удхæсджытæ уыдысты. Уыдон ын сæнад кодтой йæ мады цард дæр æмæ йæхи цард дæр, уыдоны азарæй йæм æрцыд йæхи марыны фæнд. Фæлæ йæ уæддæр нæ фæндыд уыцы æлгъыст хæдзары сыгъдæттæ фенын, нæ йæ фæндыд йæ цæстныдзæвæны мæрдтæм ахæм æбуалгъы ныв ахæссын…

Æппæтæй тынгдæр та тарст ууыл ахъуыды кæнынæй: йæ зæрдæрыст гыцци куыд æмæ цытæ кæндзæн, йæ адджын хъæбулы сау хабар æм куы бадзурой, уæд?!. Цытæ кæндзысты, йæ фынæйыл дæр æмæ йын йæ ацыд – йе 'рбацыдыл дæр чи нæ хъæцыд, стыр лæгау ныфсытæ кæмæн февæры, уыцы хотæ?!.

Æмæ нæ хъуыды кодта ууыл дæр. Бæлвырддæр зæгъгæйæ, йæхи хызта уыдæттыл хъуыды кæнынæй.

Уымæ афтæ каст… афтæ дæр хъуыды кодта йæ саби-зондæй, цыма, цы сфæнд кодта, уый куы сæххæст кæна, уæд уымæй йæ сидзæргæс мадæн сараздзæн удыбæстæ, йе сæфтмæбæлджытæй ма удæгасæй чи баззайа, уыдон ын къаддæр риссын кæндзысты йе 'фхæрд зæрдæ… Ныр уый йæ мады кæуынмæ нал хъусдзæн, йæ мады зæрдæ та, йæ рæзгæ хъæбулæн ын исты фыдбылыз куы саразой, уымæй нал тæрсдзæн. Ныр цыфæнды дæр кæнæнт йæ фæстæ, æрмæст ын йæ гыцци æмæ йе 'ртæ хойы туг мауал цъирæнт.

Сæ хъæуы мæлинаг лæппутæ цыфæнды фыдбылыз ма сарæзтаиккой – иууылдæр-иу сæ ууыл ныххуырстой. Уымæй дæр… Фыдбылыз кæмæн ракодтаиккой, уыдон сæхæдæг нæ – йæхиуæттæ, кæй туг

æмæ стæгæй уыд, уыдон. Искæй фысы къахыл къæдзæхæй ратулгæ дур сæмбæлд æмæ асаст – йæ фыдыфсымæртæ йæ æрмæстдæр фæкодтаиккой уый аххос, уый йæ асаста. Искæмæн йæ хосы мæкъуылцъери йæхи фос дæр ныппырх кæнæд – уый йæ ныппырх кодта, уый у сæ комбæсты æппæт фыдбылызты цырв дæр!.. Ныр сæ фыдбылызтæ дæр сæхи æмæ сæ хæрзæбон дæр! Се 'ппæт фыдбылызты дæр уый аххос кæнæнт, мæрдтæм дæр ыл мауал ауæрдæнт, æрмæст ын йæ зæрдæрыст мады ныууадзæнт йæ адыл, йæ туг ын дойныйæн мауал нуазæнт…

Цы ма йын хъуамæ феной уымæй фыддæр!.. Ныр ын, адунейыл æппæтæй зынаргъдæр цы уыд, уый нал уыдзæн – йæ иунæг бындар, йæ зæрдæйы рæбинагдæр уидаг...

Йæхицæй ма-иу буц дæр ныццис, æцæг лæгау æрхъуыдыджын æмæ фæндфидар кæй разынд, стæй, йæхицæн цы хъысмæт равзæрста, уыцы хъысмæты тасæй сабийау, йæ фындз хуртгæнгæ, кæй нæ тъизы, фæстæмæ аздæхыны фæнд дæр кæй нæ кæны, æппæт уыдæттæй. Æниу ын фæстæмæ аздæхæн дæр нал ис. Чи зоны, кæдæм ма аздæха, уый дæр… Ацы тасæфтауæг хъуыдыйæ-иу бынтон амард йæ зæрдæ, уымæн æмæ йæ нæ уырныдта, сæ бындурзылдмæ сын чи бæллыд, уыдон иууылдæр басыгъдаиккой сæ судзинаг хæдзары, уый… Æмбаргæ та йæ кодта, дысонæй нырмæ цы 'рцыд æмæ æрцæуинаг цы у, æппæт уыдæттæн æнæрцæугæ кæй нал уыд.

Дысон изæр бынтондæр аскъуыд, йæ гыццийы уд ма цы фæразондзинады тагыл хæцыд, уый. Цы сфæнд кодта, уый йæ зæрдæйы уидæгтæй Хъуыбадыйы йеддæмæ никæмæн загъта, кæд уый иннæтæн се 'ппæты кæстæр у, уæддæр. Уый дæр ын æхсызгон уыд. Йæ мад ын йæ судзаггаг цæссыджы æвдылд ныхæсты скъуыддзæгтæй цытæ æмбарын кодта, уыдæтты рыстæй фæйнæрдæм фæрчытæ хауд йæ чысыл зæрдæ, фæлæ йæ уæддæр равдæлд ууыл ахъуыды кæнынмæ, йæ хистæр хотæй уый стырдæр ныфс кæй у йæ мадæн, уымæн æмæ уый лæг у, ныртæккæ нæлбындар уый у Уазнойы хæдзары… Фæлæ йын йæ мад цы æбуалгъы ныхæстæ фæдзырдта, уыдонмæ хъусынæй тагъд атадысты йæ сæрыстырдзинады æнкъарæнтæ. Æвирхъау хабар æрцæуыны тасæй андзыг сты йе уæнгтæ, фæлæ йæ уыцы уысм йæ мадæн тæригъæд кæнын йедтæмæ ницыуал æндæвта.

Цы 'рцыд æмæ дарддæр цы хъуамæ 'рцыдаид, уыдæттæ йын йæ мад Рези кæугæ-дзыназгæ ахæм хуызы ранывæста:

Дысон изæр хъугомæй фæллад æмæ æххормагæй куы 'рбацыд, уæд та йе сæфтмæбæлджытæ дæр сæ дынджыр хæдзары фæстæ фаджысы рагъыл бадтысты… Æвдæлоны, фыдбоны бадтæй… Сæ фырзыд æмæ кæрæфæй ауæдзæфсирыл дæр нæ бацауæрддзысты, фæлæ цæмæн хъуамæ бакусой, кæд æмæ колхозы бæркад, адæмы хидвæллой сæ хæдзармæ ивылы, уæд! Æмæ цæуылнæ хъуамæ бадтаиккой ахæм æвдæлонæй, уыйау сæ чъиухид куы нæ калдтой, мыййаг. Сæ рахауинаг цæстытæ дзы куы амбæхстой, уæд та йæ бамбæрста, уый фыдгой та сæм кæй уыд… Цыдæр æбуалгъ тæрхон та йын рахастой, цыдæр фыдбылыз та йын араздзысты, цыдæр фыдми та йын æрымысыдысты. Иугæр иумæ, æмбырдæй рабадтысты, уæд та сæм уый кой уыдзæн, уый цардыл та уыдзæн сæ тæрхоны сæр, сæ сыджытæн хæринаг æвзæгтæ та, ууыл алыхуызон дамтæ мысгæйæ, цыргъ кæндзысты.

Афтæ уыд ацы хатт дæр. Сæрдарæй та сын Джидте йæхæдæг бадт – æфсымæрты хистæр. Йæ фæйнæфарс – Сала æмæ Къарго. Куыддæлæмæ та сæ устытæ бадтысты, сау халæттау.

Сæ кæрты дуар йæ фæстæ куы бахгæдта, уæд, цыма тынг тагъд кæны, уыйау атындзыдта хæдзары 'рдæм, фæлæ, скъæты ауоун куы фæцис, уæд æрлæууыд фисыны фæстæ æмæ сæм уырдыгæй хъуыста… Æмæ та сын ацы хатт дæр раст бамбæрста се 'мбырды æфсон – æндæр цæуыл хъуамæ дзырдтаиккой, цы хъуамæ кодтаиккой, уый фыдгой йеддæмæ!.. Цы ма дзы нæ радзырдтой ныры онг, цæмæй ма йын нæ фæриссын кодтой йæ зæрдæ йе 'рхауæн бонæй фæстæмæ, сæ рафæлдисæг сæ фæриссын кæна!..

Фæлæ сæ ацы изæр цы фехъуыста, уый йын бынтон амардта йæ фæллад уд!.. Алы æбуалгъ хъуыддагмæ дæр сæм каст æнхъæлмæ, фæлæ ахæм истæуыл уæды онг хъуыды дæр нæ акодтаид!..

Ныхас кæрæдзи дзыхæй истой. Ацы уæзæгæй, дам ын æнæфæсургæ нал ис – уый йын йæхицæй дзырдтой. Фари, дам, ныр чындздзон чызг у æмæ йæ курæг уыдзæн, Ане цæрдæг æмæ арæхстджын у, ныридæгæн арæхсы алы мимæ дæр, Цыкка нырма æнахъом у, фæлæ, дам, йæ хъуградыгъд, йæ цыхтахст æмæ йæ кæрдзынконд никæимæ хæццæ кæны. Чи нын сæ кæй куыстытæ кæндзæн, ууыл, дам, бафидаудзыстæм. Хъуыбадыйы та, дам – уый йын йæхицæй, Резийы иунæг бындарæй дзырдтой – приудмæ раттæм…

Бæстæ йыл стонг сырдау куыннæ сниудтаид, йæ рыст зæрдæ та куыннæ арæсыдаид, дуне йыл уыцы бæзджын тарæй куыннæ аталанг уыдаид?!.

Резийæн, Хъуыбадыйы мадæн…

Ахæм зæрдæскъуынæн ныхæстæ фехъусыны фæстæ ма цы баззад йæ гыццийæн кæнинаг, цы сфæнд кодта, уымæй дарддæр?.. Æмæ йæ хæрам нæ кæны, кæд æй, йæ гыцци цы сфæнд кодта, уый йæхи марыны онг æркодта, уæддæр. Алчи дæр сæ йæхирдыгонау раст у. Раст у йæ зæрдæрыст мад – æндæр хос æмæ йын æндæр фæрæз нал уыд йæхи æмæ йæ хъæбулты цард бахъахъхъæнынæн, æмæ уæдæ æндæр цы хъуамæ бакодтаид? Кæд ма йын дысон дæр бирæ фæлæгъстæ кодта, цæмæй афтæ ма бакæна, кæд йæ коммæ нæ бакаст, уæддæр æй нæ хæрам кæны. Уый бынаты æндæр исчи раздæр бакодтаид афтæ, уый бынаты æндæр искæй риуы раздæр райхъал уыдаид сырды зæрдæ. Раст у йæхæдæг дæр – дысон изæр цы хъуамæ æрцыдаид, уый фæстæ йын уыцы уæзæгыл цæргæйæ кæй нал уыдаид, уый дæр кæй æмбæрста æмæ йæ, æцæгдæр, сидзæрдонмæ бахауын кæй нæ бафæндыд, уымæй дæр. Æмбисæхсæвмæ фынæйæфсон кодта, афтæмæй хъахъхъæдта йæ мады. Уæддæр ма йæ цыдæр ныфс уыд – чи зоны, йæ мадæн йæ маст иучысыл æрысыса æмæ йæ къух сиса, цы сфæнд кодта, ууыл… Хъуыста йæ мады тыхулæфт, æнкъардта йын йæ рыст уды хъизæмар, фæлæ йæхи ныддур кодта… Стæй, мад йæ хуыссæнуаты куы базмæлыд æмæ тыргъмæ хъавгæ куы ахызт, уæд адымст, адæнгæл йæ чысыл зæрдæ… Уый дæр, йæ хотæй исчи куы райхъал уа, уымæй тæрсгæйæ, хъавгæ сыстад, тагъд-тагъд акодта йæ дарæс æмæ 'хсæвы æмыр талынджы аныгъуылд...

Æппæт уыдæттыл хъуыды кæнгæйæ, уæддæр æмæ уæддæр архайдта йæхи раст кæныныл, йæ фæстаг фæндагыл цæугæйæ, алцы дæр хъавыд йæ мидныммæры æрбæстон æмæ æрнывыл кæнынмæ, йæ адзал ссарыны бынатмæ ма йын цы чысыл дæрддзæг баззад, уымæй йæ мидхъуыдыты алцæуыл дæр аххæссынмæ. Фæлæ-иу ын æппæт дæр сæмхæццæ – йæ сывæллоны зондæй хъомыл адæймаджы хъуыдытæ нывæндыныл архайдта, хъомыл адæймаджы зонд æмæ æрхъуыды та уымæ нæма уыд... Æмæ-иу ын æппæт дæр сæмхæццæ æмæ сæмтъеры, æнæхъæн арвистон-иу фестад йæ чысыл сæрымагъз. Фæлæ уыцы æмхæццæ хъуыдыты 'хсæн уæддæр æмæ уæддæр сæйрагдæрыл нымадта, раст кæй кæны, уый.

Æрмæст...

Цы фæуыдзысты йæ мад æмæ йæ хотæ?.. Уыцы хъуыды йæ æнæтугæргæвст кодта, фæлæ сын хъыгдарыны хос йеддæмæ кæй ницы пайда у, ууыл хъуыды кæныны фæрцы сабыр кодта йæхи. Йæ чысыл сæрымагъз цастæ æмæ кæуылты фæлгъуыдта, уымæй йæхи азымаг ницæмæй кодта.

Уæлдай буц та, йæхи Арсы къæдзæхы сæрæй кæй раппардзæн, уымæй уыд. Æрмæст сæхи хъæуы нæ, фæлæ-иу æгас комбæсты чысыл лæппутæн дæр Арсы къæдзæхы коймæ сæ сæрыхъуынтæ барц сбадтысты, кæдзæхы алфæмблай дæр æмæ йæ лæгæтты дæр арс арæх кæй уыд, уый тыххæй. Уый та… Йæхи амарыны ныфс æм кæй разынд, уый нæ, фæлæ хуымæтæджы мæлæт йæ сæрмæ кæй нæ бахаста æмæ йæхи марынмæ Арсы къæдзæхмæ ссæуынæй кæй нæ фæтарст, уый тыххæй сæ хъæуы лæппуты цæсты куыд ныккадджын уыдзæн, уыцы хъуыды йыл ахæм базыртæ сагъта, цыма йæхи марынмæ нæ рацыд, фæлæ, тыхгæнæг тых кæмæн нæма ссардта, ахæм знаджы басæттынмæ…

Фæлæ...

Тархъæды куы бахызт æмæ йæ цæст уыцы гоби æмæ мæрдæмыр тары фæйнæрдæм куы ахаста, уæд бамæгуыр йæ зæрдæ. Уæды онг æм, кæд тынг дардæй, уæддæр зындысты хæдзæрттæ, хосдзæуттæ, фыйййæуттæ, хуры тынтæ хъазыдысты йæ развæндагыл дæр æмæ æппæт уæлион дунейыл дæр æмæ йæм кæронмæ нæма бахъардта, кæнæ нæма æртæфст, цы сфæнд кодта, уый... Ныр ын æгæндæг хъæды бæзджын тар æмæ арвы æмвæтæн цъæх риуы чи снызхст, уыцы дынджыр бæлæсты уынд йæ чысыл зæрдæ ахæм уынгæг æлхъывдæй сæлхъывтой, цыма Арсы къæдзæхы рæбын комхæлиуæй хуыссæг залиаг калмы хъæлæсы бахауд... Тызмæг бæлæсты æнусон хъуынавæрд быдзæфхæдты аууæттæй йыл цавæрдæр æнахуыр тасы уынæртæ скуыдтой, цыма мæлæты тас уæды онг йæ нывæрзæн кæнæ йе тары æмбæхст уыд… Стæй йæм уыцы æмхæццæ уынæртæ кæд фæкастысты йæ мады зæрдæхалæн цæхахсты хуызæн. Цыма йæ мад уыцы æгæндæг хъæды згъоры бæлæсты 'хсæнты, агуры йæ алы бæласы фæстæ дæр, фæлæ йæ нæ ары æмæ йæ дзыккутæ тоны, йæ уæрджытæ хойы...

Æмæ уæд ныцъæхахст кодта йæхæдæг дæр... Тасæфтауæг, удмарæг цъæхахст... Æмбисæгæхсæв сæ хæдзарæй æгомыгæй кæугæ куы

ралыгъд æмæ йыл хъæугæрон, къутæрты ‘хсæн бадгæйæ, куы сбон кодта, стæй сæумæцъæхæй йе ‘рмахуыр бæхыл куы сбадт, уæдæй нырмæйы онг йæ мастæрхæм риуы цыдæриддæр уынæртæ нымбырд, уыдон уыцы иу гом фесты, раст цыма йæ хурхы уадындзтæ стыд-той... Лæппуйы удмарæг цъæхахстмæ бæх фезнæт. Нырма дзыхълæуд фæкодта æмæ, знæт хуыррытгæнгæ, йæ згъæллаггомы къæбæлтæ сæууылдта, стæй йæ фæстаг къæхтыл цалдæр зылды æркодта йæ мидбынаты æмæ йæхи размæ фехста дурджын рагъвæндагыл. Æмæ нал архайдта лæппу йæ бауромынил, налдæр – йе ‘рсабыр кæныныл. Нæ йын æрбахæцыд йæ рохтыл, ауагъта йæ йæхи бар, йæ цæринаг уд хъысмæты бар куыд бакодта, афтæ. Æмæ знæт бæх дæр æхст фатау тахт тархъæды рагъвæндагыл Арсы къæдзæхы 'рдæм. Фæндаг афтæ фæтæн дæр нæ уыд, хъæдласæн фæндаг цы вæййы, уый уыд – цæды галтæ дзы сæрибарæй цæуæнт, уый йеддæмæ йæ фæтæн кæй бахъуыд! Æмæ йæм арвы рухс дæр уымæн никæцæй калд. Фæндаджы дыууæ фарс бæрзонд æнусон бæлæсты къалиутæй арв уыцы æнгом æмбæрзт уыд, æмæ æнахъом барæгмæ каст æнæбын лæгæты арфæй-арфдæр цæуæгау. Лæппуйы зæрдæ уæддæр уынгæг кодта уыцы æнæкæрон æрхæндæг тарæй, фæлæ йæм иу афон арвы дуар байгомы дзаг рухс куы разынд, уæд бамбæрста: хъæдуадзæн рындзмæ æрбахæццæ. Хъæдуадзæнæй къæдзæхы сæрмæ уый бæрц бауайын кæй нал хъæуы, уый дæр бамбæрста æмæ ныр бафæлвæрдта знæт бæхы рохтыл æрбахæцын дæр. Бæхæн, æвæццæгæн, йæ тасыл фæтых йæ фæллад æмæ æнцонæй бакаст йæ барæджы коммæ – цалдæр знæт хуыррытты ма фæкодта, стæй сæппуадмæ рахызт.

Йæ бæхы бауромын йæ бон кæй бауыдзæн, уый ныр бауырныд-та лæппуйы, фæлæ йæм афтæ фæкаст, цыма нæ бацин кодта уыцы ныфсы хъуыдыйыл – чи зоны, æмæ йæ фæндыд, йæ бæх уромын куы нæ бакуымдтаид, уыцы æхст уадæй куы адымдтаид Арсы къæдзæхы иувæрсты æмæ куы æрлæууыдаид дард искуы, йæхи амарыны фадат ын кæм нал фæуыдаид…

Æмæ фæтарст… Фæтарст, йæ сабизондæй кæй банкъардта, уыцы дызæрдыгæй – фæлæ нæ, хъуамæ йæ хъуыдыкæнынады ма фæзына дызæрдыг, хъуамæ бакæна, куыд сфæнд кодта, афтæ. Науæд ма уымæй цæй лæг хъуамæ рацæуа, уæд ма цы цæсгомæй кæсдзæн йæ зæрдæрыст мады цæстытæм, уæд… уæд… Бынтон ыл куы æркъуырдзысты сæ къах сæ хъæуы лæпутæ…

Уысммæ йын йæ саби-зондыл цы æмхæццæ æмæ æмтъеры хъуыдытæ ныззæй кодтой, уыдоны ‘хсæн ссардта æрмæстдæр иунæг сæрфат: мæлæты тасыл ын фæуæлахиз худинаджы тас æмæ йæ рæзгæ уæнгты æппæт хъару дæр ныццарæзта йæ фæлвых цæнгтæм. Идоны гæрзытæ ахæм æлхъывд æрбакодта йæхирдæм, æмæ бæхæн дæр æнæбасæттгæ нал уыд. Æрлæууыд, фæлæ уæддæр знæт уыд, цыма цыдæр тас банкъардта, уыйау-иу асмыста фæйнæрдæм æмæ та-иу знæт хуыррытт ныккодта.

Лæппу афтæ æнхъæлдта, бæх нырма йæ фæдис тахтæй у ахæм знæт, æмæ йын ницæмæ дардта йе ‘нахуыр митæ. Зæхмæ куы æргæпп кодта, уæд фæхатыд æрмæстдæр, йæ уадултæ цæссыгамæст кæй уыдысты, æмæ та уыцы æнкъарæнæй дæр барызтысты йе уæнгтæ. Кæй скуыдта, уый та йæхицæн банымадта стыр худинагыл, фæлæ ныр æрбахæццæ, йæ царды кæрон кæм аскъуыйдзæн, уыцы бынатмæ æмæ йæ уадиссаг нал æндæвта йæ сæрыстырдзинадыл хъуыды кæнынмæ. Нып ын алцы дæр уыд фæстаг хатт, ныр алцæмæ дæр каст фæстаг хатт, хæрзбонгæнæджы цæстæй. Ныр æй æппындæр мацыуал хъуамæ æндæвтаид, фæлæ ма йæ фæстаджы сахат йæ цуры уыд иунæг удæгас цæрæгой, уый уыд йæ уарзон бæх, йæ мадырвадæлты лæвар, æмæ йæм хæдзонд адæймаджы хъуыдыйы алфæн ницыуал æнкъарæн уыд, йæ уарзон бæхæй дæр кæй хицæн кæны, уыцы риссаг æнкъарæнæй уæлдай… Йæ хуылыдз уадул бæхы хидмæцъæл русмæ зæрдиагæй нылхъывта æмæ йын сыбар-сыбурæй ныллæгъстæ кодта:

– Ды аздæх фæстæмæ, Фатсур, аздæх хъæмæ, мæнæй дын барæг-æмбал нал ис абонæй фæстæмæ, æмæ цæр дæхи уды фæндиаг!.. Аздæх ды, Фатсур, аздæх… – ныр æй бафæндыд йæ мæлæт ссарыны размæ хъæрæй скæуын дæр, фæлæ йæм афтæ фæкаст, цыма йыл уый мур дæр нал сфидаудзæн, цыма, абондæргъы буц цы лæгдзинадæй у, ууыл цъæмæлтæ бакалдзæн æмæ йæ ахæм зæрдæхудтимæ мæрдтæ сæхимæ дæр нал бауадздзысты…

Бæх, цыма исты фыдбылыз æрцæуынæй тарст, уыйау нод-жы ссонт, йæ мидбынаты цъилау зилын райдыдта, йæ къæхтæ знæтæй хоста дурджын фæндагыл, йæ хъустæ-иу фæгæмæл кодта, айхъуыста-иу фæйнæрдæм, йæ фындзы хъуынчъытæ-иу адым-стысты æмæ-иу знæт хуыррытт ныккодта. Лæппумæ афтæ каст, цыма бæх, йæ барæг цы сфæнд кодта, уый æрцæуынæй старст æмæ

уымæн сызнæт афтæ тынг… Уымæй ноджы уынгæг кодта йæ чысыл зæрдæ, – ныр æй бауырныдта, йæхи кæй нал бауромдзæн æмæ та хъæрæй, хæкъуырцкуыдæй кæй ныккæудзæн. Æмæ йæхи аппæрста кæдзæхы сæрмæ, фæлæ… Кæдзæхы сæрмæ ма йæ цалдæр къахдзæфы куыд хъуыд, афтæ цæхгæрлыг къардиуы рæбын лыстæг пыхсытæ базмæлыдысты. Пыхсыты ‘хсæнæй арс растад, слæууыд йæ фæстаг къæхтыл, йæхи ныууыгъта, æмæ, йæ уæлæ кæй систа, уыцы пыхсытæ фæйнæрдæм акалдысты. Лæппу дурдзавдау аззад йæ мидбынаты. Стæй арс йæ дзых куы фæхæлиу кодта æмæ куы ныррыхыд, уæд уый дæр цæхгæр фæзылд æмæ йæ хатгæ дæр нал фæкодта, иу уысммæ куыд февзæрд, уæдмæ йæ мидбынаты цъилау чи зилдух кодта, уыцы знæт бæхы рагъыл…

***

Æппæт уыдæттæй куы фæиппæрд, бæлвырддæр зæгъгæйæ, тархъæд ын фæсте куы аззад, æмæ хъæуысæр тæргæ бæхæй куы æрхызт, уæд дæлгоммæ ныффæлдæхт, нырмæ дæр дысоны æртæхы фæстæ уымæлæй баззайгæйæ нæудзарыл. Ныр ыл йæ дысонæй нырмæйы хабæрттæ æмхуызонæй æртæфстысты. Æмæ бафынæй. Бафынæй æмæ сæ ныр та уынын райдыдта фынысгъдауæй æмæ сæ йæхицæй сурыны бæсты ногæй фæлхат кодта йæхицæн. Фыны дæр кæд хъавыд йæхи марынмæ!.. Æрмæст ныр Арсы къæдзæхы сæрæй нал, фæлæ йæхи хъуамæ раппæрстаид, уæды онг дардмæ дæр кæй никуы федта, ахæм бæрзонд рындзæй. Тæккæ сæрсæфæн былæй каст арф комы æмыр тармæ, уыцы æмыр тар, цыма йæ аныхъуырынмæ рагæй бæллыд, уыйау æм йæ дзых ныххæлиу кодта абоны арсау æмæ йæм æгомыгæй сидт йæхимæ. Йæ цæнгтæ рындзæй агæппæввонг фæйнæрдæм куыд акодта, афтæ йын чидæр дыууæ къухæй æрхæцыд йе уæхсчытыл æмæ йæм уæлейæ бынмæ æрдзырдта мæсты хъæлæсæй:

– Нæ кæныс раст, мæ къона… Дæ хъысмæт дæ иу хатт цы фыдбылызы фæндагæй раздæхта, уымæ дæхи барвæндонæй мауал тындз, нæ дæ исы йæхимæ уымы бæстæ, æмæ йæм æнæхъуаджы ма тагъд кæн, алцæмæн дæр æмæ алкæмæн дæр йæхи афон ис…

Лæппу хæрдмæ куы скаст, уæд фæджих… Чи йæм дзырдта, уымæн кæд уыд Ергены хъæлæсы хуызæн, фæлæ йын йæ цæсгом куы федта, уæд æм бынтондæр Ергены æнгæс нæ фæкаст… Фæлæ

уый дæр уыд Ергены карæн зæронд лæг, йæ цæсгомы уырынг æнцъылдтæ йын лæвæрдтой ноджы зæронддæр хуыз, фæлæ йын нæ уыд Ергены хуызæн фæлмæн æмæ рæвдаугæ цæстæнгас. Стæй йе стыр цæстытæ сæ арф къуырфытæй Хъуыбадымæ нæ кастысты, фæлæ æбæрæг кæдæмдæр. Уæддæр ын цыдæр хионы ад скодта. Йæ сывæллоны зондæй. Йæ цæстыты тызмæг æнгасæй дæр æм лæдæрст, Ергены цæстæнгасæй кæй фенкъары, ахæм хъарм.

– Ды чи дæ? – йæ сабион цымыдис æй æрæгмæ æрцæуын кодта йе ‘муд.

– Æз чи дæн, уый ницы давы, мæ хур, – зæронд лæг ын сугъта йæ уæхск, æрбадт зæххыл æмæ Хъуыбадыйы дæр æрбадын кодта йæ фарсмæ. – Чи дæн, – дзырдта йын, – уый дæ хъæугæ дæр нæ кæны, цы сфæнд кодтай, уымæй дæ кæй бахызтон, уый тыххæй та мæ цæрæнбонты бузныг уыдзынæ, фæлæ чи дæн, бæлвырддæр зæгъгæйæ, чи уыдтæн, ууыл хъуыды дæр никуыуал акæндзынæ…

Лæппу бынтон сдыгъуырццæг. Зæронд лæг æй йæ фарсмæ кæй æрбадын кодта, уыйадыл æй бамбæрста, йæхи амарын æй кæй нæ бауадздзæн… Ныр фынысгъдауæй ноджы æргомдæрæй сыстадысты йæ цæстыты раз абоны хабæрттæ æмæ бынтон сцымыдис: арсæй кæй фæтарст, уый йын сисын кодта йæ къух йæхи амарыны хъуыдыйыл, ныр та цавæрдæр æнæзонгæ зæронд лæг бацыд йе ‘взонг цард æмæ йе ‘нафоны мæлæты ‘хсæн… Зæронд лæг ын уыциу фендæй хионы ад кæй скодта, уый йын лæвæрдта цыдæр æбæрæг ныфс.

– Æмæ æз æвзæрæй куы ницы арæзтон… Æз сфæнд кодтон, æппæт дæр æнусон кæм у, уыцы дунемæ ацæуын. Æндæр ницы…

Зæронд лæг ын йæ цæстытæм уæлæнгæйтты бакаст, йæ тызмæг цæстæнгасæй йæ бæстон æрбæрджытæ кодта, стæй арф ныуулæфыд:

– Æнусон ницы ис уæлион дунейы, мæ хуры чысыл… Дунесфæлдисæг дзы алцы дæр бæргæ сфæлдыста, алцы дæр ын бæргæ бауарзта Йæ цæст, фæлæ дзы алцæмæн дæр ис кæрон, райдайæн ын куыд ис, афтæ. Цард æмæ мæлæт æмдзу кæм кæнынц, уым æнусон цы хъуамæ уа? Фæлæ иугæр Хуыцау адæймагæн æнусон цард нæ радта, Йæ цæст ын цæрынæй бафсæдыны фаг цæрæнбонтæ нæ бауарзта, уæд тæргай кæны, уæд æм афтæ кæсы, цыма уæлион царды цыдæриддæр æрæййæфта æмæ цыдæриддæр йæ фæстæ ныууадздзæн, уыдон иууылдæр æнусон сты.

Адæймагæн йæхи йеддæмæ…

Фæлæ уæддæр йæхи æнусон æнхъæлы, æгæрыстæмæй хæхтæй дæр. Афтæ йæм кæсы, цыма Хуыцауæй бæрзонддæр æмæ æппæтхъомдæр у. Адæмæй алчи дæр архайы йæхи æндæртæй уæлдæр æвæрынил. Хицæнтæй райсгæйæ, алкæмæ дæр афтæ кæсы, йæхи æндæртæй бæрзонддæр ран куы нæ сæвæра, уæд уыцы æндæртæн фæуыдзæн сæ къæхты бын.

– Уый мæ фыдыфсымæртæй зæгъыс? – уæдæй нырмæ йæм уыцы цымыдисæй хъуыста Хъуыбады, фæлæ ныр йæхи нал баурæдта.

– Чи зоны, фæлæ дын æз дæ фыдыфсымæрты нæ зонын. Мæн зæгъын фæнды æрмæстдæр уый, адæм дих кæнын кæй райдыдтой дыууæ къордыл: иутæ разы сты, Хуыцау сæ цахæмæй сфæлдыста, ахæмæй уæвынил дæр; иннæ къорды фæнды, цæмæй цæрой сырды цармы; цæмæй сæ тæрсой, адæймагæй баззайын кæй фæнды, уыдон, лæггад сын кæной, цард сын фыдæбонæй агургæ ма уа, фæлæ тæбæгъыл хæсгæ, æввонгæй, æнæ фыдæбонæй… Фæнды сæ, цæмæй сæ бæсты мæлгæ дæр кæной æндæртæ, цæмæй алкæмæй фылдæр уыдон фæцæрой, фылдæр царды бонтæ батоной...

– Уæдæ мæ фыдыфсымæртæ хæстмæ уый тыххæй нæ ацыдысты?.. – Ногæй та йыл фæтых йæ цымыдис. – Мæ фыд та ацыд, ме ‘фсымæр дæр…

Йæ зæрдæ суынгæг, фæлæ уæддæр ныббуц йæхицæй.

– Дæуæн нырма уыдæттыл хъуыды кæныны афон нæу, – йæхи йæм фæтызмæг кодта зæронд лæг. – Æрмæст хъусгæ кæн, æмæ дын стæй искуы уыдæтты афон куы уа, уæд-иу ахъуыды кæн мæ ныхæстыл.

Уый та ныхъхъус. Зæронд лæг дардцæр нывæста йæ ныхас:

– Фæлæ сæ уæддæр æнусон ничи у. Адæмæй. Иутæй дæр æмæ иннæтæй дæр. Иу æнус сæ чи фæцæры, уый дæр, æвæццæгæн, амæлы фыр дисæй – ахæм цардæй уый бæрц фæцæрын куыд бафæрæзта, ууыл дисæй…

Æнусон хъуамæ уаиккой хæхтæ, фæлæ уыдонæн дæр æнусæнусты цæрæнбон нæй, уыдон дæр ихсийынц тæрккъæвдатæй, уадтымыгътæй, дуртæ сæ тулы. Æмæ сæ афæдз фæйнæ къæртты йеддæмæ куы нæ хауа, уæддæр куыд хъуамæ уой æнусон – искуы баихсийдзысты, фæуыдзысты. Боныфæстагмæ – цахæм сты, ахæм нал уыдзысты æмæ цахæм сты, ахæм куы нал уой, уæд ма куыд хъуамæ уой æнусон?..

– Уæдæ ма цæмæн у афтæ уæлион дунейы?.. – зæронд лæджы ныхæстæм хъусгæйæ, йæхи ноджы хъомылдæрæй банхъæлдта, нырма хъуымызбыл саби кæй у, ууыл разы уæвын æй бынтондæр нал фæндыд æмæ уæддæр архайдта зæронд лæгмæ хъомыл адæймаджы фарстатæ дæттынил. Фæлæ йын зæронд лæг дзуапп нал радта – куыд æнæнхъæлæджы февзæрд йæ уæлхъус, афтæ æнæнхъæлæджы фæтары йæ цурæй дæр.

Æмæ фехъал Хъуыбады…

Хур арвыл кæдæмты сфардæг, уый нæ уыдта, уымæн æмæ хъæуысæр зæронд тулдз бæласы бын уымæл кæрдæгыл дæлгоммæ куы ныххауд, уæдæй фæстæмæ йæ сæрыл уæлæмæ нал схæцыд. Фæлæ бамбæрста, сæухизафонæй раджы кæй ахызт, уымæн æмæ хатыд бæласы ауон дзы раджы кæй адард – хуры дзæгæрæггæнæг тынтæ йын æгæр нындæвтой йæ фæсонтæм… Уæддæр æй нæ бафæндыд сыстын æмæ бæласы ауонмæ бацæуын. Кæцæйдæр йæ хъустыл уад Ергены Уастырджийы зарæг:

Уæй, уой бæрзондыл бадæг урсбоцъо, сыгъзæрин Уастырджи,
Ой, табу дын уа, сыгъзæрин фестинаг…

Æхсызгон ын уыд Ергены Уастырджийы зарæг ма кæй хъусы, уый, æмæ хъуамæ йæ зæрдæ хуры фарсмæ абадтаид, фæлæ йæ нæ бафæндыд, кæнæ та йæ нæ равдæлд ууыл бацин кæнынмæ.

Кæугæ кодта… Куыдта, кæд кæуынæй бафæллад, уæддæр. Йæ мады сæфтмæ йын чи бæллыд, уыдонæй-иу æй исчи æнæхъуаджы куы бафхæрдта æмæ-иу йæ маст йæ хъуырмæ куы схæццæ, уæддæр-иу суынгæг йæ зæрдæ, уæддæр-иу нæ баурæдта йæ кæуын, фæлæ абоны бæрц никуы фæкуыдта. Ныртæккæ куыдта йæ кæуинаг хъысмæтыл дæр æмæ йæ худинагыл дæр.

Йæхи æрсабыр кæнын та йæ фæндыд, фæндыд æй йæхи раз йæхи цæмæйдæрты сраст кæнын… Фæлæ йæхимæ ницы ссардта ахæмæй, йæ мидзæрдæйы йæхицæй уадиссаг ницæмæйты бабуц æмæ йæхи, цæмæдæр гæсгæ, абарста Ергенимæ.

Уымæн, æмæ Ергены кæугæ никуы федта. Йæ хъысмæт та йын зыдта, уый цытæ бавзæрста, уыдæтты фæстæ лæг ма кæуа, уый йæм диссаг каст, æмæ, чи зоны, йæ удæн афтæ æввахс дæр уымæн уыд…

«Ныр цæуыл тъизын, – тызмæгæй хæцыд йæхимæ. – Уæдæ Ерген

цæуылнæ искуы фæкæуы?.. Зæронд лæг у, æмæ уымæн?» – ацы ран йæ зæрдæ ногæй бамæгуыр, Ерген зæронд лæг у, æмæ уымæн нæ фæкæуы, ууыл куы ахъуыды кодта, уæд нал зыдта, йæхи ма цæмæй сраст кодтаид, уый. Фæлæ ныр та йæ зæрдыл æрбалæууыдысты хистæрты ныхæстæ: зæронд адæймаг сабийæ уæлдай нæу… Æмæ та цасдæрбæрцæй йæхи цæсты сырæзт, стыр лæгау йæхи уæддæр Ергенимæ барста… Уый нымадта алкæмæй зондджындæр æмæ тыхджындæрыл сæ комбæсты, кæд зæронд лæг уыд, уæддæр… Цыппар фырты йын баззад хæсты быдыры… Уымæй дæр ын æртæйæ нырма æнæус лæппутæ уыдысты, ус ракурын сын нæ бантыст, уыцы тугуарæн хæст ын сæ афтæмæй аныхъуырдта. Хистæр фыртæн уыд ус, уыдис ын зæнæг дæр – чызг æмæ лæппу, фæлæ йæ ус уырыссаг уыд, æмæ йын йæ сæрыхицауы хæстмæ куы акодтой, уæд нал æрлæууыд хъæуы, мæ мад æмæ, дам мын мæ фыдимæ æнцондæр уыдзæн æмæ йæ сабитимæ йæ цæгатмæ афардæг. Фæлæ иу мæйы фæстæ æрыхъуыст æнамонд хабар – Ергены чындз æд хъæбултæ æмæ ныййарджытæ бабын, сæ хæдзарыл комкоммæ сæмбæлд немыцæгты бомбæ… Стæй та йæм кæрæдзи фæдыл йæ фыртты сау гæххæттытæ цыдысты… Ергенмæ…

Уыдæттæн Хъуыбады уæд цы зыдта, цы сын æмбары абон дæр, хистæрты ныхæстæм хъусгæйæ цы зоны Ергены царды хæбæрттæ, æндæр… Стæй, фæсхæст цард йæ гаччы бадын куы райдыдта, уæд Ерген дæр, йæ бирæ дудгæбæтты хуыдуг кæнгæйæ, бавнæлдта царды хъуыддæгтæм. Æхсæв æмæ йын бон нæ уыд, афтæмæй кодта колхозы куыстытæ. Иу фæззæг сæ нартхор тугыл аскъуыд, районмæ йын йæ ласынæн ницыуал фæрæзтой, æмæ-иу сæ ‘хсæвыгæтты цæуыны сæр дæр бахъуыд. Иу æхсæв та фæстæмæ ‘рбацæйздæхтысты. Цалдæр цæды кæрæдзи фæдыл ныйивæзтысты комы фæндагыл. Фæллад галтæ, цыма кæрæдзи фæзмгæ кодтой, уыйау сæ къæхтæ уыцы уæззауæй æмист кодтой. Галты хицæуттæй-иу чидæртæ афтид куыфты фынæй дæр акодтой, фæстæмæ здæхгæйæ. Фæлæ Ергены цæст никуы бауарзта афтæ бакæнын. Ныр дæр йæ уæззау сагъæсты ныгъуылдæй уæззаугай цыд афтид дзоныгъы фæстæ. Иу ран мæйы рухсмæ фæсфæндаг зæххыл æппæрстæй ауыдта дыууæ нартхоры æфсиры – дæлæмæ цæугæйæ кæйдæр куыфæй ахаудаиккой, æндæр уæдæ кæцæй хъуамæ æрхаудаиккой фæндагмæ. Ерген сæ систа, æвгъау сты, зæгъгæ, æмæ сæ йæ куыфмæ баппæрста. Афтæ бакодта

æрмæстдæр уый тыххæй, хойраджы фарн бæрзонд кæй æвæрдта, фæлæ æппæт бæстæты хуыздæр бæстæйы адæмты иумæйаг фыд карз уыд йæ адæммæ, судзины бырынкъмæ дæр дурбиндитæй кастысты æмæ уыцы «фæрныг царды» азар баййæфта Ергены дæр. Ничи дæр ын йæ карæй фефсæрмы кодта, ничи дæр, адæмы сæрвæлтау цыппар фыртæй афтид кæй абадт, уымæн саргъ кодта – дыууæ нартхоры дзенкъоры тыххæй йын дыууæ азы ныххырхтой!.. Йеуал дарæгæй æнæмæнузæгъæг чи баззад, уыцы æндонвидар лæгыл ма дыууæ азы ахæстоны фæбадын дæр цас фæзындаиккой, фæлæ йæ ахæстоны къæрныхы номимæ кæй сбадын кодтой, уый йын амардта йæ уд, уый уыд йæ сæйраг æмæ риссагдæр хъизæмар рæстуд лæгæн… Фæлæ алцæмæн дæр ныффæрæзта, хæрам тыхтæй рæстаг тыхты фарн уæддæр æмæ уæддæр бæрзонддæр кæй у, ууыл бауæндын кодта йæ рыст зæрдæ…

Æппæт уыдæттæ-иу хистæртæй цал хатты æрыхъуыста Хъуыбады, уал хатты-иу Ерген ногæй йæ цæсты сырæзт. Алы хатт дæр ын уыд, йæхицæн фылдæр ныфс кæмæй æвæрдта, ахæм лæджы бынаты, æмæ йæм алы хатт дæр дардта хионы зæрдæ. Уæлдайдæр абон…

Ерген та… Цыма йæ мæстæй мардта:

Уæй, уой, байрагæй бæхгæнæг, лæппуйæ лæггæнæг Уастырджи,
Ей, уой, ракæс æмæ нæ бафæдзæхс…

Ерген… Цыма йын йæ лæмæгъдзинад йæ цæстмæ дардта – цæй лæггаг æмæ цæй цыдæр, цавæр лæг дзы скæндзæн Уастырджи дæр æмæ йе сфæлдисæг дæр?.. Ногæй та скуыдта æмæ ныр карздæрæй афарста йæхи: йæ хъизæмайраг цардæй фервæзынæн цы амал ссардта, уый цæуылнæ сæххæст кодта?.. Науæд цæмæй фæтарст?

Мæлæтæй?..

Æмæ Арсы къæдзæхы сæрмæ йæ мæлæт агурынмæ не ссыд тæргæ бæхыл?.. Уæдæ ма цæмæн фæтарст арсæй, цы уæлдай йын уыд – фæнды къæдзæхы сæрæй йæхи раппаргæйæ ссардтаид йæ мæлæт, фæнды – арсы амæттаг бауыдаид?.. Кæдзæхы сæрæй йæхи раппаргæйæ æнцондæрæй кæй ссардтаид йæ мæлæт, æмæ уый тыххæй?.. Арсы амæттаг куы бауыдаид, уæд та фылдæр рæстæг ахастаид йæ хъизæмар, æмæ уый тыххæй?..

Æппæт уыдæттæн ницыуал æмбæрста бынтондæр, алцы дæр уыцы иухуызонæй схъомпал, æмæ цавæр хатдзæг хъуамæ скодтаид

6 Мах дуг №4-5 2020

йе ‘нахуыр митæн, цæмæй хъуамæ фæфидар кодтаид йæ зæрдæ?.. Йæхи карæн чи уыд, уыцы сабиты цард дæр уыдта, уыцы сабиты цардæй цæрын уый дæр фæндыд, æнæмаст, æнæзæрдæрыстæй, фæлæ уымæн æндæр уыд йæ хъысмæт. Уымæн æндæр амонд сныв кодта царддæттæг, йæ мадæн ын куыд сныв кодта æндæр амонд, афтæ. Уый йæ райгуырдæй фæстæмæ цы маст æмæ рыст бавзæрста, уый бæрц рыст æмæ маст йæхи карæнтæ нæ, фæлæ сæ комбæсты зæронддæр лæгтæй дæр ничи бавзæрстаид. Уый ныртæккæ цæуылты хъуыды кæны, уыдæттыл хъуыды кæныны сæр æй хъуамæ ма хъæуид, фæлæ уый дæр хъуамæ цæрид йе ‘мкарæн саби-лæппуты цардæй.

Æмæ уый цæуылнæ цæры ахæм цардæй кæнæ адæймаджы сконд ахæм цæмæн у? Йæхи марынмæ кæдæм ссыд, уым ма цæмæн фæтарст арсæй? Æви уый мидæг ис царды сусæгты рахæцæн, уый у царды æмбæхст мидис? Чи зоны, цард уымæ цахæм кæсы, ахæм нæу, чи зоны, æндæрхуызон цæргæйæ у йæхицæн дæр æмæ йæ мадæн дæр. Чи зоны, ныртæккæ цæуылтыл хъуыды кæны, уыдон царды æмбæхст зæгъинæгтæ не сты – чи зоны, йæхæдæг у тæппуд, йæхæдæг разынд, тох кæнынмæ цы цыдæрты ныхмæ хъæвы, уыдонæй лæмæгъдæр…

Æмæ йæ бамбæрста кæнæ йæ бауырныдта: арсæй куыд фæтарст, афтæ фæтарстаид къæдзæхы сæрæй йæхи нывзилынæй дæр. Нæ йæм разындаид, цы сфæнд кодта, уый сæххæст кæныны фаг ныфс. Æмæ йæхи цæсты бынтон сæгад йæхицæн… Лæджы, æцæг лæджы фæндтæ фæкодта, стæй сыл цъæмæлтæ бакалдта. Галæй фæцыд тæргæ бæхыл æмæ хъугæй раздæхт… тæргæ бæхыл.

Ууыл нырма ныртæккæ ахъуыды кодта:

«Бæхы ма та цæмæн амардтон фыдæбонæй, Фатсуры уд та ма цæмæн сластон уыцы дурджын фæндагыл?..» – афтæ куы ахъуыды кодта, уæд бынтон ныдздзынæзта йæ зæрдæ. Хъæрдæрæй скуыдта, афтæмæй фестад æмæ йæхи баппæрста йæ уарзон бæхмæ. Бæхæн йæ хид раджы басур, раджы ссыд йæ фæллад дæр æмæ нæр хъуамæ æнцад-æнцойæ хызтаид сæрдыгон сойджын кæрдæгыл, фæлæ йын сæумæрайсомы æрцæугæ хабæрттæ æмæ йæ барæджы æнахуыр митæ нæ лæвæрдтой æнцад-æнцойæ хизыны фадат. Лæууыд йæ барæгмæ дæрддзæф ауоны æмæ-иу, йæ хъустæ фæгæмæл кæнгæйæ, сабыргай бамыр-мыр кодта. Йæ барæг æм йæхи куы баппæрста, уæд йæ сæр бынмæ æруагъта, æмæ йын лæппу дыуæ цонгæй ныттыхст йæ хъуырыл:

– Ныббар мын, Фатсур, фыдæбонæй дæ кæй амардтон, уый тыххæй… – Йæ кæуындзæг тыхныхъуырд кæнгæйæ йын йæ хъусы рæбын сыбар-сыбур кодта лæппу... – Æнæхъуаджы дæ кæй амардтон фыдæбонæй, уый æз никуы ныххатыр кæндзынæн мæхицæн, фæлæ мын ды ныббар, мæхи Фатсур!.. – Бæхы буарыл йæ къухтæ рæвдаугæ куы ахаста, уæд ноджы тынгдæр ныккæрзыдта йæ зæрдæ. – Уый фыр æххормагæй дæ фæрстæ мидæмæ куы бахаудтой… Ацу, фæхиз, Фатсур.

Æрмахуыр хайуан, цыма абондæргъы йæ барæгæй ахæм ныхас фехъусынмæ æнхъæлмæ каст, уыйау уыцы коммæгæсæй азылд æмæ, йæ былтæ нæудзармыл хафгæ, йæхи айста лæппуйы цурæй. Уый та, лæппу, йæ дондзæстытæй бæхы фæдыл куы акаст, æрмæстдæр уæд ахъуыды кодта, йæхæдæг йæ бæхæй æххормагдæр кæй у, ууыл æмæ дысонæй нырмæ фыццаг хатт йæ ныфс бахаста хъæуы 'рдæм акæсынмæ… Æмæ йæ мидбынаты бандзыгау…

Хъæуы 'рдæм куы акаст, уæд!..

Хæдзар, йæ мад, йæ хотæ æмæ йæ рæзгæ уды удхæсджытæ кæм цардысты, уыцы хæдзар, дысон æхсæв йæ мад арт кæуыл хъуамæ бафтыдтаид, уыцы дынджыр хæдзар, куыд дынджыр уыд, афтæ дынджырæй лæууы йæ бынаты æмæ нырмæ куыд æнæуынон уыд, ахæм æнæуынонæй фæлгæсы фæйнæрдæм хъæуы сæрты – цæй сыгъд æмæ цæй цыдæр!.. Æмæ йæхиуыл, йæ цæстытыл æнæууæнчытæ кодта… Цалдæр хатты асæрфта йæ цæстытæ, цалдæр хатты фенæуууæнк йæ мигъбадт цæстытыл, фæлæ йæ бауырныдта: уыцы æлгъыст хæдзар æнæхъæн у, сыгъд нæу. Бауырныдта йæ, фæлæ йæ нæма бамбæрста, уый йын хъыг уыд æви æхсызгон…

Кæронмæ нæма бамбæрста æрмæстдæр иу хабар: дысон æхсæв æппæт дæр йæхи цæстæй куы федта, æмбисæхсæв йæ мад сæ хæдзары пъолы бынæй фæтæгенæй йедзаг гарз куы райста, уæд дæр æмæ се знæгты басудзинаг хæдзары хъæдын къултыл фæтæген куы калдта, уæд дæр ын цæссыгкалгæ æмæ йæ хъуырыцъар ивазгæйæ куы лæгъстæ кодта, цæмæй афтæ ма бакодтаид, уæд… Цы ма ‘рцыд йæ фæстæ?.. Йæ лæгъстætæ ацы хатт йæ мадмæ нал бахъардзысты, уый куы бамбæрста æмæ æбуалгъы фыдбылыз фенины тасæй йæхи фæсхъæумæ куы аппæрста, уæд ма уый фæстæ цы ‘рцыд, цы ма йын бaурæдта йæ мады?..

«Кæд æй, мыййаг!.. – нырризтысты лæппуйы уæнгтæ, – кæд æй

мыййаг базыдтой, кæд æй дзы исчи раййæфта, кæд æм сæхæдæг фæраздæр сты, æмæ…»

Æмæ уыцы уырдыджы йæхи аппæрста хъæуы 'рдæм. Сæ хæдзары цурмæ куы бахæццæ, уæд бынтон ныддонзоныг сты йæ къæхтæ, ныр ыл æртæфст йæ фæллад дæр, æртæфстысты йыл дысонæй нырмæйы бавзаргæ хъизæмæрттæ иууылдæр, æмæ æрхауд йæ уæрджытыл. Нал æм уыд сыстын æмæ хæдзармæ бацæуыны хъару, афтæмæй æгомыгæй хъуыста йæ зæрдæйы фæдисон хостмæ.

Раст æй ахæм уавæры баййæфта йæ гыцци, йе 'намонд æмæ йæ зæрдæрыст мад Рези. Дысонæй нырмæ йæ агургæ кодта. Йæ къæхтыл ма тыххæй лæууыд, афтæмæй хъуызгæ цыдæй бахызт сæ кæртмæ. Йæ ахсджиаг хъæбулы йæ зонгуытыл хаудæй куы федта, уæд бадзой-дзой кодта йæ мидбынаты, æрцæйхауд йæхæдæг дæр, фæлæ ма тыххæйты бафæрæзта йæ хъæбулы цурмæ бацæуын. Æмæ уымæн дæр уыцы ран асаст йæ зæнгты хъару, уый дæр æрхауд йæ уæрджытыл æмæ уынгæгзæрдæйæ ныддздынæзта:

– Бындурзылд фæуæнт дæ рæзинаг уды тæригъæдæй!..

Æндæр ницы загъта… Иу боны-бонцау лæууыдысты сæ уæрджытыл, кæрæдзийыл тыхстæй. Дзургæ сæ ничи ницы кодта, æрмæст сæ дыууæ дæр куыдтой æгомыгæй æмæ кæрæдзи рустæ хуылыдз кодтой сæ цæссыгтæй. Сæ иумæ дæр нæма хъардта, цыфæнды зæрдæрыстæй дæр кæрæдзи кæй уынынц, уымæй амондджын кæй сты… Фыццаг мад æрцыд йе 'муд:

– Кæм уыдтæ, мæ ахсджиаг, кæм уыдтæ, де 'намонд мады уд схауа, дысонæй нырмæ дæу агурынæй æрдæг куы фæдæн?.. Кæм дæ нал бацагуырдтон, ахæм бынат нал баззад, фæлæ дæм дæ номæй фæхъæр кæнын дæ удхæсджытæй нæ бауæндыдтæн… – Иу къухæй йæ цæссыгтæ сæрфта, иннæмæй схæцыд йæ хъæбулы цонгыл, сыстын æй кодта, сыстад йæхæдæг дæр æмæ сугсæттæн къуыдырыл æрбадтысты.

Цы дзуапп ын хъуамæ радтаид?.. Куыд ын хъуамæ схъæр кодтаид, кæм уыд æмæ цы сфæнд кодта, æппæт уыдæттæ?.. Уæлдайдæр та, йæ фæнд, йæ хъуыддæгтæй цы рауад, уыдæттæ… Уæд бынтон куы фæуыдзæн зæрдæскъуыд йæ зæрдæрыст мад. Æмæ йæ мады тæригъæдæй йæ хъуыдыкæнынады мур дæр нал аззад йæ абоны худинаджы уæзæй. Уый нæ, фæлæ йæ миднымæры куывта уыцы арсæн, йæхи нæ, йæ мæгуыр, йе 'намонд мады йын уæлдай æнамонд

хабарæй чи фервæзын кодта. Абондæргъы йæхи уый тыххæй æфхæрдта, цы сфæнд кодта, уый бакæнын йæ бон кæй нæ бацис… Ныр та, йæ мады судзгæ цæссыгты хъарм йе уæнгты куы ахъардта, уæд та, ахæм хъуыды йæм кæй æрцыд, уыыл фæсмонæй срыст йæ чысыл зæрдæ. Абон йæхимæ кæй тыххæй ныззынд, уыцы митыл ныр та худгæ кодта, йæхимидæг йæхицæн алывыдтæ калдта, йæхи куыдзы къахæй фæнадта; йæ миднымæры йæхицæн цы фидистæ фæкодта, уыдоны хæрæг уаргъæн дæр не сфæрæзтаид, фæлæ уый та нодджы фыддæртæ бафæндыд йæхицæн…

Йæ мадæн цы хъуамæ загътаид, уый уæддæр не 'рцахста йæ саби-зонд, исты зæгъын та йæ æнæмæнг хъуыд æмæ басыбар-сыбур кодта йæ гыццийы хъусы:

– Ныр алцы дæр хорз уыдзæн, гыцци…

– О, дæ нывонд дæ гыцци фæуа, о, хорз уыдзæн алцы дæр, – загъта йын Рези æмæ скуыдта. Сусæгæй, фæлæ йæ Хъуыбады бамбæрста, кæй йын фергом уыдзæн æмæ йæ бафарста:

– Цыккаитæ кæм сты?

– Дæу агурынц уыдон дæр, дæу агурæг ацыдысты Хуссары сæрвæттырдæм.

Сæ дыууæ дæр куы ныхъхъус сты æмæ кæрæдзимæ куы ницыуал дзырдтой, уæд та уыцы æгуыппæг æмырæй суынгæг йæ зæрдæ, æмæ фæтарст, йæхи куы нæ баурæдтаид, куы скуыдтаид, уымæй æмæ загъта йæ мадæн:

– Мæнæн æндæр гæнæн нæ уыд, гыцци…

Цæмæй йын нал уыд æндæр гæнæн, уый та кæронмæ нал загъта. Тæрсгæ дæр фæкодта, мыййаг, истытæ куы срæдийа йæ мады цур… Æмæ уайтагъд аскъуыддзаг кодта, йæ гыцци йæ цасфæнды ма фæрса, куыдфæнды йæ ма суынгæджы кæна – ницæуыл ын басæтдзæн, уымæй уæлдай йын ницы схъæр кæндзæн. Æрмæст æй æнæтугæргæвст кодта йæ цымыдис – цы кæнæ йын чи баиргъæвта йæ мады, цæуылнæ бакодта кæронмæ, дысон афтæ фæндвидар æмæ зæрдиагæй цы сфæнд кодта, уыцы хъуыддаг, цæуылнæуал бафтыдта арт, йæ цардæй йын зындон чи сарæзта, уыдоныл…

– Гыцци, цы баисты уыдон та?..

Мад фестъæлфыд:

– Чи уыдон, дæ сæрыл хаст фæуон?..

– Дысон арт кæуыл хъуамæ бандзæрстаис, уыдон…

Ныр мад, ӕрдӕбонау, уыцы уынгӕгзӕрдӕйӕ ныккуыдта:
– Цы баисты… Сӕ сыгъдыйы хӕдзарыл сын фӕтӕген бӕргӕ бапырх кодтон… Цъыбыртты сыгъд бӕргӕ бауыдаиккой, фӕлӕ… зынг не ссардтон. Амонд сӕ хъахъхъӕнӕг у алцӕмӕй дӕр. Мӕ сӕр амӕла, уыцы фӕтӕгенӕй мӕ цӕст цырагъдарӕны ӕркӕнын никуы бауарзта, зымӕгмӕ йыл ауӕрстон, ныр…

Йӕ зӕрдӕ хурварс абадт, фӕлӕ цӕмӕй, цӕуыл бацин кодта, уый нӕма ӕмбӕрста… Йӕ фыдыфсымӕрты мӕт ӕй нӕ уыдаид… Ӕвӕццӕгӕн, йӕ гыцци ӕвыдӕй кӕй баззад, йӕ фыдбылызы фӕнд сӕххӕст кӕнын кӕй нӕ бафтыд йӕ къухы, ууыл уыд йӕ цины сӕр. Ӕмӕ уыцы цин йӕ риуӕй ныззӕй кодта:

– Ссардзыстӕм та фӕтӕген дӕр, гыцци, ӕрмӕст ды ма ку. Бирӕ фӕкуыдтай, фӕлӕ дын никуы ничи фӕтӕригъӕд кодта. Цас фылдӕр кӕуай, уыйбӕрц уыдон ӕдзӕсгомдӕр кӕндзысты. Фӕлӕ ма тӕрс, гыцци, хъуамӕ бафӕразӕм, сӕ фӕндиаг ма хъуамӕ фӕуӕм, – стыр лӕгау йӕ мадӕн ныфсытӕ кӕй авӕрдта, уымӕй дӕр та бабуц.

Мад ныссӕрфта йӕ цӕссыгтӕ, нал ӕй бафарста, кӕм уыд, уымӕй дӕр. Йӕ иунӕг бындар, йӕ дӕсаздзыд фырт йӕхи амарыны фӕнд скодта, ахӕм хъуыды йӕ фӕсонӕрхӕгмӕ дӕр кӕцӕй хъуамӕ ӕрцыдаид?.. Йӕ нымадӕй: тӕргай ацыд йӕ чысыл хъӕбул, стыр лӕгау ӕнӕрцӕф у – ӕгад ӕм ӕркаст, йӕ мад йӕ коммӕ кӕй нӕ бакаст, кӕй йӕм нӕ байхъуыста, уый ӕмӕ тӕргай ацыд хӕдзарӕй. Кӕнӕ та фӕтарст йӕ чысыл зӕрдӕ – сывӕллон уӕддӕр сывӕллон у, куыд нӕ хъуамӕ фӕтарстаид йӕ зӕрдӕ ахӕм ӕбуалгъы ныв фенынӕй?! Бӕргӕ йӕ фӕндыд йӕхи сраст кӕнын йӕ хъӕбулы раз, фӕлӕ йе 'фсӕртӕ ныууадысты, йӕхи сраст кӕныны фаг дзырдтӕ дзы нӕ ӕмӕ нӕ рантыст. Цыдӕртӕ дзурын та йӕ фӕндыд, фӕлӕ йӕ дзурӕнтӕ йӕ бар нал уыдысты. Нырма, йӕ хъӕбулӕн кӕй фӕтарст, уымӕй дӕр не 'рцыд йӕхимӕ, уыцы тасмӕ ма бафтыд, йӕ зӕрдӕйы уидаджы раз кӕй ӕнкъардта, уыцы зӕрдӕхудт дӕр, ӕмӕ йӕ дзурӕнтӕ уымӕн нал кастысты йӕ коммӕ.

Ӕппӕт уыдӕттӕ хатыд саби-лӕппу йӕхӕдӕг дӕр ӕмӕ сыстад сугсӕттӕн къуыдырӕй:

– Ацу хӕдзармӕ, гыцци, ӕмӕ баулӕф, ӕз мӕ хоты агурӕг ауайон, – стыр лӕджы ныхӕстӕ кодта.

– Мӕхӕдӕг сӕм ацӕудзынӕн, дӕ сӕрылхаст фӕуон, ды бацу хӕдзармӕ ӕмӕ исты бахӕр, де 'намонд мады уд ӕххормагӕй

схаудзӕн, – сылгоймаг тыххӕйты ӕрцыд йӕхимӕ.

– Нӕ, гыцци, ссарон уал сӕ, ӕмӕ стӕй иумӕ бахӕрдзыстӕм, – уыцы фӕндфидарӕй загъта ӕмӕ фестад.

Ныр йӕ зӕрдӕ рухсдӕр уыд, дысон ӕмӕ райсомы ӕрцӕугӕ хабӕртты фӕстӕ та йӕм цард иучысыл ӕндӕрхуызонӕй разынд, ӕмӕ йӕ фӕндыд йӕхи хъуымызбылӕй нӕ, фӕлӕ, хъомыл адӕмыл куыд фидауы ӕмӕ 'мбӕлы, ахӕм ӕмбаргӕйӕ равдисын. Куырыхон лӕгау та цӕуылдӕрты уыцы бӕстонӕй ныхъхъуыды кодта. Йӕ мад ӕм ацы хатт фӕкаст йӕхицӕй бирӕ ӕххуысхъуагдӕр, фӕлӕ йын тӕригъӕд кӕй кӕны, уый уӕддӕр нӕ равдыста, нӕ йӕ фӕндыд, йӕ мады зӕрдӕ уӕлдай хатт фӕриссын кодтаид, уый. Нӕдӕр ӕй, цы загъта, уый зӕгъын фӕндыд, фӕлӕ дзы куыд сирвӕзт, уый йӕхӕдӕг дӕр нӕ бамбӕрста – каудуар куыд хъуамӕ бакодтаид, афтӕ ӕдзынӕг лӕугӕйӕ аззад, стӕй йе 'ргом раздӕхта йӕ мадмӕ:

– Чи зоны, ӕндӕрхуызон цӕргӕйӕ нын у, гыцци…

Ӕмӕ ацыд…

Ныр мадӕн фадат фӕцис йӕ кӕуинаг хъысмӕтыл ногӕй ахъуыды кӕнынӕн. Йӕ хъысмӕт кӕуинаг, ацы уӕзӕгмӕ цы бон ӕрхауд, уӕдӕй фӕстӕмӕ у, фӕлӕ дысон цы 'рцыд, ӕппӕт уыдӕттӕ та йӕ ногӕй ныхъхъусын кодтой йӕхимӕ. Цы уыдзӕн дарддӕр? Дысон сфӕнд кодта йе знӕгты бынсӕфт фӕкӕнын, фӕлӕ йын нӕ бантыст. Сӕ басудзынмӕ алцӕмӕй дӕр цӕттӕввонг уыд, фӕлӕ… зынг не ссардта… Амонд та ацы хатт дӕр уыдоны фарс фӕцис, уый та – йӕ куырм цӕсты 'рдыгӕй…

Ӕмӕ та карз ӕлгъыст кӕнын райдыдта йӕ амондыскӕнӕджы, йӕ удыхай ӕмӕ йӕ хистӕр хъӕбул кӕм бацарӕфтыд сты, уыцы хӕст ӕрымысӕджы, ацы лӕгсырдты ӕхсӕнмӕ йе 'рхауӕн боны. Басудзыны фӕнд сӕ скодта, уый дӕр ма куы базоной, уынгӕджы бон сыл уӕд куы 'ркӕндзӕн хӕдзарыдзагӕй! Ныры онг сын цы хъизӕмӕрттӕ ӕвзарын кодтой, уыдон сӕ рох дӕр ма куы фӕуыдзысты… Иннӕтӕй ма, чи зоны, ӕмӕ исты аирвӕза, фӕлӕ Джидте бӕсты хин ӕмӕ кӕлӕн у, мацы фӕхата, уый гӕнӕн нӕй. Ӕхсӕвы сатӕг уддзӕфмӕ къултӕ басур уыдаиккой, фӕлӕ хус хъӕдӕрмӕджы чи ахъардтаид, уыцы фӕтӕгены тӕф афтӕ тагъд кӕцӕй ацӕудзӕн?.. Ӕмӕ сӕ рӕстӕй ӕддӕмӕ ракӕсын чи нӕ уадзы, уыцы лӕгсырдтӕ, ахӕм исты фӕхатгӕйӕ, бӕстыцъар чъылбызгай нӕ бахӕрдзысты, йӕхи йын нӕ бакӕндзысты цъыбыртты сыгъд

æд хъæбултæ?..

О, фæлæ сæ уæд иу сыбыртт цæуылнæ искæмæй хъуысы?.. Йæ мæгуыр сывæллæттæн се скаст кæмæ у, уыцы иунæг хъуг сæ кæртмæ æввахс куы бацæуы, уæд лæгæй-усæй Хуыцауы цæсты æхсидæвтæ куы фæтъыссынц, уæд ныр цæмæн ныссабыр сты, кæд исты фæхатыдысты, уæд?.. Чи зоны, ницы базыдтой. Кæнæ… Чи зоны, исты базыдтой, фæлæ нырма уынаффæ кæнынц, бынсæфт сæ цы хуызы фæкæной, уыл?!.

«О, Хуыцау, иу хауд мыл цæуылнæ æркæныс, де 'гæр фæкалай æмæ мæ цæуылнæ фервæзын кæныс, ацы хъизæмайраджы цардæй?..»

Бирæ æмхæццæ хъуыдыдтæ хæлбурцъ кодтой йæ уды арфы, фæлæ уыдоныл куыдфæстагмæ тых кæнын райдыдта йæ чысыл зæрдæйы уидаджы ныхас…

«Чи зоны æндæрхуызон цæргæйæ нын у, гыцци…».

Йæ ныхысæрыйас хъæбул æм ас лæгау кæй сдзырдта, уый йын хъуамæ æхсызгон уыдаид – фæлæг кæны йæ ныфсы хъæбул, цард æмæ йын бон фестой, йе схъомыл кæй нæ фæнды, уыдон!.. Фæлæ йыл цыма йæ хуыцауыхай æркалд, афтæ фæцис. Йæ зæрдæйы уидагæй цы ныхæстæ фехъуыста, уыдон æй æндæрхуызы ныхъхъусын кодтой йæхимæ. Ау, кæд ыл, нырма зæрдæхудт цы у, уый æмбаргæ дæр чи нæ кæны, уыцы хъæбулы зæрдæ дæр истæмæй худы, мыййаг?..

Æмæ бынтондæр ныссуйтæ йæ сыджытæн хæринаг зæрдæ…

Цы хуызæн цардæй ма хъуамæ цæрой ахæм тугдзых бирæгъты 'хсæн – куы ницы сын кæнынц, куы ницы сæ хъыгдарынц?.. Тынг сæ куы бафæнда уыдоны бахъыгдарын, уæддæр сын цы сæ бон у – уыдон сæ бон калынц, сæ хъал цардæй бæстæ аныхъуырынмæ дæр сæ ныфс куы хæссынц, уæд сын цы хъуамæ ракæна йе 'ххормаг сидзæртимæ?.. Чи зоны, æмæ йæ гыццыл зæрдæдарæн афтæ хъуыды кæны, цыма йæ мад исты аххосджын у сæ разы, йе 'рцæуæн бонæй сын йæхи йæхæдæг сæнад кодта; семæ иумæйаг æвзаг не ссардта æмæ сæм уый тыххæй кæсынц ахæм æнæуынон цæстæй…

Йæхимæ дæр æмæ йæ сидзæртæм дæр…

Æмæ цалынмæ семæ цард, цалынмæ йæ сæ иумæйаг дынджыр хæдзарæй нæ феддæдуар кодтой, уæдмæ йæ файнустытæй йæ къухмæ уисой куы никуы ничи райста, хъуджы бын сæ æхсыры бедра куы никуы ничи бавæрдта, уæларынг сæ куы ничи балæууыд…

Æгæрыстæмæй сын сæхи сывæллæтты пысултæ дæр уый куы æхсадта, уæд ма цы фæрæдыд сæ разы, цæмæн æм ракастысты ахæм цæстæй?..

Æви æнæхъæн комбæсты хистæртæ йе 'гъдау, йæ уæздандзинадæй ард кæй хордтой, йæ кæрдзынконд ын цытджындæр хуынхастæн кæй агуырдтой, уый тыххæй йæм сфыдæх сты йæ сæмпæрчъи æмæ магуса файнустытæ?.. Æмæ уæд сæ лæгтæ, йæ тиутæ та?.. Сæ устытæй хуыздæр кæй уыд, уый тыххæй йæм хæлæг кодтой уыдон дæр, æви?..

Нæ, уыдон æм, сæ лыскъ удты худинаг сын куы рахъæр кæна, уый тасæй кастысты ахæм цæстæй. Уый тыххæй йын нæ уагътой йæ сывæллæтты æддæмæ ракæсын, цæмæй сын тæрса æмæ йæ дзыхыл хæца…

Уый та, хъæубæстæй искæмæн нæ, фæлæ йæ хъæбултæй дæр никуы никæмæн загъта, кæддæр йæ тиуты цы æбуалгъ хъуыддаг аразгæ баййæфта, уый… Йæ сæрыхицау æмæ йæ хистæр хъæбул кæм бабын сты, уыцы æлгъыстаджы хæсты тасæй дунейы адæмты зæрдæтæ нынкъуыстысты, фæлæ-иу йæ иу скойæ дæр йæ тиутæ цы хуызæн тасæй барызтысты, уый диссаг каст йæхимæ дæр. Сæ хъæубæстæй фыццаг йæ сæрыхицау Уазно фæцыд хæсты быдырмæ. Гæххæтт дæр æм нæма сæрвыстой, æрвитгæ дæр æй ничи кодта, фæлæ йæхи къахæй ныццыд районмæ…Цас ын фæлæгъстæ кодта, цæмæй ма иучысыл æрлæууыдаид йæ сывæллæтты цур, цалынмæ йæ кодтаиккой, уæдмæ уæддæр уыдаиккой хайджын йæ ныфсæй, фæлæ йæм нæ байхъуыста. Алчи дæр, дам, ууыл куы хъуыды кæна æмæ йæм кæд æрсиддзысты, уымæ куы æнхъæлмæ кæса, уæд, дам, нæ уыцы тугдзых немыц нæ хæдзæртты фæнычы цур бадгæ æрæййафдзысты. Æмæ ацыд. Бирæ ныфсытæ йын февæрдта, бирæ йын фæфæдзæхста йæ хъæбулты, уæлдайдæр та къахæй чи нæма ацыд, уыцы чысыл Хъуыбадыйы, ныфс ын бавæрдта, тагъд кæй æрыздæхын, уымæй дæр æмæ ацыд. Ацыд йæ фæстаг цыдæй, йæ фæстаг фæндагыл…

Хъæубæстæ чысылæй, стырæй æрæмбырд сты йæ фæндараст кæнынмæ, æмæ уымæй ноджы тынгдæр уынгæг кодта йæ зæрдæ… Уыдоны, хъæубæсты цур йæхи бæргæ урæдта, фæлæ йæ риуы алцы дæр фæркгай скъуыдтæ кодта, йæ уæнгтæ удæгас цæмæйдæриддæр уыдысты – тугæй, нуарæй, иууылдæр нымбырд сты йæ

риуы, иуылдæр скъуыдтæ кодтой, æддæмæ рæдывтой, æмæ йæм афтæ каст, цыма йын сæ алы рыстæй дæр æмбарын кодтой, йæ сæрыхицауæй мæлæты бонмæ кæй хицæн кæны... Фæлæ тыхурæд кодта йæхи хъæубæсты æфсæрмæй…Стæй комы фездæхæны онг йемæ куы рацыд, уæд уым суагъта йæ зæрдæйы тыппыртæ – уым æрцауындзæг йæ хъуырыл æмæ йæ хæкъуырцц куыдæй нал æмæ нал æнцад. Ныр æм цыма йæ зæрдæ дæр дзырдта, йæ риуы ныццахсæг рыст ын кæй дзырдта, уыцы ныхæстæ, цыма лæгджын царды адджындзинæдтæй цæмæйты нæ бафсæст, уыдон дзы ныр йæ царды кæронмæ бынтондæр схицæн уыдзысты. Йæ чындзы æрцæуынæй йæ мойы хæстмæ фæндараст кæныны онг ницы федта лæгджын усы цардæй, хæдзарыдзаг бинонты цæстытæ сæ фæдыл æфтыд уыдысты иудадзыг, стæй сæ уæззау куыстæй кæрæдзи зæрдæйы фаг барæвдауынтæм никуы равдæлд, фæлæ-иу уæддæр хатт йæхи хъысмæты фыдæнæн сайгæ дæр акодта. Йæхицæн-иу уырнын кодта: мæнæ ма хæрзчысыл рæстæг, стæй фæхуызæддæр уыдзысты сæ царды уавæртæ, æмæ сæ искуы кæддæр кæрæдзийыл бацин кæнынмæ дæр равдæлдзæнис. Ныр ын исы уыцы ныфс дæр, ныр ыл йæ хъысмæт бынтон æргом æмæ æгъатырæй рахатыд – исы йын йæ фæстаг ныфсы таг дæр…

Уыцы тæккæ Уазно йæхæдæг дæр, æвæццæгæн, ахæм хъуыдыты ахæсты уыд – куы йæ æрхаста, уæдæй абоны онг никуы бафсæст йæ рæвдыдæй, ныр дзы цыма æнусмæ хицæн кæны, афтæ каст йæхимæ дæр, æмæ йæ тынгæй-тынгдæр æлхъывта йæ фæтæн риумæ. Уымæн фырамондджын, æви фыр æнамондæй йæ уæнгтæ афтæ æрлæмæгъ сты, æмæ ма йæхи тыхскъуынæгау ракодта йæ мойы риуæй:

– Ацу дæ фæндагыл, мауал мын æвзарын кæн ацы хъизæмар, ацу, Лæгтыдзуар дæ фæндараст фæкæнæд!

Æмæ ахицæн сты…

Фæстæмæ куы раздæхт, уæд йæ уæрджытæ йæ быны дыдæгътæ кодтой. Цалынмæ йæ уыдта, йæ хъæлæс ын хъуыста, уæдмæ ма цыдæр ныфсы тагыл лæууыд йæ зæрдæ, фæлæ, йæ царды ныфс комы нарæджы куы фæауон, комы уынгæг ын йæ фæтæн фæсонты фидауц куы аныхъуырдта, уæд ыл æгас дуне уыцы комы дзаг тас æмæ рыстæй ныккуыдта…

Цытæ кæндзæн æнæ йæ сæрыхицау хæдзарыдзаг сабитæн, цæмæй сæ хъомыл кæндзæн?!. Куыдтæ сæ дардзæн?!

Æниу… Йæ зæнæджы хистæр Елиоз лæджы бындзæфхад у, фæлæг кæны, цард ын феста, æмæ йын йæ къух фæрæуæг кæндзæн, стæй йæхæдæг дæр куыстæй никуы тарст æмæ никуы фæтæрсдзæн, дуры цъуппыл дæр исты амæлттæ кæндзæн æмæ йæ сабиты æххормаг никуы ныууадздзæн, фæлæ йæ 'ндæр маст æмæ 'ндæр тас æргæвстой… Цæстысиндз кæмæн уыд, уыцы бинонты ахæсты цы митæ кæндзæн, куыд сын фæраздзæн æмæ быхсдзæн сæ фыдæхæн?.. Йæ сæрихацауæй йын уæддæр æмæ уæддæр аргъуыц кодтой, ныр… Æнæлæг хæдзар, дам, дурæппарæн у, мæнгæй нæ акæнынц… Ныр цытæ кæндзæн, йæ алы фезмæлд, йæ алы сдзырдмæ дæр ын къæппæввонгæй чи лæууыд, уыцы бинонты 'хсæн?..

Комкоммæ йæ хæдзармæ бацæуын нæ бафæндыд, нæ йæ фæндыд йæ чысыл зæрдæйы уидæгтæн йæ куыдвæллад цæстытæ равдисын, æмæ уал йæхи байста, уæды онг ма сын иумæйаг чи уыд, уыцы холлагдонмæ. Йæ зæрдæйы судзаг рыст кæронмæ суадзыны охыл.

Æмæ сæ уым, холлагдоны, бамбæрзтаккæйы сæ фыдракæнды уæлхъус!..

Йæ тиуты…

Цы арæзтой, уый æвиппайды нæ бамбæрста – Салайы къухы уыд тугæйдзаг кард, Джидте æмæ Къарго хъæрзгæ æмæ оффытæгæнгæ хæцыдысты сæ тугамæст къæхтыл… Уыдон уымæй фæтарстысты, уый – уыдонæй æмæ кæрæдзимæ джихæй кæсгæйæ баззадысты. Сæ цурæй лидзæгау куы ракодта æмæ цы федта, уый тасæй иу чысыл йæхимæ куы æрцыд, уæд цадæггай райдыдта æмбарын, цы ми кодтой, уый: радгай кæрæдзи къæхты фадхъултæ лыг кодтой æмæ сæ цавæрдæр æууæрст кæрдæджытæ æвæрдтой… Цæмæй сæ хъæдгæмттæ схæрам кæной æмæ хæстмæ акæнынæн ма сбæззой!..

Уый фæстæ дæр-иу арæх фæдис кодта йæхиуыл: куыд бафæрæзта йæхи бауромын, алывыдтæ сын куыннæ акалдта, куыннæ сыл ныллæмæрста йæ рыст зæрдæйы фыдæх! Уымæн йæ хæдзарыдзаг сабиты дарæг хæстмæ барвæндонæй ацыд, адон та сæ лыскъ удтæ бавæрыны тыххæй сæхи цæнкуыл кæнынц!..

Æмæ сын тайгæ дæр бакодта. Джидте æмæ Салайæн æцæгдæр схæрам кодтой сæ къæхтæ, цалдæр хатты сæм дохтыры дæр æрбакодтой æмæ сын сарæзта, хæстмæ цæуынæн кæй нал сбæздзысты, ахæм гæххæттытæ. Къаргойæн тагъд байгас йæ къах, фæлæ, дам æм районмæ куы фæдзырдтой, цæмæй хæстмæ ацæуа, уый тыххæй, уæд, дам, æррайы æфсон скодта: тутæ сыл кодта, стонг

хуыйау йæ хъыллистæй нал æнцад… Куы хъыллист кодта, куы та дзæгъæлтæ дзырдта: мæн, дам, немыц сымах ныццæгъдынмæ æрæрвыстой Германæй, æз, дам, ардыгон нæ дæн…

Расырдтой йæ, уæдæ йын цы хъуамæ бакодтаиккой. Сæхимæ куы 'рбаздæхт, уæддæр йæхи æррайæ æвдисыныл архайдта, кæуыл-иу амбæлд, ууыл-иу хъуамæ бату кодтаид, стæй-иу куыдзы къæбылайау хъыс-хъысгæнгæ кæдæмдæр ныййарц уыдаид. Хъæуы сæрмæ Бæрзонды æфцæгыл цы иунæг бæлас уыд, ууыл-иу сбырыд æмæ-иу алырдæм хъæр кодта, ракæсут мæм, мæ хъæубæсты куыд цæгъдын, уымæ, зæгъгæ, стæй-иу бæласæй æрбырыд æмæ-иу хъæуыл дуртæ тулын райдыдта. Стæй… Фаллагхъæуккаг Сардийыл куы бату кодта æмæ йын уый йæ мукъутыл дзæбæхтæ куы æрцыд, уæд райдыдта йæхи адæмæй хизын. Райсом-иу сæумæцъæхæй афардæг хъæдмæ æмæ-иу фæсахсæвæртæм хæдзармæ нал æрцыд.

Тарстысты Джидте æмæ Сала дæр, сæ чындз сын сæ худинаг куы рахъæр кæна, уымæй æмæ йæм иудадзыг сæ хъус дардтой. Хъæубæстæй йæм исчи истæй тыххæй адгур бацыд, зæгъгæ, уæддæр-иу хæдзарыдзагæй хъустæ æмæ цæстытæ фестадысты. Иу изæрыгон æм Джидте йæхи æвваххс байста. Тыргъы сывæллонæн дзидзи дардта, Джидтейæн йæ хауды фæуинаг къах кæронмæ нæма адзæбæх, æмæ лæдзæджы æнцæйтты цæугæ сæ родты скъæтмæ фæцæйскъæрдта. Куы йæм фæкомкоммæ, уæд кæрты сугсæттæн къуыдыры сагъд фæрæт сæлвæста æмæ йæм йæхи хæстæг байста.

– Мæнæ-мæнæ дæ иу хъыпп-сыпп сирвæзт, уæд, дæ хъæбысы чи ис, уый ацы фæрæтæй æргæвст æрцæуыдзæн…

Уый ма хъуыд йæ рыствæллад зæрдæйы! Æмæ нал бабыхста ацы хатт, фыццаг хатт сæм уæд суагъта йæ комы баст:

– Уæ туг æмæ уæ рондзы фæмæцут иууылдæр, адæмы фыдæх æмæ тæригъæд уæ фæдыл æфтыд фæуæд!.. – загъта йын ныллæг хъæлæсæй æмæ æд саби хæдзары фæмидæг.

Уæды онг дæр нæ хъавыд, цы федта, уый искæмæн зæгъынмæ, кæд уый тыххæй йæ зæрдæ йæхиуыл худт, уæддæр. Æмæ куыннæ хъуамæ худтаид йæ зæрдæ йæхиуыл: йæ сæрыхицау æмæ сæ комбæсты фæсивæды хуыздæртæ сæ туг кæм калынц, уыцы тугуарæн хæстæй йæ саузæрдæ тиутæ та сæхи бамбæхстой. Цы хуызы, уый та уый йеддæмæ ничи федта æмæ ничи зоны, фæлæ хæцы йæ дзыхыл. Уыцы бон фидарæй йæхицæн ныффæдзæхста, цы федта, уый дуры гуыбынмæ дæр кæй никуы баулæфдзæн…

Йæ дзидзидай сабимæ дæр ын æртхъирæн кæнынц!..

Уый ма хъуыд йе 'намонд уды!..

Ницыгæнгæйæ дæр æм фыдызнаджы цæстæй чи каст, уыцы тиутæн ма разынд се 'буалгъы хъуыддаджы иунæг æвдисæн дæр… Ныр æй бынтон сисдзысты сæ уæлныхты, йæ туг ын ныр райдайдзысты æхсныфæй нуазын!.. Тæрсгæ дзы кæндзысты!..

Фæлæуу, фæлæуу – æмæ йын уый хуыздæр нæу?.. Ныр дзы тæрсгæ кæндзысты æмæ йæ кæд ныуадзиккой йæ мæгуырыл, цæмæй сын… Цавæрдæр ныфсы фæлурс тагæй барухсдзыд йæ фæллад сæрымагъз, фæлæ йын бирæ нæ ахаста уыцы ныфс, уæддæр иуæн дыууæ – æфсад, цасфæнды дзы ма тæрсой, уæддæр æй хердмæ скæсын никуы бауадздзысты. Умæн æмæ уый ныхасæй уæддæр ницы сраст уыдзæн, тыхджын чи у, рæстдзинад дæр уый æвварс у. Уый иу у, уыдон – бирæ. Æмæ йын йæхицæн цыфæнды дæр кæнæнт, фæлæ йæ сабитæн тæрсы йæ тугмондаг тиутæй. Йæ ныхысæрыйас сабимæ дæр ын аргæвдынæй чи бартхъирæн кодта, уыдон ын йæхицæн дæр æмæ йæ иннæ сабитæн дæр цытæ бакæндзысты, сæ худинаг сын куы рахъæр кæна, адæмы цæсты сæ куы бафтауа, кæнæ сæ дзуапп æрдомæг куы фæуа сæ фыдракæнды тыххæй, уæд?..

Уæд цæмæй зыдта, йæ хъизæмайраг царды уæлдай ма йыл арвы цæф дæр сæмбæлдзæн…

Дыууæ мæйы дæр нæ рацыд, Уазнойы цæссыгкалгæ хæстмæ куы афæндæраст кодта, уыцы бонæй, афтæ йын йæ сау гæххæтт райста… Бæстæ скъуыдтæ кодта куыд йæхи, афтæ йæ сидзæрты тæригъæдæй дæр. Иннæтæ цинæн дæр æмæ мастæн дæр уыйбæрцтæ ницыма æмбæрстой, фæлæ Елиозæн чызгау йæ цæстыбынтæ нал сур кодтой. Бирæ уарзта йæ мæгуыр фыды, æвæццæгæн æй уыцы рухсыбадинаг йæхæдæг дæр хъулон уарзт кæй кодта, уый тыххæй. Хистæр хъæбул уæддæр хистæр хъæбул у, уæлдайдæр нæлыстæг, хæдзыры бындур. Йæ фыд хæстмæ куы цыд, уæд иннæты дæр уымæн фæдзæхста… Стыр æнамонддзинад, дам, тудджын знæгты дæр бафидауын кæны, уымæн та йæ тиутæ се 'фсымæры сау хабары фæстæ ноджы налатдæр фесты. Ноджы йæм тынгдæр суагътой сæ цæсгом, æддæмæ ракæсын сæ нал уагътой чысылæй, стырæй. Елиоз сæм ныхмæ бæргæ райдыдта лæууын, рахæцыд-иу йæ мады сæрыл, фæлæ йын йæ фыдæй чи нæ тарст, уыдон уый карæн лæппуйы

ныхмæлæуд цастæм хъуамæ дардтаиккой…

Стæй йыл бынтондæр рахæтыд йæ хуыцауыхай – Уазнойы сау хабарыл куыддæр афæдз рацыд, афтæ Елиозы дæр акодтой хæстмæ, кæд ын йæ азтæм гæсгæ хæстмæ арвитыны афон нæма уыд, уæддæр... Фæстæдæр йæ хъустыл куыд æрцыд, афтæмæй йæхæдæг бакодта дуарахæсты районы æфсæддон къамиссариаты. Йæ сæйраджы хъæбул. Уыдоны дæр ма æндæр цы хъуыд – йæ тиуты хуызæттæ ма, æвæццæгæн, уыд районы, æмæ уыдоны бæсты хæстмæ æрвыстой хъуымызбыл лæппуты дæр, уымæн æмæ сæ пълан æххæст кæнын хъуыд… Æмæ та йæ хистæр хъæбулы ацыдыл дæр ныхъхъæцыдаид, йæ къух ын цæмæйты рог кодта, уыдæттæн дæр та бафæрæзтаид æмæ йæм æнхъæлмæ кастаид, йæ фыдмæ йын куыд æнхъæлмæ каст афтæ, фæлæ…

Йæ ныфсы хъæбулы сау хабар дæр та йæм бауасыд сау халон, йæ фыды сау хабар æм куыд бауасыд, афтæ…

***

Æмæ, дам, ис амонд…

Ис амонд, уый йæ уырныдта, цалынмæ йæ тугдзых бинонтæм амонды фæдыл цæрынмæ æрхауд æмæ ацы уæзæгыл йæ цард хъизæмайраг не ссис, уæдмæ. Уырныдта йæ амонд, Уазноимæ фыццаг хатт куы фембæлд æмæ йын йæ чындздзон кары æнцойад куы байста, уæд дæр. Уырныдта йæ, Уазно йæм усгур куы æрцыд, стæй йæм йæхæдæг та чындзы куы æрцыд, уæд дæр: йæ царды ивгъуыд бонтæй йын уымæй адджындæр мысинаг нæ баззад…

Фæлæ йын бирæ нæ ахаста уыцы амонд... Цæрынмæ кæй фæдыл æрцыд, уый йæ уарзта, æнувыд ыл уыд, бинонты зулцæстæй йæхи хизгæйæ-иу ын, нæлгоймагмæ цы нæ хауы, ахæм æххуыстæ дæр акодта. Уарзта йæ æмæ йыл æнувыд уыд йæхæдæг дæр, фæлæ æмбæрста, йæ мойы бинонтæн бонæй-бон æнаддæр куыд кодта æмæ йæм знаджы цæстæй кæсын куыд райдыдтой, уый. Æмæ райдыдта æмбарын, йæ бинонтæн кæй никуы садджын уыдзæн, уый дæр. Уæд хъуамæ уыдоны хуызæн суа. Хъуамæ суа, магусайæ цæлуарзаг кæй фæхонынц, ахæм; уыдонау уа сæмпæрчъи, цæмæй йæм хæлæгæй мауал мæлой… Фæлæ æмбæрста уый дæр, уыдоны хуызæн суа, уый йæ бон кæй никуы бауыдзæн, цæрдудæгасæй йыл арт куы бандзарой, уæддæр. Сыстын æмæ йæ цæгатмæ фæцæуын та, иуæй,

йæ сæрмæ нал хаста, иннæмæй та йæ нæ фæндыд, йæ хъæбултæ ис фыдæй сидзæры ном хæссой, уый. Йæ зæрдæ лæууыд æрмæстдæр уыл, йæ мойæн уæлдайаг кæй нæ уыд, стæй йыл хъæубæстæ дæр æнувыд кæй уыдысты. Йæ файнустыты уæлдай йыл сæ комбæсты адæм мæт, цæрддзу кодтой, тыхстысты йыл, йæ кой-иу кæмæ æрхауд, уыдон-иу хъуамæ сæ ныхас фæуыдаиккой афтæ:

«Йæ нывонд фæуæнт йæ файнустытæ!..»

Æмæ сæ уый æнæтугæргæвст кодта. Йæ гауыр файнустыты. Стæй йæ тиуты дæр. Ноджы ма йын Елиоз куы райгуырд, йæ сæйраджы хъæбул, уæд бынтон фергом се 'нæуынондзинад, уæд бынтон аскъуыд сæ хæрам, сæ фыдæхы комбаст. Уымæн æмæ йæ чындзы æрцæуæн бонмæ йе 'ртæ файнусты дæр сæ тæккæ зæнæгкондыл уыдысты, фæлæ сæ Мадымайрæмы цæст иу нæлбындар никæмæн бауарзта, уымæн та йæ бауарзта йæ цæст, æмæ йæм хæлæг кодтой уый тыххæй, нæ йын æй барстой… Æмæ уый цы аххосджын уыд сæ разы, уый дæр Хуыцаумæ лæппу-бындар курæг не схызт… Йæ тиутæ йын хæлæг кодтой йæ моймæ æмæ сæ хæлæджы фыдæх лæмæрстой сæ устытыл. Уыдон та архайдтой сæ лæгты фыдæхы дæр æмæ сæхи удты фыдæхы дæр уый ныцъцъист кæнынил. Се 'ппæт тæригъæдтæ дæр хъардтой уымæн, дæлфадихсыд баисты Хæстæг дзуармæ цæуынæй – дзуарæн-иу тæрттæуагъдæй куы ныллæгъзтæ кодтой, цæмæй сын се 'нæуынон файнусты бынсæфт æмæ бындурзылд фæкæна, уæд-иу æрцыдысты æрмæстдæр иу чысыл се 'муд.

Йæ мой сын барста. Зын ын уыд йæ удыхайы хъизæмармæ кæсын, фæлæ адæмы æфсæрмæй хæцыд йæхиуыл. Нæ йæ фæндыд, йе 'фсымæртимæ кæрæдзи хæрынц, зæгъгæ, уый адæмыл айхъуыстаид, уый. Стæй æмбæрста уый дæр, æмæ искæй кæнæ искæйты æнæуынондзинад цас тынгдæр схъауай, уый бæрц тыхджындæр æмæ цырындæр кæны. Уæддæр лæгджын хæдзары сылгоймагæн нæлгоймаджы ныфс хæстон мæсыг у – йæ мойы æфсарм æви тас сæ цас урæдта, уый банкъардта, нырма йæ сæрыхицауы, стæй та йæ сæйраджы хъæбулы сау гæххæттытæ куы райста, уæд. Уæрцы сын цы цæхæрадоны гæппæл схай кодтой, уый дæр сын азæйазмæ бакъаддæртæ кодтой. Йе 'мбонд ивыны æфсон-иу сæ алчи дæр хъуамæ йе 'мбонды михтæ, уыдоны хайы 'рдæм фæмидæгдæр кодтаид. Районæй-иу зæхбарджытæ куы 'рбацыдысты, уæд-иу иннæты уæлдай уый цæхæрадон райдыдтой рабар-бабар кæнын.

Алы уалдзæг æмæ фæззæг сæ йæ зæхмæ чи ‘фтыдта, уыдонæн сæ нæ барстой, фæлæ – уымæн. Йæ нартхоры æвзартæ-иу лæгбæрц куы сфардæг сты, сæ уындæй-иу зæрдæ рухс кæнын куы райдыдта, раст-иу æм уыцы рæстæджы фæзындысты зæхбарджытæ дæр æмæ-иу ын сæ уыцы даргъхъусджын цырыххъыты бын ныннадтой. Сæ фæдыл ма-иу кæугæ бæргæ рацу-бацу кодта, мæгуыр, фæлæ кæй æндæвта йæ зæрдæйы рыст… Иу хатт сæм йæхи нал баурæдта æмæ сæм феххæлд:

– Нырма йæ афæззæджы куы сбарстат дæргъмæ дæр æмæ уæрхмæ дæр, уæд ма мын мæ мæгуыр цæнгты фæллой уæ къæхты бын цæмæн сафут, уаис фæуат, Хуыцауы хай уын нæй?!.

– Æмæ ды, чи зоны, азмæджы де ‘мбондыл æддæмæ ахæцыдтæ, – ноджы йын йæ мастыл цæхх айзæрстой.

– Кæдæм æддæммæ ма йыл хъуамæ ахæцон, уе ‘гæр фæкалат, мæ цæхæрадоны алыварс уыдоны зæххытæ куы сты, æмæ мын мæ сидзæрты зæххы гæппæл дæр сæгъы сыкъайы сæхæдæг куы бакодтой!..

Уыдон, ома, уый йæ саузæрдæ тиутæй дзырдта афтæ, уымæн æмæ йæ хорз æмбæрста, Салайы ардыдæй йын кæй фесафынц йæ зæххы гæппæл алы уалдзæг. Сæ хъæуы колхоз сын бидираг колхозмæ куы баиу кодтой, уæдæй фæстæмæ сæм уый уыд фидаргонд, куыд бригадир, афтæ. Уый-иу сæ æрбакодта алы уалдзæг дæр сæ зæххы гæппæл барынмæ. Æмæ йын уый дæр схъардта йæ тæригъæдтæ – дзургæ уыцы æнæхсæст зæхбарджытæм кодта, æлгъитгæ та, кæй хъуыди, уый:

– Сымах мæныл чи ардауы, сымах мæнмæ чи æрбарвиты, уымæн йæхи фæллой йæ марды кæндтæн бахъæуæд! – цы дзырдта, уый дæр – кæуынхъæлæсæй.

– Дæ иунæг бындары хисты арахъхъытæ рауадз, дæ цæхæрадоны цы нартхор æрзайы, уымæй, æвзæр фидиссаг цыдæр. Ды нæ лæджы кой ма кæн, æндæра дын, дæ дзурæнтæ сыджытæн хæринаг куыд фæуой, ахæм митæ бакæндзынæн! Уый партинни у, партинни, дæ дзыхы радавинаг нæу, кæйдæр дзæгъæлзад цыдæр!.. – алывыдтæ йын акалдта Салайы ус Дриан.

– Партиннитæ хæсты баззадысты, æцæг партиннитæ, дæ лæг æмæ йе ‘фсымæртау сæ устыты дæлвæдджи нæ нымбæхстысты æмæ ныр адæмы туг дойныйæн нæ нуазынц!.. – йæ тыппыртæ йыл

суагъта йæхæдæг дæр.

– Æмæ цы!.. Дæ сæрхъæн мой ацыд хæстмæ, æмæ цы, уый сæ нæ аздæхта фæстæмæ? – сфæзмыдта йæ Дриан.

Уый ма хъуыд йæ рыствæллад зæрдæйы!..

Фæлæ йæм ницыуал бафæрæзта сдзурын. Мыййаг ын йæ сæйраджы хъæбулы кой дæр куы скæна, уæд ахæм цæфæн нал бафæразздзæн йæ рыст зæрдæ. Æмæ байгомыг.

Нæ йын барстой ахæм цыдæртæ, фæлæ-иу сын, хæстæй кæй бамбæхстысты, уый сæ зæрдыл куы æрлæууын кæна, уымæй куы фæтарстысты, уæд-иу сæ дзурæнтыл цъуттатæ авæрдтой, уæлдай дзырд-иу æм ничиуал сфæрæзта. Уымæн æмæ кæрæдзийæн фæдзæхст уыдысты, ахæм рæстæджы-иу æм уæлдай дзырд мачиуал хъуамæ скодтаид. Уæд-иу старстысты, йæхи куы нал баурома æмæ куы рахъæр кæна, кæддæр сæ холлагдоны цы худинаджы ми кæнгæ баййæфта, хъæубæсты иннæ нæлгоймæгты уæлдай сæ хæстмæ цæуылнæ акодтой, уый. Се ‘ппæты зондамонæг дæр Джидте уыд. Уый сын амыдта алцы дæр. Уый сæ бафæдзæхста. Йе ‘фсымæрты дæр æмæ йæ чындзыты дæр. Цæмæй йæ иудадзыг тасы бын дарой, æддæмæ ракæсын æй ма уадзой – нæдæр йæхи, нæдæр йæ сывæллæтты… Кæддæр цы федта, уый тыххæй йæ дзых схæлиу кæнын дæр куыд никуы бауæнда. Хæсты кæй нæ уыдысты, уый кой цасфæнды кæнæд. Фæлтау афтæ дæр дзурæд, цыма сæхи æлхæнгæ бакодтой стыр гæртæмттæй, æрмæст холлагдоны цы федта, уый кой ма скæнæд. Цæмæдæр гæсгæ сæм афтæ каст, цыма сын сæ иннæ сау миты уæлдай уый нæ ныббардзысты, æнæуый дæр сæм æфсоны сæрыл чи лæууыд, уыцы хъæубæстæ. Джидте æмæ иннæ æфсымæрты фæнд уыд, цæмæй дзы фервæзой æд сывæлæттæ, цæмæй сæ цæсты сындзау ма ныхса, æрмæст афтæ: уыцы хабары кой скæнын мæрдты дæр куыд не сфæраза…

Хъæубæстæй хæстмæ чи ацыд, уыдонæй уæдмæ ноджы бирæты сау гæххæттытæ схæццæ. Ахæм къуыри нæ уыдаид, æмæ зæрдæхалæн хъарæг макæцы сыхæй райхъуыстаид, ногкъахт афтид ингæн макæцы уæлмæрды фæзындаид. Адæм куыдтой сæ судзаггаджы мæрдтыл, фæлæ сын афтид ингæнтæ уæддæр цыдæр æбæрæг ныфс лæвæрдтой, уæддæр ма кæйдæрты уырныдта, сæ хæстонты сау гæххæттытæ мæнг кæй разындзысты, уый. Фæлæ ма хæстæй цагъдуæлдай, цæнкуылтæй æрыздæхын кæмæн бантыст, уыдоны

нымæцæй афтид ингæнты нымæц куы фæфылдæр, уæд цадæггай тайын райдыдтой ныфсæнхъæлцау адæмы мæнг ныфситæ.

Ныфс та, дам, фæстагмæ амæлы. Йæ ныфс кæмæн амæла, уый та мастисынил ифтыгъд у æмæ уыцы зæрдæрыст адæммæ исчи уый куы бадзырдтаид, Джидте æмæ йе 'фсымæртæ уыдоны дарджыты, сæ хъæубæсты хуыздæрты уæлдай удæгас уымæн баззадысты, сæ къæхты...

Æмбæрста æппæт уыдæттæ, куыннæ сæ æмбæрста... Ахæм исты, зæгъæ, уæд ыл кæй нæ бацауæрддзысты, уый æмбæрста æмæ тарст йæ сидзæртæн. Йæ сæйраджы хъæбулы сау хабар дæр æм куы схæццæ, уæд дзы дзæвгар рæстæг рох дæр фесты. Йæ фыдбоны бинонтæ. Бонæй йæ уды хъизæмайраджы рыст уæззау куыстыты хуыдыг кодта, æхсæв та, йæ сидзæртæ-иу куы бафынæй сты, уæд-иу ныллæмæрста йæ зæрдæйы судзæгтæ. Йæ рыст æмæ-иу ыл йæ фæллад куы æртæфстысты, уæд-иу афынæй, фæлæ йæ фынты дæр иудадзыг йæ сæйраджы хъæбул уад йæ цæстытыл. Фыны-иу æм фыццаг йæ сæрыхицау Уазно фæзынд. Æрлæууыд-иу йæ разы сæргуыбырæй, аххосджыны лæуд. Иу боны-бонцау-иу хъуамæ фæлæууыдаид мадзурайæ, стæй йæм ризгæ хъæлæсæй сдзырдтаид:

«Ныббар мын, Рези, нæ хъæбулы цард бахъахъхъæнын мын кæй нæ бантыст, уый…»

Йæ ном фехъусгæйæ-иу ыл фыныгъдауæй хуртæ ракаст!..

Йæ удæгасæй йæм йæ номæй никуы сдзырдта. Йæ сæрыхицау. Йæ чызгон мыггаг Доционæй йæм бадзырдтаид, уый йæм цæмæдæр гæсгæ æхсызгондæр каст. Фыныгъдауæй та йæм алы хатт дæр дзырдта йæ номæй, æмæ-иу ыл хур бæргæ ракаст, фæлæ йын уымæй уæлдай зындæр уыд… Афтæ йæм каст, цыма Уазно йæ мæрдон зондæй фæсмон кæны, йæ уæлион царды йæ фаг кæй нæ барæвдыдта, ууыл æмæ йæм ныр алы хатт дæр йæ номæй уымæн сдзуры. Уымæй ноджы феввахсдæр йæхицæн дæр, уымæй-иу ноджы тынгдæр суынгæг йæ зæрдæ, æмæ-иу алы хатт дæр хъуамæ скуыдтаид:

«Ды ницы аххосджын дæ нæ сæйраджы хъæбулы мæлæты, Уазно, æмæ дæхи ма 'фхæр. Не 'намонддзинад нын иумæйаг, у æмæ йын хъуамæ иумæ фæразæм…»

«Дæн, Рези, дæн… Нæ мæ хъуыд хæстмæ ацæуынил батагъд кæнын. Чи зоны, Елиозимæ иумæ ацыдаиккам, чи зоны, æмæ нæ иумæ ныууагътаиккой, уыдаид мæ цуры, æмæ йæ хъахъхъæдтаин…

Фæлæ куыд?.. Уæд мæхи цæуылнæ бахъахъхъæдтон?.. Уæд дæм цæуылнæ æрыздæхтæн сæрæгасæй, цæмæй нын иумæ æнцондæр фæразæн уыдаид нæ судзаг рис, иумæ хъомыл кодтаиккам нæ хъæбулты. Цæмæй иунæг ма уай уыцы лæгсырдты 'хсæн… Нæ, мæхи Рези, бирæ цæмæйдæрты дæн дæ разы азымджын…»

Æмæ-иу уайтагъд цæуынмæ фæци.

Куыддæр-иу йæ цардæмбал йæ цæстныдзæвæнæй фæхицæн, афтæ-иу йæ цæстыты раз сыстад Елиозы, йæ сæйраджы хъæбулы фæлгонц. Алы хатт дæр-иу æм фæзынд тугæйдзаг æфсæддон дарæсы, фæлæ йын никуы ницæмæй рахъаст кодта, æрмæст-иу ын уыцы зæрдиагæй ныллæгъстæ кодта:

«Гыцци, курын дæ, дæхи мауал хæр, кæуынæй ницыуал рамбулдзынæ. Дæ хуызæн зæрдæрыст идæдзтæ æмæ мадæлтæ минтæ, милуантæ сты, фæлæ уыдоны кæуынæй цард йæ къахыл нал слæудзæн. Ды мæн тыххæй цасфæнды ма кæуай, уæддæр дæм никуыуал æрцæудзынæн. Ды мæ мæрдтæм дæр цас уарзыс, уымæй мæ ноджы сæдæ ахæмы куы уарзай, уæддæр уыцы уарзондзинадæй мæнмæ ницыуал фæхæццæ уыдзæн, мæ мæрдон удæн дзы ницыуал пайда ис, ницыуал, мæ уарзæгой гыцци. Фæлтау дæ зæрдæйы мæнмæ цы уарзондзинад уыд, уый дæр Хъуыбадыйæн схай кæн, мæ хоты мын рæвдыдцух ма уадз… Зон æй: мæнæн дæр æмæ бабайæн дæр дæ бон æндæр хорзы бацæуын нал у, мах бон дын куыд ницыуал у, афтæ, æмæ сразы у дæ хъысмæтыл…»

Йе 'дзард хъæбулы сурæт-иу йæ цæстныдзæвæнæй куы фæхицæн, уæд-иу ноджы хъæрдæрæй ныккуыдта. Фыныгъдауæй… Æмæ-иу райхъал йæхи кæуынмæ. Чызджытæй-иу йæ кæуынмæ чи райхъал, уыдонæй-иу æм хъуамæ исчи уатæй радзырдтаид:

– Цæй-ма, гъо, гыцци, ма ку, кæннод та мах дæр скæудзыстæм…

Æмæ-иу йæ сидзæрты тæригъæдæй фæцæйскъуыд йæ сыджытæнхæринаг зæрдæ. Æмæ-иу йæхи ныддур кодта, нал-иу райхъуыст йæ хæкъуырцц куыд. Фæлæ-иу куыдта æгомыгæй, цалынмæ-иу фыццаг кæркуасæнты уасджытæ ныууассыдысты, уæдмæ-иу фехсадта йæхи йæ судзгæ цæссыджы, стæй-иу сыстад, цæмæй йæ уынджы æмæ скъæты змæлдтытæ бакæна, цалынмæ йæ фыдбоны бинонтæ нæ сыстадысты, уæдмæ. Æндæр гæнæн ын нæ уыд – уыдоны базмæлын афонмæ нæ сыстад, зæгъæ, уæд… Хъуамæ-иу æм лæгæй-усæй кауæмбонды сæрты исты æлхыскъ

ныхасæппарæнтæ кодтаиккой, йæ зæрдæ фæрчытæ кæмæй хаудаид, ахæм истытæ-иу ын загътаиккой. Æмæ сыл раджы сахуыр, фæлæ алы хатт дæр тарст, йæхи сæм куы нæ баурома, уымæй æмæ-иу уый тыххæй сыстад афтæ раджы. Йæхи-иу сæм куы нæ баурæдта æмæ-иу сæ йæхæдæг дæр карз æлгъыст куы ракодта, уæд-иу, холыйыл нымбырдуæвæг куыйтау, ноджы фæфыддæр сты, лæгæй-усæй-иу цъах-цъах кæнын æмæ дуртæ æхсынмæ фесты. Æмæ-иу уæд райхъал сты йæ сидзæртæ дæр, сæ кæуын, сæ зæрдæхалæн цъæхахстмæ-иу дуртæ дæр хæлдысты, фæлæ сæ тæригъæд никуы басаста йæ саузæрдæ тиутæ æмæ файнустыты зæрдæты…

Хъæубæсты адæм бæргæ уыдысты йе 'вварс, бæргæ йын тæригъæд кодтой, фæлæ цы сæ бон уыд уыдонæн дæр?.. Сæхи хъæуы нæ – æгас комбæсты дæр иу рæстмæ нæлгоймаг нал баззад – хъæуы лæгтæн сæ хуыздæртæ хæсты баззадысты, чи ма дзы сыздæхт, уыдон дæр цæнкуылтæ æмæ хъæдхъиутæй. Сылгоймæгтæн та цы сæ бон уыд цалдæр лæгджын хæдзары ныхмæ?..

Уæдæ хъаст дæр кæмæ бакодтаид, кæй зæрдæ фæрыстаид йæ тæригъæдæй. Хъæуыхицау дæр сæхицæй уыд – Къарго. Куыддæр хæст фæцис, афтæ йæхимæ æрцыд, æррайы бæрджытæ йыл ницæмæйуал зынд. Уыйхыгъд: æдзæрæг хъæуæн рувас – æлдар. Хъæусоветы сæрдары бынаты æрбадт æмæ хæстарыд, зæрдæрыст адæмы туг дойныйæн нуæзта. Районы хицæуттæй дæр кæмæ хъуамæ бахъаст кодтаид? Нал уыд уым дæр лæджы хуызæн лæгтæ. Лæгаулæгтæ алы ранæй дæр фæцу æмæ марцуйы фæндагыл фæцыдысты. Джидте æмæ йе 'фсымæртау алы хин æмæ кæлæнтæй йæ сæр чи бафснайдта, ныр уыдон сты иууылдæр хицæуттæ, халон та халоны цæст никуы къахта…

Афтæ йæм каст, цыма афтæ уыдаид алы ран дæр. Сæхи хъæуы куыд у, афтæ. Хъæубæсты фарн кæуыл æнцой кодта, уыдонæн сæ фылдæр тохы быдыры бабын сты, цæнкуылтæ, æрдæг лæгтæй æрыздæхын ма дзы кæмæн бантыст, уыдонæн та сæ бон сæ хъысмæты карз æлгъыст кæнын йеддæмæ ницыуал у. Хæстæй чи бамбæхст, ахæмтæ систы, хæсты чи бабын, уыдоны царды хицæуттæ. Сала – сæ бригадир, партинни кæй у, уымæй йæ цъаммар ус адæмы афтæ куы тæрсын кæна, стæй районы хицæуттæн æрвылкъуыри родтæ афтæ куы æргæвда, уæд колхозы сæрдар дæр суыдзæн æмæ уæд бынтондæр бацъирдзæн адæмы туг. Къарго – хъæуыхицау,

кæддæр æррайы æфсон чи скодта æмæ адæм арвы талынгты кæмæй лыгъдысты, уый ныр бæсты бикъ æмæ комы дæгъæл фестад. Æмæ сæ къухмæ райстой царды рохтæ. Джидтейæ хин æмæ кæлæн дæр сæ ничи у, фæлæ йæ къух фыссын дæр нæ зоны, æндæра уый дæр ссардтаид исты бынат. Уыйхыгъд сын амоны зонд, йæ хин æмæ сын йæ кæлæнтæй алыхуызон фæндæгтæ нывæнды.

Æмæ хъæцыд йæ кæуинаг хъысмæтыл, йæ хъæбулты цардыл хъуыды кæнгæйæ, ныхъуырдта алы маст æмæ алы дудгæбон дæр.

Хæст куы фæцис, уæд ма, сæ хæстонтæ кæмæн æрыздæхтысты, уыдонмæ тæхуды кæнгæйæ, ноджы сфæлахс йæ рыст зæрдæ. Хæлæг никæмæ кодта – алкæй цардæмбал кæнæ хъæбулы æрыздæхтыл дæр-иу зæрдиагæй бацин кодта, фæлæ адæмы цинæгтыл цин кæнынæй никуыуал батæфст йæ зæрдæ, йæхи-иу судзгæ цæссыджы цы фехсадта, уымæй дарддæр. Дæлæсыхаг Киматы кæстæр лæппу Бадзойы ма æрдæгглæгæй йæ бинонтыл куы сæмбæлын кодтой, уæд сæм æнæхъæн комбæстæ арфæ кæныны æфсон стыр диссаг фенынмæ цæуæгау фæдисы лыгъдысты. Æниу ма æрдæгглæджы фаг дæр кæцæй уыд!.. Йæ дыууæ къахы дæр рæбыныл хауд, йæ цæнгтæй ма иу рæмбыныкъæдзы онг афтид дысы æнæбары цы змæлыд æмæ-иу, къуыдырау, йæ фазыл иуырдæм цы атылд, уый йеддæмæ ма дзы æрдæг лæг дæр кæцæй уыд… Ахæм уагæй дæр цин кодта, мæгуыр, йæ хъæубæсты уындыл. Йе 'нкъард цæстытæй цыма хуртæ ракаст, афтæ йын æрттывтой фыр амондджынæй. Æрмæст… куы йæ фæхатыд, йæ уарзон хъæубæстæ йæм арфæ кæнынмæ нæ – цы уавæры ма сæм æрыздæхт, ууыл бадис кæнынмæ æрæмбырд сты, уæд чысыл сабийау хæкъуырцц куыдæй ныккуыдта æмæ йе 'рдæг цонджы æнцæйтты куыддæрты тъахтиныл дæлгоммæ нырффæлдæхт…

Фæлæ-иу уый мад Гæззианмæ дæр ахæм тæхуды бакодта, цыма йæм хæстæй сыгъзæрин коцораджын лæппу сыздæхт…

Бæргæ, уый дæр ма йæ сæйраджы хъæбулы удæгасæй куы федтаид! Йæ хъæлæс ма йын иу хатт куы фехъуыстаид æмæ йæм æй фæлтау цæнкуылтæй куы æрхастаиккой. Гæззианау æй хуры хъæрммæ дæр йæ хъæбысы куы хастаид, æрмæст ын удмидæг куы 'рхæццæ уыдаид!..

Уæдмæ фæзынд Ендыр дæр, сæ хъæуы скъолайы ахуыргæнæг, комбæсты зонды къуыбар æй хуыдтой. Стыр ахуыр лæг дзы рас-

гуыхт, хæсты размæ йæ кæдæмыты нæ кодтой кусынмæ, фæлæ никæдæм акуымдта, кæм, дам райгуырдтæн, уыцы хъæубæсты сывæллæтты ахуыр кæнынæй стырдæр хæрзиуæг, дам, мæ ницы хъæуы арвæй зæххы хсæн. Фæлæ уый дæр… Æрдæг лæг схонæн дæр ын нал уыд… Йæ сæры нæмыг иннæрдæм ахызт… Цыдæр Хуыцау æй фервæзын кодта мæлæтæй, фæлæ йæ нæмыгдзæф афтæ, æнгуылдзы стæвдæн хуынкъæй баззад, рухс дзы калд иннæрдæм… Æххæст зондцухы бæрджытæ дæр ыл цыма уадиссаг нæ зынд, фæлæ йæ мадзурайæ æргævста хъæубæсты адæмы зæрдæтæ. Дзургæ никæимæ кодта, хæринаг никæй къухæй куымдта, йæ дарæс æхсын никæмæн уагъта. Йæ мад æмæ йæ фыдимæ, стæй хæсты хæдразмæ кæй æрхаста, сусæг цæссыг ныхъуыргæ йæм æнæрхъæцæй чи æнхъæлмæ каст, уыцы удыхайимæ цæрын дæр æй нæ бафæндыд – сæ хъæуы иу æдзæрæг хæдзар уыд, уый æрæфснæйдтытæ кодта æмæ дзы æрцард. Кæрдзын, хæлц хаста горæтæй кæнæ районæй. Йæ иппæрд æви æнамонд царды ма уыд ноджы иу æнахуыр хабар, хæдзонд адæмæй цæмæй хицæн кодта: цыдæр бæрæг-бæлвырд бонты-иу йæ райстбавæрд дарæс скодта æмæ-иу сæ, мусы чъилыл лæугæйæ, цыма исты стыр æмбырды ныхас кæны, афтæ райдыдта хъæрæй ныхас кæнын, йæ ныхас хъæубæсты алы сыхмæ дæр æнцонæй куыд хъуыстаид, афтæ хъæрæй. Дзырдтаид-иу исты рагон хабæрттыл, стыр дунейы стыр хъуыддæгтыл. Хъæубæстæ йæ ‘мбаргæ дæр нæ кодтой, цæмæн æмæ цæуыл дзуры, уыдæдтæн, æрмæст ын тæригъæд кодтой, кæугæйæ-иу æм чи хъуыста, уыдон – зæрдæрыст удыхайæн…

Уый та, Рези, сусæг тæхуды кодта Ендыры усмæ дæр!..

Йæ хæдзарæй нæ, йæ хъæубæсты дæр ма йæ нæлгоймаджы хъæлæс куы хъуыстаид, уæд æм, чи зоны, афтæтæ нæ уæндыдаиккой! Уæд кæмдæр се уæнджы мигъ бадтаид æмæ дзы иу чысыл аргъуыц кодтаиккой, кæддæр дзы Уазнойы удæгасæй куыд аргъуыц кодтой, афтæ. Æнæлæг хæдзар та дурæппарæн у алкæмæн дæр, алчи дæр æм уæнды, алчи дæр æм йæ ныфс хæссы.

Ницы федта, амонды кой арæх кæм фæкæнынц, уыцы царды амондджын цардæй. Алы сылгоймагмæ дæр йе ‘рдзыскондæй чи æмбæлы, уыцы адджындзинад йæ удыхайæ базыдта, хъæбулы ад та йæ хистæр фырт Елиозæй, фæлæ йæ уыдонил та сæ удæгасæй зæрдæйы фаг бацин кæнын уадзгæ нæ бакодтой. Афтæ йæ цæгаты дæр – цæгатæй дæр æнамонд фæци, йæ амондыскæнæг дæлæмæ

æрхауа! Йæ фыд дæр хæсты быдыры баззад, иунæг æфсымæр ма йын уыд, уый та иукъахыгæй ссыд уыцы фыдбоны хæстæй, стæй йæ риу, йæ буар йедзагæй схаста алыхуызон нæмгуыты схъистæй. Уæддæр æй фæндыд цæрын, цард аразын.

Уæддæр ныфс уыд йæхицæн дæр æмæ йæ сабитæн дæр. Уырдыгæй ардæм æххуыс уыд Рези æмæ йæ сидзæртæн дæр. Йæ чысыл зæрдæйы уидагæн ма йын байраг дæр балæвар кодта – мадыфсымæр, дам, хæрæфыртæн байраг куы нæ балæвар кæна, уæд, дам, цæй мадыфсымæр у… Æвæццæгæн, адæймагæн йе ‘рдзысконд у ахæм: цас æнæбондæр æмæ æдыхдæр уа, уыйбæрц йæ ныфс фылдæртæм хæссы, фылдæртæ саразын æй фæфæнды… Ахæм хъысмæт уыд Резийы мæгуыр æфсымæрæн дæр, фæлæ фæсхæст царды рохтæ, уыцы хæстæй йæхи чи баауон кодта, ахæмты къухмæ куы æрхаудысты, уæд сæ лыскъ удты азар баййæфта Резийы мæгуыр æфсымæры дæр…

Иу рагуалдзæг сæ къуымтæ бынтон сихсыдысты, иу кондваг ссады тæпп дæр сæм нал уыдис, æмæ лæг æд лæдзгуытæ рараст горæты базармæ. Мæнæу балхæдта голладжы æмбисы бæрц, уымæй фылдæр ахæссынмæ йæ ныфс нæ бахаста. Районы автобусæй куы ‘рхызт, уæд голладжы ком аздыхта, йе уæхскмæ йæ систа æмæ йын йæ ком здыхстæй йæ рахиз дæларм бакодта, афтæмæй йæ лæдзгуыты æнцæйтты араст сæхи 'рдæм. Иу дзæвгар куы ацыд, уæд æй иу ран сылгоймæгтæ æрурæдтой. Ацы дзæбæх лæг, ахæм даргъ фæндагыл, дам, голладжы ком дæ цонгæй дæ фарсмæ æлхъивгæйæ куы фæцæуай, уæд, дам, фыдæбонæй де знаджы уд куы схаудзæн…

Æмæ йын йæ голладжы ком иу сырх хæцъилы гæппæлæй бабастой, стæй йын æй дыууæ хицæн дихæй йе уæхскмæ систой. Голлагæн йæ иу æмбис разæй фæцис, иннæ фæсте, фæсонтыл, афтæмæй хордзенæвæрдæй уыцы æхсызгонæй æруæз кодта цæнкуыл лæджы уæхсчытыл. Ныр йæ дыууæ къухы дæр уыдысты сæрибар, æвдæлд сæ æрмæстдæр лæдзгуытыл хæцынмæ, æмæ уыцы райгондæй, сылгоймæгтæн зæрдиаг арфæтæгæнгæ, араст йæ даргъ фæндагыл. Фæлæ иу зæвгар куы бауад, уæд æй цавæрдæр гуыффæджын машинæ баййæфта. Дыууæ тъæпъæнхудджыны дзы æргæппытæ кодтой, мæгуыр бæлццонæн йæ голлаг зæхмæ æрæппæрстой æмæ йæ æд лæдзгуытæ машинæйы гуыффæйы смидæг кодтой. Цы йыл æрцыд, цы фæрæдыд, уымæн æмбаргæ дæр ницы бакодта… Цæмæн æмæ йæ цæй тыххæй

ærцахстой, уый йын дыууæ къуыримæ зæгъгæ дæр нæ кодтой…

Советон тырысайы хуыз хæцъилæй, дам голладжы ком куыд бабастай, советон хицауад, дам, дæ хынджылæггаг у!..

Чи зоны, рауагътаиккой йæ, рæстаг адæмты цæсты сæхи бафтауыны тæсæй йæ уæддæр ауагътаиккой йе ‘ххормаг сабитæм, фæлæ… Уыцы ныхæстæ йын куы загътой, уæд фыр диссаг æмæ фыр мæстæй йæ хурхыуадындзтæ адымстысты… Æмæ сын нæ ныббарста, йæ къахы афтид бынат лæдзæгæй хойгæйæ сын афтæ зæгъы:

– Æмæ уæдæ æз мæ къах кæм ныуугъон, уым сымах цæуылнæ уыдыстут, кæд уыцы парти æмæ уыцы советон хицауады кадыл афтæ тыхсут, уæд?!.

Уый ма сæ хъуыд!.. Куыд ын хъуамæ ныббарстаиккой ахæм æфхæрд?!. Æмæ йын нæ ныббарстой – циу, цы нæ уыд, уыдæтттæ дæр ма йыл æрымысыдысты, афтæмæй йыл гæххæтт сарæзтой, цыма лæбурдта закъоны адæммæ, æртхъирæнтæ, фидистæ сын кодта… Æмæ йын æртæ азы æрхырхтой!..

Бæргæ, куы фæбадтаид æртæ азы дæр – уадз, ахæстоны дæр уыдаид, æрмæст йæ мæгуыр бинонтæ зыдтаиккой, æртæ азы фæстæ фендзысты сæ дарæг – сæ уромæджы... Цалдæр азы цыфыддæр знаджы ныхмæ чи хæцыд, уыцы хæстон лæг ма æртæ азы ахæстоны фæбадынæн дæр, чи зоны, бафæрæзтаид, фæлæ не сфæрæзта уыцы æнæхъуаджы æфхæрд æмæ худинагæн – йæ рахиз къах хæсты быдыры кæй тыххæй ныуугъта, уыдон дзы ныр иукъахыгæй кæй фæхынджылæг кодтой, уыцы маст ма йын йæ хъæдгом уæнгтæм бауагъта зæрдæниз дæр… Цалдæр мæйы ма цæрынмондаджы цардæй ацард æмæ уыцы талынг ахæстоны фервæзт йæ хъизæмарæй.

Ныр ын иунæг ахæм адæймаг ничиуал ис, йæ сæрыл чи рахæца. Йæ иунæг бындар ма у, æмæ уый та нырма хæрз саби у, йæхи рæзинаг уд дæр уынгæджы куы у йæ тугдзых фыдыфсымæртæй. Уый дæр ын сидзæрдонмæ раттинаг куы сты, йæ хъæбултæй уæлдай ма сын кæм чи ис, уыдон сын сидзæрдонмæ дæттинаг фæуой!.. Уый сæрыл рахæцын дæр нырма йæхимæ куы кæсы, царды бонтæ йын феста, уæд дзы цы хъуамæ бадома...

Афтæ, гъе! Фыдæй, сæрыхицауæй, хъæбулæй, æфсымæрæй сæ цард цы бæстæйы тыххæй рауæлдай кодтой, ныр уыцы бæстæйы сæ ахсджиагтæ хæрам зæрдæты хæрамы хъизæмарæй мæлынц, æмæ сæ сæрыл иу рахæцæг, иу сдзурæг нæй!..

***

– Ам дæ, Рези? – каудуары сæрты йæм чидæр ныллæг хъæлæсæй æрбадзырдта, æмæ йæ риссаг сагъæстæй фæиппæрд.

– Еуа куы дæ, – акаст æм æвæндонæй.

Нæ йын уыд æхсызгон йе ‘рбацыд. Йе ‘взаг мæрдтæм хуынкъ кæны, дыууæрдæм æвзæгтæ радав-бадав у, искæмæй исты дам-думаг хабар ракъахыны тыххæй ахсæны къæристæ дæр бахæрдзæн. Цæргæ хъæуæн йæ фаллаг кæрон кæны Ногъайты сыхы, фæлæ дзы хъæуæн йæ иу кæронæй иннæ кæронмæ ницы ирвæзы, йæ цуры уæлдай дзырд улæфгæ дæр скæн, уый йеддæмæ… къæхтæ æмæ йыл къухтæ басадзы, хъæуы иу кæронæй иннæмæ дæлфадихсыд бавæййы.

– Рахиз мидæмæ, – уыцы æвæндонæй йæм адзырдта.

Уый дуары фæлгæт цæджындзмæ иугæнæг телцæгъил схæцыд æмæ, дуар куыд хъавгæ бакодта, афтæ хъавгæ ‘рбацыд йæ цурмæ.

– Дæ бон хорз уа.

– Цас хорз бонтæ мыл цæуы, кæй цæст мын уарзы уыйбæрцтæ… Дæхи бон хорз уа! Цы хур, цы къæвда дæ ‘рбахаста, куыд нæм бауæндыдтæ нæ пъырыстыфтæй? – загъта æмæ иуварс абадт.

– Сæ бынысæфт нæм байхъуысæд – ныр хъæубæстыдзагæй уыдоны къæхты хъæрмæ кафдзыстæм, уæдмæ сæйæнт æмæ нæтæнт!..

«Кæрæдзи фæндиаг уæ иунæг Хуыцау куы фæкæнид» - ахъуыды кодта. Зыдта йæ, Еуа йæ удхæсджытæн сæ къæдзил у, ныр дæр та йæм уыдоны зондæй кæнæ ардыдæй æрбацыд, хаты йæ. Уый сæ фæдсафынæн æлгъиты, цыдæр ракъахынмæ дзы хъæвы, уæд сæ ‘лгъитгæ фæкæны, цыма йын адунейыл уыдонæй удхæссæгдæр æмæ æнæуынондæр адæм нæй, ахæм ныхæстæ йын фæкæны. Уыдонæй куы ацæуы, уæд æй алы хатт дæр фены, кауæмбæндты аууæтты сæм куыд смидæг вæййы.

– Бынсæфт фæуæнт дæ сидзæрты тæригъæдæй, уый сын мæ хуыздæр арфæ! – ахæм зæрдæбынæй сæ æлгъыста Еуа, æмæ Рези йæхиуыл фенæууæнк.

– Хыл фестут? – уыцы æнæцымыдисæй йæ афарста.

– Алæ, хыл йед, мæнæ дæуæн æвзæр кæй сты, уый тыххæй сæм кæсын знаджы цæстæй æмæ сын, куы бахъæуы, уæд сæ ных бакъуырын, æндæр мæнæн та цы хъом сты ардыгæй уырдæм.

Уæдмæ фæзындысты сывæллæттæ дæр. Чызджытæ уыцы хъæлдзæг уыдысты. Хъуыбадыйы агурынæй æрдæг фесты, мæгуыр. Ныр сæ

иунæг æфсымæр разынд, æвыдæй баззадысты, æмæ сын уый сæ иугъæдон мæстытæ дæр чысыл айрох кæнын кодта. Еуайы сæ мадимæ бадгæ кæй æрбайййæфтой, уый хъыг уыд уыдонæн дæр, фæлæ сыл ацы хатт уый уадиссаг нæ бандæвта.

– Ацæут мидæмæ, уæ нывонд фæуон, уæхи истæмæйты фæсайут, – сдзырдта сæм рæвдаугæ хъæлæсæй. Сывæллæттæ хæдзармæ куы бацыдысты, уæд йæхи фæтызмæг кодта Еуамæ.

– Еуа, æз никæмæй ницы домын, æмæ нæ бонкалд адæмимæ мæн тыххæй йæхи мачи знаг кæнæд. Мæ цуры сæ чи цасфæнды æлгъита, уæддæр никæуыл бауæнддзынæн, уымæн æмæ мын мæ сидзæрты кæй хæрынц æмæ æргæвдынц, уый тыххæй сын уайдзæф дæр никуыма ничи бакодта.

– Де 'гæрылæй, Рези, цæмæн афтæ дзурыс?.. Æмæ уæдæ айфыццаг Уалионы хингæнæгмæ адæмы чи æркæсын кодта Месторы афæдзы хисты. Куыйтæ дæр æй куы нал хордтой, куыйтæ!.. Науæд махон Джидтейæн йæ сæр лæдзæгæй ныххафт кæнынмæ куы æрхъавыд, ничи дын æй загъта?

– Порайæ зæгъыс?

– О, о, Порайæ, æндæр лæг ма мын зоныс?..

Ныр æм бынтон рафыхт йæ маст.

«Мæ куыдз фæлдыст мæгуыр лæджы сфæлдисæгæн, æндæра ахæмтæ хъуамæ мæн сайынмæ хъавиккой, ахæм сæмпæрчъитæм дæр дзырдхъом ма хъуамæ уаин…».

Æмæ та ныддур кодта йæхи.

– Цы хабар дæ 'рбахаста, Еуа, æнæхъуыддаг нæ уыдзынæ…

– Хъуыддаг мæ ницы уадиссаг уыдис, фæлæ… – æрбадт йæ фарсмæ сугсæттæн къуыдырыл.

– Айфыццаг дын мах Данелы тыххæй цы дзырдтон, уый ма дæ зæрдыл лæууы?

Фырадæргæй йæ хурхы уадындзтæ адымстысты, фæлæ ныр та къуырмайы æфсон скодта:

– Нæ, ахæмæй куы ницы лæууы мæ зæрдыл, æвæццæгæн мæ ферох, зæрдæ мын нал ис зæрдæ, Еуа.

– Куы дын дзырдтон, зæгъын, Данелы фырттæй ардæм цæрынмæ æрбаздæхинаг ничи у, æмæ катай кæны, йæ дзадджын къуымтæ æнæхицау кæй сты, ууыл.

– Ахæм цыдæр кæйттæ мын кодтай, о, фæлæ уый мæнмæ кæцæй хауы?..

– Куыд кæцæй, де 'гæрылæй, дæуыл æрæвæрдта йæ цæст, цалдæр хатты мын ской кодта, Доционы йеддæмæ, дам мæ рухсыбадинаг æфсины къуымты разилыны бар никæмæн ратдзынæн.

– Афтæ дын загъта? – Йæ маст йæ хъуыры ныццæхгæр, фæлæ уæддæр архайдта йæхи уромынил.

– Мæ мард фен, кæд мын цалдæр хатты не ской кодта.

Уыдис, æцæгæйдæр, се 'хсæн ахæм ныхас. Айразмæ йæм дæлæ цæхæрадоны кæронмæ ныццыд, уым ын ской кодта Данелы тыххæй. Фæлæ йæ уæддæр дзурын не суагъта. Куыд æй фæндыд æмæ йæм йæ зæрдæ куыд сдзырдта, афтæ нæ бакодта – алывыдтæ йын нæ акалдта æмæ йæ куыдзы тард нæ фæкодта. Хуыздæрыл банымадта къуырмайы 'фсон скæнын. Йæхи-иу æндæр цæуылдæртыл дзурæг скодта, цæмæй æгæр ма скарз уыдаид сæ ныхас. Зыдта йæ мæгуыры бон, йæ хуыцауы цæф, цард æй сахуыр кодта йæ цъаммардзинæдтыл дæр æмæ уыцы цъаммардзинæдтæй йæхи хъахъхъæнынил дæр. Уæд уайтагъддæр бамбæрста: ахæм исты, зæгъгæ, уæд та йыл истытæ мысдзысты, йæ хъæдгом зæрдæ та цæмæй сдуда, ахæм диссæгтæ та дзы радзурдзысты. Уæд ын Еуа цытæ фæдзырдта, уыдон йæ зæрдæмæ куы айстаид, къуырмайы 'фсон куы нæ скодтаид, уæд ын уыцы ныхæстæ йæхи номæй радзырдтаид Еуа, цыма йын йæхæдæг ской кодта Данелы тыххæй, цыма йæхи фæнды…

Уæд ноджы тынгдæр фæрыст йæ зæрдæ, Еуайы æнæсæрфатæй ахæм цыдæр фехъусгæйæ. Йæ 'намонд удæн йæ сæрыхицауы фæстæ уымæй зындæр ницы уыд. Фыццаг хатт æм бадзырдæуыд ахæм цыдæр, фыццаг хатт ын скойчындæуыд æндæр нæлгоймагмæ моймæ фæцæуыны тыххæй, æмæ йæ зæрдæйы рæбинагдæр тæгтæ фæцæйскъуыдысты. Уæды онг хъусгæ нæ, хъуыды дæр никуы акодта ахæм цæуылдæр, æмæ йæм ныр афтæ фæкаст, цыма, ахæм исты фехъусгæйæ, Уазно йæхæдæг дæр мæрдты дыккаг мард акæндзæн…

«Дæлæмæ æрхау, ме сфæлдисæг, уый дын мæ хуыздæр арфæ!.. Мæ мæгуыры уæлдай ма мыл Еуайы хуызæттæ сæ къæхтæ сæрфынмæ дæр куы æрхъавыдысты», – ныдзынæзта та йæ зæрдæ.

– Æмæ дæ ныр мæнмæ минæвар рарвыста, æви йæ фæнд конд у æмæ ма фæдсафæнтæ кæны?..

– Нæ, мæ хъæбултæ цæрой, йæхæдæг мын ацы бонты ахæмæй

ницыуал ской кодта…
– Уæдæ цæмæ фæзындтæ? – ныр æм йæхи æргом фæтызмæг кодта.
– Фæлæуу-ма, фæлæуу, æцæг ницыма фехъуыстай?.. – ныддис кодта Еуа.
– Цы ма у, чердыгæй та сæфын, мæ сидзæрты удхæсджытæ сæфты фæуой!..
– Данелы хистæр фырты, дам, æрцахстой…
– Чи йæ æрцахста, цæмæн æй æрцахстой?.. Стæй мæнмæ кæцæй хауы, кæй йæ æрцахстой, уый?.. Уый дæр та мæн аххос кæнынмæ хъавынц, чи дæ æрбарвыста, уыдон?
Еуа фæтыхст.
– Чи мæ 'рбарвыста?..
– Кæрæдзи сæфтмæ кæимæ хъуамæ фæцæуат, уыдон.
Уыцы ныхас хъыг уыд Еуайæн. Йæ хурхыуадынтæ адымстысты, фæлæ йæ нæ бафæндыд ныхас æргом хылмæ аздахын.
– Уæддæр?..
– Мæнæ та ацы тæккæ, ардыгæй ацæугæйæ, дæ фæндаг кæуыл акæндзынæ æмæ та нæ ныхæстæ уæлдайджынтæй кæмæн радаклад кæндзынæ, уыдон...
– Алæ, уанцон нæу, цытæ мын дзурыс уый, гормон макуы фæуай… Дедтæ сæм, дæ уды рæстдзинад сын цæмæй бауырнын кæнон, уый тыххæй бауайын иуæй-иу хатт, уый æндæра сæ мæ хъуырыл æгънæгæн куы нæ хуыйын, мыййаг...
– Цы дæ хъæуы мæнæй, Еуа, цæмæн æрбацыдтæ? – хынцфарст æй кодта.
– Данелы фырты дæу тыххæй æрцахстой…
Йæ уæнгтæ ихæнрызт скодтой.
– Мæн тыххæй?.. – фыр диссагæй йæ цæстытæ айвæзтысты.
– О, дæу тыххæй, – загъта йын Еуа æмæ йæм ноджы хæстæгдæр бабадт. – Айфыццаг Джидтеты уæныг нæ фесæфт?..
– Фесæфт, æмæ цы, чи ма йын ис, уыдон та йæ хисты кæндты æргæвст æрцæуæнт, мæнæн æй цæмæн дзурыс?..
– Цæмæн куы зæгъай, уæд Данелы фырты уый тыххæй æрцахстой, уый аххос æй кæнынц. Сала, дам ыл бахаста хъаст. Айфыццаг кæйдæрты куы фæхуыдтой, сæ бурæфцæг роды сын куы аргæвстой, хъуыды йæ кæныс?
– Æмæ?..

– Уыдон, дам, милицийы кусджытæ уыдысты. Чидæр, дам, сын мæнг æвдисæн дæр ныллæууыд, цыма федта, Данелы хистæр фырт Джидтеты уæнгуыты хъæды фæндагыл бæндæнбастæй куыд фæцæйкодта, уый. Фæлæ чи у уыцы æвдисæн, уый нæма хъæр кæнынц.
– Уæдæ ма йæ мæн тыххæй та чердæм æрцахстой? – бынтондæр ныссуйтæ ис йæ фæллад зонд.
– Ахсын æй дæу тыххæй æркæнын кодтой. Куы дын зæгъын, уæныджы давд ыл мысгæ æркодтой. Мæ зæрдæйæ уый ам дæр нæ уыд, уыдонæн сæ уæныг куы фесæфт, уыцы бонты.
Ныр бынтондæр ныссуйтæ сты йæ хъуыдытæ, ницыуал æмбæрста Еуайы ныхæстæн æмæ йæм дзургæ ницыуал кодта, æрмæст æм джихæй каст. Еуа йæхæдæг дзырдта дарддæр:
– Дæу тыххæй йæ кæй æрцахсын кодтой, уый та уымæй бæрæг у, æмæ Данелмæ минæвар сæрвыстой…
– Цы дам?..
– Сæ хъустыл дамтæй куы æруад, Данел дыл кæй сдзырдта, уый, уæд сæ цинæн кæрон нал уыд. Фæлæ стæй хъуыддаг куы ныссабыр, уæд старстысты, куы ницыуал дзы рауайа, уымæй æмæ йæ ахæм хуызы сног кодтой… Кæд, дам, нæ уыцы… фервæзын кæндзынæ, ома, дæу æмæ дæ сывæллæттæй, кæд, дам, æй æд сывæллæттæ акæндзынæ, уæд, дам нæ хъаст фæстæмæ рахæсдзыстæм, кæннод ма, дам дын дæ фыртыл ноджы истытæ сæвæрдзыстæм, æмæ, дам æй дæ цæргæйæ дæ цæстæй никуыыуал фендзынæ, ахæстонæй, дам дын нал рахиздзæн…
Арв ыл уыцы уæззау æмæ æрхæндæгæй æркалд, дуне йыл уыцы иугъæдон æнæзæрдæмæдзæугæ куыдæй ныккуыдта!..
Афтæмæй та…
Еуайæ цы фехъуыста, ахæм æбуалгъ исты фехъусынмæ рагæй цæттæ кодта йæхи. Сæхи зондæй æви сæ лæгты ардыдæй – уый никуы рахатыд, фæлæ-иу æм райдианы, цалынмæ йæм æргом не сфыдæх сты, уæдмæ йæ файнустытæ се 'взаг арæх фелвæстой. Дзургæ дæр-иу сæм нæ кодта къуыригæйтты, фæлæ-иу æм сæхæдæг тыхдзурæг скодтой сæхи. Хъуамæ-иу ын исты 'фсон скæйттæ кодтаиккой, чындзы фæцæуын æй кæй хъæуы, уый тыххæй. Иухатт ын Дрианы цъаммар, къодийæ дон куы æвгæдта, уæд æнæфсарм æвнæлдæй йæ сины сæртыл дæр æрхæцыд:

– Адон ӕвгъау не сты, бавналӕг къухмӕ ӕнхъӕлмӕ кӕсгӕйӕ, ӕмпылынӕн…

– Дӕ цӕсгом дыл бампылӕд, – йӕхи йӕм фӕгӕмӕл кодта.

– Ой, цӕй, моладзандоны бадӕг ма скӕн дӕхи, – йӕ былтӕ йыл акъуырдта йӕ файнуст. – Дӕ царды ӕнцойдзинадыл дӕр ахъуыды кӕн…

– Ме 'нӕнцой царды мӕтӕй уыл ӕхсӕв хуыссӕг уымӕн нӕ хӕцы, быдурзылд фӕуат! – алывыдтӕ йын фӕкалдта.

Уӕдӕй фӕстӕмӕ йӕм ахӕм цыдӕртӕ бадзурын ӕргомӕй никуыуал бауӕндыдысты, фӕлӕ-иу ахӕм кӕйттӕ хъуамӕ хъӕубӕстӕй искӕйты цур скодтаиккой, цӕмӕй йӕм сӕ фӕхӕццӕ кӕной. Зыдта йӕ мӕгуыры дудгӕбон, афтӕ ӕнцӕнтты сӕ нӕ аирвӕздзӕн… Фӕлӕ уый тыххӕй искӕй бынтон рӕстӕй ахӕстоны сбадын кӕндзысты, ууыл ахъуыды кӕнын йӕ фӕсонӕрхӕгмӕ дӕр никуы ӕрцыдаид, фӕлӕ йӕ зыдта, абон уа ӕви сом – йӕ идӕдзы увӕрӕй йын спайда кӕндзысты, сӕ лыскъ удты хӕрам ыл ахӕм хуызы дӕр ныллӕмардзысты. Мысгӕ йыл ницыма ӕркодтой – табу Хуыцауӕн, дыккаг хатт чындзы фӕцӕуын идӕдз усӕн стыр худинагыл нымад рагӕй нал у, фӕлӕ сылгоймагӕй ахӕм исты куы айхъуыса, уӕлдайдӕр ӕнӕлӕг сылгоймагӕй, уӕд дурты ӕмӕ къӕдзӕхты дӕр ницыуал бауромдзӕн, дам-думты зӕй йыл рауадздзысты. Йӕ удыхай ӕмӕ йӕ сӕйраджы хъӕбулы уӕзӕг ӕнӕхицауӕй ныууадза ӕмӕ хӕдзарыдзаг сидзӕртимӕ искӕй лӕджы фӕдыл цӕрынмӕ фӕцӕуа, ууыл ӕй ахъуыды кӕнын дӕр никуы бафӕндыд, фӕлӕ…

Ӕмбӕрста уый дӕр: хъӕддых сӕм куы фӕлӕууа ӕмӕ Данелӕн ком куы нӕ радта, уӕддӕр дзы спайда кӕндзысты ӕндӕр хуызы. Уӕд та атауыс кӕндзысты: кӕимӕдӕр кӕнӕ кӕимӕдӕрты хӕтыд, ӕмӕ йын Данел йӕ хабӕрттӕ куы базыдта, уӕд йе 'мгӕрӕтты дӕр нал ауад…

– Рези, ӕвӕдза дӕ сусӕг хъуыдыты ӕгӕр аныгъуылдтӕ… – хинӕйдзаг худт кодта Еуа. Фӕлӕ йӕ уый нӕ фехъуыста, йӕ хинӕйдзаг мидбылхудт дӕр ын нӕ федта – ӕгӕр арф та ныккаст йӕ дудгӕбетты ӕнӕзӕрдӕхцон ӕвӕрӕнтӕм. Абонӕй йын куы уаиккой, ахӕм цӕмӕйдӕр ын ӕрмӕст абон куы бацагайдтаиккой йӕ рыст зӕрдӕ, уӕд ыл, чи зоны, ныхъхъӕцыдаид, фӕлӕ йын ӕгӕр бирӕ хъыцъыдӕттӕ фӕдардтой, ӕгӕр рӕсыд сӕ у йӕ зӕрдӕ. Иу хатт та йыл

Уасоты сӕрхъӕн ӕмӕ къӕзӕнӕг лӕппуйы, ӕрдзӕй уӕдӕгонд чи рахаста, уыцы Дзусы сардыдтой. Йӕ цъаммар файнустытӕ. Резийы зӕрдӕмӕ, дам, цӕуыс, фыны, дам дӕ куыд фӕуыны, уыдӕттӕ, дам нын фӕдзуры.

Дзус, дам, фыр амондджынӕй йӕ мидбынаты скафыд.

– Уӕ-уӕ-уӕӕӕ-дӕ мын куыыынникуы ны-нып-пъапъатӕ кодта?..

Уый та, дам, куыд, ирон сылгоймаг, дам, нӕу – ардыдтой ӕнамонд лӕппуйы…

Йӕхӕдӕг цы хъуамӕ зыдтаид уыдӕттӕн, уый фӕстӕ йын сӕ уӕртӕ Санеты чындз рахабар кодта бӕстонӕй… Уӕды онг ахӕмтӕй йӕ фӕсонӕрхӕджы дӕр ницы уыд, ӕндӕра дзы йӕхи хызтаид. Уый та йӕм хъавыд. Дзус. Хъавыд ӕм ахӕм бынаты йыл рахӕст уӕвынмӕ, адӕмы цӕстӕй иппӕрд куыд уыдаид – йӕ къуымых зонд уыйбӕрцтӕ карста. Ӕмӕ дын ӕй иу изӕрыгон хъӕуы бын кӕрзыты къохы къахвӕндагыл куы ӕрсурид. Сӕ роды агурӕг ацыд ӕмӕ агургӕ суанг кӕрзджынмӕ ныххӕццӕ. Уый та, ӕвӕццӕгӕн, йӕ фӕдыл зылд аивӕй ӕмӕ йыл ныр уым хъӕды къуырфы йӕхи уыцы зыдӕй ныццавта.

– Ре-рези-и, куы-ыы-ыыдни-икуы м-мын зза-загъта-аай, уааарзыыыс мӕӕӕ, ууыыый?

Йӕ фыр диссагӕй бандзыгау, сулӕфыны фадат дӕр ӕй нал фӕцис. Уый та йӕм ӕгӕр ӕмбуар лӕуд фӕци… Йӕ царды иу хатт дӕр сылгоймаджы буары ад чи никуы банкъардта, стӕй йӕ зонды рохтӕ йӕ коммӕ кӕмӕн нӕ кастысты, уыцы нӕлгоймаг куыннӕ хъуамӕ сызнӕт уыдаид, сылгоймагимӕ ӕмбуар лӕугӕйӕ, ӕмӕ фыр знӕтӕй йӕ комы финк акалд. Сылгоймаг, мӕгуыр, цалынмӕ ахӕм ӕнӕнхъӕлӕджы хабарӕй йе 'муд ӕрцӕуыныл архайдта, уӕдмӕ йӕм уый зыдӕй фӕлӕбурдта ӕмӕ йын уыцы знӕтӕй ӕвналын райдыдта йӕ буары ӕфсӕрмыйагдӕр бынӕттӕм. Фӕтарст, куыннӕ дзы хъуамӕ фӕтарстаид!.. Ӕмӕ йын уыцы тас судзаггаджы худинаджы азаримӕ ӕмхӕццӕйӕ фӕдывӕр кодта йӕ уӕнгты хъару – йӕ тых, йӕ бонӕй ӕнамонд лӕппуйы ахӕм схуыст акодта, ӕмӕ уый дыууӕ бӕласы 'хсӕн ныффидар…

Уый раджы уыд, бирӕ хӕттыты-иу ӕрбалӕууыд йӕ зӕрдыл, фӕлӕ-иу йӕхи ӕндӕр хъуыдытыл фӕкодта, уӕддӕр ма дзы тарст тӕссаг фынау. Ныр та ногӕй ӕрлӕууыд, бӕлвырддӕр зӕгъгӕйӕ,

ногæй та йын æй æрлæууын кодтой йæ зæрдыл, æмæ йæ рыст уды фыдæх фемæхст йæ риуы арфæй:

– Быңдурзылд фæут иууылдæр мæ мæгуыр уды тæригъæдæй!.. – скуыдта æмæ зæрдæбынæй ныуунæргъыдта. Стæй лæбурæгау бауырдыг Еуамæ. – Ацу уæхимæ, Еуа, ныууадз мæ мæ мæгуырыл. Ацу! Дæу æмæ дæ хуызæтты мæнил чи ардауы, уыдонимæ кæрæдзимæ кæуынмæ фæцæут. Æрмæст мæн ныууадзут мæ мæгуырыл! Куы никæй уæ ницæмæй хъыгдарын, уæд мæ цæмæн хъыгдарут, хъыгдард фæуат Хæстæг дзуарæй!..

Еуа тæргайæ ацыд. Йæ фæдыл дæр ма цыдæр мæсты ныхæстæ скодта, стæй йæхæдæг дæр, йæ кæуындзæг тыхныхъуырд кæнгæйæ, йæхи айста сæ цæхæрадоны 'рдæм. Нæ йæ бафæндыд, Еуаимæ се 'хсæн цы ныхас рауад, уымæн сывæллæттæ исты базоной æмæ та уыдæттæй дæр сæ зæрдæтæ фæриссой, уый. Æмæ цæхæрадоны нартхæртты æхсæн бадгæйæ, парахатæй ныллæмæрста йæ рыст зæрдæйы судзæгтæ. Уым дзæбæх фæкуыдта йæ уды фæндиаг, сугъта та йæ зæрдæйы тыппыртæ.

***

Райсомы сатæг уддзæф уыцы æхцон хъыдзыгæнаг узæлдимæ лæдæрст адæймаджы уæнгтыл, фæлæ та Хъуыбадыйæн йæ фыдыфсымæртæ фенад кодтой уыцы райсом дæр. Сæ иунæг хъуг æмæ æртæ фысы кæрты дуарæй куыд рахизын кодта, афтæ йыл Джидте се скъæты цурæй дуртæ нызгъæлста.

– У, æвзæр дзæгъæлзад цыдæр, хъуамæ мæрдтæм мæ къухæй бацæуай, хъуамæ иууылдæр мæ къухæй æрцæуат бынысхъуыд, иу дæр уæ мауал баззайа!

Ахуыр уыд ахæмтыл, хъуамæ йæ уадиссаг мацæмæуал æрдардтаид, фæлæ йæ чысыл зæрдæ цæмæдæр фæкъæпп кодта:

«Чи зоны исты, фæхатыдысты, чи зоны, исты базыдтой, гыцци сæ хæдзарыдзагæй басудзыны фæнд кæй скодта, уый тыххæй…»

Хъуг æмæ фысты тагъд-тагъд аздæхта хъугомы 'рдæм, Джидте йыл кæй æхста, уыцы дуртæй йæхи хъахъхъæнгæ, æмæ, цæхæрадæттæй куы ахызт, уæд хъæугæрон къутæрты 'хсæн нынныгъуылд. Уырдæм дæр æм хъуыстысты Джидтейы карз æлгъыстытæ, фæлæ уый цæмæй фæтарст, ахæмæй дзы ницыма фехъуыста. Цыдæр кæрдойы кой кодта, цыдæр кæрдо бæласы тыххæй йæ æлгъыста, хæдзарыдзагæй сын мард, дзуар нал уагъта. Уымæй иучысыл æрцыд йе 'муд, фæлæ йæ æмбæрста, цыдæр та йыл æрымысыдысты, цыдæр æфсон та сæ фæцис, цæмæй та сæ хæдзарыдзагæй уынгмæ ракæсын мауал бауадзой.

Уæдмæ Джидтейы æлгъыстыты æхсæнмæ-æхсæнты йæ хъустыл ауад йæ ус Догкайы цъах-цъах дæр. Догкайæ та фæсте нæ фæлæууыд Дриан дæр, æмæ уæд дыууæ къухæй ныххæцыд йæ хъустыл. Нал æй фæндыд, кæуыл сахуыр, фæлæ йæ бон бысхсын кæмæн нал уыд, уыцы карз æлгъыстытæм хъусын æмæ йæхи айста фæсхъугомы 'рдæм.

Суанг талынггæрæттæм нал бæуæндыд хъæмæ, хъуг æмæ фысты хъæуы кæроны онг баскъæрдта, йæхæдæг дæрдты азылд æмæ хъæуы дæллаг кæрон цæхæрадæттыл схъуызыд хæдзармæ. Тæрсгæ сæ нæ кодта, мыййаг, лидзгæ сæ уæддæр акæндзæн, сæ басудзинаг хæдзары та ахæм змæлæг нæй, згъорынæй йæ чи аййафа. Бафæллад сæ йæ чысыл зæрдæ, сфæлмæцыд сæ æмæ сын уæлдай хатт сæ хъæлæс ма фехъуса, уый тыххæй арвы кæрæтты дæр æрзилдзæн, æрмæст æй ма фенæнт æмæ та бæсты цъармæ дæндагæй ма бавналæнт...

Мардæрцыды хуызæнæй баййæфта йæ мад æмæ йæ хоты… Мадæй, чызгæй сæ цæсты бынтæ нал сур кодтой; мад-иу йæ удхæсджыты дæр æмæ йæ рафæлдисæджы дæр куы ралгъыста, уæд та-иу чызджытæ дæр ногæй хæкъуырццæй ныккуыдтой.

– Цы фыдбылызтæ та сæ ацардыдтой дæ мæгуыр удыл, мæгуыры бон сæ баййафа мах тæригъæдæй, – бафарста йæ мад, йæ цæссыгтæ сæрфгæ.

– Ницы зонын мæ сæрæн, гыцци, цыдæр кæрдойы кой кодта… – йæ сæр бынмæ æруагъта лæппу.

– Æз сæм хъуыстон, – ныхасы йæхи фæхæццæ кодта Цыкка. –Мусы цур сын цы сæрдыгон кæрдо ис, уымæн, дам йæ зæнджы цъар къалиутæй уидæгты онг æрыстъыгъта.

– Æмæ æз сæ мусы цур фаронæй нырмæ мæ къах дæр куы никуы æрæвæрдтон, – Хъуыбады уыцы уæзбынæй сдзырдта æмæ та зæронд лæгау къæхтыбынæй ныуулæфыд.

– Уæд де 'намонд мады уд схауæд, хъæбул, æцæг дзы ницы ис дæу аххос? – мад æм уыцы тæригъæддагæй бакъултæ кодта йæхи.

– Цæмæй кæнæ дын кæмæй расомы кæнон, гыцци? – йæ цæстытæ донæй айдзаг сты, æмæ мад дæр ницыуал сдзырдта.

Дыууæ боны нæ банцадысты се ‘лгъитын æмæ сæ тардзæгъдæнæй. Хъуг æмæ-иу фысты сæхи бар ауагътой суанг кæрты цурæй, стæй-иу Хъуыбады сæ фæстæ хъуызæгау акодта, цæмæй сæ сæрвæтмæ фæхæццæ кæна, цæмæй фæстæмæ ма раздæхой æмæ сæ цæхæрадонмæ æвваххс ма бацæуой, цæмæй та сæ уæлдай æфсон ма фæуа…

Æртыккаг райсом дæр – афтæ… Фæлæ Джидте ацы хатт фæразæй, фос скъæтæй куы рауагъта æмæ сæ цæхæрадæттæй куы ахизын кодта, уæд та сау халонау мусы чъилыл сбадт, æмæ йæм кæд æвваххс ничи уыд, никæй дæр уынгæ кодта, уæддæр та райдыдта сылгоймагау æлгъитын. Хъуыбадыйæн сæрвæтмæ аирвæзын нал бантыст æмæ къутæрты æхсæн бадгæйæ баззад. Æвваххс æм уыд, фæлæ йæ Джидте нæ уыдта. Уæддæр сæ ‘лгъыста, æлгъыста сæ хæдзарыдзагæй, сæ хæдзары 'рдæм йæ лæдзæг тылдта, афтæмæй сæ ‘лгъыста. Уый йæм хъуыста æгомыгæй æмæ йæ цæссыгтæ йæ рустыл лæдæрстысты. Куыдта, уыцы тæккæ дæр йæ бон кæуын йеддæмæ кæй ницы уыд, ууыл...

Раст уыцы рæстæджы Доме, дæлæсыхаг Доме дæр йæ фос сæрвæтмæ рацæйскъæрдта, æмæ Джидтейы цурмæ куы схæццæ, уæд æрлæууыд. Йæ лæдзæгыл æрæнцой кæнгæйæ, иудзæвгар зæххмæ фæкаст, стæй æрæджиау ныллæг хъæлæсæй афтæ бакодта:

– Джидте, ныр дæм дыууæ боны хъусын, æмæ мæ зæрдæ мæхиуыл бæргæ худы, фæлæ дæм хæйрæг бауæндæд… Искæй æнæ аххосæй куыд æлгъитынц æмæ æфхæрынц, уымæ хъусгæйæ дзыхыл хæцын та тугтæригъæд у, æмæ… Уыцы мæгуыр сывæллон ницыгæнæг у, æмæ йæ карз æлгъыст мауал кæн, дæ хорзæхæй…Мæ бирæгъты холыфæуинаг бæх дын æрыстъыгъта дæ кæрдойы зæнг, æмæ рæстæй мауал æлгъит кæйдæр сидзæр сывæллоны…

Домейы ныхæстæй цыма алы дзырд дæр ныхъуыргæ кодта, цыма йæ удыл царвау тадысты, уыйау йæ чысыл зæрдæ уыцы знæтæй схæлбурцъ кодта æмæ йæ бафæндыд: йе ‘мбæхсæнæй рахиза æмæ йæ хъуырыл ацауындзæг уа. Домейæн… Йæхиуыл куы схæцыд, уæд къутæры ауæтты аивæй скаст Джидтейы 'рдæм. Уый йе ‘лхынцъ æрфгуыты бынты уыцы мæстыйæ каст Домемæ, цыма йæ цыфыддæр знаг уыд – фæцæй йæ хордта йæ хъуынтъыз æнгасæй.

– Цы дын зæгъон, уый зоныс?.. Дæ фæндагыл куы ацæу ис æнæфыдбылызæй æмæ дæхи Хуыцауы бар куы æруадзис, уæд мæм хуыздæр кæсы… Мæ кæрдойы зæнг мын дæ бæх кæй бахсыдта, уый

æз дæр зонын, мæхæдæг æй федтон, фæлæ дæ ничи дзурæг кæны – дæ дзыхыл хæц æмæ дæ къæбæр æнæмастæй хæрай…

Лæппу йæ хъустыл нæ бауæндыд. Йæ фыдыфсымæр цъаммар кæй у, ууыл дызæрдыг никуы кодта, фæлæ йæ цъаммардзинад искæй цур афтæ æдзæсгомæй раргом кæна æмæ сырх дæр ма фæуа, уый йæм уæддæр диссаг фæкаст, æмæ йæхиуыл дæр æмæ йæ хъустыл дæр æнæуууæнчытæ кодта.

– Де ‘гæрылæй, Джидте, æппын Хуыцауы фыдæхæй дæр нæ тæрсыс?.. Сидзæр куы у, сæ тæригъæдæй зæхх скъуыдтæ куы кæны… – йæхиуыл дзуæрттæ бафтыдта Доме.

Джидте йыл мæстæймарæгау худт.

– Дæ фæндагыл æнæмастæй ацу дын зæгъын æмæ мæ мауал дзурын кæн. Æз зонын, кæмæн цы хъæуы, уый дæр æмæ, Хуыцау ме ‘вварс кæй у, уый дæр.

Ныр бауæндыд йæ хъустыл дæр æмæ йæхиуыл дæр. Дунейы хуызтæ æмæ йыл царды уынæртæ уыцы æмхуызонæй скуыдтой, фæлæ йæхæдæг кæугæ нал скодта – цыма саби нал у, цыма уысммæ алæг, кæуын кæуыл нал æмбæлы, ахæм лæг аци æмæ йæ хатгæ дæр нæ ракодта, къутæрты ‘хсæнæй куыд расæррæтт кодта æмæ уысммæ Джидтейы раз куыд алæууыд:

– Куыдз, æвзæр куыдз цыдæр! – ныхъхъæр ыл кодта йæ хъæлæсы дзаг. – Уæдæ йæ зыдтай, æз ницы аххосджын дæн æмæ нæ цалдæр боны хæдзарыдзагæй æддæмæ ракæсын афтæмæй нæ уагътай?!

Джидте дзы уый æнхъæл кæцæй хъуамæ уыдаид æмæ йæм джихæй кæсгæйæ баззад.

– Куыдз, æвзæр куыдз дæ ды, иууылдæр куыйтæ стут, иууылдæр цæгъдинаг æмæ басудзинаг стут! – хъæр ыл кодта, йæ хъæлæс æй цастæ амыдта, уыйбæрц хъæрæй, фæлæ куыдфæстагмæ хатын райдыдта, йæ хъуыр ын кæуындзæг кæй æхгæны, чысыл ма, æмæ бынтондæр æрбахгæндзысты йæ хурхы уадындзтæ...

Джидте фыр диссагæй бандзыгау, йæхимæ нал æмæ нал цыд, куыд бадт, афтæ бадгæйæ баззад. Фæлæ, уыйхыгъæд, иннæтæй чидæриддæр хæдзары разынд, уыдон Хъуыбадыйы хъæрмæ æзфæраздæронæй рафсад кодтой, цæвæнгарзы охыл сæ кæмæн цы йæ къухы бафтыд, уый раскъæфта æмæ сын ахæм хуыз уыд, цыма Хъарсы фидар басæттынмæ рабырстой. Куыд æм æвваххс кодтой, афтæ йæм хъæрдæрæй хъуысын райдыдта йæ мад æмæ йæ хоты кæуын

дæр, æмæ уæд бамбæрста, ацы хатт дзы æнæ стыр фыдбылызæй аирвæзæн кæй нал ис. Уымæй ноджы тынгдæр бауынгæг йæ зæрдæ æмæ, цæссыгкалгæ, лыгъд радта Хъугомы 'рдæм.

Уæдмæ Джидте дæр йе 'муд æрцыд:

– Кæд мæ къухæй сау сыджытмæ нæ бацæуай, куыдзæй гуырд, уæд ам лæппу ма уæд!..

Бирæ фæкуыдта Хъугомы кæрон зæронд кæрдо бæласы бын зæххыл дæлгоммæ хуысгæйæ дæр, фæлæ кæугæ-кæуын хатыд, ацы хатт æрмæст йæ уды рыстæй кæй нæ кæуы, цыдæр стыр ивдзинад кæй æрцыд йæ царды дæр æмæ йæ удысконды дæр. Æмæ куыдфæстагмæ банцад йæ кæуынæй. Рабадт æмæ, зæронд лæгау йæ сæр йæ дыууæ армы тъæпæны æхсæн бакæнгæйæ, лæмбынæг ныхъхъуыды кодта бирæ цæуылдæртыл. Нæ, зоны саби-лæппу нал у… Нырæй фæстæмæ сæм йæхи æндæрхуызон кæй дардзæн, уый йæ уырнын райдыдта. Цалдæр боны размæ дæр ма тæргæ бæхыл йæхи марыны фæндагыл кæй тыххæй фæцыд, уыдоны ныхмæ æрлæууыд абон йæхæдæг. Раст бакодта æви стыр рæдыд æруагъта, уыл нæ хъуыды кодта ныртæккæ. Кæй йæ ничи бамбардзæн, кæй йæ ничи сраст кæндзæн, уый та йæ куыннæ уырныдта – хистæрмæ фæстæмæ сдзурын растыл никуыма ничи банымадта. Фæлæ йæ уый уадиссаг не 'ндæвта ныртæккæ. Цы 'рцыд, ууыл уыдысты йæ хъуыдытæ æрмæстдæр. Ныры онг сæм йæ ныфс ныхмæ фæлæууын кæй никуы бахаста, уый йæ сабион æнæхъаруйыл дзурæг уыд, æви йæ 'ндæр исты тых урæдта æмæ йын ныр уыцы цавæрдæр тых йæ къухты баст уадзгæ скодта?..

Æвæццæгæн, йæ лæджы ранмæ цæуын райдыдта…

Æви йын цавæрдæр æнæуынгæ тых æххуыс кæны, уый йын амоны царды сусæгтæ?.. Афон ын цæмæнты нæма у, уыдæттыл хъуыды кæнын дæр дзы уыцы æнæуынгæ тых домы… Уæдæ уый циу?.. Йæхи дæр æмæ йын йæ карæнты дæр цъæхæй рæгъæд куы хонынц, уæд ын нырма цафон у, цæмæн æм æрхауд, стыр лæгты зонд дæр кæй рафæлгъауынил нæ фæтых уыдзæн, ахæм цæуылдæртыл хъуыды кæныны хæс?.. Йæхи марынмæ чи ацыд, уый фæтарст арсæй, кæд ын ахæм мæлæт кадджындæрыл нымад æрцыдаид, уæддæр… Йæ мад хъуамæ се знæгтыл арт бафтыдтаид… Ахæм фæндмæ æрцæуыны хъару дæр æм разынд, æмæ уыцы фæнд сæххæст кæныны хъару дæр, фæлæ… Спичкæ не ссардта, æмæ се знæгтæ цъыбыртты сыгъд нæ баисты… Æрмæстдæр уымæн, æмæ йæ мад спичкæ кæй не ссардта!..

Ахæм цæуылдæрты кæй хъуыды кæны цъæхæй рæгъæды кары, уый, кæй фæлæг кæны, ууыл дзурæг нæу, уæдæ цы у?..

Æви цалдæр боны размæ арсæй кæй фæтарст æмæ йæхи амарыны фæнд кæй аивта, уый йæм хардзау нырма абон æркаст, æмæ йæхи раст кодта йæ сабион намысы раз, уымæн æм разынд Джидтейæн цæстæй-цæстмæ алывыдтæ акалыны ныфс?.. Чи зоны… Фæлæ иугæр афтæ рауад, иугæр адæмыл къахджын-къухджынтæй айхъуысдзæн абоны æрцæугæ хабар, уæд хъуамæ афтæ уа нырæй фæстæмæ дæр. Нырæй фæстæмæ дæр сын макуыуал хъуамæ ныббара сæ хæрам митæ. Цал хатты йын рæстæй æфхæрой йæ мады дæр, йæхи дæр æмæ йæ хоты дæр, уал хатты сæм хъуамæ æргом тохмæ рацæуа, абон Джидтейы раз куыд æргом æмæ уæндонæй æрлæууыд, афтæ. Афтæ куы нæ уа, уæд куыд уайы – йæ фыдыфсымæртæ сæхæдæг дæр æмæ хъæубæстæ дæр загъдзысты: кæсут, ныры онг цæуылнæ искуы сдзырдта сæ ныхмæ, кæд-иу раст уыдис, уæд?.. Сæ разы уыцы иунæг хатт уыд раст, уыцы иу хатт æй рæстæй бафхæрдтой, æмæ сын нæ ныббæрста… Æмæ, цæмæй афтæ ма дзурой, уый тыххæй сын нырæй фæстæмæ дæр макуыуал хъуамæ ныббара!

О, фæлæ йæм уыйбæрц хъару разындзæн? Цал хатты бафæраздзæн хæдзарыдзаг бирæгъты ныхмæ æрлæууын?..

Хъуамæ та ногæй бамæгуыртæ уыдаид йæ чысыл зæрдæ, фæлæ уæддæр йæхи фæфидар кодта: æмæ дзы цы сафы?.. Сæ ныхмæ лæууа æви ма лæууа, уæддæр ын афтæ кæндзысты, æмæ ма цы хъæуджыдæр у – стыр лæгты загъдау, лæг цал мæлæты дары Хуыцауæй! Уæддæр сын се сæфтмæ бæллынц æмæ куыдфæндыйæ дæр архайдзысты сæ фесафыныл, сæ ныхмæ æрлæууæг куы уа, уæддæр…

Уыцы бон дæр та йыл Хъугомы кæрон бадгæйæ баизæр. Хæдзармæ бацæуынæй сæ ныр уадиссаг тас кæй нал у, уый йæ бауырныдта, уымæн æмæ фидарæй скарста, кæй сын нал ныббардзæн, уый, фæлæ йæ куы феной, уæд та йæ фыдæлгъыст кæндзысты, нырмæйæ фыдæлгъыстдæр, æмæ сын ныббара æви ма ныббара, цы хъæуджыдæр у – афтæ уа æви уфтæ, уæддæр та йæ мады зæрдæ фæрисдзæн… Æмæ, цалынмæ дзæбæх æрталынгтæ, уæдмæ нал бацыд хæдзармæ. Йæ мад æй фарста цæмæйдæрты, цæссыгкалгæ йæ фæдзæхста, цæмæй афтæ макуыуал бакæна, уæлдай хатт сæ макуыуал сфыдæх кæна йæхимæ, фæлæ йын ницы загъта, цæмæйдæрты

йе ‘ххормаг ахсæн фæсайдта, стæй йæ мадæн фæлладæфсон скодта æмæ схуыссыд.

Æмæ йыл æцæгдæр æртæфст йæ боны фæллад, æмæ уайтагъд афынæй. Бафынæй, фæлæ фынæгъдауæй дæр йæ цæстытыл уадысты боны хабæрттæ: цыма йæ Джидте иу стыр хъилимæ расур-басур кодта Хъугомы, Джидтейы фæстæ уадысты Сала æмæ Къарго, уыдоны фæстæ та тахт дæлæсыхаг Доме æмæ сын лæгъстæ кодта, цæмæй йæ ныууадзой йæ адыл. Фыны йæ сурхид калд, куы-иу йæ иу фарсыл æрзылд, куы – иннæйыл, фæлæ йын нал æмæ нал æнтыст райхъал уа, уый. Куы райхъал, уæд фыццаг цы бамбæрста, уый: йæхигъæдæй нæ райхъал, чидæр ын уыгъта йе уæхск, чидæр ын ивæзта йæ гом цонг. Æмæ рабадт йæ уаты.

Кæд æй райхъал кодта Цыкка… Йæ сынтæджы раз дзуццæджы бадт.

– Цы кæныс, Цыкка, цæуылнæ фынæй кæныс? – афарста йæ, йæ цæстытæ æууæрдгæ, фæлæ уайтагъд бамбæрста, цыдæр та базыдта ацы хины хæйрæг, йе знæгты сусæг фæндтæ фыццаг уый базоны...

– Хъусыс, – йæ хъусы йын басыбар-сыбур кодта Цыкка. – Фæтарстæн, зæгъын, райсом куы бафынæй уон æмæ мын æнæ фæдзæхстæй куы аирвæзай, уымæн дæ райхъал кодтон. Гыцци исты базона, уый мæ нæ фæнды, кæудзæн та…

– Цæмæн кæудзæн, цæмæй мæ хъуамæ бафæдзæхсай?

– Райсомæй Джидтеимæ куы фæхыл дæ, уый фæстæ фæсхæдзар дæ кой кодтой. Кæдæмдæр дæ хъуамæ акæнын кæной, фæлæ кæдæм, уый нæ фехъуыстон. Цы буррихи милицанер сæм вæййы, уый кой дæр кодтой, стæй Сала йæ бæрæгбоны дарæс скодта æмæ ам дæлæмæ цъала-цъала афардæг, мæнмæ гæсгæ, цыма горæтмæ ацыд, ахæм хуыз ын уыд.

– Ацыд æмæ цы? Ацу бафынæй кæн, – барджын бустæ йыл скодта. Цыкка дзы хистæр у, фæлæ уый та… Сæ хæдзары иунæг лæгбындар у, сæ мад хæдзары хистæрыл уый нымайы, æмæ барджын уыд йæ хистæр хотæй алкæуыл дæр.

– Омæ, хорз, æрмæст дæхи хъахъхъæн. Гыццийæн мацы зæгъ, – Цыкка ма йын тагъд-тагъд асыбар-сыбур кодта йæ хъусы æмæ йæ уаты смидæг.

Райсомæй сæ хъуг æмæ фысты куы атардта, уæд, сæ фæдыл цæугæйæ дæр, хъуыды кодта Цыккайы ныхæстыл. Æвыдæй йæ

кæй нæ ныууадздзысты, Джидтемæ афтæ кæй нынныхмæ, уый йын кæй нæ ныббардзысты, уый та куыннæ æмбæрста, фæлæ йын дысон Цыкка хуыссæнуатмæ цытæ адзырдта, уыдон цæуыл дзурæг хъуамæ уой, уымæн ницы ‘мбæрста. Сала горæтмæ арæх фæцæуы, фæлæ Цыккайæ ницы ирвæзы – иугæр йæ зæрдæ фехсайдта, уæд æнæмæнг цыдæр фыдбылыз æрцæуынмæ æнхъæлмæ кæсын хъæуы, фæлæ – цы?.. Йæ хойы фæдзæхст дæр куыннæ дардта йæ зæрдыл, стæй йæ æмбаргæ дæр кодта: хуыздæр уаид, искуы йæхи куы баауон кæнид, уый, фæлæ афтæ бакæнын йæ сæрмæ не ‘рхаста æмæ фыдæнæнгæнæгау сихæртты онг фæбадт тæккæ хъæумæ æрбахизæн къуылдымыл. Æмæ раст сихæрттыл йæ уæлхъус алæууыд, Цыкка йæ кæмæй фæдзæхста, уыцы фыдбылыз…

Йæ хъуыдыты афтæ арф аныгъуылд, æмæ йæ хатгæ дæр нæ фæкодта, йæ тæккæ раз чидæр куыд æрлæууыд, уый. Раздæр ауыдта кæйдæр дæрдджын цырыхъхъытæ, цырыхъхъыты хъусты сæрты фæйнæрдæм ныппака сты хуызивд галифе хæлафы фадгуытæ. Хæрдмæ куы скаст, уæд йæ зæрдæ барызт: йæ фарсмæ лæууыд раст Джидтейы халдих – хъуынджынæрфыг, тызмæг, уыд ын хинæйдзаг цæстытæ æмæ, сæ бынæй алывыдтæ ракалынмæ цæттæ чи уыд, ахæм зæбул рихитæ.

– Кæсыс, куыд æдас æмæ æнæмæтæй бады йæхицæн ацы куыдзы фырт, – Хъуыбадыйы сæрты кæмæдæр йæ хинæйдзаг цæст æрныкъуылдта Джидтейы халдих. Æмæ уæд фæзылд фæстæмæ дæр. Йæ хæдфæстæ чи лæууыд, уый фыццаг фæкастæй дæр базыдта: Джидтетæм районæй арæх чи цыд, уыцы бурхил, стыр гуыбынджын милицанер. Цæмæн æрбалæууыдысты йæ уæлхъус æмæ дзы цы домынц, ууыл ахъуыды кæнынмæ йæ æвдæлгæ дæр нæма ракодта, афтæ йæм тызмæгæй дзырдта Джидтейы халдих:

– Цæрдæг-ма фест æмæ цæугæ нæ разæй, изæр нын кæны!

– Кæдæм?.. – джихæй сæм ницымбарæджы каст кодта.

– Горæтмæ, – цырыхъхъы бырынкъæй йын йæ фæсонтæ бацавта милицанер.

– Цæмæн мæ кæнут районмæ, стæй гыцци та?..

– Кæдæм дæ кæнæм, уым гыццитæн бынат нæй, фæлæ дæ гыцци дæр афтæтæ куы кæна, уæд уымæн дæр ссардзыстæм бынат, æццæй нæ, Екти? – милицанермæ та йæ рахауинаг цæст æрныкъуылдта Джидтейы халдих.

– Ӕмӕ мӕн кӕдӕм кӕнут?

– Кӕдӕм куы зӕгъай, уӕд дӕу хуызӕн ӕнӕхицау мӕлинӕгтӕ, абырджытӕ ӕмӕ зынхъомылгӕнинӕгтӕ кӕм сты, уырдӕм! – йӕ цырыхъхъы фындзтӕй та йӕ бацавта ӕмӕ йын йе 'фцӕгготыл схӕцыд милицанер. – Цӕугӕ ӕмӕ куыдзау мауал къӕпп-къӕпп кӕн, ам дын Джидте нӕй.

Йе 'фцӕгготӕй йӕ куыд систа, афтӕ йӕ уадзгӕ дӕр нал скодта – схойгӕ, тъӕппытӕ кӕнгӕ йӕ акодтой Цъалайы 'рдӕм. Уым сӕм, тӕккӕ хъӕды дзыхы, ӕнхъӕлмӕ каст машинӕ, сӕ хъӕумӕ-иу къуыри иу хатт пост кӕуыл ӕрбаластой, уыцы ӕхгӕд гуыффӕджын машинӕ. Гуыффӕйы дуары хъыррыстӕй йӕ хъустӕ акъуырма сты, ӕмӕ ӕрмӕстдӕр уӕд ацархайдта йӕхи атонынил, фӕлӕ йын уыцы гӕлдӕрджын милицанер ныр та хӕцыд йӕ дыууӕ цонджы хъулыл дӕр. Гуыффӕмӕ йӕ куыд фӕцӕйӕппӕрстой, афтӕ йӕ хъустыл ауад кӕйдӕр кӕуын, ӕмӕ ма иу каст фӕкодта доны фаллаг фарсмӕ. Уыцы ӕмуырдыджы къутӕрты ӕхсӕнты фӕдисонӕй тындзыдта йӕ мад Рези.

– Кӕдӕм мын фӕкӕнут мӕ зӕрдӕйы уидаджы?! – иу хатт ма йӕм цӕугӕдоны иугъӕдон уынӕримӕ ӕмхӕццӕйӕ ӕрбайхъуыст йӕ мады зӕрдӕхалӕн цъӕхахст, стӕй йыл уыцы талынг ӕмӕ чъизи гуыффӕйы уӕззау дуар хъырырыстгӕнгӕ куы бахгӕдтой, уӕд ыл ӕппӕт дӕр бамыр ӕмӕ баталынг.

***

Уыцы бон ыл кӕугӕ-ниугӕйӕ баизӕр цъалайы доны был бадгӕйӕ. Резийыл. Йӕ хъӕбулы йын цы машинӕйы аластой, уый фӕдыл ма удаистӕй тындзгӕ дӕр акодта иу дзӕвгар, фӕлӕ йӕ уӕрджыты хъару тагъд асаст ӕмӕ маройгӕнгӕ ӕрхауд фӕндаджы хъӕбӕрыл. Иучысыл йӕхимӕ куы 'рцыд, уӕд йӕ фӕдыл суанг горӕтмӕ ацӕуыны фӕнд дӕр акодта, фӕлӕ нӕ зыдта, йӕ зӕрдӕйы уидаджы йын кӕдӕм акодтой, уый, стӕй хур ныгуылӕны 'рдӕм раджы акъул, ӕмӕ ма кӕд горӕтмӕ ныхӕццӕ уыдаид, кӕд фӕстӕмӕ ӕрбаздӕхтаид… Ӕхсӕведдӕ баззад, зӕгъгӕ, уӕд та йыл йӕ чызджытӕм зӕрдӕхсайдӕй бон нал суыдаид. Ӕмӕ никӕдӕмуал ацыд уыцы изӕр, цъалайы цӕугӕдоны был йӕ рыст зӕрдӕйы тыппыртӕ суагъта кӕуынӕй, стӕй ссыд хӕдзармӕ.

Йе ссыдмӕ Цыкка хабӕрттӕ иууылдӕр базыдта, хъӕубӕстӕй кӕйдӕрты арафӕрс-бафӕрс кодта ӕмӕ сбӕрӕг кодта хъуыддаг. Цы базыдта, уыдӕттӕ афтӕ рафӕзмыдта Резийӕн:

– Джидте, дам, ахӕм гӕххӕтт саразын кодта, цыма йӕм Хъуыбады лӕбурдта, цӕвгӕ дӕр, дам ӕй цыма ныккодта, цыма дзы уынгӕджы сты хӕдзарыдзагӕй…

– Фестӕд ӕм искӕмӕ лӕбурыны фаг хъару ӕмӕ тых, се сӕфт сын фенӕд хӕдзарыдзагӕй! – йӕ фыдбоны хиуӕттыл та схъардта ӕмӕ уынгӕгзӕрдӕйӕ ныккуыдта Рези.

– Афтӕ дӕр, дам дзы ныффыссын кодта, цыма сӕм алӕбон дӕр лӕбуры, йӕ къухтӕ дӕр ӕй цыма нӕ фӕрсынц, давы, дам, алкӕмӕй дӕр…

– Ӕмӕ адӕмыл дзыхтӕ нӕй, иууылдӕр нӕ ныхмӕ рацӕуодзысты, хицауады адӕм сӕ куы фӕрсой, уӕд?.. – чызджытӕй чидӕр хъӕрӕй скуыдта.

– Кӕнгӕ мын кӕдӕм акодтой мӕ зӕрдӕйы уидаджы, уый тыххӕй уӕ хъустыл ӕппын ницы 'рцыд? – йе знаджы уд сцӕйхауд зӕрдӕрыст мадӕн.

– Горӕты, дам, цавӕрдӕр зынхъомылгӕнӕн ӕмӕ ӕнӕхицау сывӕллӕтты хӕдзар ис, ӕмӕ, дам ӕй уырдӕм акодтой, – Цыккайӕн йӕхи зӕрдӕ дӕр суынгӕг.

Бӕстӕ йыл куыннӕ хъуамӕ бакъуындӕджытӕ уыдаид, фӕлӕ йын уӕддӕр иучысыл фенцондӕр – ӕгайтма дзы исты бӕрӕг базыдта. Уыцы изӕр сын хъуамӕ мауал ныббӕрстаид, ӕмбисондхӕссӕн куыд фӕуыдаид, ахӕм митӕ сын хъуамӕ бакодтаид, фӕлӕ ныддур кодта йӕхи – райсом уал ацӕуа йӕ хъӕбулы агурӕг, ссара уал ӕй, фена йӕ, исты бӕрӕг уал дзы базона, стӕй… Стӕй, цы уыдзӕн, кӕнӕ цы сараздзӕн, уымӕн йӕхӕдӕг дӕр ницыма 'мбӕрста, нырма йын йӕхи хъысмӕты бар бакӕнын йеддӕмӕ ницы бон уыд…

Ӕмӕ ӕхсӕвыцъӕхӕй ацыд горӕтмӕ.

Фӕрсгӕ-фӕрсгӕ ссардта, йӕ зӕрдӕйы уидаджы йын кӕдӕм хъуамӕ ракодтаиккой, уыцы ӕлгъыстаджы хӕдзар. Цалдӕр уӕладзыджы уыд, ӕмӕ йыл йӕ цӕст куы ахаста, уӕд йӕ зӕрдӕ бынтон фӕцӕйскъуыдтӕ кодта йӕ риуы – ахӕм тасӕфтауӕг хуыз ын уыд, цыма аргъӕутты ӕнагъӕттаджы стыр ӕмӕ тугдзых цӕрӕгой у, цыма йын ныхъуыргӕ акодта йӕ зӕрдӕйы уидаджы, цыма ныр никуыуал фендзӕн йӕ сӕйраджы хъӕбулы... Хӕдзарӕн уыд дӕргъӕццон ӕмӕ уынгӕг рудзгуытӕ, уымӕй дӕр, цыма сын сӕ

уынгæг фаг нæ уыд, уыйау ма сыл ныххуыдтой ставд æфсæйнагæй хызтæ дæр æмæ уыцы хызтæй æддæмæ лæдæрсæгау кодта, иу фæкастæй дæр уæнгтæ ихæнрызт кæмæй кодтой, ахæм æвирхъау тас. Æндæр ницы зынд уыцы рудзгуытæй, фæлæ сæ фылдæр уыдысты гом, æмæ сæ æддæмæ хъуыст бирæ сывæллæтты знæт хъæлæба æмæ цавæрдæр æфсæйнаг мигæнæнты дзыгъал-мыгъул. Æмæ йæ риуы цыдæр скъуыдтæ кодта, йæ улæфæнтæ-иу ахгæдтой, цавæрдæр æнуд æнкъарæн æй тыхсын кодта…

«Царды бонтæ дын фестон, мæ ахсджиаг, – хъуыдытæ кодта йæ мидзæрдæйы, æмæ йæ зæрдæ бамæгуыр, – уæд та йын исты уæззау куыст кæнын кæнынц…»

Агъуыстмæ бахизæны йæ разы æрлæууыд, йæ къæсхуыр уæнгты уæз дыууæ лæдзæгыл чи ауагъта, ахæм иукъахыг лæг æмæ йæ уыцы хъуыддагхуыз, фæлæ рæвдаугæ хъæлæсæй афарста:

– Кæйдæр агурыс, мæ хо…

– Мæ хъæбулы агурын, мæ зæрдæйы уидаджы. Исты бæрæг мын дзы куы зæгъис, ацы хуыцауысконд лæг… Йæ ном мын Хъуыбады хуыйны… – йæ рыст зæрдæйыл цыма арвыдзаг хур ракаст, æнæзонгæ лæджы рæвдаугæ хъæлæс фехъусгæйæ… Æмæ йæм йæхи бакъултæ кодта. Цалынмæ лæг хъуыдытæ кодта, цы дзуапп ын ратта, ууыл, уæдмæ йæм аивæй бакæстытæ кодта, йæ цæстызул ын æхсгæ кастæй æруагъта йæ цæнкуыл уæнгтыл. Æмæ батæхуды кодта уый бинонтæм дæр, хæсты фæстæ ма сæ хъæумæ цæнкуылтæй, цагъды уæлдæйттæй æрыздæхын кæмæн бантыст, уыдоны бинонтæм-иу куыд батæхуды кодта, афтæ:

«Уæ, тæхуды, Уазно мæм иукъахыгæй нæ, æнæцонг, æнæкъахæй дæр куы æрыздæхтаид, цыфæнды цæнкуылæй дæр ма æгас хæдзар куы ссардтаид, кæнæ мæ сæйраджы хъæбул Елиоз…»

Æмæ аджих. Йæ фæллад цæсгомыл сылыстæджы æфсæрмдзæстыгæй сырх хъулæттæ кæй абадти, уый дæр фæхатыд, цыма йæхимæ айдæны каст, афтæ… Кæйдæр, æцæгæлон нæлгоймагмæ афтæ æдзынæг лыстæджыты кæй ныккаст, уымæй ныфсæрмы, кæд уыцы тæккæ ахæм цæуылдæртыл хъуыды кæныны зæрдыл нæ уыд, уæддæр…

– Ам хъæбултæ бирæ ис, мæ хур, агурæг сæ ничи ис, уый йеддæмæ. Æвæццæгæн дын æрæджы æрбахауд ардæм, æндæра йæ ныры онг куыд никуы хъуамæ æрцагуырдтаис.

– Нырма мын æй знон ракодтой.

– Цæмæн дын æй ракодтой?.. Ардæм æнæхицæутты кæнынц æрмæстдæр, кæнæ та ахæмты…

– Цахæмты? – йæ зæрдæ йæ риуæй рацæйхауд.

– Фыдбылызджынты, зынхъомылгæнæн чи у, ахæм фыдахинты.

– Сæ фыдбылызтæ сæхи сæртыл æртыхсæнт, мæ хъæбулы мын ардæм чи ракæнын кодта, уыдонæн! Мæ сывæллон нæдæр æнæхицау у, нæдæр – зынхъомылгæнæн, йæхæдæг искæй куы скъомыл кæндзæн! – йæ цæсгом суагъта æнæзонгæ лæгмæ. Фæлæ уайтагъд фембæрста, ацы лæгæн дæр йæ бон уыйбæрцтæ кæй нæ у, æнæхъуаджы йын кæй кæны йæ мæгуыры хъæстытæ. Æмæ йæ цæхгæр афарста.

– Ам хистæр чи у?

– Хистæр уæлæ дыккаг уæладзыджы бады, мæ хойы хай, æмæ дæ кæд хуыцауы хорзæх ис, уæд дæ кæд нæ хистæры хорзæх дæр уаид, æмæ дæ айсид, байхъусид дæм. Æз дæр демæ схизин, нæ базивæг кæнин мæ иунæг къах мæ фæдыл сыфцæй ласынмæ, фæлæ тæрсын, куы мæ расура… Чи зоны, æмæ дын дæхицæй, куыд æнæзонгæ, стæй сылгоймаг, афтæ хуыздæр фæаргъуыц кæна…

– Уагæры чи у, хуыцауæмсæр лæг у? – йæ ныфс асаст бынтондæр.

– Кæй æмсæр у, уымæн ницы зонын, фæлæ уый дæр, хæстдзагъд адæмыл фыр æфсæст æмæ фыр улæфтæй йæ хъал бон чи калы, удонæй у. Хæстæй чи бамбæхст, ныр нын уыдон сты хицæуттæ, – йæ сæр бынмæ æруагъта лæг, стæй аивæй йæ цæст ахаста дыккаг уæладзыджы рудзгуытыл. – Схиз æм, мæ хо, чи зоны, æмæ дыл сæумæйæ рувас амбæлд, æмæ дæ йæ хорзæх фæуа, – загъта ма йын æмæ, цымæ ма дзы ноджы истытæ куы сирвæза, уымæй фæтарст, уыйау йæ лæдзгуытæ радгай размæ фесхуыста.

Хистæр кæм бадт, уыйонг дæр схæццæ фæрсгæ-фæрсгæ, фæлæ йын йæ хатæны дуар куы бакодта, уæд ма йæ хъæбулы фенины ныфсæй йæ уды рæбын цы чысыл мур аззад, уый дæр ын фæцæйтад – хатæны рæбинаг къуымы даргъ æрттиваг стъолы уæлхъус хъуынтъызæй бадт, йæ удхæсджыты æнад хуызтæ бирæ цæмæйдæрты кæй бакасты сæмхæццæ сты, иу ахæм сæвджынтæ лæг. Йæ донгъуыз цæстытæ йæм Къаргойы цæстытау уыцы хинæйдзагæй æрттывтой, йæ цæстыты сæрмæ йын цыма Джидтейы пыхцыл æрфгуытæ аныхæстой, афтæ йæм фæкаст, йæ гуыбын – раст Салайы дынджыр

гæлдæр. Дзургæ дæр æм Джидтейы æнæуынон хъæлæсæй скодта:

– Чи дæ, цы дæ хъæуы?

– Мæ хъæбулы агурын, сымахмæ, дам, ис… – сдзырдта йæм ризгæ хъæлæсæй.

– Махмæ бирæ дзæгъæлзæдтæ ис. Чи у, ном æмæ йын мыггаг нæй?! – йæхи фæтызмæгдæр кодта йæ удхæсджыты æнгæс лæг.

Дзæгъæлзæдты коймæ йæ зæрдæ ноджы адæнгæл, фæлæ йæ хъæбулæй исты бæрæг базоныны ныфсæй уæддæр йæхи ныддур кодта.

– Хъуыбады мын хуыйны, знон æй ракодтой…

– А-а-а, уæ хъæуы хистæрты уын чи цæгъдæн кæны, уый дæ хъæвдын у?!.

Уыцы ныхæстæ фехъусгæйæ йын бынтондæр цæрмæстъыгъд бакодта йæ удхæсджыты, кæронмæ атад, йæ удрæбын ма цы цъиуыцæстыдзаг ныфсы рухс уыд, уый дæр.

– Никæй цæгъдæн кæны! Цæгъдгæ дæр нæ сæхæдæг куы кæнынц, куы ницы сын кæнæм, мæгуыры бон сæ баййафа!.. – Цыма йæ удхæсджытæ æмбырдæй йæ разы уыдысты æмæ сæ уыдта, уыйау сыл йæ тæригъæдтæ схъардта.

– Гъери-гъа! – йæ удхæсджыты æнгæс лæг уыцы уæззауæй растад йæ къæлæтджынæй. Йæ разы æрлæууыд æмæ дзы йæ цæстытæ ахæм æгъатырæй ныссагъта, цыма йæ разы фыдызнаг лæууыд. – Кæсыс, мæн та нæ уырныдта, – дзырдта йын, – дæ хъæвдын хъæуы хистæртæм ных бахастаид, уый. Ныр мæ куыд нæ хъуамæ бауырна, уый нæ – дæ хуызæн мад кæй хъомыл кæны, уый къухæй лæгмæрдтæ кæй нæма æрцыд, уый у диссаг…

Уæддæр æй нæма уырныдта, æнæхъуаджы æрцыд, уый. Йæ удхæсджыты æнгæс лæг йæхæдæг дæр уыдоны хуызæн æнæзæрдæ кæй у, уый фыццаг фендæй дæр фæхатыд. Йæ сæйраджы хъæбул æмæ йæ сæрыхицау кæцæй нал æрыздæхтысты, уыцы хæстæй уый дæр йæхи кæй бамбæхста, уый йыл бирæ цæмæйдæрты зынд, фæлæ йæ уæддæр æмæ уæддæр нæма фæндыд йæ фæстаг ныфсы тагыл дæр йæ къух систаид, уый. Йæ хъæбулыл мæт ын йæ къух сисын кодта йæ сæрыстырдзинадыл дæр æмæ царды рæстдзинадыл дæр. Æмæ ныккуыдта ставд цæссыгæй:

– Дæ Хуыцауы хатыр бакæн, ауадзут мын мæ хъæбулы, ницы гæнæг у, йæ рæзгæ уды тæригъæд уын Хуыцау дæр нæ ныххатыр кæндзæн…

Лæг æм уыцы æнæуынон-æй каст. Æмæ йыл худт æнæввæрсон, былысчъилæй:

– Цæугæ кæн ардыгæй! – фæхъæр ыл кодта. Куыдзы дæр афтæ ничи сурдзæн, уый та сылгоймаг куы у, уæд æй куыдзау цæмæн сурынц?.. Маст æмæ рис йæ хъуыры стымбыл сты, фæлæ йæхи урæдта. Йæ хъæбулæй исты бæрæг базоныны æнхъæлцау.

– Кæд мын рауадздзыстут мæ хъæбулы йæ мæгуыр хæдзармæ? – йæ кæуындзæг уæддæр тыхныхъуырд кодта.

– Махмæ чи æрбахауа, уыдонæн ардыгæй æддæмæ фæндаг нал ис, цалынмæ сæ азтæ сæххæст уой, уæдмæ.

– Уæд та мын æй уынын фæкæн!..

Цыдæр ныфс ма тæлфыд йæ фæллад уды. Уæддæр æй нæма уырныдта, йæ мой æмæ йæ сæйраджы хъæбул сæ цард кæй тыххæй рауæлдай кодтой, уыцы царды ныр лæгсырдтæ æмæ æдзæсгæмттæ тыхджындæр кæй сты, уый...

– Мад кæй дæн, уый тыххæй мын уæддæр фæтæригъæд кæн, дæу дæр мад куы ныййардта…

– Цы мæ ныййардта, уый дæумæ нæ хауы, æмæ цæугæ кæн ардыгæй, цалынмæ дын дæхи та ахæстонмæ нæ ныттæрын кодтон, уæдмæ!..

Резийæн йæ хурхыуадындзтæ бынтондæр æрбахгæдтой. Нырмæ дæр ын куыннæ уыдысты æрбахгæнынæввонг йæ зæрдæйы уидаджы хъысмæтыл сагъæсæй, фæлæ ма йын ныр уыцы мæтмæ бафтыд риссаг маст дæр, æмæ сæ рыстæй, мастæй уыциу калд скодта:

– Бындурзылд фæут иуулдæр! Мæ хъæбулæн йæ фыд æмæ йæ хистæр æфсымæр цы хæстæй нал сыздæхтысты, кæд уыцы хæст сымах хуызæтты цард бахъахъхъæныны сæраппонд уыд, уæд мын мæрдты дыккаг мард куы акæндзысты, сау бон уын баййафа уæ зæрдиæгты!..

Æмæ рацыд.

Автобусы куы сбадт, уæд æм разынд иу чысыл йæхи ныффидар кæныны хъару, адæмы æфсæрмæй ныххæцыд йæ судзаг рысты хурхыл, фæлæ, районмæ куы æрбахæццæ æмæ автобусæй куы рахызт, уæд та фæкъæртт йæ кæуындзæг. Районæй йæ сæ хъæумæ дзæвгар бауайын хъæуы, æмæ йæн ныр рæстæг уыд, дарддæр цы æмæ куыд кæнгæ у, уыдæттыл бæстондæр ахъуыды кæнынæн. Йæ афоныл цы бамбæрста, уый: йæ хъæбулы йын кæй ардыдæй ракодтой, æнæ

уыдон ын ӕй ничиуал рауадздзӕн, кӕдӕм ӕй акодтой, уырдыгӕй. Уый уал бамбӕрста ӕмӕ райдыдта, хъӕубӕстӕй сӕм хатынмӕ, лӕгъстӕмӕ кӕй хъуамӕ барвита, ахӕмты агурын, фӕлӕ ницы ныффсы тагъл хӕст кодта йӕ зӕрдӕ. Йӕ удхӕсджытӕ искӕй ныхасӕн аргъ кӕнын куы зониккой, уӕд сын ныры онг дӕр бирӕ чидӕртӕ бакъуырдтой сӕ ных, кӕм фӕлмӕн ныхасӕй, кӕм – карзӕй, фӕлӕ сӕ къӕрттӕй цъула никуы рахауд. Ныр дӕр афтӕ кӕй уыдзӕн, ууыл хъуыды кӕнын дзы бирӕ рӕстӕг нӕ домдта. Ӕмӕ уӕд асӕъуыддзаг кодта – йӕхӕдӕг, ӕрмӕстдӕр йӕхӕдӕг! Йӕ лӕгъстӕтӕ сӕ кӕй никӕмӕ бахъардзысты, уый та куыд не 'мбӕрста, ӕмӕ уӕд ӕрӕнцад, уал азы дӕргъы сӕ хӕдзарыдзагӕй цы сусӕгдзинад раргомы тасӕй хӕрынц ӕмӕ ӕргӕвдынц, ууыл – нырӕй хуыздӕр ма дзы кӕд хъуамӕ спайда, кӕна!.. Ӕндӕр сӕ цӕмӕй хъуамӕ басӕтта, цӕмӕй сӕ хъуамӕ фӕтӕрсын кӕна…

Хъӕумӕ куы схӕццӕ, уӕд хӕдзармӕ дӕр нӕма бацыд, афтӕмӕй цӕстӕй ӕрцагуырдта, йӕ цӕстытӕн адунейыл иууыл ӕнӕуынондӕр чи уыд, уыцы удхӕсджыты сӕйрагдӕры. Йӕ тиуты хистӕры. Джидте холлагдоны уыд, чысыл раздӕр Доккаимӕ мидӕмӕ цы ногласт хос бакалдтой, уый тъыфылгай ӕфснайдта. Бацыд ӕм, комкоммӕ йӕм бараст холлагдонмӕ.

– Цы уын кодта мӕ сидзӕр хъӕбул, уӕ бындурзылд уын фена, цӕмӕн мын ӕй фӕхауӕггаг кодтат йӕ мӕгуыр къуымӕй?!. – йӕхи йыл уыциу цӕф никкодта хъӕрццыгъайау. Джидте фӕуыргъуыйау ӕмӕ дзы йе нӕуынон цӕстытӕ джихӕй ныссагъта. Рези йын нӕ радта йӕхимӕ ӕрцӕуыны фадат: – Хъусыс, куыдзы тугӕй ӕхсад, тӕккӕ райсом куы нӕ ацӕуай ӕмӕ мын, мӕ хъӕбулыл тугтӕ кӕм ӕрымысыдыстут, уыцы гӕххӕтт куы нӕ рахӕссай, уӕд сом изӕр ӕгас хъӕубӕстӕ дӕр ӕмӕ хицӕуттӕ дӕр базондзысты, цалдӕр азы размӕ уӕ мӕнӕ ацы холлагдоны цы фыдракӕнд аразгӕ баййӕфтон, уый!..

Фӕлӕ Джидте тагъд ӕрцыд йӕхимӕ. Уымӕн ӕмӕ ӕдзӕттӕ нӕ уыд. Куыннӕ хъуамӕ уыдаид цӕттӕ йӕ идӕдз чындзӕй ахӕм цӕмӕдӕр ӕмӕ йӕхинымӕры цыдӕр фӕндтӕ куыннӕ нывӕзтаид… Фӕлӕ йын йӕ чындз, холлагдонмӕ йӕм кӕй бацыд, уымӕй йӕ къух хуыздӕр кӕй ацарӕзта, уый дӕр тагъд ацахста йӕ хин ӕмӕ кӕлӕны фӕрцы. Йӕ къухы цы сагой уыд, уый хосы тъыфылы ӕрсагъта ӕмӕ ӕнӕдзургӕйӕ бацыд холлагдоны къулы цурмӕ. Къулы зыхъхъыртӕй акӕстытӕ кодта алырдӕмты, стӕй йӕ хъуынджын ӕрфгуытӕ

бӕрзонд систа хинӕйдзаг цӕстыты сӕрмӕ, афтӕмӕй дзуры Резимӕ:

– Нӕ, кӕйдӕр дзӕгъӕлзад, ницыуал дын дзы рауайдзӕн. Ныртӕккӕ мӕнӕ къулы зыхъхъырӕй ныхъхъӕр кӕндзынӕн хъӕубӕстӕм, афтӕ ӕмӕ уфтӕ, мӕ идӕдз чындз йӕ фыр лӕгмондагӕй сӕрра ӕмӕ мын йӕхи тыххӕй хъары… Стӕй уый фӕстӕ цыфӕнды дӕр зӕгъ уыцы адӕмӕн, чи ма дӕм байхъусдзӕн, чи ма дыл баууӕнддзӕн, ахӕм сӕлхӕр чи разындзӕн? И?.. Ӕви дӕм афтӕ кӕсы, ӕмӕ мӕ ныхас никӕй бауырнздзӕн? Бауырндзӕн! Алчи дӕр ахъуыды кӕндзӕн ӕмӕ зӕгъдзӕн: кӕд афтӕ нӕ уыд, уӕд ӕм холлагдонмӕ цы мӕрддагӕн бацыд, уынджы, кӕнӕ йӕ хӕдзары нӕ федтаид…

Дурдзавдӕй лӕууыд ӕмӕ йӕм дурӕмырӕй хъуыста. Рези. Ӕппӕт дуне дӕр ын ахӕм ӕнад фестад, афтӕ йыл бакъуындӕджытӕ, ӕмӕ йын Джидтеты холлагдоны цыппар къулы ӕхсӕн хӕрзӕнцонӕй бацыд; ацы уӕзӕгмӕ йе 'рхауӕн бонӕй фӕстӕмӕ цыдӕриддӕр маст ӕмӕ хъизӕмарӕй бавзӕрста, уыдӕттӕ йын иууылдӕр ам сӕмхӕццӕ сты ӕмӕ йыл судзаггаджы куыдӕй ныккуыдтой. Джидте та…

– Хи-хи-хи, – ӕнад худт кодта йӕ ӕнад хъӕлӕсӕй. – Цӕй, куыд, мӕ чындзы къуындзих, акуыйты уыдзынӕ мӕ разӕй ӕви ныхъхъӕр кӕнон адӕммӕ, ӕд хъӕвдынтӕ а комбӕсты адӕмӕн хъодыйаг куыд фӕуай?!.

Резийы дурдзавд цӕсгомыл иу нуар дӕр нӕ фезмӕлыд. Цыма йӕм хъуысгӕ дӕр нӕ кодтой йӕ цъаммар тиуы цъаммар ныхӕстӕ… Уый та, Джидте, исдуг фӕджих ӕмӕ хъуыдыты ацыд: ай мӕнӕ… йӕхи къахӕй йӕм цы амонд ӕрбацыд, уый йӕхицӕй йӕхӕдӕг сургӕ куы кӕны… Ӕмӕ загъта:

– Ӕниу дын цы лӕгъстиаг фӕдӕн, цы?! Хуыцау ӕвдисӕн, дӕхӕдӕг мӕм ӕрбалӕсыдтӕ, дӕхи барвӕндонӕй. Кӕд ма мын фӕуыдзӕн ахӕм фадат, цӕмӕй дын дӕ дзых иу ӕхгӕд скӕнон – ахӕм ӕхгӕд, ӕмӕ цӕрӕнбонтӕм куыд ферох кӕнай, цалдӕр азы нӕ кӕмӕй тӕрсын кӕныс, уыцы хабар!.. Цӕмӕй дӕ мах дӕр иу ирвӕзт фӕкӕнӕм, цӕмӕй нӕм алы хатт, алы хатт мауал ӕртхъирӕн кӕнай… – Йӕ ӕнад хъӕлӕсӕй зӕрдиаг мыр-мыр кодта Джидте ӕфсирӕфсӕст бӕхау. Стӕй… Холлагдоны къулы уӕрӕхдӕр зыхъырӕй ӕддӕмӕ кӕсгӕйӕ ныхъӕр кодта йӕ хъӕлӕсыдзаг:

– Цы фестут, хорз адӕм! Сымах мӕ уӕддӕр бахизут, Иры дзыхъхъы цы нӕма ӕрцыд, ахӕм хабарӕй! Мӕнӕ мын нӕ фыдбоны идӕдз йӕхи…

Фæлæ йын йæ зæгъинаг кæронмæ зæгъыны фадат нал фæцис…

Уæдмæ æрчъицыдта, уæды онг дурдзавдæй чи лæууыд, уыцы Рези – фæлæбурдта хосы тъыфылы сагъд сагоймæ æмæ йæ суанг йæ сиучъы рæбынты онг Джидтейы фарсы ныссагъта.

***

Бæстæ йыл уыцы уæззау æмæ риссагæй уæз кодта… Удæгас уыд æви ма мæрдвынæйæ удæгас адæймаджы бæрджытæ æнкъары, уый не ‘мбæрста. Чидæр æви йын чидæртæ æууæрстой йæ уазал къухæнгуылдзтæ. Чи, кæнæ читæ сты… Стæй йæ къухтæ уазал цæмæн уыдысты, уыдæттæн дæр ницыма ‘мбæрста. Йæ цæстытæ уыдысты цъынд, ницы уыдта, фæлæ йæм хъуыст адæмы знæт гуыв-гуыв, кæуын, æлгъитын, чидæр æй æлгъыста йæ хъарæджы, фæлæ чи, уый нæма ‘мбæрста… Æмæ йын уыцы æнæзæрдæхцон уынæртæ йæ хъуыды здæхтой, цы ‘рцыд, уымæ… Цы ‘рцыд, уый та йæм кæронмæ хъаргæ дæр нæма бакодта – цы бакодта, уый риссаг фынау уыдта, цыма, ныртæккæ цы ‘нкъары æмæ æмбары, уыдон ын иууылдæр фыныгъдауæй сты... Цы ма лæууы йæ зæрдыл, уый – Джидтейы фарсы сагой кæй ныссагъта... Стæй, цы бацис, уымæн ницыуал хъуыды кæны. Джидте цы бацис, уымæн дæр... Фæлæ йæм иугæр кæйдæрты кæуын æмæ хъарæгæмхæццæ æлгъитын хъуысы, уæд ма йын цас зын бамбаринаг у: амард Джидте, бæлвырддæр зæгъгæйæ, амардта йæ… Стæй та йын ногæй сæмтъеры æппæт дуне, нал та хатыд, цы ‘рцыд, цы фыдбылыз сарæзта, æппæт уыдæттæ.

Тыххæйты байгом кодта йæ цæстытæ æмæ сæ уæззаугай ахаста йæ алфæмбылайы. Фыццаг ын йæ куыдвæллад чызджыты цæсгæмттыл сныдзæвдысты. Æмæ бамбæрста: йæ къухтæ йын уыдон æууæрстой... Чысыл фалдæр та, Джидтеты кæрты, лæууыдысты хъæубæстæй чидæртæ æмæ сæ кæрæдзиимæ знæт ныхас кодтой. Хæдзарæй хъуыст ноджы знæтдæр хъæлæба, устыты кæуын. Йæ хъарæджы йæ судзаггаджы æлгъыст чи кодта, ныр уый дæр райдыдта æмбарын, йæ салд зондмæ алцы дæр райдыдта хъарын. Уый Догка хъарæг кодта, йæ дзыхæй алывыдтæ калгæ:

– Æ, дæ рæзинаг хъæбулты фыдтæ бахæрай æмæ дæ хъиутæ æнæхæрдæй баззайой!.. Æ, бындурзылд æмæ ноджыдæр цæгатыскъуыд фæуай, нæ лæгмондаг гацца, лæгмондаджы азарæй йæ тиуты хистæры бын стулынмæ чи æрхъавыд! Æ, дæ саубойнагæн

«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ

9 Мах дуг №4-5 2020 ТАУАСИТЫ Станислав. *Хъарæг. Хохы Саниба*

ХЕТÆГКАТЫ ХЪАЗЫБЕГ. *Нæ хъæуы сылгоймæгтæ фæсхæст*

ХЕТÆГКАТЫ Хъазыбег. *Зарæг хæстонтыл*

ДЗИУАТЫ Батрадз. ***Тохы бон ныккодта***

ХОХТЫ Асланджери. ***Хæст йæ кæнон бакодта***

КЪАДЗТЫ Вадим. *Зæрдæйы хъæдгæмттæ*

ЧЕРТХЪОТЫ Дареджан. *Мæ тохæмбæлтты номыл*

АЙЛАРТЫ Татьянæ. *Хæстон хæлæрттæ*

ГАСЫНТЫ Жорж. ***Ирыстоны хæстонтæ***

КАЛМАНТЫ Алан. ***Мад***



ДЗАНАЙТЫ Азанбег. ***Плиты Иссæ***

ТОТИТЫ Барис æрмадзы

ДЗБОЙТЫ Михал. ***Уæззау операци***

ДЖЫККАЙТЫ Мурат. *Тох нæм сиды*

ДЖЫККАЙТЫ Мурат. *Хабæрттæ хæстæй*

ТОТИТЫ Барис. *Ӕрджынарæджы ӕрвахизæны тохæнджытæн. Елхотты сæрмæ*

ХЕТÆГКАТЫ Аслан, ЦÆЛЛАГТЫ Виктор, ФИДАРАТЫ Фидар, САУЛАТЫ Сергей.
Уæлахизы кадæн. Намысы мемориал. Мозаикæ. Дзæуджыхъæу

ХЕТÆГКАТЫ Аслан, ЦÆЛЛАГТЫ Виктор, ФИДАРАТЫ Фидар, САУЛАТЫ Сергей.
Уæлахизы кадæн. Намысы мемориал. Мозаикæ. Дзæуджыхъæу

ЦОРÆТЫ Дауырбег. ***Бæхы хъыниъым. Куырттаты ком***

баззаинаг чызджытæн лæджы ад базонын ма бантыса, мах чи бацарæфтыд кодта! Æ, дæ иунæг быдары номыл дæ дзæгъæл уæзæг бындары ад ма базона, йæ хъæбулты туг-стæджы фарны лæгæн йæхи чи хъардта!..

Хъуыст æм, Догкайы чидæртæ кæй сабыр кодтой, æрмæст сабыр нæ, лæбургæ йæм кæй кодта æмæ йæ кæй иргъæвтой, уый дæр бамбæрста.

– Ауадзут мæ, æмæ сæ цъыбыртты сыгъд бакæнон!

Йæ хъарæджы æхсæнмæ-’хсæнты-иу уыцы цъæхснаг хъæлæсæй ныцъцъæхахст кодта Догка. Хъуыддаг ноджы карздæр фыдбылызмæ кæй цыд, уый куыннæ æмбæрстой йæ чызджытæ дæр æмæ йын схæцыдысты йæ цæнгтыл.

– Ацæуæм ардыгæй, Джидджи, – цæссыгкалгæ лæгъстæ кодтой сæ мадæн.

Æмæ бакаст сæ коммæ. Æндæр æй цы бон уыд... Йæ зæнгтæ йæ быны дыдæгътæ кодтой, бæстæ йыл куыройау зылд, фæлæ йæ чызджыты æнцæйтты куыддæрты афæрæзта сæ цæхæрадоны кæронмæ. Йæ бон дзурын нæ уыд, йе ‘фсæртæ ныуурадысты, фæлæ сын къухты змæлдæй бамбарын кодта, цæмæй йæ уым æруадзой.

– Дæхи фæфидар кæн, Джидджи, – нартхоры хуымы кæрон æй зæххыл куы ‘рбадын кодтой, уæддæр ма йæм уыцы лæгъстæхуызæй сæхи бакъултæ кодтой чызджытæ.

Æндæр хатт, æндæр уавæрты йæ рыст зæрдæмæ исты æхцон хъарм лæдæрстаид йæ чызджыты ахæм хъарм зæрдиаг ахастæй, фæлæ йæм уыцы уысм ницы хъардта æппындæр – дурдзавд фестад йæ цыфыддæр знæгты мæрдæй, æмæ йын йæ хъæбултæ цытæ дзырдтой, уыдон æм хъуысгæ дæр нал кодтой. Чызджытæ сæхæдæг дæр бамбæрстой, сæ мадæн иунæгæй æнцондæр кæй уыдзæн æмæ йæ цурæй хъуызæгау ацыдысты… Иугæр æм Джидтетæй мæрддзыгой адæмы гуыв-гуыв æмæ Догкайы судзаггаджы æлгъыстытæ дæр афтæ æввахсæй нал хъуыстысты, уæд ын чысыл фенцондæр, æмæ цадæггай райдыдта йæхимæ цæуын. Ныр йæ цæстытыл фæд-фæдыл райдыдтой уайын абоны диссæгтæ. Нырма ныр бамбæрста кæронмæ, цы бакодта, уый; йæхи дæр æмæ йæ сидзæрты дæр бынсæфт мæ кæй æртардта, уый йыл æртæфст уыцы риссаг рыстæй æмæ ма йе уæнгты дæр æмæ йæ фæллад уды дæр цы хъаруйы муртæ аззад, уыдон æрбамбырд кæнгæйæ, хъуамæ зæрдæхалæн богъ ныккодтаид,

фæлæ йæм нал разынд уыйбæрц хъару æмæ æгомыгæй ныффæлдæхт зæххыл.

«Уæ, зындоны арты куыд басыгъд ме 'намонд уд, ай мæ мæгуыр сывæллæтты мæхи къухæй куы фæкодтон сæ царæфтыдфæуинаг знæгты фæндиаг, сæ мæгуыры уæлдай ма сыл худинаджы хæдон дæр куы скодтон!» – куыдта æмæ дзынæзта æгомыгæй.

Дарддæр цы уыдзæн кæнæ цы хъуамæ æрцæуа, уый йæ тæрсын кодта… Йæ уыйразмæйы царды хъизæмæрттæ дæр ын ныр сног сты æмæ йын абоны æрцæугæ æвирхъау хабаримæ уыдон дæр ногæй райдыдтой йæ уд æвдæрзын. Абон цы æбуалгъ хъуыддаг рауад, уымæ йæ 'ркодта йæ зæрдиаджы хъæбулы фервæзын кæнын, фæлæ абон цы сарæзта, уый йын цæрæнбонтæм байста, йæ зæрдиаг хъæбулы ма искуы фендзæн, уыцы ныфс дæр. Æвзæрæй дзы ницы зонынц, афтæмæй йын æй рæстæй хауæггаг куы фæкодтой йæ фыдыуæзæгæй, уæд ын ныр лæгмарæггаг йæхицæн цы бакæндзысты… Æрцахсдзысты йæ, ууыл дзырд дæр нæй, йæ хъæбултæ бынтон æнæмæнузæгъæгæй, уæзæджы къæйыл баззайдзысты, фæлæ… Йæ худинаг та!.. Искæй ма бауырндзæн, Джидтемæ холлагдонмæ æндæр цæйдæр тыххæй кæй бацыд, уый?..

Никæй!.. Адæмы 'взаг дуртæ дæр халы. Адæмы дам-думтæ æмæ фидистæм хъусгæйæ йæ чызджытæ зæрдæхæлдтæ куы фæуыдзысты… Кæд ма йæ сæйраджы хъæбулæн йæ фыды уæзæгмæ æрбафтыны фадат фæуа, уæддæр дзы, йæ ныййарæг мадæй ахæм цыдæртæ хъусгæйæ, æхсæвыгон йæ сæр куы фесафдзæн, йæ мады худинагæй тæрсгæйæ, а комбæстаг дон куы никуыуал баназдзæн, йе 'намонд мады фæрстæ фехæлой!..

Лæгмар!..

Сау бон æй куыд баййæфта, ай мæнæ лæгмар куы ссис, лæг куы амардта!.. Лæг нæ уыд, лæгсырды барвыста мæрдтæм йæхи къухæй, удыбæстæ йын у уый Хуыцауы бын, фæлæ кæй хъæуы йæ уды рæстдзинад, чи йын ныххатыр кæндзæн, чи йæ бамбардзæн? Ныр ма цыфæнды дзурæд адæмæн, куыдфæнды сын æмбарын æмæ уырнын кæнæд, холлагдонмæ йæм цæмæн бацыд, уыдæттæ, уæддæр дзы ницыуал рауайдзæн, йæ худинаджы ном нođжы карздæр цы скæна, уымæй уæлдай… Æмæ рагацау йæ хъустыл райдыдтой уайын, цытæ дзы дзурдзысты, уыдæттæ:

«Ахæм лæгмондаг уай, æмæ дæхи дæ тиуæн хъарай!..»

«Æмæ, зæххыл чи нæма æрцыд, ахæм худинаг йæ сæрмæ чи нæ бахаста, уыцы тиумæ дæ къух райсай!..»

Ныр ма йын йæ фыдбоны файнустыты чи бауромдзæн, уæлдайдæр Дрианы?.. Еуайы хуызæттæн се 'фсæртæ куыройы фыдтæ куыннæ фестдзысты!..

«Уæ, туг куыд ныууарыд ме 'намонд сæрыл!..»

Сæ ацыд, се 'рбацыдыл кæмæн нæ хъæцыд, уыцы сывæллæттæ цы митæ кæндзысты, куыд æмæ цæмæй цæрдзысты?.. Цы фæуыдзæн йæ иунæг нæлбындар, æрцагурæг æй куы ничиуал фæуа, уæд цы бауыдзæн, йе 'намонд мады фæрстæ йын сау сыджыт бахæра!.. Бантысдзæн ма йын ахæстонæй рацæуын?.. Æмæ йын куы бантыса, уæддæр ма цæмæн æмæ кæй хъæуы йæ рацыд – цы ма уыдзæн йæ удæгас?.. Цæмæй йын йæ номæй йæ сывæллæттæн фидис кæной, уый тыххæй?.. Йæ чызджытæй-иу йæ чындздзоны кармæ чи бацæуа, ууыл исчи сдзурынмæ йæ ныфс бахæсдзæн, адæмы фидистæй тæрсгæйæ сæ исчи чындзагæн æрцагурдзæн?.. Йæ бындары хъæбулæн ус курыны охыл хатджытæ кæмæ барвита, уыдон æй сæ сæрмæ æрхæсдзысты, йæ минæвæртты йын худинаджы тард нæ ракæндзысты?..

…Чидæртæ йæм дзырдтой йæ номæй, чидæртæ йæ агуырдтой, цæхæрадоны фаллаг кæронæй йæм хъуыст æрдæгхус нартхæртты сыбар-сыбур.

Æмæ уæд фестъæлфыд… Йæ сæрыл уæззаугай куы схæцыд, уæд йæ фæлмбадт цæстытæй ауыдта, Цыкка йæм æмбондгæрæтты гуыбыр-гуыбыр куыд æрбацæйуад.

– Джидджи, агурынц дæ, – йæ дзырдтæ йæ хæкъуырцц куыды хуыдуг кодтой чызгæн.

– Чи мæ агуры? – йæ фæсус хъæлæс йæхимæ дæр тыххæйты райхъуыст Резийæн.

– Дыууæ лæджы, Хъуыбадыйы чи акодта, уыцы милицæйы хуызæн дарæс сыл… Æмæ… Сала дæр семæ ис…

«Уæ, мæ хъæбултæ, мæ ахсджиагтæ, уæ мæ зæрдæйы уидæгтæ, уый уын цы бакуыста, цы, уæ саубонæй баззаинаг мад?!.»

Цæуылдæрты ма йæ фæндыд хъуыдытæ кæнын, фæлæ бынтондæр ныссуйтæ сты йæ хъуыдытæ. Йæ зæрдæйы рæбын цыдæр тæгтæ кæй скъуыдтæ кодтой, уый ма хатыд, йæ царды хъизæмæрттæн сæ кæрон кæй æрæввахс, уый дæр бамбæрста, хъуыды ма кодта æр-

мæстдæр йæ сидзæртыл, йæ тæригъæддаг хъæбултыл, фæлæ сын йæ бон кæй ницыуал у, уый бамбæрста нартхæртты сыбар-сыбурæй, æввахсæй-æввахсдæр æм чи кодта, уыцы уынæрæй…

– Ацу, хъæбул æмæ сæ иу чысыл фæуром, исты ныхæстыл сæ фæкæн, – балæгъстæ кодта Цыккайæн æмæ йæм йæ цæссыгæй æмыдзаг цæстытæ уыцы зыдæй ныццавта… – Ацу, хъæбул, ацу! – лæгъстæ йын кодта æмæ йын йæ уындджын цæсгомыл зыдæй узæлыд йæ дондзæстытæй.

Цыкка куы ацыд, уæд рабадт æмæ йæ афтид цæстытæй цыдæр агурæг аракæс-бакæс кодта фæйнæрдæм. Æмæ йын æрæнцадысты хосы æргъомыл, знон холлагдонмæ кæй хъуамæ схастаид, фæлæ йæ сæйраджы хъæбулы хабар фехъусгæйæ, хуымы кæрон кæй фæуагъта, уыцы хосы æргъомыл.

Æргъомыл нæ, ныртæккæ йæ ахæмтæй ницыуал æндæвта – æргъом кæмæй баст уыд, уыцы бæндæныл…



КАСАТЫ БАТРАДЗ: 70 АЗЫ

МÆ УД МЫСАЙНАГÆН ÆВÆРЫН

ÆРДЗЫ КÆЛÆНТÆ

Фæтулы хур... Зæрæхсид арвгæрæтты хъазы,
Ызнæт денджыз ныссабыр и, тыхсы.
Лæууыс ды былгæрон... Рæсугъддзинад дæ разы,
Æфсæрмыгæнгæ, алырдæм бырсы.
Æрвгъуыз цæстæнгас, де 'рдзон тых, дæ кондæй
Кæныс уæлахиз аивæй, бæрзондæй:
Зæрæхсиды сырх пиллон арт æрмынæг,
Цъæх денджыз бандзыг... Абухгæ уылæнтæй
Æрсабыр ис дæ хæдæфсарм, дæ монцтæй.
О, хæхты чызг!
Цы зæд, цы Хуыцау дæ æрхаста ардæм,
Цæмæй æрдзон тыхтæн
Сæ рæсугъддæры феной адæм,
Цæмæй дæ рухс уарзты кæлæнтæ
Æрзилой дунейыл, хъæргæнгæ,
Æмæ ныххойой усгурæн йæ зæрдæ?!
Æрцыдтæ аргъæуттæй?
Æви дæ зæд, Хуыцау æрхаста ардæм,
Цæмæй æрдзон тыхтæн
Сæ рæсугъддæры феной адæм,
Цæмæй дæ рухс уарзты кæлæнтæ
Æрзилой дунейыл, хъæргæнгæ,
Æмæ ныххойой усгурæн йæ зæрдæ?!
Ныссабыр ис ызнæт денджыз дæ разы,
Рæвдаугæ дын дæ къахбынтæ æхсы.
Зæрæхсид ам дæ сау дзыккутæ фасы,
Зæрин тынтæй бæгънæг буарыл тыхсы...
Æртæ рæсугъды баиу сты иу ран,
Сæ аивгæнæг былгæрон лæууы,
Æртæ амондгур – алырдæм сæ фæндаг,
Сæ алкæцы йæхи фарнмæ бæллы...

Ыскалдзæн райсом хур йæ тынтæ ногæй,
Ысабухдзæн та денджызæн йæ маст.
Æрмæст чындздзон чызг судзгæ уарзты монцтæй
Уындзæн йæ сæнтты урс барæджы хъазт.

07.05.2018

***

Арвы цъæхау арф цæстæнгас
Ивылгæ зæрдæйы цинтау
Раздахы æвзонджы хъæлæс,
Раздахы æвзонджы дымгæ.

Арвы цъæхау арф цæстæнгас
Асуры мæ кары сагъæс,
Раздахы кæддæры уæнгрог –
Цардбæллон æнæкæрон ныфс.

Ивылгæ дæ цъæх цæстæнгас
Агуры сыгъдæг æнкъарæн,
Басгуыхы уый уарзт æндзарæн,
Норст цæхæр дымгæйæ схъауæн.

Арвы цъæхау арф цæстæнгас
Ивылгæ зæрдæйы цинтау
Ахæсс æй, рæвдаугæ, ахæсс,
Амондагур урс барæгæн!

МАДЫ ФÆДЗÆХСТ БÆЛЦЦОН ХЪÆБУЛÆН

Мæ цард мыдадз цырагъау тайы,
Йæ сой æртах нæу баййафын мæ бон,
Мæ ныййарæг мæ хъуыддæгтæй кæм райы,
Уæддæр фæзæгъы: – Царды ныфс дын уон.

Мæ уд дæ фæхъхъау, искæй мулкмæ ма бæлл,
Дæхи фæллой дæ фарсыл-иу хæцæд,
Мæнгард царды бæсты мын амæл,
Ægады бæсты хъарæг дыл кæнæнт.

Æмæ йæ цæссыг – уарзты уаз æвдисæн –
Фæрдгуытау уадултæй тæдзы...
Фæнды йæ айсын зæрдæйæн йæ риссаг,
Мæ халас сæрыл хъарм къухтæ хæссы:

– Дæ нывонд фæуон, фестон дын рæствæндаг,
Дæ Фыдызæххыл макуы су уæлхох.
Ныййарæгæн кæд уыд хъæбул йæ фæндийаг,
Фæлæ мæ фæдзæхст макуы фæкæ рох...

Кæм хъæуа судзын адæмы сæраппонд,
Мынæгæй нæ, – цырен артæй-иу судз.
Йæхи хуызæн дæ ма скæнæд фыдраконд,
Чысыл дымгæ нæ рафæлдахдзæн тулдз.

Хуыцау дæ скæнæд дунетæн хæрзгæнæг,
Æхxуысмæ сидтæй ма бамбæхс дæ сæр.
Æмæ, куы ралæууа дæ фæззæг,
Уæд бабæлдзæн дæ амондмæ кæстæр.

Уæд тайдзысты фæстаг митау дæ зынтæ,
Нæ сыхбæстæ та дзурдзысты мæнæн:
– О, басудзæнт нæ зæрдæты дæ рынтæ,
О, Уацамонгæ базарæд дæуæн.

Мæ мады фæдзæхст дардæй хъустыл уайы,
Йæ сæххæст та кæй бон баци, кæй бон...
Ызгъоры цард, мыдадз цырагъау тайы,
Фæлæ – æрхæссы ног ныфсытæ бон.

ЦÆРГÆС

Тæхы сæрæн цæргæс уæззаугай,
Йæ бынмæ денджыз дымгæйæ хъæрзы.
Къæдзæхтау слæууынц уылæнтæ дыдагъгай,
Ызнæтдæр уылæн уæзданы бырсы.

Тæхы куыстдзагъд цæргæс йæ балцæй,
Йæ фæстæ арв зынг цæхæртæ æхсы,
Æрбаленк кæнынц пъæззы мигътæ дардæй,
Сыгъдæг бæлццон се змæлдæй тыхсы.
Йæ базыртæй-æхсаргæрдтæй сæ суры,
Фæпырх вæййынц йæ фæндагæй, уæддæр
Æрцæйхауы, йæ рухс нысанæй цуды,
Фæлæ та ног ысфæлвары уæлдæр.
Йæ зæрдæ 'хсайы: хæхты арф хъæбысы
Сты цъититæ та рухс æмæ сыгъдæг,
Бæгуы йæ уым йæ мадæл цæргæс мысы,
Æртæхы-иу æм фæндагмæ уынæг.
Уым афонмæ дæвдæг цъититыл
Дзæбидыртæ сыкъаты дзæхстæй зарынц,
Йæ лæппынтæ уæрæх тыгъдады
Сæуæхсиды фыццаг цæхæрмæ хъазынц.
О, уæлæ цæргæс, хивæнд хаст лæппынтæ
Кæд денджызæн æртахтысты йæ былмæ,
Сæ сыгъдæг удтæй судзынц кæд дæ рынтæ,
Нæ дын тæрсынц фыдуылæнтæй дæ бынмæ,
Уæд, уæлæ цæргæс, ма разын ныфссæттæг,
Ыстæх бæрзонддæр, арвы цæфæй басудз.
Дæ цард-кæстæрты ма фæкæн фыдæнхъæл,
Ызмæст уылæнтæн хъазыны хъул ма су.

* * *

Цард æртахгай ме уæхсчытыл тайы.
Уарзты фарнæй мæ зынтæн быхсын.
Æз фыдæлтæй нæ сахуыр дæн сайын,
Æз Сырдоны цæссыгтыл тыхсын.

Æмæ фестъæлфы, знæт бæхау, хатгай
Зæрдæ, уæнгтæй æрдомы хъæру,
Рох фæндæгтыл сызгъæрин æртахгай
Уæд фæуидзын Дзерассæйы туг.

Уæд фæсайы мæн рагбонты байраг
Ног йæ фæстæ, – ызнæтдæр мæнæй;
Бур, хъæбæрхорæй чи нæ уыд сайгæ –
Саргъы фæд ыл ныры онг дæр нæй...

Æмæ зилын йæ фæдыл, æрæнцой
Туг нæ зоны зæрдæйау æппын...
Цард та уæхсчытыл тайы, сæрæнтау
Нæй мын къаты бон, нæй –
Æз нæ комын сæттын.

* * *

Вæййы мын уазал хъарм уаты дæр хатгай,
Æнкъард фæкæнын цины бон дæр æз.
Уæд нал фæкомын амæлын дæр маргæй,
Куы мæм сæрттиви ивгъуыдæй дæ хуыз.

Вæййы мын уазал хъарм уаты дæр хатгай.
Сыгъдæг арфæтæ нал фембарын, нал,
Мæ туг фæлидзы зæрдæйæ æртахгай,
Уæддæр кæнын рæстаг цардæн амал.

Вæййы мын уазал хъарм уаты дæр хатгай.
Дæ уæздан митæ нал фендавынц мæн.
Фæтæхы риуæй масты цæхæр фатгай,
Уæддæр æртайын – бахудыс фæлмæн...

* * *

Кæйдæртау æз уæлбæх цардæй нæ цæрын,
Мæ хъуыддæгтæ нымæт ехсæй нæ рæзынц,
Мæ фæндæгтыл мын байтауынц хæрæгсындз,
Уæддæр мæ уд мысайнагæн æвæрын.

Куы сфæлмæцын мæ цард æмæ мæ рардæй,
Ыстыхсын æз, куы нæ мæ 'мбарынц, уæд.
Ныссуйтæ кæнынц, амарынц мæ фæнд,
Фæлæ та рухс тых раивылы дардæй.

Сыгъдоны норст цæхæр æвзаргæ,
Цæуын куыстдзагъд лæгау рыстæй.
Мæн тоны сайды тых рæстæй,
Уæддæр та алæгæрдын заргæ.

Кæйдæртау æз уæлбæх цардæй нæ цæрын,
Мæ хъуыддæгтæ нымæт ехсæй нæ рæзынц,
Мæ фæндæгтыл мын байтауынц хæрæгсындз,
Уæддæр мæ уд мысайнагæн æвæрын.

* * *

Ивылгæ донау сызнæт зæрдæ ногæй,
Рæууон дымгæ сындз къалиутыл тыхсы.
Æмзæдæнхъæл! Дæу асайдæуыд сонтæй,
Дæ фæливæг дæ амондмæ бырсы.
Адзалæй хизæг – балæууыс йæ размæ,
Мæнг амондмæ дæ сыгъдæг уд хæссыс.
О зæдæнгæс!
Кæдæм цæуыс, кæй фарсмæ?
Нæ бамбардзæни арвыхин дæ тыхст.
Дæлимон дæр у де 'фсармæй æнæбон,
Рæстæй тæрсаг дæ ныфсы раз – æдых.
Ам хъуамæ цардыл базарид дæ фæдон,
Зæрин бæллицтыл ма ныббадид рыг.
Æнæхин уарзт... О, мауал уадз æмгæрон
Йæ мæнг цинтæ, йæ сагъæстæ, йæ хъыг.

* * *

Ærыздæхт ныфс!
Цæрын та мæм æрцыди –
Дæ иу ныхас ныррухс кодта мæ риу.
Нæ дæ мæ раттæг, сфæлдисæг куы нæ дæ,
Уæд а хорздзинад, ацы диссаг циу?!

Цæмæн раздæхт уæнгрогдзинад мæ уæнгтæм,
Мæ цæстыты цæмæн та фæзынд рухс,
Цыкурайау та разындтæн æмгæрттæм,
Фæцыдæр та мæ цæсгомы фæлурс.

Фæцардхъом дæн, æрцыд мæм ногæй зарын,
Мæ цин мæ риуы стъалыйау ныррухс,
Сæрыстыр дæн, кæй ныффæрæзтон барын,
Мæстаг хъуыды йæ уидагыл ныххус…

Ныр кувынæй дæ сыгъдæг ном ыссарын,
Æз ацы 'хсæв дæ цæрайæ цæрын –
Æмæ дæ курын, мауал ыскæн уа зын…
Куы нал ныббыхсон, уымæй дын тæрсын…

19.10.2000 г.

* * *

Мæ хæрзтæ адæмыл фæуæрстон,
Нæ кодтон никæмæ хæлæг.
Зæрдæйы арфæй йæ æмбæрстон,
Кæй вæййы хины æмхиц лæг.
Фæлæ йæхи хæрынмæ ‘рцæуа,
Йæхицæй дома иннæтæй фылдæр,
Æгъдау, æфсарм, æвзаг нæ зона,
Мæ сæрызонд нæ ахста уый уæддæр.
Æмæ мын цыма искуы рагъыл
Дæлимонтæ ыскодтой арт –
Сæ хъæр-хъæлæба хъуысы дардыл,
Йæ сой-цæхæр сыл калы цард.
Хæрынц кæрæдзи – бинонтæй, сыхагæй,
Æмгарæн ма кæм кæнынц аргъ?!
Нæу рахизын сæ бон сæ конд, сæ уагæй…
Æнæ базыр куыд тæха маргъ?!.

ХОЗИТЫ Барис

ЙÆ СЫГЪДÆГ УАРЗТ – РÆБИНАГДÆР ÆНКЪАРÆН

Поэзийы сусæг уылæнтæй диссагдæр ницы ис сфæлдыстадон царды. Сæ алæмæт комулæфт та уый мидæг ис, æмæ æмхуызон рæвдауынц поэтæн куыд йæхи, афтæ чиныгкæсæджы дæр. Æмæ сæ чи фылдæр уæлтæмæнад райсы, уый тынг зын сбæрæг кæнæн вæййы. Иуæй-иу хатт нæм афтæ фæкæсы: иу чысыл ма бабыхс æмæ банкъардзынæ дзырдаивады *«сусæг уылæнтæ»*, фæлæ рацæуы рæстæг æмæ мидæнкъарынад къæссавæлдæхт фæвæййы уæлмонц зæлтæй – фыдæнæнхъæлы уавæрмæ. Кауы мигътыл ауыгъдæй баззайынц сурæт, ритм, дзырд æмæ рифмæйы *«æндæртæ»*. Рацæуы ма цасдæр рæстæг, æндæрты уд бацæуы, уæлмонцады уысм сусæг уылæнты æмбæрзæн байгом выййы, æмæ уæд удварны тæгтæ базмæлынц, æнгуылдзтæ дæр сæхи байсынц фыссæн сисы тæлæсон *«барцмæ»*. Уыцы диссаджы нывтæ райгуырынц куыд автормæ, афтæ йæ иузæрдион кæсæгмæ дæр. Æвæццæгæн, ахæм алæмæттаг уавæры тыххæй цæры зæххон адæймаг æнусон хуры бынмæ. Æнæмæнг, æцæг аивады æмвæзадмæ уымæн схизынц поэзийы *«сусæг уылæнтæ»*.

Раст гъе ахæм æнкъарæнтæ мæм райгуырын кодта Касаты Батрадзы æмдзæвгæты цикл *«Кæм агурон зæрдæйы ныфс...»*. Мыхуыргонд æрцыд журнал *«Мах дуг»*-ы 2017 азы æстæм номыры фæрстыл. Фараст æмдзæвгæйы йеддæмæ йæм нæ бахаста автор, фæлæ мæ фараст сагъæсы сæрты ахизын кодта. Æнæнхъæлæджы йæ мæхицæн банкъардтон æмныхасгæнæгæй, иу æвзагыл дзурæгæй. Циклы фыццаг æнæном æмдзæвгæ *«Уæйгæнæг скадджындæр поэтæй…»*-ы адæймаг райсы дуджы уавæр æмæ рæстæджы хъынцъымтæ. Райдианы нæм авторы тезисы – *«уæйгæнæг скадджындæр поэтæй»*-ы – диссагæй ницы фæкæсы, уымæн æмæ Къостайы рæстæджы дæр афтæ уыдис. Фæлæ мидисамад куыд хæлгæ цæуы *(«Нывгæнæгæн арахъуадзæг – æлдар. / Ысфæлдисæджы уаз сурæты фæндæй, / Йæ уарзты рухсæй нал райы æмгар»)*, афтæ нæм арфдæр хъарын райдайы поэты æргомгæнæн ныхас. Ацы мæнгард дуне дæлгоммæвæлдæхт, æнахъинон кæй ссис, уыл тыхсы нывгæнæджы зæрдæ æмæ нæм

ӕнус ӕмӕ ӕрдӕджы фӕстӕ Темырболаты хъынцъым ногӕй уымӕн фехъуысы: *«Куыд цӕрӕм, уӕдӕ?!»* Ӕмдзӕвгӕйы астӕумагъзы хъуыды автор дыууӕ хатты хуымӕтӕджы нӕ фӕлхат кӕны. Поэтӕн ӕнцойад нӕ дӕтты, *«суанг нӕ сыгъдӕг удтыл»* дӕр *«хинвӕндаг уӕлахиз»* кӕй кӕны, уый. Ӕмдзӕвгӕйы хатдзӕг тыхт кӕм вӕййы, уыцы кӕрон ивд ӕрцыдис бирӕстъӕлфӕй, цыма нын поэт афтӕ зӕгъынмӕ хъавыд: *«Кӕронмӕ та йӕ уӕхӕдӕг адарддӕр кӕнут!»*

Дыккаг ӕнӕном ӕмдзӕвгӕ *«Кӕдӕм фӕлидзон уе 'хсӕнӕй, хӕлӕрттӕ...»*-ы авторы хъуыды зынгӕ фергомдӕр кӕны йӕхи. Зӕрдӕсаст ӕнкъарӕнты алдымбыд нын фехсы нӕ къӕхты бынмӕ, фӕлӕ «сӕмбӕлы» нӕ зӕрдӕйыл: *«Кӕдӕм фӕлидзон уе 'хсӕнӕй, хӕлӕрттӕ, / Куы нал уӕ ис, кӕмӕ хатон тыхстӕй?! / Охх, бафӕллад мӕнгдзинадӕй мӕ зӕрдӕ, - / Кӕй ма хъӕуы мӕ уды тох рыстӕй?!»*. Ӕрхаст рӕнхъыты мидисӕй нӕм поэты зӕрдӕ разыны ноджы гомгӕрцдӕрӕй. Нӕ цӕстӕнгас ӕрдынбосау фехсынӕввонг ныттынг вӕййы. Ӕмӕ... сӕмбӕлы поэты риуыл... Уый фӕстӕ нӕм ноджы зӕрдӕмӕхъаргӕдӕрӕй райхъуысы лирикон хъайтары фӕрсаг хъӕлӕс:

Кӕм агурон зӕрдӕйы ныфс, кӕм курон,
Кӕм агурон ӕфсарм ӕмӕ ӕгъдау?!
Уӕд та уал, цӕй, мӕхи удӕй фӕсурон
Хӕрам, фыдӕх, ызнӕты зынг фӕлтау!..

Рӕстӕджы фӕлварӕнтӕ дӕттынмӕ цӕттӕ чи у, ахӕм адӕймаджы сурӕт уырнинагӕй равдисын хуымӕтӕджы хъуыддаг нӕу. Фӕлӕ Батрадзы къухы уый ӕнтыстджынӕй бафтыд. Ӕнӕном ӕмдзӕвгӕйы уый домӕнӕн уӕлдай иттӕг хорз дзуапп дӕтты поэтикон уацмысы дыккаг хай. Уым лирикон хъайтар, кӕд йӕ лымӕнтыл йӕ зӕрдӕ худы, уӕддӕр сыл йӕ зӕрдӕ нӕ исы, ӕмӕ сын йӕ парахат зӕрдӕйӕ арфӕ кӕны:

Ӕртӕхӕнт уӕм, мӕ буц хӕлӕрттӕ, зӕдтӕ,
Уӕ хус удтӕй уын сыскъуынӕнт хӕлӕг, –
Зӕгъиккат кӕд: «О курӕм уӕ, хуыцӕуттӕ,
Хӕрзгӕнджытӕ уӕ фӕндиаг цӕрӕнт!».

Хуыцӕуттыл кӕй бафӕдзӕхста, уыдонӕн ма кӕронбӕттӕны раргом кодта йӕ иннӕ зӕгъинӕгтӕ дӕр. Ома, сӕ хорз зонд сӕм куы 'рцӕуид, уӕд сӕ цинӕй, *«туджы цӕссыг нуазгӕ»*, быхсид, Амранау батаид йӕ маст дӕр. Ӕмӕ сын йӕ зӕрдӕ зӕгъы, цӕмӕй сӕ удтӕ *«сау хӕйрӕгӕй»* суӕгъд уой, уый.

Ацы уацмысмӕ хӕстӕг лӕууы *«Сырдоны монолог»* дӕр. Поэт-

лирикон хъайтары зӕрдӕ йе 'мгӕрттыл куыд худы, ахӕм уавӕры ис Гӕтӕджы фырт дӕр: *«О, нартӕ, / Бӕхджынтӕ, гӕрзифтонг, / Хӕстмондӕгтӕ, хъалтӕ! / О, нартӕ, / Ыстӕрты цӕугӕйӕ, / Дӕлдзиныг – мӕ бартӕ. / Мӕнг амонды цинӕй / Куыд зилынц уӕ сӕртӕ, / Мӕнӕй уӕм хӕстӕгдӕр - / Уӕ хъама, уӕ кӕрдтӕ»*. Хӕрӕфырт астӕуккаг цӕджындз у, фӕлӕ Сырдонмӕ нартӕй рӕвдыд нӕ цӕуы: ӕнӕбары хилы йӕ мадырвадӕлты фӕстӕ – ӕдзухъом, фӕлладӕй; цӕуынц ыл хинӕй, мӕнгардӕй, – фӕзӕгъынц ын бузныг сӕ *«зӕрдӕты туттӕй»*. Лирикон хъайтарӕн дӕр, йӕ рагон фыдӕлау, хъыг вӕййы, йӕ хӕлӕрттӕ *«хистӕрӕй-кӕстӕрмӕ» «йе 'взӕрмӕ»* кӕй бӕллынц, уый. Йӕ дӕлдзиныг уавӕр Сырдоны хъизӕмаримӕ куы баиу вӕййы, уӕддӕр сын фӕдзӕхсы:

Ныууадзут мӕ иу ран!
Мӕ цӕссыг ӕмбӕхсын
Сымах ӕмӕ ирӕй...

Дарддӕр автор ӕрдзон хуызы рахизы уарзты темӕмӕ. Адӕймаджы сыгъдӕгдӕр ӕнкъарӕнӕй хайджын кӕнӕ ӕнӕ хайӕ чи баззайы, уый ӕнӕмӕнгӕй рахиздзӕн ӕмдзӕвгӕтӕ фыссынмӕ, суанг, поэт куы нӕ уа, уӕддӕр. Ахӕм хъуыдыйыл нӕ бафтауы Батрадзы ӕнӕном ӕмдзӕвгӕ *«Мӕ сыгъдг уарзт – рӕбинагдӕр ӕнкъарӕн»*. Лирикон уацмысы мидисамады автор байтыгъта *«йӕ уды фарн – йӕ рухс монцты ӕндзарӕн!»* Йӕ уды арфдӕр гуырӕнтӕ йын чи райхъал кодта, уымӕ цыд *«йӕ фӕндӕгты сӕйрагдӕр» ӕмӕ «йӕ бӕллицты фыццаг»*. Гъе, фӕлӕ афтӕ дӕр рауайы, ӕмӕ *«фӕндаг»* кӕронмӕ нӕ ахӕццӕ вӕййы, *«бӕллиц»* та ӕцӕгдзинадмӕ нӕ рахизы. Ӕмӕ уыцы дывыдон арты фыцы лирикон хъайтары зӕрдӕ:

Дӕумӕ тындзыдтон
Рагбонтӕй фӕстӕмӕ, –
Ныр хъусын ӕз
Дӕ карз ныхас хӕстӕгмӕ:
«Сыгъдӕг уарзтӕй,
Ӕвзонг лӕппу, цы кайыс?!
Дӕхи, мыййаг,
Кӕд митмӕсгуытӕй сайыс...

Ӕндӕр исчи ахӕм дзуаппы фӕстӕ чызгӕй йӕ удхӕссӕг федтаид, карз ныхӕстыл ахӕцыдаид, фӕлӕ Касайы-фырты лирикон хъайтар уыдонӕй нӕу. *«Ӕнӕдзуаппы»* фӕстӕ дӕр йӕ хъуыды нӕ ивы, хоны йӕ

«æмбал кæмæн нæ ары», ахæм *«сыгъдæг уарзт»*, йæ *«дудгæ рисыл»* та барвæндонæй *«ноджы цæхх луары»*. Æмæ йæхи хъысмæты тæрхоны бар бакæны: *«Æвæдыл мæ / Сыгъдæг суадонмæ ласыс, / фæстæмæ мæ / Æнæ донæй здахыс...»* Æрмæст ууыл нæ ахуыссыд æвзонг удæн йæ уарзты зынг, йæ уды *«дзуарыл»* байтауыны размæ ма чиныгкæсæгæн ныууагъта иу базон-базон:

Æви æндæр у
Уаз уарзтæн йæ ахаст, –
Мæ зæрин уадындз
Заргæ-зарын асаст?!.

Поэт-лирикон хъæйтар кæд зæрдæсастæй баззад æнæдзуапп уарзтæй, уæддæр нырма йæ царды рухс нæ бамынæг, хæссы ма йын фидæны тæлмæнтæ. Æмæ уыцы *«тæлмæнтæй»* авторæн иу у æмгардзинад. Хуыцауы раз йæ зæрдæйы цырагъ кæмæн æвæры, уыдон сты æгъдау æмæ æфсарм. Æмæ уый ирдæй зыны *«Æхцайы дуне – згъæхæрд æмæ удхор»*-ы мидисæй. Бæгуыдæр, *«æхцайы дуне»* гадзрахатæй цæуы уарзтыл дæр, æмгарыл дæр, цардыл дæр, фыдыуæзæгыл дæр, фидæныл дæр. Уымæн æмæ *«сæрæй-къæхтæм æгъатырæй ныхъуыры – нæ лæгдзинад, æгъдау æмæ æфсарм»*. Згъæхæрд æмæ удхор низ *«Æнæтæригъæд сабийæн»* дæр йæ хъуырыл æрцауындзæг, нынныхæст, ныффидар ис, – æмæ йæ кæны парахат не 'хсæн!.. Авторы зæрдæ судзы, *«мах та йын аргъуыцгæнгæ кæй кувæм»* æмæ «йæ ныхмæ ысдзурынхъом» кæй не стæм, уый тыххæй. Кæронбæттæны нæ лирикон хъæйтар хизы *«згъæхæрд æфсондз»*, *«æбæрæг фидæн»*, *«сау пъæззыйæ»*, уымæн æмæ нæ уыдон кæнынц афтид дунемæ, хурх кæнынц адæймаджы æмæ йыл æфтауынц кусæг фосау æфсондз. Æмæ нын фæдзæхсы, *«æхцайы дуг – ызгъæхæрд æмæ удхор»* кæй у, уый.

Батрадзы поэзийæн æцæгæлон нæу историон темæ дæр. Æмæ *«Дзæнгæрæг-паддзах»* уымæн у хорз æвдисæн. Æмдзæвгæйы мидисамадæй куыд базонæм, уымæ гæсгæ авторæй рох нæу адæмон-поэтикон традици. Автор бирæ азты дæргъы уæлтæмæнады æнкъарæнтæ, хъуыдытæ æмæ сурæттæ иста адæмы историон азфыстæй. Фольклор æмæ историмæ сæ хъус бирæ фысджытæ (дзырдаивады дæснытæ) здæхтой, фæлæ-иу сæ уацмыстæ айдагъ фæлхаттæй фесты. Батрадзы историон æмдзæвгæ хицæн кæны уымæй, æмæ йæ хæдбындур стихамайæг æнгом бабаста йæхи хъысмæты хабæрттимæ. Æмæ мидисамады уагæвæрд куыд равдыста, уымæ гæсгæ

йе сфæлдыстадон хъуыды фæрæстмæ. «Дзæнгæрæг-паддзах» ирон поэты сæнтты схызт историон бæрæгбоны уазнысаны æмвæзадмæ, кæд уацмысы комулæфт æнкъард рауад, уæддæр. Поэтæн та уый сси удсыгъдæггæнæн фæрæзы хуызæн:

Дзæнгæрæг-паддзах
Федтон æз чысылæй
Йæ къæртты раз дæр
Кæд уыдтæн мæлдзыгау, –
Уыди нæ хохы мæсыгæй бæрзонддæр,
Бæрзонд æмæ парахат дуар – йæ къахыр.

Æрхаст рæнхъытæ, *«æнæ фæрсгæйæ»*, смидæг вæййынц адæймаджы хъуыдæджы тыгъдады æмæ дзы куы æрбынæттон вæййынц, уæд адæймаг æхххæст цымыдисы уавæры бахауы. Уый уымæн афтæ рауайы, æмæ нæ автор йæ мидисамады æвиппайды не смидæг кæны, фæлæ цадæггай, фæлваргæ æмæ æвзаргæ надвæдыл. Къахыр дзæнгæрæгæн та лæгæтау йæ хуылфы æнæрцæф дымгæ куы ныззарыди, уæд лæппын риуы æнахуыр бæллиц райгуырд:

Куы байрæзон, куы сбирæ уа мæ хъомыс,
Нæртон туджы зынг ме уæнгты куы судза,
Йæ бынаты уæд бавæрдзынæн саст фæрск,
Нындададзынæн æй бурæмæдзы сойæ,
Куыд нæуал зына састы бынат, афтæ,
Æмæ йæ дзинг æгас дуне куыд фæзма!

Исчи афтæ дæр бафæрсдзæн:уæдæ цæмæн бахъуыд нæ поэты историон хабар? Батрадзы лирикон мотив историмæ нæ бырсы: уый авторы хъæуы, цæмæй дзы йæ зæрдæйы уавæр равдиса, уый тыххæй. Дарддæр кæсæм: *«О, цас рацыд уæдæй абонмæ азтæ, / Дзæнгæрæг-паддзах дæр лæууы фыццагау...»* Æмæ историон дæрддзæф йæхи æруадзы лиро-эпикон хъæйтары сæрмæ æмæ йæ бафтауы сагъæсты. Фæлæ йын уыцы иу рæстæг дæтты ныфс, историон уазнысан ын йæ уд кæй ссыгъдæг кæндзæн, уымæн:

Уæддæр... Уæддæр мæ рагбæллиц нæ аскъуыд,
Нæ мын дæтты æнцой æхсæвæй, бонæй,
Мæ уды арфы саст мыртæ нырризынц,
Уым баиу вæййынц рухс арвы ыскондæй, –
Сæ зæллангæй мæ рухс бæрзæндтæм сисынц.

Ам бафиппайын хъæуы иу вазыгджын миниуæг. Уый баст у

ныхмæвæрд хъуыдыимæ. Поэт ссардта йæ уацмысы ратæдзæн историон уазнысаны мидæг, нывæрдта йæ хъысмæты æгæрон лагъзы æмæ дзы рауад удтухæныл фыст сурæт. Ивгъуыд æмæ абон авторы сагъæсты баиу сты æрдзон хуызы æмæ йын æрхастой æхцонад. Фæлæ йæ уыдоны æмиуад цæмæн бахъуыд, уый сбæрæг вæййы æмдзæвгæйы кæронбæттæн рæнхъыты, паддзах-дзæнгæрæджы хохаг мæсыгимæ кæм абары, уым. Æцæг, гæнæн ис, æмæ искæмæ сæвзæра ахæм фарст: *«Цæмæн бахъуыд Батрадзы историон уазнысан?»* Кæд æмæ йын фадат уыдис йæ зæрдæйыуаг комкоммæ лирикон цæстæнгасы равдисын, уæд. Кæмдæр раст æвæрд фарст, гъе фæлæ уыйхыгъæд зонын хъæуы, Касайы-фырт историон темæйы лирикон хиравдисты æргом мадзал кæй ссардта, уый. Кæй зæгъын æй хъæуы, ахæм аивадон къахдзæф автор акодта, йæ риуы нæ бæстæйы азфыст стыр бынат кæй ахсы, уымæн. Историйы сыфтæ *«кæсын»* алкæй бон нæу, уæлдайдæр та сæ, Георгийы фыртау, дæхицæн удыбæстæ куы нæ арай, уæд.

«Дзæнгæрæг-паддзах»-ы темæйæ Батрадз рахызт йæ лирикон хъайтары хъысмæтмæ æмæ йæ ранывæста æнæном æмдзæвгæйы *«Алчи райгуыры кæугæйæ...»-ы.* Æнæном æмдзæвгæйы æнæном хъайтар дисы бацыд йæ мидуавæры хатдзæгтæй: *«Алчи райгуыры кæугæйæ, / Мæн та Хуацау, æвæццæгæн, / Æрвыста а дунемæ худгæйæ. / ...Æмæ фæцардтæн маст æмæ фыдæхыл»*. Поэтикон уацмысы мидисамады æмбарынадæн тынг вазыгджын æууæл æххæст кæнынц æртæ эпитеты: «удхар, сагъæс æмæ маст». Уыдон æвдисæг сты поэт-лирикон хъайтары æрдхæрæн уавæрæн. Мидисы райдиан автор йæ ныхас цæмæй райдыдта, уый ныр бацæуы йæ тыхы, гомгæрццæй æвдисы, бирæ рæстæг йæ риуы къæйы бын кæй фембæхста, уыцы æргом ахаст йæ алыварс дунейы цæрæг удтæм:

Мæ игæр мын хæрамдзинад куы карста
Йæ цыргъ кардæй, уæддæр ма ме 'ргом,
Мæ рухс мидбылхудт, адæмы 'рдæм разылд
Æмæ сын царды ныфс лæвæрдта.
Цыдæр рæстæг-иу амбæхста йæ маст,
Æмæ-иу худтысты кæл-кæлæй.

Касаты Батрадзы зонын хъæуы лæгæй-лæгмæ, цæмæй йын йæ уды зын æмæ йæ уды катай бамбарай, уый тыххæй. Лæг йæ удимæ æргом ныхасы куы бацæуы, уæд дзы мæнг ныхасæн йæ кой

дæр нал вæййы. Ахæм уавæры ис йæ лирикон хъайтар дæр: йæ уд мысайнагæн кæмæн хаста, уыдонæй иуы дæр нæ фæнды бамбарын йæ цард, – *«сыгъдæгуд сабитæй фæстæмæ...»* Зыбыты иунæджы дæр дзы нæ фæндыди æмбарын *«йæ удхар сагъæс æмæ маст...»* *«Хъæугæ дæр сæ нæ кодта, йæ риссаг сæм нæма фæхæццæ ныр дæр ма...»*, – ахæм рохст уды ныхæстæй балхынцъ кæны йæ уацмысы кæронбæттæн хъуыды автор. Фæлæ нын æмдзæвгæйы фæстаг дыууæ дзырды *(«Æмæ æгайтма»)* æнцойад нæ дæттынц. Афтæ нæм кæсы, цыма автор чиныгкæсæгæн йæхи бар бакодта фæстаг хатдзæг скæнын. Æмæ уымæн бамбарæн ис: лирикон хъайтары уавæры чи бахауд, ахæмтæ чысыл нæй нæ алыварс, æцæг ыл иутæ нæ сæттынц, иннæтæ та сæ зæрдæйы сагъæстæ скалынц, цæмæй сын сæ рæдыд фæндагыл мачи ацæуа, уый тыххæй. Æмæ уый дæр чысыл нæу ацы царды мидæг.

Касаты Батрадзы поэтикæйæн эпикон комулæфт кæй ис, уымæн ма иу æвдисæн у æмдзæвгæ *«Мыггаджы хистæры фæдзæхст»*. Уымæ гæсгæ суанг лирикон ныхасыуаджы бон дæр у чиныгкæсæджы историон кæнæ философон сагъæстыл бафтауын. Сагъæс кæнынмæ та хæхбæстæй хуыздæр бынат нæй. Уым адæймаг цардмæ, йæ хъысмæтмæ бынтон æндæр цæстæй кæсы. Йе сфæлдыстады поэт быдыр æмæ хох ныхæй-ныхмæ не 'вæры, фæлæ сæ йæ зæрдæйы тæгтæй æрбатухы, æмæ сæ кæрæдзийæ атонын нæ уадзы. Сæ иудзинад пайда хæссы удæн дæр, буарæн дæр – æфсады сæ цардхъомысы цæхæрæй. Фыдыуæзæгмæ поэт кæсы хъæбулы цæстытæй:

Фыдæлты фарн – Дагом,
Цæргæсты æрбадæн, –
Уым Касаты уæзæг
Йæ райдиан сæ цардæн.

Батрадз канд фыдыуæзæг нæ, фæлæ æндæр исты темæйыл куы фæфыссы, уæддæр йе стырдæр æвдисæн вæййы хуымæтæг зæрдæйыуаг. Нæ аивата йæ хидард ацы æмдзæвгæ фысгæйæ дæр. Стихамайджытæй чи нæ тырныдта фыдызæххы сусæг æвæрæнтæ раргом кæнынмæ. Нæ фæлтæрд автор раст кæны, фыдыбæстæйы тыххæй къæбæлдзыг ныхæстæ кæй нæ кæны, уымæй. Цыфæнды поэтикон хъуыды дæр цæры, цалынмæ йæ адæм æмбарынц, уæдмæ. Æмбарыны фæстæ поэт æмæ йæ кæсæг дзурын райдæйынц иу æвзагыл. Алы фыдыбæстæ дæр æнæрлæугæ æнхъæлмæ кæсы йæ

зарæггæнæгмæ. Касайы-фырты зарæг фыдыбæстæйы тыххæй, чи зоны, сæйрагдæр нæу, фæлæ æргом ныхас комулæфтæй никæй фæстæ æрлæудзæн:

Сæрибары цæргæс
Цæхæркалгæ тахт,
Уый цардагур кæмттæм
Бæрзонд арвæй каст.
Æвзæрста хуызджрæн
Цæрынæн бынат, –
Ныддихтæ фыдæлтæн
Сæ уидаг, сæ цард.
О, Дагомы гæнах,
Фыдæлты бындур!
Хуыцау дæ ыскæнæд
Нæ иугæнæг дур!

Курдиатджын поэты рæнхъыты азæлд æрдзон хуызы иу уылæны бахауы фыдызæххы тыххæй фыст традициимæ. Поэт æнæрлæугæ агуры æмиуад æмæ æмбаст æууæлтæ фыдыбæстæйы тыххæй фыст уацмысты. Уыцы миниуджытæ йе ʻмдзæвгæты фæзынынц развæлгъау ныхасы хуызы. Гъе уымæн нымайы зындгонд поэт йæхицæн хæсыл æргом ныхасы уаг, уæлдайдæр та, фыдыуæзæгыл куы фæзары, уæд:

Нæ фидæны фæлтæр –
Нæ сагъæс, нæ рис!
Уæ бæллиццаг фæндтæй
Рæсугъддæр цы ис?!
Уæ кæрæдзи уарзут,
Æнгомæй цæрут,
Нæ мыггаджы рухс фарн
Æнусмæ хæссут!

Фыдыбæстæмæ уарзты сусæг зæлтæ банкъарын алы æцæг поэтæн дæр у уазнысаны хуызæн. Фыдыуæзæджы удæгас дунейæн поэзийы хъæлæс раттын æнцон хъуыддаг нæу. Касаты лæппуйы зæгъдау, уыцы *«бæллиццаг фæндтæй рæсугъддæр цы ис?!»* Уарзты хуызæн уый дæр у æнусон темæ. Хуыцау адæймагæн Фыдыкъæс, фыдыуæзæг, фыдыбæстæ хуымæтæджы не сфæлдыста. Уымæн æмæ уыдон сты зæххон уды иугæнæг æууæлтæ, æнæ уыдонæй йын зын у йæхи бамбарын æмæ йæ царды нысан сбæрæг кæнын. Нæ фыдылты дæр-иу хуымæтæджы афтæ

нæ бакодтой: *«Адæймагæн Фыдыбæстæ, ныййарджытæ æмæ бинонтæ дæтгæ сты Хуыцауæй, иннæ хъуыддæгтæ та – йæхицæй!»* Батрадз уыцы æууæлтæн радта поэтикон æвзаг æмæ сæ йæхирдыгонау тæфсир кæны. Йæ мидисамады сфæлдыстадон архайд лæдæрсы цадæггай, æрдзонæй, æхцонæй, æмæ йæ уый кæны уырнинаг æрмæг. Стихвæлдисæгæн хъысмæты тæрхонмæ гæсгæ йæ дыккаг фыдыуæзæг ссис Тырсыгом, былвырддæр та – Суатъисы хъæу. Фæлæ йын сæ дыууæ дæр сты æмхуызон адджын. Уыдоны ном дæр ссардта сæрмагонд æмдзæвгæтæй.

Касайы-фырт хорз арæхсы зарджытæ фыссынмæ дæр. Бирæ музыкæфысджытæ йын йе сфæлдыстадмæ лæмбынаг уымæн дарынц сæ хъус. Ацы циклмæ дæр бахаста *«Зарæг Берозты Темырболатыл»*. Нæ номдзыд ахуыргонды ном уæрæх зындгонд у канд Ирыстоны æмæ Уæрæсейы нæ, фæлæ æгас дунейы дæр. Ахæм лæджы ном зарæджы ранывæндынæн хъæуы стыр ныфс æмæ стыр арæхстдзинад. Зарæджы рæнхъæвæрд куыд равдыста, уымæ гæсгæ нæ курдиатджын автормæ разындысты сæ дыууæ дæр. Лирикон уацмыс райдайы *«Джимарайы хохæй цы лæппын цæргæс ратахт»*, уымæн *«Мæскуыйы дымгæтæм йæ базыр»* куыд сфидар, уымæй. Авторы зæрдæ балхæдта, нæ номдзыд ахуыргонд ма уымæй уæлдай *«ирон лæгæй кæй баззад»*, æфсармæй, æгъдауæй хъысмæтæн кæй нæ басаст, уый:

Джимарайы авд дзуары арфæйы дзырдæй
Берозоныл авд арвæй авд хуры разылд, –
Æнæхъæн дунейы сæрæндæр дохтыртæй
Тырсыйаджы зонад бындурондæр разынд.

Зарæджы хъæйтар фыдызæхх, *«авд дзуары арфæйы дзырдæй»* фæдзæхст кæй уыдис, уый йæ хъахъхъæдта Амырычы, Францы, Англисы, Японы, – зæххы къорийы иннæ кæрæтты. Æцæг ахуыргонд уæвгæйæ, *«æрынцой нæ зыдта, æвæллайгæ куыста, уæлтæмæны сыгъд»*. Кæуылты нæ хæцыд йæ фæндаг – *«уæларвæй бæрзонддæр, нæ фидæны фæлтæртыл дардта йæ арм»*, йæ уарзт та Ирыстонмæ – хурæй æргомдæр, лæвæрдта йын парахат, *«йæ зæрдæйы хъарм»*. Зæхх æмæ арв, бæллиц æмæ æцæгдзинад баиу сты лирикон хъайтары удыхъæды æмæ йæ йе сгуыхтыты бæрзæндмæ систой. Мыггаджы фарнæй – адæмы фарнмæ – фæсте ницыуал ныууагъта Берозы-фырт. Поэт æмæ сурæты æхсæн сæвзæрд æрдзон бастдзинад, æмæ чиныгкæсæджы суадоны цины баппæрста:

Нæ дунейы кæрætты – йе ‘взонг фæдонтæ,
Кæй базырты бауагъта ахуыры тых.
Сæрыстырæй мысынц йæ кад дæр, йæ ном дæр,
* Æрлæууынц сæ равзæрст фæндæгтыл хъæддых.*

Бынаты фарн райста нæ хæхбæсты дзуæрттæй,
Хæххон хуры тынтæн – сæ зæрин æлвæст.
Наукон тыгъдады æмырæхгæд дуæрттæн
Сæ байгом кæнынæй нæ фæллад, нæ тыхст.

Номарæн æмдзæвгæйы зын ссарæн не сты, авторæн уагæвæрдон чи сты, уыцы ныхасыздæхтон æууæлтæ. Поэт æмæ ахуыргонды æхсæн бацайдагъ ерысы хъазт, æмæ уый фæрцы ноджы бæрзонддæр схызт йæ мидисы ххх. Ахуыргонд *«быцæугæнæг»* архайæгæй *«рахызти»* лирикон хъайтары сурæтмæ. Уыйадыл авторы хъусдард æгасæй æрлæууыд йæ фæлгонцыл. Æмæ ныр *«кад æмæ намысы авд фарны зарæг»* Берозты сахъ гуырдыл систа бæрзонд. *«Авд фарны зарæджы»* сабухæг – *«Наукæйы базырджын барæг»* свæййы бæрзондгæнæг романтикон æууæлтæ æмæ миниуджыты хицау. Æмæ кæд Темырболат академик ссис, уæддæр дзы нæ ферох сты бæрзонд ирон æгъдæуттæ. *«Нæртон куывды»* дæр Ирæн *«сæрæй хистæрæн хуымæтæджы нæ фæбады»*. Романтикон хъайтары сгуыхт æмбæхст ис æмдзæвгæйы фæстаг (æвдæм) цыппаррæнхъоны мæнæ ахæм метафорæйы – *«Авд фарны зарæг»*. Автор йæ романтикон хъайтары иу фарны зарæг куы схуыдтаид, уæддæр ын ахорæнтæ сфаг уыдаид. Фæл поэт йæ удрæбыны ныциуал ныууагъта æмæ йæ авд фарны – авд хохы сæрмæ систа.

Касаты Батрадзы æмдзæвгæты цикл *«Кæм агурон зæрдæйы ныфс...»* нæ цымыдисы кæй баппæрста, уымæн ма ис иу аххос: автор дзы æрдзон хуызы батайын кодта йæ романтикон бæллиц. Поэт лирикон цæстæнгасæй афæлгæсыд йæ алыварс æцæгдзинадмæ æмæ дзы йæ удварнмæ цы æнкъарæнтæ райста, уыдон сфæлдыстадон хуызы бахаста йæ фæлгонцты фæлгæтмæ. Циклы æмдзæвгæтæ дзаг сты сыгъдæг зæрдæйы хъарм æмæ йæ зондахасты рухсæй. Уый сын дæтты поэтикон уынынад æмæ сфæлдыстадон уæлтæмæнад. Поэтикон уацмысты фæлгонцад æмæ поэтикæ хицæн кæнынц, чиныгкæсджыты химбарынад кæй хъал кæнынц, монон рухс таугæйæ, уымæй.

Ноджы ма нын автор бацамыдта, *«зæрдæйы ныфс кæм агургæ у»*, уый. Касайы-фырт хиуылхæцгæ барæнтæ æмæ хъæздыг ахорæнтæй ныв кæны йæ иубæстон дзыллæйы бæллиц цард, архайд æмæ тырнынадмæ. Уæлтæмæнадон цæстæнгас авторæн фадат радта ирон поэзийы æнусон хæзнатæм чиныгкæсæджы цымыдис райхъал кæнынæн.

Касаты Батрадз йæ ног æмдзæвгæты цикл *«Кæм агурон зæрдæйы ныфс...»*-ыл, æмткæй, куы ахъуыды кæнæм, уæд нæ миддунейы тыгъдады цыдæр æнахуыр æхсызгон уылæны хъарм нæ удрæбыны æхцонæй банкъарæм. Поэты фæнд æмæ поэты бæллиц кæрæдзиуыл куы атыхсынц æмæ афтæмæй æцæгдзинадмæ куы рахизынц, уæд райгуыры поэтикон уацмыс. Æвæццæгæн, ахæм алæмæттаг уавæрты тыххæй цæрынц поэт дæр æмæ йæ чиныгкæсæг дæр. Æмæ ныхас кæуыл фæцæуы (æрдз, цард, фыдызæхх, уарзт, мæлæт, хъысмæт), уыцы æнусон темæтæ адæймагмæ æндæр хуызы разынынц, удмæ фæхæстæгдæр вæййынц, хатдзæгтæн та раттынц кæронбæттæн хъуыды. Поэт та, йæ чиныгкæсæджы дунеуынынад уæрæхдæр кæнгæйæ, ногæй йæ сæнттæй æрыздæхы царды уылæнтæм. Æцæг, фæсмоны æнкъарæнтимæ нæ, фæлæ хъысмæтæй разы æмæ Хуыцауæй арфæгондимæ. Дзырдаивады дæсны ахæм монон рæвдыд куы райсы, уæд та йæм ногæй цæрын æрцæуы: ивддзинæдты комулæфт æй ахоны йæ фæстæ, райгуырын æм кæны рæзгæ-ивгæ дунемæ ног тырнынад, ратты йын цардхъомысы тых царды дæр æмæ сфæлдыстады дæр. Уыдоны мидæг ис Касайы-фырты аивадон æрмдзæфы *«сусæг æвæрæнтæй»* иу – йæ уагæвæрды астæуыагъз, йæ поэтикон уынынады бындур æмæ йæ зондахасты рухс фæндаг. Уыдоныл æнцой кæнынц йæ фæткæвæрдад, йæ монад, йæ цæстæнгас, йæ удварн æмæ йе сфæлдыстад.



ХÆМЫЦАТЫ АЛБЕГ: 80 АЗЫ

(1940 – 2014)

Хæмыцаты Албеджы æмдзæвгæты арæх ис Десы кой. Дес ис Тырсыгомы, у поэты райгуырæн хъæу.

Албег каст фæцис астæуккаг скъола æмæ Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты историон-филологон факультет. Куыста Хъызлары астæуккаг скъолайы ахуыргæнæгæй, Сæрмагонд профтехучилищейы директоры хæдивæгæй, Цæгат Ирыстоны телеуынынæды хистæр редакторæй, журнал «Мах дуг»-ы критикæ æмæ публицистикæйы хайады сæргълæууæгæй, СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы мыхуыры секторы консультантæй, республикæйы радиойы хистæр редакторæй.

Æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта, скъоладзау ма куы уыд, уæд. Джиппы рауагъта иу-дæс поэтикон чиныджы. Тæккæ æххæстдæр æмбырдгæндтæ йын сты «Дурты хъарм» (Дзæуджыхъæу, 2000) æмæ «Цæстырухс» (Дзæуджыхъæу, 2006).

ИВГЪУЫД РÆСТÆГ АТАХТ

ÆХСÆВЫГОН

Къæвда 'нæрæнцой уары,
Калы хъæуыл цæссыг.
Зæрдæ уазал мæйдары
Ивгъуыд мастæй ысхъыг.

О, куыд зын у дæ раконд!..
Хъазæнхъул дын уыдтæн:
Æз фыр уарзтæй – æнамонд,
Амондагур цыдтæн.

Чидæр нарты Сырдонау
Худти демæ мæнып...
Уарзт ныггалиутæ донау –
Агур уый фæдтæ ныр!

Сау мысинæгтæ, тарæй
Хъуысы уе 'рхæндæг хъæр.
Къæвда 'нæрæнцой уары,
Арв æрттивы кæмдæр...

ИППОДРОМЫ

Дугътæ ‘фтауынц дисы:
Барджытæ тæхынц.
Раст цыма фæдисы
Зыгъар бæх ныббындз.

Сахъ барæджы риуы –
Цины уысм кæмдæр.
Цæфхæдтæй ысхъиуы
Тарст зынгтæ, цæхæр.

Уайынц бæхтæ, уайынц бæхтæ –
Зæххыл нал хæцынц сæ къæхтæ...

Барæг дзуры: «Ма ‘рхау,
Ма фæкæл, мыййаг.
Ацы дугъты махау, –
Ничи у фыццаг».

Бæх ызгъоры, фæрстæ
Сапондонау – фынк.
Сыстади йæ фæстæ
Тар æргъæмттæй рыг.

Уайынц бæхтæ, уайынц бæхтæ –
Зæххыл нал хæцынц сæ къæхтæ...

«Размæ, Зыгъар, размæ!
Размæ уадау тæх!»
Барæджы ныхасмæ
Нал байхъуыста бæх...

Арв ыл атар... Андзыг...
О, мæгуыр... Фæкалд:
Сау къуымбилау сау рыг
Уый бынæй ыскалд.

Уайынц бæхтæ, уайынц бæхтæ –
Зæххыл нал хæцынц сæ къæхтæ...

ИЗÆР ХЪОБАНГОМЫ

Хур, йæ тынтыл хæцгæ, рагъæй
Тар хъæдыл фæтулы.
Изæр рахызт хæхты архæй,
Коммæ ‘рцæуы къулыл.

Дымгæ мигъбындзгуытæ ахсы,
Хъæлдзæг у йæ зæрдæ!
Банцад цæвджыты ‘хситт фахсыл,
Уистæ-уистæ – кæрдæг.

Хъуысы куыйты рæйд, цъæлхъæртæ,
Дон цыренæй уайы.
Боны рухс тæппытæ уæртæ
Къутæрты бын тайынц.

Фæндаг фескъуыйы, фæзыны, –
Цъупп рæттæм æххæссы.
Фыййау бур цæрмын хызыны
Урс уæрыкк æрхæссы.

ЦÆУ

Фенцад уæтæры куыйты рæйын.
Дымгæ бæлæстыл, къутæртыл чиуы.
Урс æхсæрдзæнæн фехæлд йæ фын, –
Худгæ хохы фæсонтæй ысхъиуы.

Бапырх мигътыл ыскæсæны «туг».
Дары къæдзæх йæ цъуппытæ фазæй.
Уасгæ рацæуы хизæнмæ дзуг, –
Цæу – зыгъарных, ыздыхстсыкъа – разæй.

Худы къуылдымтæй уалдзыгон бон.
Цæу – фæндагамон, къулыл фæцæуы.
Комы баззад фынкбарц ивылд дон,
Зæйы сонт цæлхъ хæстæг ран фæцæуы.

Дзугыл ратулы хаттæй-хатт дур.
Былæй ахауынц къордгæйттæй фыстæ.
Цæуы уыдæттæ не 'ндавынц мур, –
Уый сæ разæй ис, уыдон – йæ фæстæ...

МÆ ИР

Дæ хæхтæ, их цъититæ, кæмттæ
Ысты мæ уды цин, мæ уарзт.
Дæ ивылд урсбазыр фынк дæттæ
Сæ тахтæй айсафынц мæ маст.

Мæнæн фыдæлтыккон мæсгуытæ
Дæттынц нæртон лæджы ныфс, тых.
Мæ сæрмæ тар мигъы ыскъуыдтæ
Ыскъуырынц къуылдымтыл сæ ных.

Мæ балцы райдайæн фыццаг хатт
Уыдис дæ митæйдзаг къæсæр.
Ныр уыцы ивгъуыд рæстæг атахт,
Ныхъхъус и рох дурау кæмдæр.

Куы афтын æз Гандзайæ дарддæр, –
Мæ зæрдæ ам вæййы, хъæмæ.
Æнæ дæу мæн нæ хъæуы цард дæр,
Тындзин дзæнæтæй дæр дæумæ.

Мæнæн ды дæ, мæ Ир, ныййарæг,
Ыстыр дæ фарны раз – мæ хæс.
Дæ фæрцы басгуыхы мæ зарæг
Цъæх арвы денджызы цæргæс.

НЫРЫККОН ÆМДЗÆВГÆ

Æрцыди уаллæттæн сæ дуг,
Æмæ кæнынц быгъдулæг цъыфы.
Хъ. Æ.

Æрцыди иутæн уаллæттау сæ рæстæг,
Æмæ кæнынц нæ ивгъуыдимæ хыл.
Лæг нал зоны, цы ныууадздзæн йæ фæстæ,
Цы намыс, фарн ма баззайдзæн зæххыл.

Рæстдзинадæн йæ кой, йæ хъæр дæр нал и,
Ыскодта цардæй хъазæнхъуыл фыдгул.
Уæззау маст, кулау, зæрдæйы ысмал и,
Ныгуылы бонæй рухс бæллицтыл хур.

Гыццыл мыздæй ыстыр хъалонтæ фидæм,
Кæнæм мæстæй фыдракæндты хуыдуг.
Нæ хъалтæ 'хцайыл баивтой сæ фидæн,
Мæлынц фырцинæй, ралæууыд сæ дуг.

Ныккæнæн нæй сæ давд мулкæн, сæ бынтæн,
Мæгуырæн ласынц хин митæй йæ царм.
Уæддæр фæразынц раст адæм сæ зынтæн, –
Цæры сæ туджы хурзæрины хъарм.

Уый тавы сау зæхх уаз тынтæй æрвылбон.
Цæстфæлдахджытæй фервæздзыстæм мах:
Зыны къæвдайы уаллæттау сæ кæрон,
Хъæбæр цъыфыл ныххус уыдзысты тагъд...

ДАЙРАНЫ КОМЫ

Ныддаргъ ис Десмæ сахарæй нæ балц,
Æрæййæфта нæ уазал æхсæв комы.
Ыстъыста мигъты урссæр хох йæ арц,
Фынкбарц æхсæрдзæн бамбæхста йæ роны,

Къæдз-мæдзы фæндаг комнарæджы хылд,
Зынд ма йæ сынæг дур-уæйыг къæдзæхæн.
Нæ саст уæрдон тыххæйты, узгæ, тылд,
Æккуырсын размæ нал æнтыст нæ бæхæн.

Фæлæ фæзынд ыстъалыуаццаг – арв,
Кæдæмдæр дымгæ доны сæрты атахт.
Æрныгъуылдтæн бабайы кæрцы арф,
Йæ даргъ аргъаумæ афынæй дæн уайтагъд.

Мæ фыны хъуыстон цæлхыты хъыррыст,
Бæлццон лæгау мæ фыды фарсмæ бадтæн,
Мæ цурмæ хæхтыл сабидуг æрхызт,
Мæ уисын бæхыл Терчы былмæ тахтæн...

РАГУАЛДЗÆГ

Боныхъæд бахуызæн, нал хæлы,
Нал хъуысы уады къуыззитт.
Къалиутæй уигъæгау ‘рызгъæлы
Зæхмæ хæмпуспакъуы мит.

Мигътæртты хуры цалх не ‘мбæхсы,
Сисы цъæх арвмæ йæхи.
Цæугæдон ихцъарæй фемæхсы,
Атайы дуртыл йæ цин.

Малусæг банкъары уаз рæстæг,
Митæй ысдары йæ сæр.
Уалдзæг бæрæг у – æрбахæстæг,
Зæлдзæни арвнæрды хъæр.

Дардæй зæрватыкк æртæхдзæни,
Фесæфдзæн уазал æд маст.
Зæрдæ дзæнгæрæг ныццæгъддзæни,
Дидинæг ракалдзæн уарзт...

* * *

Уæллаг Дес – мæ авдæн,
Мæ фыдæлты къуым.
Æрцыдтæн та ардæм, –
У хастхуыз, æрхуым.

Цæрæг дæр дзы нал ис,
Ысхæмпæл бынтон.
Хæдзархæлдтæ бацис,
Нытталынг ыл бон.

Æрдæгхæлд мæсгуытæ –
Цæнды дуртау раст.
Сæ сæрмæ ныскъуыдтæ
Цъæх арвы гæбаз.

Нæ рухс кувæндæттæ –
Æвæгæсæг, рох.
...Ысрысти мæ зæрдæ,
Ныдджих мæм ис хох...

* * *

Мæ фос сындæггай апырх ысты фахсыл.
Сæна бæрзондæй цъититæм нымдзаст.
Сæудымгæ комы мигъбындзгуытæ ахсы.
Дæумæ та зæрдæ ахсайдта æваст.

Дæ фæлмæн ныхас дард ивгъуыдæй хъуысы,
Раст хурыскастау ауынын дæ хуыз.
Дæ цæстæнгас, дæ уæздан бахудт мысын,
Фынау мæ дзуг дæр айрох кодтон æз.

Лæууыс зæдау, бынмæ кæсгæ, мæ цуры.
Кæнын цæуылдæр ‘нæхъæугæ ныхас.
Ды дæр æфсæрмæй нал арæхсыс дзурын,
Æмæ та ‘лхынцъæй баззади нæ уарзт.

...Кæнын ма ныр дæу фенынмæ тæхуды,
Фæлæ мæнæй ды арвгæронау – дард.
Æнкъардæй мыл нæ уарзондзинад худы,
Йæ хъарм цæссыгтæй ахуыссиди м' арт...

* * *

Мæ уацмыстæ дæ зæрдæмæ нæ цæуынц,
Хæссыс сæм арæх зонджын лæгау фау.
Зæгъыс, нæ царды мурæн дæр нæ хъæуынц,
Кæсы дæм рухс дуг урсы бæсты сау.

Цыма нæ райы абонæй мæ зæрдæ,
Нæ фарны мæсыг фехæлди, ныккалд.
Ды та фыр цинæй акалыс цæхæртæ,
Мæнау нæ кæныс мисхалбæрц æнкъард.

Дæумæ Бесланы судзгæ маст нæ хъары,
Цхинвалы рис дæ уды сагъæс нæу.
Нæ Ирыл ихау знаджы нæмыг уары,
Фæлæ æппындæр не 'ндавы уый дæу.

Лæгъзфаст рæнхъытæй ацъапп кæныс зарæг,
Фæкæныс ыл гыццыл сабийау цин.
Дæумæ нæ хъуысы нарæг кæмттæй хъарæг,
Æмбæхсыс арф æлхынцъ хъуыдыты хин.

Мæ уацмыстæ дæ зæрдæмæ нæ цæуынц,
Кæныс мæ ныхмæ алы ран фæдис.
Фæлæ, зæгъ-ма, дæ фыстытæ кæй хъæуынц,
Куы нæ сæ уа нæ дзыллæйы маст, рис?..

АМОНДДЖЫН АЗТÆ

...Уæд ма телеуынынады куыстон. Иуафон ныззыланг кодта мæ телефоны дзæнгæрæг. Систон хæтæл. Хъусын, зæгъгæ, куыддæр загътон, афтæ дын журнал «Мах дуг»-ы сæйраг редактор Цæгæраты Максимы хъæлæс айхъуыстон: «Лæппу, æрбауай-ма редакцимæ, æхсызгон мæ хъæуыс».

Максимы кусæн уаты баййæфтон йæхи, стæй йæ хæдивæг – Дарчиты Дауыты. Дыууæйæ дæр цæмæйдæрты афæрстытæ кодтой, стæй дын Максим афтæ куы бакæнид: «Албег, «Мах дуг»-ы кусын дæ нæ фæнды?» Æз цасдæр рæстæг сагъдауæй аззадтæн. Дауыт бамбæрста, фæтыхсæгау кодтон, уый æмæ мын сабыргай загъта: «Албег, бæстон ахъуыды кæн æмæ нæ-иу ног къуыри абæрæг кæн».

Æз, мæнæ мыст къæппæгæй куыд феуæгъд уа, афтæ фервæзтæн, цы æнæнхъæлæджы уавæры бахаудтæн, уымæй.

Дыккаг бон мæм уæды телерадиокомпанийы сæрдар (мæрдты дзæнæты бадæд) Æгъуызарты Æхсарбег фæдзырдта. Дуарæй нæма бахызтæн, афтæ йæ тызмæг ныхас мæ размæ фæцис: «Цæй, цы хъуыдымæ æрцыдтæ? «Мах дуг» дæм телеуынынадæй хуыздæр кæсы?» Æз ын æнæбары афтæ куы бакæнин: «Æмæ куы ницы зæгъын...» Уый ноджы фæтызмæгдæр кодта йæ ныхас: «Уый лæджы дзуапп нæу!»

Æхсарбег дардмæ уыдта. Æз ын йе 'лхынцъ хъуыды уайтагъд бамбæрстон – фæндыд æй канд мæ фæндон базонын нæ, фæлæ, мæ ныфс хæссын журналы кусынмæ æви нæ, уый дæр. Æвæццæгæн, йæ фыццаг фарстмæ ногæй уымæн раздæхт. «Цæй, цы зæгъыс, дæумæ хъусын?». Æз чысыл фæныфсджындæр дæн æмæ йын загътон: «Æхсарбег, телеуынынады куыст хорз у, фæлæ мæ зæрдæ «Мах дуг»-ы куыстмæ тынгдæр æхсайы».

Æхсарбег йæ мидбылты бахудт. «Гъе, уый дын лæджы дзуапп. Æз Максимимæ раджы баныхас кодтон, фæлæ ма цæуылдæрты дызæрдыг кодтон, æмæ...»

Цы ма мын бамбарын хъуыд, хъуыддæгтæ æнæ мæн Æхсарбег журналы сæйраг редакторимæ кæй алыг кодта, уый.

Кусын райдыдтон журнал «Мах дуг»-ы критикæ æмæ публицистикæйы хайады сæргълæууæгæй. Раст зæгъын хъæуы, куыст тынг зын æмæ бæрнон уыдис. Арæх-иу рафæнд кодтон фæстæмæ телеуынынадмæ ацæуын, фæлæ мæм, иуырдыгæй, худинаг каст Æхсарбеджы раз æрлæууын, иннæрдыгæй та, Максимæй æфсæрмы кодтон. Иудзырдæй, «Мах дуг»-ы бакуыстон 7 азы æмæ цалдæр мæйы. Æмæ уыцы азтæ æз нымайын мæ царды амондджындæр азтыл. Зæгъæн ис: ам банкъардтон аивадон дзырды ад. Кæд бирæ сфæлдыстадон коллективты куыстон, уæддæр «Мах дуг»-ы хуызæн ирон æмæ фæрнæйдзаг кусджытыл никуы сæмбæлдтæн. Цардыстæм иу бинонты хуызæн.

Мæ рæстæджы сæйраг редакортæ уыдысты зындгонд фысджытæ Цæгæраты Максим, Мæрзойты Сергей æмæ Хъодзаты Æхсар. Мæнæ ирон фынг æртæ къахыл куыд лæууы, уыйау «Мах дуг»-ы фарн, мæнмæ гæсгæ, абон дæр æнцой кæны ацы æртæ адæймаджы удты рухсыл. Никуы бафиппайдтон, журналы зындзинæдтæй сæхи аиуварс кæной, уый. Уыдоныл ахуыр кодтон фыссын дæр æмæ кусын дæр. Фæзминаг уыд се 'гъдау, сæ уæздандзинад, сæ удыхъæд.

Фæлæ абон, «Мах дуг»-ы бæрæгбоны æрмæстдæр сæйраг редакторты кой скæн, уæд, æвæццæгæн, мæ ныхас къахырæй баззайдзæн. Æз редакцийы кусджыты 'хсæн уæлдай аргъ кодтон Дегъуаты Соняйæн. Уый хуызæн æгъдауджын, фæрнджын сылгоймаг никуы федтон. Æфсæрмы дзы кодтон раст мæхи мады хуызæн. Кæд мыхуыргæнæгæй куыста, уæддæр ахуыргæнæгæн бæззыд махæй бирæтæн. Суанг ма нын не 'рмæджыты раст кодта нæ рæдыдтытæ дæр, фæлæ нын сæ нæ цæстмæ никуы бадардта. Уый уыд стыр курдиаты хицау. Фыссæджы ном æм афтæ бæрзонд æвæрд уыд, æмæ йæхиуыл (рухсаг уæд!) уыцы ном æвæрын никуы бауагъта, ома ахæм номы аккаг нæ дæн, зæгъгæ.

Цæрынхъуагæй не 'хсæнæй фæхъуыд не 'мкусæг Хостыхъоты Зинæ дæр. Æз æй уæд дæр æмæ ныр дæр нымайын ирон адæмы сæрыл тохгæнæг курдиатджын поэтыл. Уый йæхицæй фылдæр

уарзта нæ тыхвæллад фыдæлты уæзæг – Ирыстоны. Йæхи амондджын никуы хуыдта æнæ Ирыстон. Цин кодта йæ циныл, рысти йæ рисæй. Зинæ-иу кæддæриддæр бахъуаджы сахат æрбалæууыд адæймаджы фарсмæ, иуæй-иу нæлгоймæгтæ йæ цуры рыг дæр нæ калдтой».

«Мах дуг»-ы редакцийы кæимæ куыстон, уыдонæй алчидæр у сæрмагонд ныхасы аккаг. Фæлæ се 'ппæты кой ракæнынæн цыбыр газетон уацы уыйбæрц фадат нæй. Æмæ, æвæццæгæн, уый сæр хъæугæ дæр нæ кæны. Уымæн æмæ цы удуæлдай куыст кодтой æмæ кæнынц, уый, айдæнмæ кæсæгау, зыны «Мах дуг»-ы фæрстыл, цин æмæ курдиаты рухс хæссы чиныгкæсджыты зæрдæтæм, æркæлын нæ уадзы ирон адæмы удварны мæсыг.

ХÆМЫЦАТЫ Албег,
Цæгат Ирыстоны культурæйы сгуыхт кусæг.
Газет «Стыр Ныхас»
2004 аз №6



БУРÆФÆРНЫГ

ХАТЫР НÆ ХÆСТÆФХÆРД ХИСТÆРТЫ РАЗ

Мæ фыдæл, нæ хистæр,
Хæстæфхæрд хæстон лæг,
Мæ сæрæй дын кувын ныллæг.
Цæрæнбон фæхастай
Дæ рухс ном сыгъдæгæй
Дæ Хуыцау – рæстдзинад.
Нæ бауагътай цудын
Ирон лæджы фарн æмæ кад.
Нæ зыдтай, кæд уыдзæн
Дæ цардæн йæ кæрон,
Кæд бахуыысдзæн
Иу бон дæ зынг.
Фæлæ-иу дыууæ дзырды –
«Намыс», «лæгдзинад» –
Фыдæлты ныхæстæй
Куы райхъуыст дæумæ,
Уæд дурвидар буарæй,
Зæрдæйæ
Ызнагыл уæлахиз уыдтæ.
Дæ кæстæртæн, махæн,
Дæ фидæны фарнæн
Нывондгæнгæ, хастай дæ цард.
Нæ фыдæл, нæ хистæр,
Хæстæфхæрд хæстон лæг,
Ныббар нын, кæд абон
Дæ фæндиаг нæма ·сси нæ цард.
Нæ фыдæл, нæ хистæр,
Хæстæфхæрд хæстон лæг,
Ныббар нын, ныббар нын, –
Нæ базыдтам никуы
Дæ лæггæдтæн аргъ…

МЫРТАЗТЫ Барис

АКЪОППЫТÆ

Кавказæй ныгуылæн бæстæтæм
Салдатæй фæцыдтæн æз дæр.
Ныр акæсын Ирæй фæстæрдæм:

Мæ цæстытыл уайы ыстæр,
Ыстæрты нæ хæстон хæдзæрттæ –
Акъоппытæ, уым та – фæлтæр…

Зæххы къори фестад хæцæнтæ –
Акъоппытæй байдзаг йæ буар.
Мæнæн дæр уым цас уыд «хæдзæрттæ» –

Акъоппытæ… Цу мæ сæ ссар!
Уыдысты мæ хъавæн, мæ уарт,
Мæлæтæй фæхызтой дæ фырты.

Акъоппытæ, цымæ, цы фестут?
Уæ бынæтты байрайæд цард!
Акъоппытæ, дидинæг фестут!
Уæ номæй фæхæрдзынæн ард!

СИДАХЪТЫ Симон

САЛДАТЫ ФЫРТ

Æхсæв та мыл сагъæстимæ сбон и,
Зæрдæ рыст, цыма та ног цæф уыд.
Æй-джиди, æз уый уæддæр куы зонин,
‘Ппæт лæгтæй кæй хуызæн уыд мæ фыд.

Дунейы æфхæрд адæмы сæрыл
Не стыр тох фæстаджы бон куы стынг.
Оххай-гье! Уæд рейхстаджы къæсæрыл
Ахуыссыд мæ фыдæн та йæ зынг.

Уыцы сахат чи уыди йæ фарсмæ,
Чи йын радта къубускайæ дон,
Гъе стæй уæд та чи абырста размæ,
Уыцы салдат, уыцы сахъ хæстон.

Аргь ыскæн мæ хонæджы ныхасæн,
Демæ-иу мæм де ‘мбæлтты æрхон, –
Раттон дын æз арфæйаджы нуазæн
Æмæ дæ мæхицæн фыд зæгъон.

МÆ ФÆЛТÆР

Кæмæн нæ уарзон дæр нæма уыд,
Чи хъазты акафыд фыццаг хатт,
Чи чызгæн бакой кæнын хъавыд,
Фæлæ йын нал фæци, нал фадат:
Цæуын нæ бахъуыди гæрзтимæ
Нæ фыды карæнтимæ иумæ.

Æхсаргард, сахъдзинад, сармадзан
Æвзæрстой дунейæн йæ хъысмæт.
Ыскодта н’ адæмыл фыд заман –
Мах уыцы тугуарæн ыстыр хæст
Ныхъхъуырдта райгуырæн зæххимæ
Нæ фыды карæнтимæ иумæ.

Уæд не ‘ргъиу карз хæсты ыхсысти,
Нæ риутæй хъахъхъæдтам нæ барцард...
Кантари рейхстагмæ ысхызти,
Тызмæг сармадзанты хъæр банцад.
Хъæмæ ыздæхтыстæм цытимæ
Нæ фыды карæнтимæ иумæ.

Чи махæй дзаг хæдзармæ бацыд –
Фыр цинæй бинонтæ фæкуыдтой.
Кæмæн та бацæуæндон нал уыд,
Æмæ нæ сыхæгтæ фæхуыдтой
Æхсæвуат кæнынмæ сæхимæ
Нæ фыды карæнтимæ иумæ...

Йæ азтæй алчидæр фæраздæр:
Æвзонгад карз хæсты ныууагътам...
Фæцæрæм сабырæй ныр мах дæр,
Зæгъгæ, ма устытæ æрхастам
Цæнкуылтæ, халасхæст сæртимæ
Нæ фыды карæнтимæ иумæ.

Нæ намыс дард айхъуыст нæ бæстæй,
Мах номфыст Мæйыл дæр ныуагътам.
Ызнаг ма ракæсы фыддзæстæй –
Хæцын куы сфæнд кæна – уæддæр та
Цæудзыстæм иухатты ныфсимæ
Нæ кæстæр фæлтæримæ иумæ.

ХАУÆГГАГ

Нæ зонын, хæстæг дæ æви дард дæ,
Лæзæрыс сагъæсты кæмдæр.
Мæгуырæг, удыгасæй мард дæ:
Фæсмойнаг, хойыс ма дæ сæр.

Куы цыдтæ æфсадмæ æхсарæй,
Бæрзонд дæ тенкайыл уыд худ.
Фæлæ ныл рацыдтæ мæнгардæй, –
Ды хæсты разындтæ тæппуд.

Нæхицæй алыгътæ знагмæ,
Мæ уд, дам, фервæздзæни уæд.
Фæлæ ды худинаг мыггагмæ,
Хæссыс цагъайраджы къæлæт.

Хæсты нæ чи фæмард, гъе уымæн
Йæ мард зынаргъдæр у дæуæй.
Сæ кад, сæ намысыл фæкувæм.
Дæуæн, «мæн у» зæгъæг дæр нæй.

Нæхимæ рацæуын нæ уæндыс,
Дæ цæсгом чъизи у, æгад.
Дзæгъæлдзу, хауæггаг. Кæй хъæуыс, –
Нæй уым дын иу хион, æрвад.

Мæнгард, ныуагæй кодтай Фыдызæхх,
Фыдæлты фарн æмæ æгьдау.
Хъысмæт дæм уый тыххæй ысфыдæх, –
Ныр ниу æнæхæдзар куыдзау.

КАФЫН НÆ УÆНДЫДТÆН УÆД

Зæрдæ гъе ныр дæр ма джиты,
Хастон мæгуыры къæлæт.
Ме скъуыдтæ хæлаф, æрчъиты
Кафын нæ уæндыдтæн уæд.

‘Намонддзинад мыл ныйичъи,
‘Взонгæй фæрыстæн æгæр.
Бацин-иу кодтон, кæд исчи
Авæрдта-иу мын къæбæр.

Иуварсмæ хауд уыдтæн цардæй,
Хъалгуырд нæ цыд мæм хæстæг,
Хъазтмæ-иу кастæн æз дардæй,
Кафджытæм кодтон хæлæг.

Абон дæр, кафджытæ, кафут,
Амдзæгъд кæнын уын – мæ хæс.
Ма мыл худ, хорз æмгар, ма худ,
Кафын кæй нæ зонын æз.

ХÆУЫТАТЫ Къоста

9 МАЙЫ ÆХСÆВ ДЗУАРЫХЪÆУЫ

Мæйы цалх Барзы æфцæгæй
Бур цæстæй хъæумæ кæсы.
Рог дымгæ комы дымæгæй
Лæппуты зарæг хæссы.

Хъæуы бын саудур цырт уæртæ,
Уый дæр нæ ахсы хуыссæг.
Ахсæв ын къæдзæхтæ, хъæдтæ
Табу кæндзысты ныллæг.

Авд урс зырнæджы ыстæхынц
Мæйрухсы цыртæй хæрдмæ.
Ахсæв, дам, уыдон æрхæссынц
Царды цин алы кæртмæ.

Зарджытæ урс цъиуты халæй
Азæлдæй дарддæр тæхынц.
Раст цыма се 'мгæрттæм дардæй
Авдæй Гæздæнтæ хъырнынц.

Афтæ-иу загътой фыдæлтæ:
«'Фсымæртæ – цин æмæ хъыг», –
Уымæн кæд зарæджы зæлтæй
Раст цыма згъæлы цæссыг.

Бандзыг и цыртыл æдзæмæй
Авд фыртæй царæфтыд мад…
Дымгæ та комы дымæгæй
Скъæфы цæссыгтимæ зард.

БЫРНАЦТЫ Барон

ИНÆЛАРЫ ФÆСТАГ БАЛЦ

Хъайтар инæлар рынцади йæ сынты,
Æррæвдз йæ фæндагмæ, фæлыст.
Кæд бахауди йæ уаддзагъд зæрдæ фынты,
Йæ фæллад ыл æрæджиау æртыхст.

Æви, мыййаг, хъæбатырæн дæр царды
Ысвæййы хъомыс сау сыджыт кæддæр?!
Кæй нæ иста нæмыджы цæф, гъе карды,
Æгъатыр низæй басасти уæддæр?

Ау уый та куыд?! Бæгъатыр лæгæн афтæ
Йæ цытджын фæндаг айсæфти, фæци?
Йæ бæх йæ быны нал цæудзæни кафгæ,
Æнæ барæгæй баззадис дзы уый?

Уый чи уыди, кæмæй ысирвæзт хъарæг?
Иссæ нæ амард: Иры сахъ фыртæн
Ысси йæ цард кæрæй-кæронмæ зарæг,
Нæй зарæгæн та азæххыл мæлæн.

Йæ уды фарн мынæг рисы нæ ныфтдзæн,
Йæ ном цæрдзæн æхсар æмæ ныфсæн.
Фæдисы хъæрмæ саулохагыл сыстдзæн
Æмæ та тохы пиллонмæ бырсдзæн.

НЫСТУАН МАДМÆ

Хæсты быдыры баззади мæ фыд.
Æллæх, æна, дæ зæрдæ йыл куыд хъæцыд.
Æрыгон уыдтæ, мой кæнын дæ хъуыд,
Кæд ды мæн тыххæй баззадтæ идæдзы.

Æнафоны фæхалас ис дæ сæр,
Дæ мæт, дæ мæстæй батадтæ цырагъау.
Мæ сусæгæй дæ сæфт уарзты цæхæр
Цæстысыгæй хуыссын кодтай æнæвгъау.

Уæддæр дæ никуы федтон æз тыхстæй,
Дæ фæдмæн къухты рæзыдтæн – сæрибар…
Сывæллоны цавæрфæнды зынтæй
Дæ хъæбыс уыд мæнæн, Æна, мæ фидар.

Мæ бахудтмæ-иу бахудтæ фæлмæн,
Мæ кæуынмæ – хæкъуырццæй-иу фæкуыдтай,
Фæллад куысты мæн тыххæй ды нæ зыдтай,
Мæ циндзинад – дæ бæрæгбон дæуæн.

Фыды ад дæр æз бавзæрстон дæуæй,
Мæ ныфсы хох æппæтæй дæр ды уыдтæ,
Куыд дæм ысдзурон хъуамæ уæд хъæрæй,
Куыд дын зæгъон уæд истæмæй: рæдыд дæ.
Ныссæрф, мæ мад, дæ цæссыгтæ, ысхуд:
Ыслæг дæн æз, зындзинæдты нæ ниуын.
Дæ фæлмæст сæр æруадз гъеныр мæ риуыл,
Дæуæн лæггады улæфдзæн мæ уд.

1965 аз.

ÆБÆРÆГÆЙ НÆ ФЕСÆФТИ НÆ ИУ ДÆР

Нынныхъуырут уæ цæссыгтæ, нæ хотæ,
Фæуромут, ныййарджытæ, уæ хъарæг,
Гъей, фæсивæд, нæ гуыппырсар, нæртонтæ,
Ныккæнут ныл хъыджы бæсты уæ зарæг.

Мах мæнæ стæм цæрæццаг хуыз уæ разы,
Уæззау цырт нын нæ нылхъывдта нæ риутæ,
Уынæм, уæ сæрмæ хуры тын куыд хъазы,
Æбæрæгæй нæ фесæфти нæ иу дæр.

Кæд гитлерон тыхгæнджыты ныббырстæй
Фæлидзæг ыстæм, мауал кæнут не стæн,
Фæсмойнаг ут уæ судзгæ зæрдæрыстæй,
Нæ иу ской дæр уын уæд æлгъыстаг фестæд.

О, уарзон Ир, фæфыдæнхъæл дæ махæй,
Нæ фæндагыл дæумæ сындзгæрдæг разад:
Æрдæгыл аскъуыд цард, фæлæ æгадæй,
Дæ кадджын хæс æрдæгыл нын нæ баззад.

Фыдыбæстæ, нæ уыдыстæм тæппудтæ,
Мæлæт ныл рахатт тугвæндаг стæры,
Цы нæм уыдис зынаргъдæрæй – нæ удтæ –
Лæджы фыртау æрхастам сæ дæ сæрыл.

Æмæ лæууæм ныр дурцыртæй уæ разы,
Нæ цард æрцыд сæрибарадыл ивгæ.
Уынæм, уæ сæрмæ хуры тын куыд хъазы,
Уæлахизы тырысайыл æрттивгæ.

2001 аз.

ЦÆЛЫККАТЫ Мæирбег

ИРОН ТЕАТР ФЫДЫБÆСТÆЙЫ СТЫР ХÆСТЫ АЗТЫ

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæгæй цас фылдæр азтæ цæуы, уый бæрц нын нæ хъæбатыр фыртты лæгдзинады цаутæ зынаргъдæр сты. Ирыстоны хъæбатыр фырттæ тохы уæззау азты цы лæгдзинад равдыстой, уый не 'ппæтæн дæр зындгонд у. Не стыр уæлахизмæ сæрмагонд æвæрæн бахастой Ирон паддзахадон драмон театры артисттæ. Уыцы уæззау азты нæ Иры аивады артдзæст цы уавæрты куыста, тохы бydырмæ йæ артисттæй чи ацыд, чи дзы сыздæхт æмæ йæ уæзæгыл чи нал сæмбæлд, уый тыххæй йæ мысинæгты бæлвырд ныффыста зындгонд театралон режиссер, актер, рухстауæг, УСФСР–йы аивæдты сгуыхт архайæг Цæлыккаты Мæирбег. Йæ мысинæгтæ мыхуыры рацыдысты 2013 азы журнал «Дарьял»–ы 1, 2, 3, 4 5, 6-æм номырты. Уырдыгæй Фыдыбæстæйы Стыр хæсты цаутыл дзурæг æрмæг хæссæм уæ размæ. Ирон æвзагмæ йæ ратæлмац кодта Гасанты Валери.

НÆ ТЕАТРЫ ФЫЦЦАГ ЮБИЛЕЙ

Уыцы рæстæг хæстæгæй-хæстæгдæр кодта нæ юбилей – фондз азы сæххæст Ирон драмон паддзахадон театрыл.

Фондз азы! Куыд бирæ у уый, æмæ уыцы азтæ куыд æнæнхъæлæджы атахтысты! Æнæнхъæлæджы… Уæдæ мæ, уыдоныл хъуыды кæнынæн нын рæстæг нæ уыд. Уымæн æмæ нæ хъуыд аивады нæхи сæрмагонд хæдхуыз фæндаг ссарын. О, агуырдтам æй, æнтыстытæ æмæ нæм къуыхцытæ дæр уыдис. Фæлæ нæ хъуыдис хатдзæг скæнынæн уый тыххæй хъæугæ пьесæ ссарын. Æмæ æрлæууыдыстæм Шекспирыл.

О! Уый уыдзæн «Отелло». Таутиаты Хъырымы фырт Солæманимæ Отеллойы ролы! О, о! Сæйраг роль ацы спектаклы хъуамæ Таутийыфырт ахъаза, æндæр ничи, фæлæ… Фæлæ адæм сфæнд кæнынц, Хуыцау сæ аразæг у. Нæ курдиатджын Солæманы уæззау низ йæ быны скодта, йæ тыхтæ ихсийын райдыдтой. Цы кæнæм? Солæман йæхæдæг у режиссерты коллегийы уæнг… Йæхæдæг куырдта, цæмæй мавры роль ахъаза Тæбæхсæуты Бало, æмæ загъта:

– Кæд мын фенцондæр уа, уæд спектаклы архайдзынæн, фæлæ ныр...

– О, фæлæ нæм Джоны чи ахъаза, уый нæй, актертæ нæ фаг кæны…

– Æз æй ахъазын нæ сарæхсдзынæн?- афарста Солæман,– кæд мыл бауæндат, уæд бафæлвардзынæн…

Мах не ‘ппæт дæр бахудтыстæм, æнæуый та нæ зæрдæтæ уыдысты æрхæндæг.

О, «Отелло»! Отеллойы ролы –Тæбæхсæуты Бало, Яго – Цæлыккаты Мæирбег, Дездемонæ– Хъариаты Тамарæ æмæ Дзукъаты Аннæ, Эмилия – Хъæрджынты Варя, Брабанцио – Тотраты Бесæ, Венецийы Джон – Таутиаты Солæман, Кассио – Баллаты Валодя, Людовико – Борыхъуаты Бимболат, Родриго – Точиты Барис, Монтано– Кокайты Исай, Бианка – Тотиты Аннæ æмæ иннæтæ. Режиссер-æвæрæг, театры аивадон разамонæг – Василий Фотиев, режиссеры ассистенттæ – Цæлыккаты Мæирбег, Токаты Асæх, нывгæнæг – Туаты Азæ. Спектаклы премьерæ уыд 1940 азы 26 декабры.

Мæнæн, куыд ассистентæн, баргонд уыдысты Яго æмæ Родригойы æппæт сценæтæ. Режиссер-æвæрæг йæхæдæг та куыста Отелло, Дездемонæ æмæ иннæ архайджытимæ. Мæнæн дзырдта: «Мишæ (уыцы

номæй дзурыны бар æз лæвæрдтон æрмæстдæр Фотиевæн), уæ сценæ хорз у, фæлæ нын æрмæст ууыл æрлæууыны бар нæй».

Мах Барисимæ хибарæй куыстам, æнæ режиссеры æххуысæй. Фæлæ дзы, мæ нымадæй, æрцыд стыр рæдыд.

Æз спектаклыл куыстон, йæ иннæ сценæтæ йын нæ нымайгæйæ, Ягойы удыхъæды миниуджытыл æмæ архайдыл æнцайгæйæ, алырдыгæй Ягойæн йæ калмы миниуджытæ уынгæйæ, уымæй – иу сын дзуапп куыд лæвæрдта. Фæлæ Ягойы тыххæй иннæ архайджытæ цы дзурынц, цы хъуыды кæнынц, уый нæ зыдтон, уæдæ мын Отеллойы архайд дæр зонгæ нæ уыд. Фæстæдæр, спектакль куы ахъазыдыстæм, уæд мæхи цæстытæй федтон мæ рæдыд:

– Æз куы æфхæрын мæ инæлары, уæд уый та дзуры мæнæй, «Мæ рæстаг Яго», «Мæ уæздан Яго» æмæ а. д.

Æз хъуыды кæнын райдыдтон, цæмæй дзы скæнæм æвввæрццæг хъайтар, вазыгджындæр æмæ цымыдисагдæр. Суанг ма йын аивтон йæ грим æмæ райдыдтон хъазын мæ ног гримимæ. Афтæ уыд фыццаг къамистмæ. Фæлæ уыцы ролы ист къам куы федтон, уæд смæсты дæн.

– Ай мæнæ зæронд тифлисаг къамисæг куы у!

Райдыдтон агурын фæлгонц æмæ та йæ скодтон фыдуынд сæрыфастимæ. Пыхцыл салдатгонд, ныфс дарæн кæуыл ис, ахæм хъæлдзæг, зæрдæхæлар лæппу. Фæлгонцыл бындуронæй куыстон, цалынмæ йæ фиппаинæгтæ иуварсгонд не 'рцыдысты, уæдмæ.

Æнæ 'рхъуыдыгæнгæ нæй, Хъариаты Тамарæ спектаклы цы дис-саджы Дездемонæйы сурæт сарæзта, уый. Йæ хъайтар рауад зондджын, Хуыцауы æмсæр адæймаг, цыма йæ æцæгæй дæр уарзтæн сфæлдыста дунесфæлдисæг, афтæ зынд. Василий Фотиев æй хуымæтæджы «мæлхъ» нæ хуыдта.

Кæд Тамарæ «мæлхъы» хуызæн уыд, уæд Дзукъаты Аннæйы Дездемонæ та уыд бæлонау сабыр æмæ аив, раст уалдзыгон дидинæджы хуызæн.

Эмилияйы фæлгонц сарæзта Хъæрджынты Варя, уый снывæзта, цард чи зоны, йæ æрфыты æмæ йæ тæнджыты дæр чи ауад, ахæм сылгоймаджы сурæт. Уый у йæ мой Ягойы аккаг бинойнаг. Бианкæ – Тотиан, уыд алырдыгæй дæр зæрдæмæдзæугæ, йæ рæсугъддзинадæй нæлгоймæгты цæстытæ дзагъыркæнын чи кæны, ахæм лæджыхъæдджын фæлгонц.

Сæ удыхъæдты ныхмæ æрæвæрæн уыд Баллаты Валодяйы – Кас-сиойы, Бианкæйы уарзоны. Ягойы характеристикæйæн уый æххæстæй дзуапп лæвæрдта.

– Уый у рæсугъд æмæ хæрзконд, цыма уарзтæн райгуырд.

Афтæ Людовико – Борыхъуаты Барис æххæстæй дзуапп дæтты Эмилияйы ныхæстæн.

– Æз зонын иу сылгоймаг Венецийы, уый бæгъæмвадæй дæр араст уаид Палестинæмæ, цæмæй бандзæва йæ бинаг былыл.

Исай сарæзта Кипр Монтанойæ разамонæджы фæлгонц.

Точиты Эльбрусы – Родригойы фæлгонцы уыд йæ уавæртæй цыбыр, фæлæ уыд уырнинаг, раст æгас царды 'мбис. Хъыгагæн, Барис – кур-диатджын музыкант, куыд характерон актер дæр, фæкодта иттæг ирд, фæлæ цыбыр цард. Амард 1942 азы, йæ фæстаг сулæфты онг театры кусгæйæ.

О, «Отелло»-йы спектакль уыд не стыр фыдæбоны фæстиуæг, йæ фæрцы æххæст дзуапп радтам, театр героикон-романтикон у æви нæу, уымæн.

ИУ ХАТТ МА ИРОН ДРАМАТУРГИЙЫ РÆЗТ ÆМÆ ТЕАТРЫ ТЫХХÆЙ

Ам æнæмæнгæй æрхъуыды кæнын хъæуы, ирон профессионалон театр национ драматургийы рæзтыл куыд сахадыдта, уый. Мæскуыйы сæ ахуыр нæма фесты, афтæмæй нæм театрмæ сæ пьесæтимæ цæуын райдыдтой ирон поэттæ æмæ прозаиктæ. Драматург Джимиты Георгийæ уæлдай нæм йæ пьесæ æрбахаста курдиатджын поэт æмæ прозаик Къоста Фæрнион. Фæлæ уацмыс, раст Хъуыбадты Агуыбечыры (Хъуыбадты Болайы фырт) пьесæйау æвæрд не 'рцыд. Уый та уымæн, æмæ сын сæ пьесæтыл бакусыны фадат нæ фæци, «адæмы знæгтыл» нымад кæй æрцыдысты, уый аххосæй. Фæлæ пьесæ «Адæм» райста сæрмагонд конкурсы хæрзиуæг æмæ хаст æрцыд нæ театры репертуармæ, æмæ йыл кусын райдыдтам.

Афтæ Ирыстонмæ ссыдыстæм æнæ ирон пьесæйæ. Фæлæ нæ театр куы байгом, уæд нæм йæ пьесæ «Чындзæхсæв» æрбахаста драматург Джимиты Георги. Куы йæ сæвæрдтам, уæд æй дзæвгар азты сценæйы февдыстам. 1937 азы нын нæ зæрдæтæ йæ пьесæ «Зæхх»-æй барухс кодта мæхъхъæлон фыссæг Идрис Базоркин. Се 'ххуысы къух нæм æрбадардтой нæ ирон зындгонд фысджытæ Дзанайты Иван (Нигер) æмæ Епхиты Тæтæри. Уыдон фыццаг хатт драматургийы жанры рав-дыстой Хетæгкаты Къостайы фæлгонц. Уый уыд 1939 азы. Суанг ма сæм композитор Кокойты Тæтæрхъан дæр бахæлæг кодта æмæ Иккулы уацмыс «Æфсымæртæй» сарæзта инсценировкæ. Нæ прозаикты хистæр фæлтæры минæвар Коцойты Арсен та йæ радзырд «Гигойы куадзæн»-æй сарæзта инсценировкæ. Уый фæстæ махæн пьесæ ныффыссыны

курдиатæн разыйы дзуапп радта Мамсыраты Дæбе. Æмæ нын ныффыста пьесæ «Номылусы цот».

Сæвæрдтам Туаты Дауыты пьесæ «Сидзæргæс». Уый уыд æхсызгон цау. Диссаг у, Дауыт, – уæздан адæймаг, йæ дæснышйадмæ гæсгæ – электрик, сси Ирыстоны зындгонддæр драматургтæй иу. Йæ драмæ «Сидзæргæс»–æй байгом кодтам 1941 азы сезон. Спектаклы премьерæ уыд 1941 азы 6 февралы.

Нуцайы фæлгонц дзы сарæзта ЦИАССР-йы адæмон артисткæ Хъæрджынты Варварæ. Амырханы ролы хъазыд ЦИАССР-йы адæмон артист Таутиаты Солæман. Фыдцъылыс æмæ фыдзæрдæ Амырханы сурæт саразынyл Солæман тынг разæнгардæй куыста.

Хъæрджынты Варварæйæн та Вассæ Железновайы, Кабанихæйы æмæ бирæ æндæр хъайтарты фæстæ, фæлмæнзæрдæ, трагикон хъысмæтимæ адæймаджы сурæт равдисын кæд æнцон нæ уыд, уæддæр хорз бафтыд йæ къухы.

Иттæг дæсны характерон актрисæ у Къомайты Василисæ. Уый та спектаклы иттæг дæсныйæ ахъазыд хъæууон дамдумгæнæг, хъæуы фæдисон Бабалойы ролы.

Марикъо – Амырханы бинойнаг – йæ мойы аккаг у. Ирон æмбисондау, лæг æмæ ус – фæрæты хъæдæй барст. Хин æмæ кæлæн,фæлитой сылгоймаджы сурæт арæхстджынæй равдыста Хъариаты Тамарæ.

Баззад ма дзы иу хигъæдон архайæг– Мæцыхъо, мыггаджы хистæр. Зæгъын хъæуы уый, æмæ йæ ролы ницы уыйбæрц архайд уыди, кæд спектаклы нывты кæрæй-кæронмæ архайдта, уæддæр. Æппынфæстаг уыцы роль æрхаудта мæнмæ. уæд ЦИАССР-йы сгуыхт артистмæ. Уыцы кадджын ном мыл стыр хæс сæвæрдта. Ацы ролы мæ æвзæр хъазгæ чи фена, уый афтæ нæ бафæрсдзæн, ацы артистæн уыцы кадджын ном цæй тыххæй радтой?

Æмæ райдыдтон мæ хъайтары фæлгонцыл кусын. Уый уыд гуыбыр, йæ фындз йæ роцъоимæ кæмæн иу кодта, йæ цæстыты къуырфытæ арф кæмæн ныххаудысты, ахæм лæг. Уый у ахæм хъайтар, æмæ йæ хъустæй чи кæсы. Йæ астæуыл та – дынджыр цыргъ хъама. Йæ бакастæй зыны зæронд тулдзау. Йæ къæхтæ зылын, йæ цæсгом хилæй гæзæмæ зыны, æрфгуыты бæсты йæ цæстытыл цыма мæкъуылтæ зыны, афтæ кæсы адæймагмæ. Дымы даргъ лулæ. Уыцы æддаг бакастмæ хæстæг райдыдтон кусын мæ хъайтары мидыскондыл дæр.

Афтæмæй мын дзы рауад тæссаг социалон тип – адæмы мæлæг цæугæ ивгъуыд. Уый, æфсарм ницæмæ æрдаргæйæ, хистæн аргæвдын кодта, бинонты дарæг – иунæг хъуджы. Уыйхыгъд æххормагæй ныууагъта сидзæр сывæллæтты æнæ æхсыр æмæ кæрдзыны къæбæрæй. Уый фæстæ æнцад-æнцойæ, йæ лулæ дымгæ, араст йæ хæдзармæ. Йæ фæстæ та ныххал сты иннæ кардзыд лæгтæ дæр.

Театрдзауты размæ мæм ацы фæлгонцы рацæуын худинаг каст, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, мæ кадджын номæн дзуапп радтон. Бузныг спектаклы режиссер, ЦИАССР-йы аивæдты сгуыхт архайæг Борыхъуаты Бимболатæн. Уый бацархайдта нæ адæмы ивгъуыд цардыл дзурæг цаутыл хорз спектакль сæвæрыныл. Йæ нывгæнæг та уыд Туаты Азæ. Уый сарæзта хæххон æрдзы монументалон нывтæ.

Æгуыстæй иу бон дæр нæ бадтыстæм.

Уыцы рæстæг театры организацион фæтк афтæ арæзт цыд, цæмæй иу бон дæр театры артисттæ æгуыстæй ма бадой. Уымæ гæсгæ Василий Фотиев спектакль «Сидзæргæс»-ы фæстæ куыста Александр Афиногеновы «Машенькæ»-йыл. Æмæ 10 мартъийы уыд ацы спектаклы премьерæ. Машенькæйы сурæт дзы сарæзта Есерыхъуаты Минкæ. Уый дзы бацархайдта сыгъдæгзæрдæ, сывæллонау æнæхин чызджы сурæт равдисыныл, цыма уардиты баст байгом, раст ахæм чызджы федтой сценæйы театрдзаутæ. Тотраты Бесæ та спектаклы равдыста зонджын, фендджын дадайы сурæт.

Уыимæ ма театры куыстам Кондрат Крапивайы пьесæ «Чи худы фæстагдæр»-ыл. Режиссер-æвæрæг Магкæты Арсен, нывгæнæг – Ф. Ткаченко. Йæ премьерæ уыд 1941 азы 15 мартъийы.

Мæнæн дзы лæвæрд æрцыд Горлохватцкийы роль, чи ма дзы архайдта, уыдоны се 'ппæт нæ хъуыды кæнын, фæлæ дзы зæрдæмæдзæугæ сурæттæ сарæзтой Таутиаты Солæман, Точиты Барис, Галазты Виктор, Хъæрджынты Варварæ, Цырыхаты Петр.

Спектакль рауад иттæг ирд æмæ зæрдæагайгæ. Уый та уыд, чи дзы архайдта, уыцы актерты фæрцы. Фæлæ йыл театрдзаутæ цин кодтой, артистты хъазт-иу къухæмдзæгъды бын фæкодтой, уæддæр сæ зæрдæтæм тынг нæ бахъардта. Хорз рецензитæ дæр ыл фыстой, фæлæ театры коллектив райгондæй нæ баззад.

Уый фæстæ та райдыдтам кусын æнæмæлгæ Брытъиаты Елбыздыхъойы уацмыстыл. Ацы хатт æрлæууыдыстæм йæ пьесæ «Амыран» -ыл (уый у ирон Прометей). Йæ режиссер-æвæрæг – Василий Фотиев, режиссер – Магкæты Арсен, нывгæнæг – Федор Ткаченко, музыкæ – Александр Поляниченко. Йæ премьерæ уыд 1941 азы 24 апрелы.

Рольты хъазыдысты: Амыран – Таутиаты Солæман – Цæгат Ирысто-

ны фыццаг адæмон артист, Бесæ –Тæбæхсæуты Бало, Ныфс – Есерыхъуаты Минтæ, зондцух адæмы фæлгонц æвдисæг Сæго – Цæлыккаты Мæирбег, Бæстыхицау – Кокайты Исай, Дуртула (хæйрæг) – Галазты Виктор, Чабæхан– Хъариаты Тамарæ, Цопан – Гуситы Валодя. Адæмон сценæты архайдтой театры артисттæ.

Ацы спектаклы рабæрæг режиссеры, нывгæнæджы хъуыды, ууыл ма бафтыд артистты арæхстджын хъазт.

Мæнæ байгом æмбæрзæн, сценæйæ цæуы сæнары æмæ хъуынайы тæф. Уый къæдзæхты астæу бады бæсты бардуаг – зæронд дуне æвдисæг, Уæрæсейы монархион дуне – дзуры сау тыхтæм, цæмæй уыдон схæцой, адæмæн лæвæрд цы хъуамæ уа, уыцы рухс æмæ артимæ. Æмæ тары хъуысы уыцы тыхты хъæлæс. Мæнæ фæзыны сау тыхтæ æвдисæг Дуртула – хæйрæг, йæ фæлгонц ын иттæг хорз сарæзта Галазты Виктор. Режиссерты хъуыдымæ гæсгæ, уый уыд Столыпины фæсфæлгонц.

Дуртула æххæст кодта йæ бæрзонддзинад Монархы бардзырдтæ, уый та федтам фыдзæронд лæгæй. Йæ сурæт ын иттæг арæхстджынæй равдыста Кокайты Исай.

Спектаклы æппæты вазыгджындæр хæс æвæрд уыд Таутиаты Солæманыл. Æфсæн рæхыстæй фидаргонд уыд къæдзæхтæм, хъуамæ театрдзауы бауæндын кодтаид йе сгуыхтыл. Æмæ уый йæ къухы бафтыд. Бауæндын сæ кодта йæ хъуыдытыл æмæ æнкъарæнтыл. Театрдзауы ахæм уавæры дæр стыр дисы æфтыдта йæ диссаджы хъазтæй.

Урссæр æрыгон чызг – Ныфс – Есерыхъуаты Минтæйы фæлгонц рауад уырнинаг, лирикон æмæ биноныг. Хуымæтæджы уæд нæ загъта нæ театры ногдзау Тотраты Бесæ:

– Бузныг, Минычкæ, дæумæ гæсгæ цæрын æрцæуы адæймагмæ!

Бесæ –Тæбæхсæуты Бало – ног кусæг кълас æвдисæг, йæ фæлгонц рауад нуарджын. Уый сарæзта фæллойгæнæг адæймаджы символикон сурæт.

Йæ фæстæ Столыпины фæрцы галиу зондыл хæст адæмы сурæты та уыд Сæго. Режиссеримæ йыл куыд куыстам, уый мæ зæрдæмæ фæцыд. Йæ фæнд уыд, цæмæй Сæго бахиза, Амыран кæм баст уыд, уыцы бынатмæ æмæ йын базона йæ цæссыгты ад. Цæмæй йын дуне ног хуызы байгом уа, æцæгæй куыд хъуамæ уа, афтæ. Уый тыххæй та Сæго хъуамæ фехъусын кæна адæмæн (иу ныхасæй революцимæ сæ сразæнгард кæна).

Æз куыд ацы роль æххæстгæнæг, уыцы æппæт æнкъарæнты, хъуыдыты равг æмæ хуыз хъуамæ фæхæццæ кодтаин æнæ иу ныхасæй адæммæ. Уый тыххæй та хъуыд: 1) донгуырæнмæ бахæццæ уæвын; 2) хъуыд Амыраны туг кæнæ цæссыгтæ байуазын; 3) фæлгонцы райгасдзинад равдисын: 4) Дуне æндæр хуызы фенын; 5) цæстæнгасæй адæмы хиуыл бауæндын кæнын. Уый мæ бон сси æви нæ, зын зæгъæн у. Æрмæстдæр бафиппайдзынæн, уый, æмæ мын режиссер мæ арæзт фæлгонцæй кæй раппæлыд. Иу ныхасæй, спектакль «Амыран» рауад æнтыстджын.

Уымæй фондз къуырийы фæстæдæр, 30 майы, уыд Боциты Барон æмæ Плиты Грисы аргъау «Æлдар æмæ Зондаби»-йы премьерæ. Йæ режиссер-æвæрæг – Магкæты Арсен. Спектакль хорз нæ рауад.

ХÆСТ!

Æмæ мæнæ! Рухс боны арвы нæрын! 1941 азы сæрды нæ театр дыууæ мæйы æмгъуыдæй зылд гастрольты республикæйы хъæутыл. Уыдыстæм Беслæны, Ольгинскæйы, БМК-йы поселочы, Бæтæхъойыхъæуы, Зилгæйы, æрхæццæ стæм Хуымæллæгмæ. Уый уыд 21 июны. Уым равдыстам фыццаг спектакль. Дыккаг бон райхъал стæм тавгæ хуры рухсæй, сфæлдыстадон мæт йеддæмæ нæ ницы «хъыгдардта». Уыцы фыдрайсом нæм уыд партион æмбырд. Уыд дзы сабыр, хъуыддаджы ныхас, фæлæ æппæтдæр фехæлд.

Дуар фегом, æрбазынд нæ театры артисткæ Тотиты Аннæ:

– Хæст! Молотов дзуры радиойæ, фашисттæ, немыц нæм æрбабырстой!

Цалдæр минуты фæстæ мах уыдыстæм «сырх къуымы», уым «сау тæбæгъы» бынмæ æмбырдæй лæууыдысты адæм. Мах хъуыстам æмæ ахстам репродукторæй дзурæджы алы дзырд дæр. Нæ фыццаг хъуыды уыд:

– Фæци! Фашисттæн æрцæудзæн сæ кæрон! Дыууæ-æртæ мæйы, æмæ – фæци!

Фæлæ, хъыгагæн, уыцы дыууæ-æртæ мæйы ныйисты цыппар тугуарæн азы дæргъæн.

Изæрæй нæм цыд спектакль «Сырдоны байзæддаг». Цыд, фæлæ дзы цы хуызы архайдтам, уый нæ иу дæр нæ хъуыды кæны.

Дыккаг бон уыдыстæм горæты. Нæ артистты стыр къорд ацыд хæцæг æфсадмæ.

Салдаты уæлæдарæс сæ уæлæ скодтой: Магкæты Арсен, Токаты Асæх, Плиты Гриш, Дулаты Алмахситт, Галазты Виктор, Саламты Къола, Хъодзаты Зауырбег, Гуситы Валодя, Хъуппеты Мысост, Хъара-

ты Мæирбег, Туаты Андрей, Туаты Сергей, Петр Зверев æмæ иннæтæ.

Чи ма нæ баззад, уыдон сарæзтой дыууæ концертон бригады. Уыдонæй алкæцыйы архайджытæ дæр цæттæ кодтой сæрмагонд программæ, уырдæм хаст цыдысты иуактон пьесæтæ, кæнæ та æфсæддон темæйыл фыст пьесæтæй скъуыддзæгтæ.

Уыдон уыдысты Максимовы «Булкъон Рудин», Б. Билль–Белоцерскийы «Коганы æрфарст», Я. Ялунеры «Хъаз зокъотимæ», А. Левины «Кæсагахсæг былгæронæй» æмæ скъуыддзæгтæ театры иудадзыгон спектакльтæй, поэттæ: Хетæгкаты Къостайы, Дзанайты Иваны, Боциты Бароны, драматург Кочысаты Розæйы æмæ иннæты уацмыстæ. Нæ аивад æвдыстам быдырон станты, заводты æмæ фабрикты цехты. Фæлæ рынчынтæ æмæ цæфтæн госпиталтæ гом кæнын куы райдыдтой, уæд уыдоныл фылдæр мæт æмæ сагъæс кодтам. Суанг ма цæфты фервæзын кæныны тыххæй туг дæр лæвæрдтам.

Нæ артисттæ сæ курдиат арæхдæр æвдыстой рынчындæтты палатæты, æмцегад кодтам госпиталтыл дæр. Уыдон æрбынат кодтой Хæххон-металлургон техникумы, 18, 21, 22-æм скъолаты, Вагæттæ цалцæггæнæн заводы клубы.

Нæ зонд æмæ зæрдæты цæрæнбонтæм баззад, нæ номдзыд хирург Дзылыхты Иван, иу цæф хæстонæн 5 сахаты кæй фæкодта, уыцы операци. Хорзæй ахицæн уыдзæн, ууыл нæ ничи æууæндыд. Дыууæ стыр схъисы бомбæтæй баззадысты тæккæ зæрдæйы сæр уыцы хæстонæн. Мах нæ равдыст фестæм. Фæлæ цæуыныл нæ тагъд кодтам, цалынмæ операции фæуа, уæдмæ. Æмæ мæнæ Дзылыхты Иван рацыд сæрæйкъахмæ сау-сауидæй, фыр фæлладæй æмæ тыхстæй йæ къæхтыл дæр нал лæууыд. Бирæ рæстæг ницы сдзырдта, стæй уæд афтæ бакодта:

– Æнхъæл дæн, цæрдзæн…

Фондз боны фæстæ та уыдыстæм госпиталы, комиссар нæ акодта уыцы цæф хæстонмæ. Базонгæ стæм йемæ, уый уыд тæхæг, дæлбулкъон. Йæ мыггаг ын нал хъуыды кæнын. Нæ куысты фæтк фæивтам, цæмæй нæ алы бон дæр исчи уыцы палатæйыл йæ арм дара. Æмæ 87 боны фæстæ тæхæджы госпиталæй рафыстой. Комиссармæ дзургæйæ, хъазгæмхасæнты афтæ загъы:

– Артисттæ мæ сдзæбæх кодтой, – æмæ йæ сæрæй махырдæм ацамыдта.

Æмæ дыууæйæ дæр махæн æмдзæгъд кæнын райдыдтой, мах та нæ къухæмдзæгъдæй арфæ кодтам, мæлæтæй чи фервæзт, уыцы хæстонæн æмæ йæ ирвæзынгæнæг Дзылыхты Иванæн.

Афтæ мах фæндараст кодтам хæцæг æфсадмæ не 'мбæлтты – чи сдзæбæх, уыцы хæстонты.

Бæстæ та царди тæссагдзинады уавæрты. Цыд уæлахизмæ, хуымæтæг ныхасæй зын загъæн кæмæн уыдзæн, ахæм зындзинæдты сæрты хизгæйæ.

Мах театр дæр æнцон бонтæ не 'рвыста. Актертæй ма нæм чи баззад, уыдон дæр, хæстмæ ацæуыны тыххæй пъавесткæтæ райстой. Театры дарддæры хъысмæт дæр мæнг халыл хæцыд. Мах та афтæ хъуыды кодтам, уый сæйрагдæр нæу.

Уыцы хъуыдыимæ не сразы Аивæдты хъуыддæгты управленийы хицауы хæдивæг Иван Налбандов. Уый куы базыдта, Таутиаты Солæманы, Кокайты Исайы æмæ мæн хæстмæ кæнынц, уæд æвæстиатæй фембæлд Сæйраг советы уæнг Хъулаты Хъуыбадыимæ æмæ нын бронь раттын кодта.

ТЕАТРЫ КУЫСТ ХÆСТЫ РÆСТÆГ

Нæ театр хæсты азты адæмæн лæггад кæныны архайд ноджы фæтыхджындæр кодта. Дарддæр дæр концерттæ æмæ спектакльтæй скъуыддзæгтæ æвдыстам госпиталты. Уый тыххæй нæ репертуар уыд зæрдæмæдзæугæ. Уырдæм хаст æрцыдысты Джимиты Георгийы «Тохы бонты», Давыдовы «Райгуырæн былгæрæттæ», Александр Ржешевскийы æмæ Михаил Кацы «Олеко Дундич», Мамсыраты Дæбейы «Фæтæг Бæгъатыр», Раймонды «Уарзон чызг», æфсымæртæ Тур æмæ Л. Шейны «Æхсæвыгон радио» æмæ «Райгуырæн уæзæджы фæздæг», Ф. Кноррейы «Талынджы фембæлд».

1941 аз. Знаг бырста Кавказмæ æмæ хæстæгдæр кодта нæ горæтмæ. Хастæрцыд уынаффæ йæ дæрддзæф бацæуæнтæ йын фæфидар кæнын. Гæнæн кæмæн уыд, уыдон арæзтой Мæздæджы хъахъхъæнынадон арæнтæ. Театр уым дæр равдыста цалдæр спектаклы. Амы госпиталты уыд, æвдыстам спектакльтæ.

Райдыдтам кусын Джимиты Георгийы пьесæ «Тохы бонтæ»-йыл. Æвæрдта йæ режиссер Василий Фотиев, йæ ассистент та уыд Цæлыккаты Мæирбег. Спектаклы премьерæ уыд 1941 азы 10 сентябры. Пьесæйыл хорз бакуыстам. Архайдтой дзы театры хуыздæр артисттæ.

Джимиты Георгийы пьесæимæ кусын райдыдтам Хъазыбегты Хъазыбеджы эпикон драмæ «Нарт Батрадз»–ыл. Йæ режиссер уыд Василий Фотиев, режиссеры ассистент – Цæлыккаты Мæирбег. Спектаклы премьерæ уыд 1941 азы 27 сентябры. Ацы пьесæйыл кусынмæ бавнæлдтам стыр мæтимæ. Æмбæрстам, алы ирон адæймагæн эпос – адæмон сфæлдыстады хæзна – куыд зынаргъ у, уый. Нæ фыдæлтæ дзы

равдыстой сæ хъæбатырдзинад. Хатыдтам æй, театрдзау йæ адæмон хъайтартимæ фембæлдмæ куыд зæрдиагæй æнхъæлмæ кæсы, уый.

Рольтæ дихгонд æрцыдысты: Уырызмæг – Тотраты Бесæ, Нарты Сатана – Хъæрджынты Варя, Хæмыц – Цæлыккаты Мæирбег, Сослан –Тæбæхсæуты Бало, Батрадз – Баллаты Валодя, Агуындæ – Хъариаты Тамарæ, Хуры чызг – Тотиты Аннæ, Мæйы чызг – Гæлунты Венерæ, Хызты паддзах – Хæдарцаты Беслæн. Спектакль тынг хорз рауад.

Уый фæстæ кусын райдыдтам спектакль «Райгуырæн былгæрæттыл». Йæ премьерæ уыд 15 октябры. Уымæй уæлдай ма æвæрдтам Сулейман Стальскийы «Æхсар» (йæ премьерæ – 1941 азы 31 декабры).

Театры стыр æнтыст схонæн ис Мамсыраты Дæбейы пьесæ «Фæтæг Бæгъатыр». Йæ режиссер -æвæрæг – Борыхъуаты Бимболат, режиссеры ассистент – Брытъиаты Зариффæ, нывгæнæг – Туаты Азæ, музыкалон фæлгонц – Кокойты Тæтæрхъан. Йæ премьерæ уыд 1941 азы 29 ноябры. Ацы спектакль иннæтæй хицæн кодта йе стырдзинадæй æмæ актерты фæлгонцтæй.

Бæгъатыры роль хъазыд Тæбæхсæуты Бало. Уый уыд, йæ адæмы ивгъуыды йæ уидæгтæ кæмæн ацыдысты, ахæм тулдз. Йæ хæлар Беслæны та хъазыд Таутиаты Солæман. Уый хорз сарæзта хохаг лæджы, æхсарджын хæстоны фæлгонц, мæнæ зды æфсæйнаг куыд тæвд уыди, афтæ уыди йæ удыхъæд. Уый фыццаг бакастæй цыма ницы куыста, фæлæ йæ цæстытæ уыдысты бынтон диссаг.

Æрхæсдзынæн дзы иу цыбыр ныв. Æз хъазыдтæн Алæджы – Бæгъатырыл гадзрахатæй рацæуæджы, тæтæйраг Ханæн æй ауæйгæнæджы. Æмæ мæнæ иу сценæйы фембæлдысты Беслæн – Солæман æмæ Алæг –Мæирбег. Хъуамæ æхсаргæрдтæй хæцыдаиккам. Режиссеры фæндон уыд, цæмæй æз рудзынгæй агæпп кæнон. Фæлæ рудзынг уыди чысыл æмæ дзы мæ сæр тыххæй бацыд. Æз уыцы фæндыл не сразы дæн. Уæд режиссер йæ фæнд аивта – бафæндыд æй цæмæй æддæмæ агæпп кæнон стыр рудзынгыл. Сценæйы кусджытæ мын раздæр цы гауыз æрцæттæ кодтой, уый айстой. Мæнæ ралæууыд премьерæйы бон. Æмæ спектаклы хæсты сценæ куы райдыдта, уæд æз ахъуыды кодтон чысыл рудзынгыл агæпп кæнын.

Æмæ Беслæны – Солæманы темпераменты уæзæй æз маргъау рагæпп кодтон уыцы чысыл рудзынгæй. Æмæ диссагæн, кæд дзы гауыз нал уыд, уæддæр цъæррæмыхст дæр нæ фæдæн. Афтæ мæ йæ сценикон курдиаты фæдыл асайдта Солæман.

Бæгъатыры бинойнаг – Сатенуйы фæлгонц иттæг рæсугъдæй

равдыста Икъаты Серафин. Тæтæйраг Ханы сурæт барджынæй æмæ хæдхуызæй равдыста Тотраты Бесæ.

Ацы драмæйы Ханы иу уацайраг чызджы фæлгонц сарæзта Брытъиаты Зариффæ, уый 1937 азæй куыста режиссеры ассистентæй. Афтæмæй йын бантыст цалдæр спектаклы бацархайын. Режиссеры ассистент та уыд Идрис Базоркины пьесæмæ гæсгæ спектакль «Хурыскастыл»-ы, Æфсымæртæ Тур æмæ Шеины спектакль «Очная ставка»-йы, Никитины «Баку»-йы.

1942 азы 6 январы æвдыстам Акакий Цагарелийы пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектакль «Уыцы рæстæджытæ нал сты ныр». Ацы комедион спектакль репертуармæ бахæссын уыд рæстæджы домæн. Адæм бафæлладысты цæссыгтæ æмæ алыхуызон æвзæр хабæрттæй, æмæ йæ нысан уыд зæрдæтæм рухс бахæссын æмæ сын сæ уавæр фæхуыздæр кæнын.

Режиссер Борыхъуаты Бимболат æмæ ассистент Брытъиаты Зариффæ, спектаклы æппæт актертæ йыл куыстой разæнгардæй. Афтæмæй дзы рауад зæрдæмæдзæугæ комеди. Актертæ дзы цы сурæттæ сарæзтой, уыдон театрдзаутæ æхсызгонæй бахъуыды кодтой.

Мæнæ йæхицæй хъал, фæлæ æдылыгонд кънйаз –Тæбæхсæуты Бало, мæнæ йæ хæлар, цурон æмæ фæлывд Зæкæри– Баллаты Валодя. Æмæ мæнæ æрмдæсн響ыгуыстгæнджытæ. Æнæхъæн къуыри куыстой, уый фæстæ та сæ фæллад уагътой, уыдоныл æнувыд «Къинто» та сæ ирхæфсгæ кодта. Мæнæ се ‘ртæйы сæрхъызой, ныфс бавæрæн кæмæй ис, уыцы тыхджын Гижуа – Кокайты Исай, йе ‘мбал æмæ дипломат Аветик – Цырыхаты Петр æмæ хъæлдзæг, сылуарзаг, зараг Пичхула – Цæлыккаты Мæирбег.

Спектакль райдыдта мæнæй – Пичхулайæ. Æз фæзындтæн фыццаг æмбæрзæны разæй æмæ театрдзауæн æхсызгонæй фехъусын кодтон:

– Алы боны æгас цæут, нæ уазджытæ! Абон не ‘мбал Сикъойæн у амонддджын бон. Æвзаргæ адæм се 'ппæт уыдзысты ам… Гижуа дæр. Зонут æй, чи у, уый? О! Уый стыр адæймаг у, галы йæ иу къухæй афæлдахы! Аветик дæр ам уыдзæни. О! Аветик, тынг бæрнон адæймаг у! Суанг ма уырыссагау дзурын дæр зоны. Мæн, кæй зæгъын æй хъæуы, зонут! Æз Пичхула дæн. Æмæ афтæ! Сымах дæр хонæм. Ацæут æмæ нын нæ цинал бацин кæнут! Ам мæ зæрдыл æрлæууыд иу ныв. Ацы ныхæсты фæстæ чидæр залæй рахъæр кодта «Фæцæуæм, фæцæуæм!». Æмæ йын мæхæдæг дзуапп куыд радтон, уый нæ бамбæрстон:

– Нæ! Мах дзæгъæлдзыхты нæ хонæм! Зæрдæхæлар адæмы хонæм!

Залæй райхъуыст къухæмдзæгъд æмæ худын.

Уыцы æппæт тæлмацгонд спектакльтæй театрдзаутæм фæхæстæгдæр Раймонды пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектакль «Уарзон чызг». Уыцы уарзон чызг – санитаркæ Оляйы сурæт спектаклы сарæзта Икъаты Серафин. Тынг хорз æй ахъазыд – ныллæг, дзылыга, даргъ халаты, цæст нæ хæцы йæ худæг фæзылдтытыл.

Уæдæ, къаддæр æнтыст нæ бафтыд танкисты рольты хъазæг Таутиаты Солæманы æмæ Кокайты Исайы къухы (æртыккаг архайæджы нал хъуыды кæнын), уыдон рауадысты хуымæтæг, зæрдæджын, зæххон фæсивæд, театрдзау та сæм каст хи хъæбулты æмæ æфсымæрты цæстæй.

Мæнмæ дзы æрхауд санитар Завенкойы роль. Уый мæ нымадæй уыд Оляйы ныхмæвæрд фæлгонц. «Мæлхъ», афтæ йæ хуыдтой æфсæддонтæ. Завенко та – æнæхъола тыппыртæ, зæрдæхæлар æмæ хъæлдзæг. Се 'ппæт дæр æй арс хуыдтой. Æмæ, æцæгæй дæр, ацы сурæт мын тъæпкъахы хуызæн рауад. «Гопак» куы кафыд, уæд театрдзауты æмдзæгъдæн кæрон дæр нæ уыд.

Ацы спектакль æвæрдта Василий Фотиев, йæ ассистент уыд Брытъиаты Зариффæ, нывгæнæг – Туаты Азæ, музыкалон фæлгонц аразæг – Александр Поляниченко. Спектаклы премьерæ уыд 1942 азы 25 февралы.

1942 азы фæстаг премьерæ уыд 25 майы. Уый уыд Туаты Дауыты пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектакль «Æрхуы». Фыст у Садоны шахтерты тыххæй. Фæстаг спектакль та уымæн, æмæ нæ бахъуыд эвакуаци скæнын, уымæн æмæ знаг хæстæгдæр кодта Цæгат Ирыстонмæ.

ТЕАТР ХЪАХЪХЪÆНЫНАДОН КУЫСТЫТÆ

1942 азы республикæйы хицауады уынаффæмæ гæсгæ, Дзæуджыхъæуы алыварс райдыдтам къахын танкты ныхмæ дзыхъхъытæ. Театры коллектив æнæхъæнæй дæр архайдта уыцы куыстыты. Сæйрагдæр та – Терчы рахиз фарс.

Арæзтадон куыстытæн дзуапп лæвæрдта паддзахадон пъланы разамонæг Брытъиаты Батырбег, сæ комиссар та уыд театры директор Цопанаты Хаджумар. Взводтæй иуы командир та уыд нæ театры актрисæ, Цæгат Ирыстоны Сæйраг советы депутат Дзитойты Рая. Уый ма æрлæууыд æмцегады æфсæддон къамисы сæргъы. Æмæ уыцы быныты фæци йæ райдайæнæй кæронмæ.

Хъахъхъæнынадон куыстыты уæлдай зæрдиагдæрæй архайдтой Баллаты Володя, Борыхъуаты Бимболат, Кокайты Исай, Василий Фотиев, Икъаты Серафин, Хъæрджынты Варварæ, Хъариаты Тамарæ, Таутиаты

Солæман, æрыгон артисттæ Хæдарцаты Беслæн, Мæлтызаты Разитæ. Уымæй цалдæр боны фæстæдæр фæскомцæдисон Мæлтызаты Разитæ æмæ Уырыссаг театры артисткæ Хъодзаты Татьянæ систы сгарджыты къорды уæнгтæ. Бабæрæг кодтой, хæст кæм цыд, уыцы бынæттæ, сæ хæс æнтыстджынæй сæххæст кодтой. Уый фæстæ та уыдысты Мæздæджы, æмæ та æнæфыдбылызæй æрбаздæхтысты. Арвыстой сæ Прохладнæйы станцæмæ дæр. Уым сæ немыц æрцахстой æмæ сæ амардтой.

Нæ фæсивæд се 'ппæт дæр куыстой 'нæрынцойæ, сæ хъарутыл, се 'нæниздзинадыл æуæрдгæйæ. Куыстой суанг райсомæй изæрдалынгтæм. Афтæ, нын нæхи 'хсæн фæзынд хъæбатыртæ: Кокайты Исай, Баллаты Володя, театры аивадон разамонæг Василий Фотиев, Хæдарцаты Беслæн.

Фыццаг бон мæм фæдзырдта арæзтадон отряды разамонæг Брытъиаты Батырбег. Уый мын загъта, кæй йæ фæнды взводы разамонæгæй мæ сæвæрын. Æз, æртыназдзыд фидæрттæ арæзт лæппу, уыцы фæндыл не сразы дæн. Уæд мæ бæсты снысан кодтой Дзанайты Иваны. Æз та дарддæр хъахъхъæнынадон куыстыты архайдтон. Цалдæр боны фæстæ та мæм фæдзырдтой:

– Халагъуд дын сараздзыстæм, æмæ араз белты хъæдтæ.

– Къахджытимæ баззайдзынæн! – цæхгæр уыд мæ дзуапп.

Уый фæстæ куыстам завод «Электроцинчы», горæтæн йе скæсæн хайы. Æмæ та мæ ам дæр ссардтой. Уыцы рæстæгмæ та мæ къухы чысыл æнтыстдзинæдтæ нæ бафтыд. Нормæ 0, 8 кубометры бæсты къахтон дзæвгар фылдæр. Æмæ та мæм фæдзырдтой æмæ загътой:

– Хорз кусыс, фæлæ æртыккаг ротæйы нæй разамонæг.

– Куыд нæй, Алыксандр та?

– Уымæ нæ хъусынц, – уыд сæ дзуапп.

Уыцы ротæ та уыд алыхуызон адæмæй конд. Уыдонæй-иу кæй фæндыд, уыдон æрбацыдысты, райсом та сæ бон уыд, ма 'рбацæуой. Иуныхасæй, сразы сын дæн. Фæлæ дзырдæй, хъуамæ ротæйы комиссар трассæйыл мемæ ацæуа, куыд дæн, афтæмæй. Æз та куыстон афтид мидæггæгты, даст сæр æмæ боцъотимæ. Мæнæ ацыдыстæм трассæйыл. Æз уынын, сылгоймаг бафæллад. Дзурын, баулæф, зæгъгæ, йæ бел ын райстон æмæ уый бæсты кусын райдыдтон. Цæуæм дарддæр. Æрыгон лæппу цыд тыххæйты.

– Куыд кусыс? Æри-ма бел ардæм! Мæнæ афтæ хъæуы! Афтæ, мæ хæлар!

Акуыстон йæ бæсты æмæ ацыдтæн дарддæр. Афтæ кæронмæ дæр.

Сихоры фæстæ та мæ комиссар бавдыста кусæг отрядæн:
– Мæнæ уæ ротæйы командыгæнæг!
Иу ныхасæй мæ сæхионыл банымадтой, афтæ дзы æрфидар æгъдау дæр. Æмæ мæ арвыстой горæты ныгуылæн хаймæ, аэродромы 'рдæм. Ацы бонты мах Ерванимæ – паддзахадон филармонийы кусæгимæ – хорзæхджынгонд æрцыдыстæм майдантæй: æз – «Фæллойы сгуыхтдзинады тыххæй», уый та – «Фæллойы хи хорз равдисыны тыххæй».

ТЕАТРЫ ЭВАКУАЦИ

18 сентябры нæ æрæмбырд кодтой æмæ нын загътой, Ирон æмæ Уырыссаг театрты коллективтæ, Наукон-иртасæн институт, оперон студи сæрибаргонд цæуынц хъахъхъæнынадон куыстытæй æмæ цæмæй цæттæ кæной эвакуацимæ.
21 сентябры та мах бадтыстæм вагæтты æмæ цыдыстæм Фæскавказмæ, Хуссар Ирыстонмæ. Раст уыцы бон фашисттæ ныппырх кодтой Даргъ-Къохы æфсæнвæндаджы станцæ. Уым ма срæмыгътой цалдæр поезды, уырдæм бахауд Алагиры поезд дæр. Дыккаг бон та бирæ фæлæууыдыстæм «Махачкала»-йы станцæйы. Ам не 'ппæт дæр рахызтыстæм вагæттæй æмæ нæхи рæвдыдтам сатæг изæрæй. Уалынмæ дын кæсын æмæ мæ комкоммæ æрбацæуы мæ рагон хæлар Арчил Кикнадзе. Æз ын нæ театры хабæрттæ куы радзырдтон, уый фæстæ мæ бафарста:
– Куыд уыдзыстут æмæ цæмæй цæрдзыстут?
Æз ын загътон, кусдзыстæм, зæгъгæ.
– О-о-о, ивазгæйæ, сдзырдта. – Уый уын æнцон нæ уыдзæнис. Мæнæ дæумæ бирæ æхца ис?
– Цавæр æхца?
– Бахъуыды кæн, бахæццæ уыдзыстут Баладжары станцæмæ, уый Бакумæ ма бахæццæ у, уыл ис. Уым бынæттон цæрджытæ цæхх уæй кæнынц. Де 'хцатæй цæхх балхæн æмæ хорз цæрдзынæ!
– Сæудæджер кæнон?– бадис кодтон æз.
– Æдылы ма у! Уым чи цæры, уыцы адæмæн дæр тынг баххуыс кæндзынæ. Уым цæхх нæй!
Æз ацы хъуыддаджы фæдыл хибарæй аныхас кодтон театры директор Цопанаты Хаджумаримæ.
– Уый цы æрхъуыды кодтай, фæскомцæдисон раздзог ?
– Хæйрæг йæ зонæг… Уый уаид стыр æххуыс, фæлæ, фæсивæдæн куыд зæгъон, балхæнут, уæд та ма раст нæу. Сæ фæстаг капеччытæ схардз кæндзысты…
– Дæхæдæг кæс, уæдæ, дæхæдæг, – загъта директор.

Æз се 'ппæты дæр æрæмбырд кодтон вагоны иу къуымы æмæ сын радзырдтон хабар.
– Æз уын балхæнут дæр нæ зæгъын, стæй уын ма балхæнут дæр нæ зæгъын. Алчидæр йæхæдæг ахъуыды кæнæд. Æз та афтæ хъуыды кæнын, æмæ уæд та ма нæ коллективæн йæ бон уыцы фæрæзтæй цæрын суыдзæн.
Уæдæ Уырыссаг театры артисттæ та? Зæгъдзысты, ирæттæ махæй бамбæхстой ацы хъуыддаг, æрмæстдæр сæ удæнцойдзинадыл бамæт кодтой. Бацыдтæн сæ вагонмæ æмæ уыдонæн дæр радзырдтон цæххы хабар. Уыдон мæ фæндыл не сразы сты, æрмæстдæр иунæг Иван Мятелев загъта, ирæттæ кæм сæфой, уым æз дæр, зæгъгæ.
Уыцы рæстæг бахæццæ стæм Баладжартæм, æмæ се 'ппæт дæр балхæдтой цæхх – банкæйæн сомы æрдæг. Уый нын фæци хорз æххуыс. Мах лæвæрдтам цæхх дыгай банкætæ. Лигъдæттæ нæ фарстой, цасыл уæй кæнут уæ цæхх, зæгъгæ.
– Цас нын дæттут, уыйас!
Уыдон та нын нæ цæхх ивтой царвы банкæйыл æмæ цыхты дыууæ килæйыл. Фæлæ уырыссаг театры коллектив бахауд уæззау уавæры, уæлдайдæр, сывæллæттæ кæмæн уыд, уыдон. Мах бауынаффæ кодтам, æмæ сын нæ цæххæй цавæрдæр хай радтам. Афтæмæй сын æххуысхъом фестæм.

НÆ УДВИДАРДЗИНАДЫ ФÆЛВАРÆН, КÆНÆ ТА ÆНÆБАРЫ ГАСТРОЛТÆ

Театры хъуыддæгтæм бар дарæг адæймаг зоны, гастролтæ цæмæй нывыл ацæуой, уый тыххæй цас бацархайын хъæуы, уый. Ам та, чысыл горæты, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон театры сценæйы баиу сты цыппар стыр коллективы: Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон драмон, Цæгат Ирыстоны паддзахадон драмон, Хуссар Ирыстоны кафты æмæ зарды ансамбль æмæ Орджоникидзейы горæты паддзахадон Уырыссаг драмон театр. Иунæг коллектив кæм бамбырд уа, уымæн бынат нæ уыд, мах та ныр – æнæхъæн цыппар коллективы.
Уыцы уавæрты стыр ахадындзинад уыд зындгонд композитор Галаты Барисы рухстауæн архайдæн. Уый уыд ирон æмæ гуырдзиаг театрты директор Хуссар Ирыстоны. Уымæй уæлдай ма, цæмæй нæ æнæбары гастролтæ нывыл уагыл ацæуой, ууыл сахадыдта нæ театры директор Цопанаты Хаджумар. Дыууæ сæргълæууæджы æппæт коллективтимæ дæр ссардтой иумæйаг æвзаг. Сæмбæлдысты ныл иттæг æхсызгонæй. Не 'ппæт дæр æмбæрстам уæззау рæстæг кæй у, уый. Æртæ мæйы фестæм Цхинвалы æмæ æппæт хъарутæй дæр кодтам сфæлдыстадон

куыст. Ӕмцегад кодтам госпитӕльтыл, ӕфсӕддон хӕйттыл, ӕвдыстам сын нӕ театрты хуыздӕр спектакльтӕ.

Бабӕрӕг нӕ кодтой Облӕсты партион комитеты сӕрдар Хуыбаты В. И ӕмӕ Гуырдзыстоны Облӕсты партион комитеты сӕрдар Владимир Цховребашвили ӕмӕ ныл уӕдӕй фӕстӕмӕ сӕ арм дардтой. Рахастой уынаффӕ махӕн баххуыс кӕныны тыххӕй. Хуыбайы-фырт ма нӕ суанг ӕмдзӕрӕны дӕр бӕрӕг кодта.

Ӕмӕ мӕнӕ фесты нӕ гастролтӕ. Нӕ фӕсивӕд фӕдзырдтой бынӕттон артисттӕм. Ӕз сын цы балӕвар кодтаин, уый не ссардтон ӕмӕ сын, цы цӕхх ма мӕм баззад, уый радтон. Фӕсивӕд загътой, ӕхцайӕ рӕвдз кӕй не сты, уый.

– Цавӕр ӕхцайы кой кӕнут! Мах та цӕхх Баладжарты ссардзыстӕм! – фӕхъӕр кодтон ӕз. Иу ныхасӕй, канд ӕз нӕ, фӕлӕ нӕ иннӕ лӕппутӕ дӕр фысымтӕн радтой, цы цӕхх ма сӕм баззад, уый.

Цы бон цыдыстӕм, уыцы бон та нын хуссарирыстойнӕгтӕ ӕрбахастой фӕндагмӕ бирӕ хойрӕгтӕ. Мӕнмӕ дзы ӕрхауд 10 – 11 киллограммы цыхт ӕмӕ фысы фыд. Тоба Крихели та – гуырдзиаг театры режиссер, зарӕггӕнӕг, драматург, ӕмӕ уыциу рӕстӕг парчы директор – ахуыдта мӕн, Таутиаты Солӕманы ӕмӕ Борыхъуаты Барисы. Бакодта нын сӕны быркуы ӕмӕ загъта:

– Ам ис цыппар пуды сӕн! Уӕхи дзы цас хъӕуы, уый бӕрц сисут, иннӕ та раттут уе 'мбӕлттӕн. Сӕн куы бануазай, уӕд дзы дӕ зынтӕ ферох кӕндзынӕ, фӕлӕ. уый нуазгӕйӕ. цы хӕлардзинад бакӕнай, уый дӕ нӕ ферох уыдзӕн.

Коллективтӕ цӕмӕй Орджоникидземӕ дзӕбӕхӕй ӕрыздӕхой, уый тыххӕй та дзуапп ӕз лӕвӕрдтон. Радтой та нын раздӕры хуызӕн вагӕттӕ. Фӕлӕ уазал вагӕтты куыд ласӕм сылгоймӕгты ӕмӕ сывӕллӕтты? Тыхсын, фӕлӕ цы чындӕуа?! Бацыдтӕн обкоммӕ Цховребашвилимӕ. Уый бауынаффӕ кодта бӕлвырд хатдзӕгмӕ ӕрцӕуын. Гуырдзиагау телефонӕй дзуры, ӕз ӕй не 'мбарын.

– Хорз! Сыст ӕмӕ араст стӕм!

Ацыдыстӕм хӕхтӕм, уый фӕстӕ та – Тбилисмӕ. Нӕ зонын, куыдӕй, фӕлӕ нын Сталиниры вокзалмӕ радтой ӕртӕ хорз вагоны. Ахӕм цӕстӕнгасӕй нӕм ракастысты хӕсты уӕззау бонты. Хуымӕтӕджы нӕ фӕзӕгъынц, хӕлардзинад зын рӕстӕджыты кӕй рабӕрӕг вӕййы…

1943 азы 23 январы ӕрыздӕхтыстӕм нӕ райгуырӕн Ирыстонмӕ. Уӕдмӕ знаг тард ӕрцыд. Нӕ ӕвадат уавӕртӕм нӕ фӕкастыстӕм – бирӕтӕ нӕ баззадысты ӕнӕ хӕдзарӕй – ног тыхтимӕ райдыдтам кусын.

Нӕ фыццаг премьерӕ уыд ӕфсымӕртӕ Тур ӕмӕ Шейнины

«Фыдыбӕстӕйы фӕздӕг». Йӕ режиссер-ӕвӕрӕг – Борыхъуаты Бимболат. Нывгӕнӕг – Туаты Азӕ. Йӕ премьерӕ уыд 1943 азы 4 февралы.

Уыцы рӕстӕджы цы спектаклтӕ ӕвӕрдтам, уыдоныл театрдзау куыд ӕмбӕлд, газетты сыл цы фыст уыд, уыдоны тыххӕй дзургӕйӕ, зӕгъын хъӕуы уый, ӕмӕ ӕппӕты хуыздӕр спектакль уыд Кацы ӕмӕ Ржешевскийы пьесӕмӕ гӕсгӕ ӕвӕрд «Олеко Дундич». Йӕ премьерӕ уыд 1943 азы 3 апрелы. Режиссер – Василий Фотиев, ассистент – Цӕлыккаты Мӕирбег, нывгӕнӕг – Туаты Азӕ.

«Диссаджы спектакль» – зӕгъдзӕн театрдзау, раппӕлдзысты дзы мыхуыры дӕр. Фӕлӕ театры коллективы цӕстӕнгас домаг ӕмӕ карздӕр у.

Ӕппӕты разӕй йӕ куыд загътон, афтӕ нӕ театры байгомы фыццаг азтӕй нӕ коллектив баныхас кодта кӕрӕдзийы ӕрхайдмӕ ӕргом зӕрдӕ дарын. Уыцы хуызы дзурын ӕргомӕй нӕ алкӕй куысты аиппытыл ӕмӕ ӕнтыстытыл. Уый афтӕ! Фӕлӕ цы зӕгъыс, уыцы рӕстдзинадӕн хъуамӕ уа бындур! Сӕйраджы-сӕйрагдӕр та – кӕрӕдзийыл ӕууӕндын. Уыцы ӕууӕнчы ис нӕ иумӕйаг сфӕлдыстадон куысты ӕнтыстдзинад дӕр.

Уымӕ гӕсгӕ нын ӕппӕты хуыздӕр рӕстдзинад, Олеко Дундичы фӕлгонцы иттӕг хорз хъазгӕйӕ, равдыста Таутиаты Солӕман. Куыд бирӕвӕрсыг уыд уыцы фӕлгонцы! Уый куы уарзӕгой зӕрдӕйы хицау у, куы та – ӕхсарджын хӕстон, куы – хъӕлдзӕг ӕмӕ хъазаг, куы – тызмӕг салдат, куы – фырнымд афицер-аристократ сырхӕфсӕддонимӕ фембӕлды рӕстӕг. Уыцы ӕппӕт архӕйдтыты Дундич уыд курдиатджын артист, кӕцы иу цӕсты фӕныкъуылдмӕ йӕ хуыз фӕивта, уыцы фӕлгонцты уыд уырнинаг ӕмӕ бӕлвырд.

Таутиаты Солӕманы Олеко Дундичы абарӕн ис ӕрвнӕрдимӕ. Уый уыд канд актеры, театры нӕ, фӕлӕ ӕппӕт ирон театралон аивады уӕлахизхӕссӕг ӕнтыстыл дзурӕг.

Тынг хорз рауадысты Ворошилов – Борыхъуаты Бимболаты, Буденныйы – Кокайты Исайы, инӕлар Мамонтовы – Тӕбӕхсӕуты Балойы арӕзт фӕлгонцтӕ.

Мӕнӕн бахӕс кодтой Серго Орджоникидзейы эпизодон роль. Цы зӕгъынмӕ хъавын уымӕй? Йӕ халдих уыдтӕн тынг. Иннӕмӕй та, ме 'мбӕлтты нӕ хъыгдардтон.

Уӕлдай ӕхсызгондӕрӕй ма театрдзау сӕмбӕлд, ӕрыгон артисткӕ Туменаты Еленӕ сценӕйы куы фӕзынд, уӕд уыыл. Еленӕ уыд нӕ театры цур студийы рауагъдон. Хӕсты азарӕй студи дӕр ӕхгӕд ӕрцыд.

Уырыссаг ӕвзагӕй
Гасанты Валерийы тӕлмац

КЪАДЗАТЫ СТАНИСЛАВ: 65 АЗЫ

ФЫДЫБÆСТÆ – ЙÆ УРС КЪÆСÆР, ЙÆ ЗАРÆГ

Поэт, драматург, журналист, Æмбалты Цоцкойы премийы æмæ республикæйы æндæр сфæлдыстадон конкурсты лауреат, Цæгат Ирыстон-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг Къадзаты Соброны фырт Станислав райгуырд 1955 азы хуымгæнæны мæйы фыццаг бон, Кировыхъæуы. Астæуккаг скъола иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæуыны фæстæ ахуыр кодта Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты филологон факультеты ирон-уырыссаг хайады. Æртæ курсы фæстæ йæ арвыстой Мæскуыйы паддзахадон университеты журналистикæйы факультетмæ. Каст æй фæци1979 азы æмæ кусын райдыдта Цæгат Ирыстоны радиойы.1989 – 1993 азты уыди журнал «Ногдзау»-ы бæрнон нымæрдар. Уый фæстæ ногæй рацыди Цæгат Ирыстоны радиомæ æмæ ныртæккæ дæр кусы уым. Йæ радиожурналтæ æмæ авторон программæтæ «Хæзнадон», «Уацамонгæ», «Бонвæрнон», «Удæвдз», «Нæ уазæг – дæ уазæг», «Мыггагæй мæ бафæрс», «Арвайдæн» алы ирон хæдзармæ дæр сты фидиуæг æмæ фарнхæссæг.

Алы азты ныффыста пьесæтæ: «Æртæх æмæ æртхутæг», «Зындоны зæдтæ», «Сыгъзæрин дæгъæл». Рауагъдад «Ир»-ы йын хицæн чингуытæй рацыдысты: «Уидæгты рухс», «Урс къæсæр», «Ирдгæ», «Дыууæ хуры астæу», «Зондабитæн – нæ алдымбыд». Ацы ног чиныгæн Станислав цы разныхас ныффыста,уымæй ирдæй зыны поэтæн абон æппæты сæйрагдæр цы у,уый. Æмæ йæ хæссæм уæ размæ:

КЪАДЗАТЫ Станислав

УРС АЗÆЛД

кæнæ
Не ’взаг – нæ фидæн
Æз дæр уыдтæн уæ карæн,
Мæныл дæр цин-зæгъ уарыд.

Хуры тынтæ оммен кæнынц цардæн,
Ацаходынц райсомы æртæхæй…
Бастъæлай, мæ сабидуг, цæй дард дæ –
Уыгæрдæны урс байраг фæтæхы!..

Хур, дам, уа-а-ртæ кæм æмæ кæм ис, фæлæ уæддæр æввахсмæ тавы. Мæ рагбонтæ дæр 7 хохы, 9 быдыры, 12 фурды фале кæд æмæ кæд фесты, уæддæр мæ сæ хур хæстæгмæ тавы. О, сабидуг у адæймагæн йæ дыккаг зæрдæ, æмæ азтимæ йæ цавд тынгдæр зæлы, сног кæны æхцонæн кæддæры цаутæ.

Аргъæутты дæлбазыр –
Сабидуг фæлмæн,
Алæмæты уалдзæг,
Стъалыты тæмæн.

О, нæ рагбонтæ аргъауæй тæмæссагдæр уыдысты – аргъауæн æрмæст йæ кæрон вæййы рухс, не ’взонгад та æнæхъæнæй дæр уыд хурвæлыст нæ ныййарджыты, иууыл хистæрты зæрдæты тавсæй æмæ æрдзы æвæджиауы хъомысæй. Рагбонты мæм иунæг хатт дæр фæлмæн мидбылхудгæ чи сдзырдта, уый дæр ныр мысын зæдау.

Нарты кадджыты-иу диссæгтæ Гуымы ’фцæджы фале ’рцыдысты. Нæ царды та – сабидуджы. Иу фондз азы мыл цыдаид уæд. Хурхæтæны дын нæ сарайы зæхмæ æрдæгтахт, æрдæгхауд куы ’ркæнид зæрватыччы лæппын. Фæлæ йæ йæ базыртæ фæстæмæ нал сфæрæзтой. Гæдыйæн ахæм авæрай – уайтагъд йæ цуры февзæрд! А ныр фæлæбура лæппынмæ, афтæ йыл сæмбæлд цъылыны цæф мæ мад Баринæйы къухæй. Гæды æвæндонæй, ныгъуылдтытæгæнгæ, ацыд сарайы къуыммæ. Æмæ уырдыгæй зулмæ каст, мæ мад хъæйванмæ даргъ асин куыд сцæхгæр кодта æмæ лæппыны хъæвгæ йе ’мбæлтты фарсмæ куыд сæвæрдта, уымæ.

Баринæ асин куы бафснайдта æмæ та гыццыл бандоныл йæхи куы ’руагъта, уæд дын зæрватыкк йæ сæрыл куы абадид æмæ йæ цины цъыбар-цъыбур куы ракалид. Гъе афтæ иу мад иннæмæн дзырдта бузныг.

О, баххуыс удыбæстæ у. Æрдзы, нæ царды алцыдæр кæрæдзиуыл баст у зæрин тæгтæй.

Мах фæзæгъæм «фыд», æмæ хъусты азæлы «Фыдызæхх». Мах фæзæгъæм «мад», æмæ хъусты азæлы «мадæлон æвзаг». Цы ис нæ дунейы

зынаргъдæр, æхцондæр!

Æнусон хæрзтыл згæ нæ хæцы. Æмæ уыдонæй сæ фыццаг – æвзаг, æцæг ыл йæ адæм куы дзурой, уæд. О, алы дзырд дæр оммен кæны фидæнæн, уæлдæйдæр та – кæстæрты хъæлæсæй. О, дуне кæстæрæй ног кæны. О, сфæлдисæг ацы гом арвы бын сабийæ хуыздæр ницы æрымысыд. Рабиндранат Тагор уымæн загъта: «Алы ноггуырд дæр у диссаджы уац, Хуыцау ма уæддæр адæмы кæй уарзы, уый æвдисæн». Ома дзы æцæг адæймаг куы рауайа, уæд уыдзæн дунейы фидыц. Уымæн та уæвæн ис раст хъомылад æмæ чиныджы фæрцы.

Æмæ ма ахæм цымыдисаг фæзилæн – алы кæстæр дæр айдæнау у мæ ивгъуыдæн. Цы сывæллонмæ фæкæсын, цыма уый кары фестын, афтæ зæрдæйы сног вæййынц кæддæры цинтæ æмæ хъæзтытæ. Сæрдыгон уыдон: сурджытæ, хъæл æмæ лæдзæг, къори, бирæгъ æмæ хъазтæ, æмбæхсджытæй хъазт æмæ æнд. Зымæгон та цъенгæ ихы сæрыл – хъултæ, хоккей, къахдзоныхтыл бырын… Сывæллон, дам, хъазгæйæ рæзы. Уæды хъæзтытæ ахъаз уыдысты æнæниздзинадæн, сывæллæтты кодтой сæрæн, фидар. Ныр та сæ бæсты – планшет, телевизор, компьютер. Уыдон се ’гæрæй пъæззыйау æрцахсынц кæстæрты æмæ сын исынц сæ буары æмæ уды рæзæнтæ дæр.

Фæлæ мæ хатдзæг – мæ сабидуджы тыххæй:

Æз уæ карæн дæн зæрдæйæ –
Рагбонты зæрин хæрдгæйæ.

О, мысинæгтæ мысайнæгтау – сыгъдæг. Уыдоны фæрцы райгуырдысты ацы ’мдзæвгæтæ. Алы кары минæварæн дæр – йæхи хай. Чиныг дæр уымæн схуыдтон: «Зондабитæн – мæ алдымбыд».

Дзæбæх ныхас фæндаг дæтты, гъемæ рæствæндаг ут иууылдæр, мæ кæстæр хотæ ’мæ ’фсымæртæ!

Хуры тын уæ фæндаг!

РÆСТДЗИНАДЫ ФАТЫЛ

МЕ СТЫРДÆР БÆЛЛИЦ

1

Дунескæнæг!
Лæууын мæ зонгуытыл дæ разы,
Æз дæм мæхи тыххæй нæ кувын,
Æз дæ æнахуыр диссаг курын
Æмæ мын ахъазгæнæг разын, –
Уыдзынæн дæ мæрдты дæр разы.

О, Сфæлдисæг,
Кæд афтæ гæнæн ис, –
Дæ цæст мын бауарзæд хæрзиуæг –
Зæххыл цыдæриддæр ис низ,
Мæныл сæ бафтау иууыл.

Куыд фестон се 'ппæтæн кæрддзæм
Æмæ сæ ахæссон мæрдтæм,
Зæххыл куыннæуал уа сæ хъæстæ,
Куыд цæрой сагсуртæй мæ фæстæ!..

2

Бæргæ, куы фæуид Зин-хæрам мæныл,
Æндæра сау æхсæрдзæнтæй кæлы.

Мæныл куы ахуыссид йæ фыдæх-хъæстæ,
Куы ма баззаид аргъæутты æрмæстдæр,
Куы фæуид марг-кæлæн мæныл, бæргæ,
Мæ фæстæ фестид цард нæртон, нæргæ!

ЦЫ У ИРОН ÆВЗАГ МÆНÆН ?

Цы у ирон æвзаг мæнæн?
Мæ кувæндон, мæ цард,
Сæууон хуры тæмæн,
Мæ удлæууæн, мæ уарт.
Цы у ирон æвзаг мæнæн?
Мæ нысан æмæ фат,
Нæ ивгъуыдмæ дæгъæл,
Нæ фидæнмæ фæндаг.
Æнæ уый æз цы дæн?
Æнæ фæттæ æрдын,
Æнæ хъама кæрддзæм,
Æнæ хъистæ фæндыр.
Æнæ уый æз цы дæн?
Æнæ уый æз нæ дæн.

ÆДЗАРД ХÆСТОНТÆ

Цы ма сæ баззад, цы?
Æппындæр ницы, ницы.
Æрмæст зынгхуыст бæллицтæ,
Уыраугæ рис æмæ цæссыгтæ,
Æгомыг, химæхъус цыртытæ.
Æрмæст мысинæгтæ, æрхæндæг къамтæ, –
Айдагъ уыдон сæ нæртон удты хъармæй.

Цы ма сæ баззад, цы?
Æппындæр ницы, ницы.
Æрмæст зынгхуыст бæллицтæ,
Æртæтигъон фыстæджытæ, æрттигътау,
Æнусты 'хсæнты фидæнмæ тæхдзысты,
Сæ рæнхъыты, тæрккъæвдайы цъæх мигътау,
Мылазон тар, æууæнчы рухс хæсдзысты.

Цы ма сæ баззад, цы?
 Æрмæст æнусон арт,
Æрдхæрæн намыс æмæ цыт?
Цы ма сæ баззад, цы?
УÆЛАХИЗ ÆМÆ… ЦАРД!..

* * *

Æрттиваг хъæндилтæн –
Цы арфæ, цы кад!
Сæ номыл – цы гимнтæ!
Сæ тавсæн – цы арт!

Куыд дардыл фæйлауы
Сæ фыдæхы фурд!
Куыд хиты сæ науы
Ирыстоны уд!

30.12.17 æз

* * *

Рог цардæй куы уаид фарн,
Гъеуæддæр нæ хъæуид мæн.
Байрай, табуйаг æфсарм,
Кал æнусбонтæм тæмæн!

Кæн нæ кæстæрты бæрнон,
Артудæй куыд уой нæртон.

12.01.19 æз

Къæлæтджынил æрбадын
Нæ бауарзта мæ цæст –
Мæн бадынмæ нæ равдæлд,
Фæлдисын уыд мæ хæс.

* * *

Иронæн ирони
Æцæгæлон нæу –
Æдзухдæр йæ роны
Сырдон ис, быдзæу…

* * *

Куыд райа, куы, нæ уидаг?!
Куыд рæза, куы, нæ таг?!
Æддагон нын – рæбинаг,
Нæхион та – дæрддаг.

* * *

Оххай-гъе, хæйрæджытæ кæнынц æййи,
Стырдæр диссаг дунейы нæ зонын –
Уæйгуытæ зынæй цы цард сарæзтой, уый
Дзиглотæ куыд фехæлдтой æнцонæй?!.

* * *

Æз нæма 'мбарын ныр дæр,
Ацы дуг куыд у бæллиццаг:
Иутæм фагæй – мин хатты фылдæр,
Иннæтæм та – мур дæр ницы.

* * *

Нæ рæстæг ивылд донау абухы,
Нæ зыны йе 'цæг цæсгом гамхудæй:
Фæлитойты зæлдæгты атухы,
Сыгъдæгæн та йæ лæвар – сау тухи.

* * *

Уæууау! Мæ маст фыцгæйæ дæр нæ сысы –
Ирыстоны ирон ныхас нæ хъуысы.
Кæм ыстут, кæ, ирон адæм, цы фестут?!.
Æви уæ агурон йæ цъуппыл Эверестæн?!.

* * *

Ирон æвзагæн чи кæны лæггад,
Мæ риуыл уыдонæн – фæндаг
Уæлæуыл дæр, мæрдты дæр.
Сæ амонд уæд æртывæр!

* * *

Фæныхы махæй алчидæр йæ сæр,
Кæд дзы æппындæр ницы ис, уæддæр.

Эрикæн

Уæ фарн – фынæй.

Дæ гакк куы сæвæрыс мæ риуыл,
Мæн вæййынц дун-дунетæ иууыл.
Дæ мидвыны куы фæзæгъыс мæ ном,
Уæд фесты арвы дуар парахат гом.

* * *

Нæ Иры нæртон удæн
Æвидигæ зынджытау –
Цæргæсбазыр лæппутæ,
Зæрватыкдзых чызджытæ.

* * *

Кæркуасæнтæ куыд бирæ уарзын æз!
Цыма мæ рагбонты зæрин хъæлæс.
Сæ ивæзгæ, фæйлаугæ зæлтæй
Ныххойынц ног боны къæсæртæ.

Кæркуасæнтæ цæмæн вæййынц æртæ?
Куыд айтынг уа мысинæгты хæрдгæ.

Кæркуасæнтæ куыд бирæ уарзын æз! –
Цыма нæ бонæн уыдон раттынц рæз,
Цыма та ногæй райгуырынц
Æхсар æмæ Æхсæртæг
Æмæ та семæ – ныфс, æууæнк,
Кæй нæ у ацы дуне мæнг.

05.03.18 æз

***

Æхсæнвæндаг – уæрæхдæр,
Зындæр, фæлæ рæсугъддæр.
Нæ фидауы нæ зæххæн,
Йæ фаг нæ кæнынц удтæ.

Ам алчидæр – йæхицæн,
Сайтаны фæндæй – хицæн.
Къостайы равг, цы фæдæ?!
Ныйирд нын кæ нæ фæндаг!

* * *

Кæмттæн у сæ арфдæр
Агуывзæйы ком –
Айсафы йæ тарфы
Адæймаджы ном.

ГÆДИАТЫ СЕКЪА:
165 АЗЫ

САФИАТ

Гуырдзыстон Уырысимæ куы баиу сты æмæ Георги XII йе 'нæхъарудзинады тыххæй йæ паддзахад куы ныуугъта, уæд уырыс алы бæсты се 'гъдæуттæ æрæвæрдтой, адæмы æмбырд, тæрхондæттæ фехæлдысты; уырысы хицæуттæ уынаффæ кæнын райдыдтой. Адæм сæм сæхи хæстæг ласын систой, æмæ цард уырысы æгъдæуттæй зилын райдыдта.

Раст уыцы рæстæджы Уæлладжыры комы, Нузалы, цардысты мæгуыр ус æмæ лæг, Сауæты Саукуыдз æмæ йæ ус Сæниат. Саукуыдз æмæ йæ усæн райдианы зæнæг нæ уыд. Стæй иукъорд азты фæстæ ус басывæрджын. Саукуыдз, зæнæгмæ цыбæл адæймаг, лæппу райгуырынмæ æнхъæлмæ каст, фæлæ хъуыддаг афтæ не 'рцыд.

Иу зымæгон фыдæхсæв цæгатварсы тымыгъ риуыгъдтытæ систа, уадтымыгъы æхситт кæмттæ арыдта, митфæлдзæгъдæн хæдзары къултыл халас æвæрдта. Хæдзары астæу артдзæсты мæхъийы сæттæнтæй гæзæмæ арт фæрухс-фæмынæг кодта. Саукуыдз йæ кæрцы зæронды арты фарсмæ бандоныл фæлдæхтæй лæууыд, хæдзары къуымы фæсдуар хъæмпы уæлæ хуыссыд Сæниат, хъæрзыдта, йæ арын афон æрцыд, æмæ йæ гуыбын рыст, катайтæ кодта. Сыхаг устытæ йæ цуры бадтысты æмæ йын ныфсытæ æвæрдтой. Уалынмæ фервæзти – чызг ныййардта. Устытæ фæхъус сты, чызг кæй райгуырд, уый тыххæй. Æрæджиау иу зæронд ус афтæ зæгъы:

– Æппын нæйы бæсты чызг дæр хорз у. Сæниат ныхъхъæрзыдта æмæ афтæ зæгъы:

– Чызгæн йæ гуырæн бон дæр – сау æмæ йæ мæлæн бон дæр.

Чызгæн йæ райгуырынæй авд боны рацыд, афтæ йын йæ мад авдæнбæттæн скодта, йæ сыхаг устытæм дæр бадзырдта æмæ йыл ном сæвæрдтой Сафиат.

Æнæзæнæг ус æмæ лæг, Саукуыдз æмæ Сæниат, сæ иунæг чызджы тынг буц хæссын райдыдтой, дарæс, хæрдхъуаг æй нæ уагътой, кæд чызг уыд, уæддæр дзы лæппуйы мондагæн сæхи рæвдыдтой. Чызгыл æвддæс азы ацыд, чындздзон, алцæмæй æххæст,

йæ рæсугъддзинады кой адæмыл айхъуыст: йæ сау цæстытæ дзедыры нæмыгау сауæндæрг хастой, йæ сау æрфгуытæ лæгъз фæтæн ныхыл кæрæдзимæ сæ ных сарæзтой, йæ сау дзыккутæ сынты базырау рæтæны стæвдæн зæвæттæ æмбæрзтой; йæ фидауцджын тæнæг былтæй æнгом дæндæгтæ миты хъæпæнау урс æрттывд кодтой, йæ нарæг астæу, сæвджын фæтæн риу лæджы зæрдæ йæхимæ скъæфта. Иудзырдæй, уыцы рæстæджы рæсугъддæртæй рæсугъддæр уыд.

Сафиатмæ алы бæстæй курджытæ цыдис, фæлæ никæмæн куымдта. Бирæ саг лæппутæ уый тыххæй хæхты дзæгъæл цыдысты æррайы хуызæн. Йæ фыд дæр æй никæмæн лæвæрдта, чызджы рæсугъддзинадæй йæ зæрдæ схъал, сбæрзонд и, арвы мигътыл йæхи асæрфта æмæ йæ чызджы никæмæн аккаг кодта, æвæццæгæн, æнамонды цæлхдур йæ разы хъен лæууыд, æмæ йын йæ фæндаг æхгæдта.

«Зæрæстон хуым, – загътой, – дурæппарæн, идæдз усы хæдзар – адæмæн æмбис». Æрыдоны цард иу идæдз ус, Айсæт, зæгъгæ. Айсæтæн уыд иунæг лæппу Гæди. Айсæтмæ уырысы хицæуттæ, сæудæджертæ арæх цыдысты, йæхимæ сæ хæстæг дардта, цæмæй йын йæ иунæг лæппуйы сахуыр кæной сæудæ-джеры куыстыл, хицæутты хъуыддæгтыл. Æцæг Гæди, лæппулæг уæвгæ, уырыссагау тагъд базыдта, хицæуттимæ дæр слымæн æмæ сæудæджер кæнын райдыдта.

Уарзондзинад адæймаджы цард хаттæй-хатт сафгæ дæр фæкæны, рæстæгыл арæзт куы нæ фæуа, уæд. Уæлладжыры хохы цард Тулатæй Бибо, зæгъгæ, хорз барæг, хæтæг лæг, бирæ лымæнтæ йын уыд кæсæгæй, цæцæнæй, мæхъхъæлæй. Тулатæ уыдысты рагон туджджын Сауæтæй, Саукуыдзы мыггагæй. Бибо æмæ Саукуыдзы чызг Сафиат та кæрæдзийы тынг уарзтой, фæлæ туджджын кæм уыдысты, уым сæ уарзондзинад уыд сусæг уарзт. Бибо Сафиаты ракурынил сдзурын адæмæй нæ уæндыд, æфсæрмы кодта, Сауæтæй туджджын кæй уыдысты, уый тыххæй, æмæ сæ уарзондзинад Сафиатимæ адæмы 'хсæн æргом нæ уыд.

Рæстæг уыцы иухуызон хаста. Уырысы хицæуттæ стыхджын сты; Айсæт йæ фырт Гæдийы хицæуттæн афтæ бауарзын кодта, æмæ æнæ Гæди къахдзæф дæр никæдæмуал кодтой. Иубон Гæди Сапъырыстыфимæ Нузалмæ бацыд æмæ хъæзты 'хсæн Сафиаты федта æмæ йæ тынг бауарзта; Гæдийæн уарзондзинады цæхæрæй йæ зæрдæ ссыгъд, хурхуадындзтæ адымстысты, иу дзырд дæр йæ бон нал уыд, æмæ хъæзты 'хсæн цавддурау лæууыд. Сафиат-иу хъæзты лæгъзы тæхгæ-пагуындзау куы атахт, уæд-иу Гæдийы цæхæр цæстытæ йæ фæстæ дзагъырæй аззадысты. Сафиаты уарзон цæстæнгас, хъазгæ мидбылты худын бирæ саг лæппуйы зæрдæ басыгъта, фæлæ дзы йæхи ничи бафсæста, ничи барæвдыдта. Дыккаг бон Гæди æмæ пъырыстыф фæстæмæ Æрыдонмæ æрцыдысты.

Гæдийыл сауæндæрг хуыз ахæцыд, Сафиаты уарзондзинады мæстæй нал куыста, йæ хъуыдытæ иуылдæр Сафиаты уарзондзинады хызы стыхстысты, æмæ-иу куыстмæ дæр йæ зæрдæ нал рад. Гæдийы мад Айсæт, фæлтæрд зæронд ус, Гæдийы хабар сбæрæг кодта. Хæххон мæгуыр лæджы чызджы кæй бауарзта, уый куы базыдта, уæд ын ныры дуджы царды ныхæстæ радзырдта: æрмæст амонд хъæздыгдзинады кæй ис, уый, æндæр амонд агурын никæцæй хъæуы, зæгъгæ йын загъта. Мады ныхæстæ тынг фæцыдысты Гæдийы зæрдæмæ, æмæ зæрдиагæй ныллæууыд сæудæджеры куыстыл æмæ хицæуттимæ лымæн кæныныл.

Раст уыцы рæстæджы Нузалы цард иу гæдылæг, Кукус, зæгъгæ, уыцы гæдылæг базыдта, Гæди Сафиаты кæй бауарзта, уый æмæ сæм-иу гуыбынæнхъæл арæх дзырдтæ хаста, æхсызгон ныхæстæ Сафиаты тыххæй, æмæ кæддæриддæр Кукусæн Гæдийы хæдзары дуар гом уыд, афтæмæй рæстæг хатти.

Иухатт та Гæди пъырыстыфимæ Нузалмæ бацыд. Фæндагыл Гæди пъырыстыфæн радзырдта, Сафиаты ракурын йæ зæрды кæй ис, уый, пъырыстыфæн дæр æхсызгон уыд йæ уарзон лæджы ускуырд, æмæ йын ныфс дæр сæвæрдта, хъуыддаджы уый дæр кæй бацæудзæн, уый тыххæй. Нузалмæ куы бацыдысты, уæд уым пъырыстыф хъæзт скæнын кодта, æрæмбырд сты хъæууы чызджытæ, фæлæ Сафиат нæма 'рцыд, æмæ цыма хъæзт цыдæр хъуаг уыд, – нæ фидыдта: уалынмæ Сафиат хæдзары фисынæй разынд, йæ дыстæ фæйлаугæ, хъæзты чызджыты астæу балæууыд. Хъæзт стæвд, фæндыры хъæр къæдзæхтæ арыдта, æмдзæгъды тъæпп-тъæпп дардмæ хъуысти. Уалынмæ Бибо дæр хъæзтмæ ссыд йæ мæхъхъæлон уазджытимæ. Кукус та хъæзты уынаффæгæнæг уыд, дежурнæ. Сафиат-иу куы ракафыд, уæд ын-иу Гæдийы йемæ скафын кодта. Иухатт куы уыд, уæд Бибо йæ уазæджы Сафиатимæ скафынмæ ракодта. Кукус ыл фæстæмæ ахæцыд, Бибо уый

мæстæй Кукусы хъазтæй раппæрста. Хъазт ахæлиу, ацыдысты, ныхасы адæм хынджылæг кодтой Кукусæй, хъазтæй дæ ратардта, зæгъгæ. Уый мæстæй Кукус бартхъирæн кодта Бибомæ, æз дын ацы 'фхæрд нæ ныууадздзынæн, зæгъгæ. Кукус æцæг сæххæст кодта мæнг дзырдтæй йæ хъуыддаг, фæлæ фæстагмæ йæхицæн дæр хорз нæ уыд.

Пъырыстыф куы ныццыд йæ фысыммæ, уæд Саукуыдзмæ басидт æмæ йын радзырдта, Гæди йын йæ чызджы кæй куры æмæ уый хорз хъуыддаг кæй у, Гæди хицæуттимæ лымæн кæй у æмæ йын æххуыс кæй уыдзæн, уыдæттæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, уыцы рæстæджы хицæутты дзырд арвы цæфау тыхджын уыд, Саукуыдз пъырыстыфы дзырдыл уæлдай ницыуал загъта. Фæлæ ма йæхинымæры афтæ бакодта: «Уый чызджы фæндон дæр у, æмæ...»

Кукусы Бибо хъазтæй кæй раппæрста, уыцы хæрамæн Кукус бабадти дондæттæны, Сафиат дон кæцæй хаста, уым, æмæ Сафиат æмæ Бибойы ныхæстæм хъуыста: йæ фыд æй Гæдийæн куыд дæтты, Гæди дзæгъæлдзуаг куыд у, ахæм æвзæр дзырдтæ Бибо Гæдийæ фæкодта Сафиатæн.

Кукус Æрыдонмæ 'рцыд æмæ радзырдта Айсæт æмæ Гæдийæн, Бибо æмæ Сафиатæй цыдæриддæр фехъуыста, уый.

Айсæт Кукусы йæ хæдзармæ бахуыдта, хорз æй федта æмæ йын фæдзырдта, йæ лæппуйы хуызæн æй кæй уарзы, уый, æмæ Бибойæ Кукусы маст Гæдийæн кæй райсын кæндзæн, уый, æрмæст хъуамæ Кукус мæнг æвдисæн ныллæууа, цыдæриддæр Гæди Бибойыл мæнг дзырдтæ бавдиса хицæутты раз, уыдоныл. Кукус дæр сразы ис.

Айсæт Гæдийæн загъта: усы байст уды айст у, æмæ йын йе 'хсыры цъыртт хæрам скæндзæн, Бибойы хицæуттæм хорз куы нæ банымудза æмæ дзы йæ маст куы нæ сиса, уæд. Гæди сразы ис æмæ йæ мадæн дзырд радта. Уыцы изæр Кукус Гæдийы æххуырст Мæхæмæтимæ фæхыл, æмæ Мæхæмæт Бибомæ арвыста, хицæуттæн æй кæй ахсын кæнынц, уый. Бибо фæтарст æмæ абырæг алыгъд.

Дыккаг бон пъырыстыфмæ Гæди æвзæр банымыгъта Бибойы; мæхъхъæлимæ бæхтæ давы, лæгтæ мары, ахæм дзырдтæ фæкодта. Æцæджы тыххæй та æвдисæн ныллæууыд Кукус. Пъырыстыф хъазахъхъы арвыста Бибойы ахсынмæ, фæлæ Бибойы не ссардтой æмæ афтидæй æрцыдысты.

Иубон Саукуыдз Дзæуджыхъæуæй раздæхт æмæ Æрыдоны Гæдимæ бафысым кодта; кæй зæгъын æй хъæуы, Саукуыдзы Гæди хорз федта, цыбæл хæринæгтæ, нуазинæгтæ йын фенын кодта. Дыккаг бон Саукуыдз Нузалмæ куы бацыд, уæд фæрынчын æмæ йæ чызгæн лæгъстæ кодта, цæмæй Гæдийæн бакома. Гæдийы ус куы уа, уæд амондджын кæй уыдзæн, уый йын дзырдта, фæлæ чызг не сразы ницы амæлттæй, æмæ йæм йæ фыд схæрам, æлгъыста йæ.

Иу къуырийы фæстæ Саукуыдз амарди, æмæ йæ баныгæдтой, фæлæ уыцы рæстæгмæ гæсгæ йæ ингæн æртæ 'хсæвы хъахъхъæнинаг уыд, æмæ хæдзары нæлгоймаг нал уыд, чи йæ хъахъхъæдтаид, æмæ Сафиат ацыд йæ фыды ингæн хъахъхъæнынмæ. Фæндагыл халæттæ йæ сæрмæ тахтысты, фыдæхсæв скодта, ныммæйдар. Сафиат йæ фыды ингæн хъахъхъæдта, æвиппайды федта йæ фыды ауон. Ауон æй ралгъыста, æмæ Сафиат сæрра.

Дыккаг бон Нузал хъæугуывд кодтой æмæ дзуары бын æрæмбырд сты æмæ ныхас кодтой. Зæронд лæг Тасолтан нæма 'рцыд, бафæстиат, æмæ йæм æнхъæлмæ кастысты. Куы 'рцыд, уæд сын хабар радзырдта, цæй тыххæй бафæстиат, уый æмæ загъта:

– Уæлæ æрхы Сафиат сæрра, æмæ йæ дзуармæ кæнын хъæуы, зæгъгæ.

Фæсивæд ацыдысты æмæ йæ дзуармæ æркодтой, æмæ дзуары цур басур, фæлæ йæ дзуарæн куы бафæдзæхстой, уæд æрчъицыдта æмæ адæмæй хицæн слæууыд.

Уыцы сахат хъæдæй саунымæтджын, сау лæг хъуынджын худы рацыд æмæ Сафиатæн загъта:

– Цом, Къасарайы базондзынæ дæ амонд.

Сафиат æмæ саунымæтджын ацыдысты Къасарамæ. Саунымæтджын уыд Бибо; Бибо афтæ хъавыд, æмæ Къасарайы къæдзæхæй сæхи куыд аппæрстаид, афтæ, фыццаг Сафиаты, стæй та – йæхи. Бибо Сафиаты раздæр къæдзæхæй аппæрста, стæг дзы стæгыл нал фæхæцыд. Бибо йæхи къæдзæхæй аппарынмæ куы хъавыд, уæд ахъуыды кодта, æмæ йын Кукус æмæ Гæди маринаг кæй уыдысты, уый тыххæй йæхи фæурæдта, æмæ йе 'мбæлттæм æрцыд, радзырдта сын йæ зæрдæйы мæстытæ æмæ загъта, Кукус æмæ нын Гæди маринаг сты æмæ сæ агурын кæй хъæуы, зæгъгæ.

Æрыдоны Гæдийæн йæ мад амарди, æмæ иунæгæй баззад.

Гæди Сафиаты мард куы фехъуыста, уæд ыл æртæфстысты, уый тыххæй цы хинтæ 'мæ цы æвзæр митæ фæкодта, уыдон. Иубон ыл æрбафтыд Кукус, æмæ йын Гæди афтæ зæгъы:

– Ацу, мæ цæст дæ куыд нæ уына, афтæ, атæппæт бæллæхтæ дæу тыххæй æрцыдысты.

Кукус ын загъта:

– Нæ дыууæ дæр зылын стæм, æмæ нæ фыдуагдзинæдтæ адæмæн мауал хъæр кæн.

Гæди загъта:

– Хорз, мæ хæдзар, мæнæ дын уат, æмæ схуысс.

Кукус уаты схуыссыд, фæлæ Гæдийы цæстæнгасы цыдæр фыдбылызы хъуыддаг равзæрста æмæ йæхи бæсты йæ уаты Гæдийы æххуырст Мæхæмæты схуыссын кодта. Гæди бацыд æмæ Кукусы 'фсон Мæхæмæты амардта. Кукус алыгъд æмæ Бибомæ ссыди, цæмæй Гæдийы банымудза Бибомæ, фæлæ Бибо Кукусы куы федта, уæд æй рацахста æмæ йæ бæласыл сбаста. Кукус ын лæгъстæ кодта, ма мæ амар, зæгъгæ, фæлæ йæ бирæ радзур-бадзуры фæстæ кардæй æркъуыхтæ кодта. Бибо уырдыгæй ацыд æмæ Æрыдоны Гæдиимæ кæрæдзийы амардтой.

Сафиаты сау дзыккутæ Къасарайы къæдзæхыл ауыгъдæй бирæ азты хъеллау фæкодтой.

ЗОНДДЖЫН ЛÆГТЫ НЫХÆСТÆ

Де 'взæр митæй иу куы ныууадзай, уæд дзы дæс та сæфгæ фæкæндзæн.

* * *

Алы бонмæ дæр хорз хъуыддаг цæттæ кæн.

* * *

Хорз лæг адæмæн царды хос хæссы,
Æвзæр лæг адæмæй йæхицæн тæрсы.

* * *

Зонддджын лæг алцы дæр æрмæст йæхицæй агуры; æвзæр лæг та алцæмæй дæр искæй домы *(китайаг æмбисонд).*

* * *

Æвзæр лæгимæ минасæй хорз лæгимæ бæлас калын æнцондæр у.

* * *

Кæд искуыцæй пайда исыс, цы нæ бакуыстай, ахæм исты, уæд уый зон, æмæ дæу тыххæй æндæр исчи кусы, æнæ пайда исгæйæ

(Мемониди).

* * *

Дон къуыбыртыл куыд нæ лæууы, афтæ зонындзинад дæр хъалты зæрдæйы нæ лæууы. Иу дæр æмæ иннæ дæр ныллæгдæр бынат агуры.

* * *

Дыууæ лæджы куы хыл кæной, уæд дыууæ дæр зылын сты.

* * *

Мæ фæсаууон мæ фыдгой чи кæны, уый мæ тæрсы; мæ цæсты раз мæ чи стауы, уый мæ нæ уарзы.

* * *

Фыдгой кæнын æвиппайды æртæ лæджы хъыгдары: фыццаг – кæй кой кæна, уый, дыккаг – кæмæн дзура, уый, æртыккаг – фыдгой чи кæна, уый *(Василий Вел.)*.

Стыр хъуыдытæ зæрдæйæ цæуынц *(Бовенарг)*.

Хъуыддаггæнгæйæ, фондзыссæдз лæджы дæр бафæрс, афтæмæй бакæн дæ зæрдæйы фæнд *(Шота)*.

Зонд чи агуры, уый зонджын у, фæлæ йæхи зонджын чи хоны, уый та æдылы у *(Албитис)*.

Нæдæр дæ мад, нæдæр дæ фыд, нæдæр дæ хæстæг, де 'ввахс дæуæн уыцы хорз нæ ракæндзысты, дæ зонд дын цы хорз ракæна, æрмæст раст фæндагыл араст уæвгæйæ *(Буддсе)*.

Йæ фыццаг тæригъæдтæ æмæ æвзæр митæ хорз хъуыддæгтæй цы лæг бамбæрзта, уый ацы талынг дунейыл Мæйрухсау æрттиви *(Буддæ)*.

Æвзæр ракондæвзæрæй фидыны бæсты æвзæр хорзæй фидын æнцондæр, растдæр æмæ æмбаргæдæр хъуыддаг у.

* * *

Басæтдзынæ мæстыгæры сабырдзинадæй, хæрам лæджы хорз кæнынæй, чъынды лæджы рæдаудзинадæй, гæды лæджы æцæгдзинадæй *(Жамнада)*.

Зæххы куыст чи нæ кæны, уымæн зæхх афтæ зæгъы: «Ды мæныл дæ дыууæ къухæй кæй нæ кусыс, уый тыххæй лæудзынæ искæйты дуæрттæм дзæгъæлдзутимæ, мæлæтмæ цæрдзынæ хъæздгуыты фæлхæрттæй» *(Зороастр)*.

Дыууæ 'фсымæры уыд: иу хъæздыг уыди паддзахады куысты, иннæ та йæ къухты фæллойæ цард. Хъæздыг æфсымæр иухатт мæгуырдæрæн афтæ зæгъы:

– Ды дæр паддзахады куысты цæуылнæ бацæуыс, цæмæй фервæзай

уыцы тыхст мæгуырдзинадæй.

Уымæн мæгуыр æфсымæр загъта:

– *Æмæ ды цæуылнæ кусыс, цæмæй фервæзай æгад цагъарадæй?* Зонджынтæ загътой: сызгъæрин рон куы дарай æмæ искæмæн цагъар куы уай, уымæй хуыздæр у, дæхи уды фæллойæ афтид кæрдзыны къæбæр куы хæрай, уæд. Цагъарады бæрæгæн мæ къухтæ мæ риуыл авæр-авæры бæсты мæ къухтæй чъыр æмæ æлыг змæнтдзынæн.

* * *

Бар искæмæн бирæ, дæхицæн та æппындæр ма бар *(Публий Сирус)*.

Хъæздгуытæ хъæлдзæгдзинад арынц мæгуырты цæссыгæй. Кæд дæ фæнды, адæм дæ хорзы кой кæной, уæд дæхи ма стау *(Паскаль)*.

* * *

Зонджын лæг йæхи не стауы, фæлæ искæмæн дæр нæ уадзы йæхи стауын.

Рæстдзинадыл цæуæг мæгуыргур сайæг хъæздыгæй хуыздæр у *(Соломон, 28,6.)*.

Зынгæй куы хъазай, дæ къух дын судздзæн.
Донæй куы хъазай, хуылыдз дæ кæндзæн.
Зæххæй куы хъазай, сыдæй дæ мардзæн.

* * *

Стыр ныхас хъæдбыны дæр нæ фидауы.

* * *

Йæ цардæн сæфынæй чи тæрсы æмæ йæ цард тæрсгæ-ризгæйæ чи хъахъхъæны, уый йæ цардæй хъæлдзæг никуы уыдзæн *(Кант)*.

* * *

Иухатт стыр зонджын лæджы фарстой: «Цы у ахуырдзинад?» Уый загъта: «Ахуырдзинад у адæмы базонын». Ноджыдæр та йæ фарстой: «Цæуыл арæзт у хорзкæнындзинад? » Уый та загъта: «Адæмы уарзондзинадыл».

Æнæтæригъæд хъæздыгдзинад æрмæст куыстæй ссардæуыдзæн.

* * *

Ныртæккæ сахаты сыдæй амæлын хуыздæр у, æнæгъдаудзинæдтæй цард агурыны бæсты *(Торо).*

* * *

Йæ куыстæй йæхи чи дары, уый адæмы дæр рæвдауы. Æххормаг бирæгъ кæртмæ лæбуры.

* * *

Мæ дин уый у, æмæ алы цæрæг удгоймаджы дæр уарзын *(Ибрагим Кордовский).*

* * *

Дæ лымæнтæй дæ иутæ куы фауой, иннæтæ куы стауой, уæд дæ фауджытæм хæстæг балæуу, де стауджытæй дарддæр ацу *(Талмуд).*

* * *

«Цардæй, дам, чи схъыг», адæм фæдзурынц, фæлæ цард хæст кæй у, уый нæ зонынц.

* * *

Æнæ хæс адæймаг нæ райгуырдзæн.

* * *

Цы мæм ис, уый мæ нæ хъæуы, цы мæ хъæуы, уый мæм нæй.
Чи у къахджын, чи — къуылых. Чи та — барджын, чи — æдых.

* * *

Зæрдæ фæндтæ лæхуры, зонд сæ лыстæг луары.

* * *

Адæмæн цы амонай, уый хуызæн дæхæдæг хъуамæ уай.

* * *

Уæхи хъахъхъæнут мæнг пехуымпартæй, фысы цармы уæм чи ʻрцæуы, фæлæ мидæгæй та лæбурæг бирæгътæ чи сты, уыдонæй *(Матф, 7, 15.).*

* * *

Хæлæггæнæг адæмтæ фæмардысты, хæлæгдзинад йæхæдæг — нæма.

* * *

Æвзæр адæймагæй æвзалыйæ хъауджыдæр нæй: куы нæ дæ басудза, уæддæр дæ ахоргæ скæндзæн.

* * *

Хæрын хъæуы цæрыны тыххæй, фæлæ цæрын нæ хъæуы хæрыны тыххæй.

* * *

Сау хохæй урс дур нæ хауы. Чи цы хуызæн бæлас у, уый хуызæн дыргъ хæссы.

* * *

Де ʻвзаг æмæ дæ цæст сыгъдæг куы уой, уæд æгасæй дæ буар дæр сыгъдæг уыдзæн.

* * *

Фæлтæр аивы, фæлтæр раивы, зæххы зылд уæддæр йæ хаттæй хæты.

* * *

Иухатт мысты лæппын йæ мадæн афтæ зæгъы: «Æвæдза, махæн бирæ нæ хъæуы, фæйнæ хоры нæмыджы нын — æгъгъæд». Зæронд мыст ын афтæ зæгъы: «Кæд нын фæйнæ хоры нæмыджы æгъгъæд вæйййы, уæддæр бирæ стæм æмæ нын бирæ хъæуы».

* * *

Алы адæймагæн дæр йæ бон у йæ хæс бафидын, раст куы хъуыды кæна, уæд.

БИАЗЫРТЫ Роланд

ÆМÆ, ДАМ, ЧЫНДЗЫ ФÆЦУ!

Зæрдылдаринаг свæййы алы чызг æмæ лæппуйæн дæр сæ фыццаг фембæлд. Бирæтæн та у сæ фидæны амондджын царды райдиан. О, фæлæ, кæмæндæрты та, хъыгагæн, сæ фыццаг æмæ фæстаг фембæлд рауайы.

Горæты фæсвæддæр уынгтæй сæ иуы фæрсæй-фæрсмæ цæуынц чызг æмæ лæппу. Кæд хæрзæрыгæттæ нал сты, уæддæр уый уыд сæ фыццаг фембæлд.

Лæппу – Хъайсын, æрыгон ахуыргонд у, уымæй дæр философ. Æрæджы кандидаты ном бахъахъхъæдта. Нæ университеты ахуыргæнæгæй кусы. Чызг – Зæли, ахуыры фæндаг нæ равзæрста, фабричы хуыйæгæй кусы. Чи сæ цы хъуыддаджы лæуд уыдис, уый зыдтой. Кæцы чызджы бæллиц нæу, ахуыргонд, философ цардæмбал ын уа! Уæдæ Хъайсын дæр, куыд философ, куырыхон, афтæ чызджыты нæ дих кодта хъæздыджытæ æмæ мæгуыртыл, ахуыргонд æмæ æнахуыргондтыл.

– Æвæдза, диссаг у цард, Зæли, – «байгом» кодта фембæлд Хъайсын, – Цыма цы уыдаид цард æнæ философи, æнæ философтæ-куырыхонтæ! Уæвгæ та сæйраг, цы хъуыддаджы лæуд дæ, уый нæу, сæйраг у, дæ куыстæй æхцондзинад куы исай. Æмæ уæдæ дæумæ дæр уыдзæн хæлæггæнджытæ, кæд дæ куыст уарзыс, уæд…

Зæли уайтагъд йæ сæр разыйы тылд бакодта:

– Уарзын, уарзын! Тынг!

– Гъемæ дæ хъуыддаг раст! О, иу дæр уæ хуыйæг æмæ иннæ дæр, фæлæ, дæуау йæ куыст чи уарзы, æцæг профессионал уый уыдзæн. Философтæ бирæ уыдысты, фæлæ дзы авдæн æмбал нæ уыд. Дунейы иууыл зонджындæртыл нымад сты абоны онг дæр.

– Ау, æгас дунейы авд зонджын лæджы йеддæмæ нæй? – бадис кодта чызг.

– Уыдоны хуызæн – нæй!..

– Хъайсын, уарзон дын никуы уыдис? Ахæм зæрдæмæдзæугæ лæппу…

– Зæли йæхимидæг тыхст, фæлæ йын уæддæр фескъуыдта йæ ныхас цæхгæр фарстæй.

Лæппу цасдæр рæстæджы дзурын нал сфæрæзта, стæй æрчъицыдта:

– Уарзон? Нæ. Скъолайы азты цы уарзт вæййы, уый куы нæ нымайæм, уæд, – цыбыр дзуапп радта Хъайсын æмæ та йæ раздæры ныхасмæ раздæхт: – Омæ дын уый зæгъынмæ хъавыдтæн, уыцы авд куырыхонæй сæ иу уыдис ирæтты рагфыдæл Анахарсис…

– Мæнæ нæ горæты стыр библиотекæ кæй ном хæссы, уый? – афарста Зæли.

– О, о, уый …

– Æз та йæ цавæрдæр прибалтиаг лæг æнхъæлдтон. Зæгъын, цæмæн ын ахæм стыр лæггад кæнæм, цы хъуыддаджы басгуыхт нæ адæмы раз…

– Зоныс, Зæли, иуахæмы Анахарсис Солонæн цы загъта? Солон дæр уыцы куырыхонтæй уыдис. Анахарсисы æвзонгæй бафæндыд Солонимæ сæмбæлын, æмæ йæм Грецимæ фæцыд. Цагъарæн загъта, цæмæй Солонæн фехъусын кæна, Анахарсис æм дардæй кæй фæзынд, æмæ йæ фæнды демæ хæлар суæвын, зæгъгæ. Солон æм рарвыста ахæм ныхæстæ:

– Хæлæрттæ фæагурынц райгуырæн бæстæйы.

Анахарсис нæ фæтыхст æмæ йæм арвыста ахæм дзуапп:

– Æмæ мæнæ ныр ды дæ дæ райгуырæн бæстæйы æмæ дæхицæн ссар хæлар.

Ацы ныхас фæцыд Солоны зæрдæмæ, фæхуыдта уазæджы мидæмæ, æмæ уæдæй фæстæмæ схæлæрттæ сты.

Чызгæн йæ цæсгомыл иунæг нуар дæр нæ фезмæлыд, зындис ыл, йæ хъуыдытæ æндæр кæмдæрты кæй хæтыдысты.

– Æмæ æппын никуы никæй бауарзтай, гъе та дын дæхи ничи уарзта? – йæ фарстæй рабæрæг сты йæ хъуыдытæ.

Дыууæ æрыгон адæймаджы ныхас цæхгæр фæивта. Хъайсын, философи иуварс фæуадзгæйæ, дзуапп радта:

– Раст зæгъгæйæ, никуы мæм æрцыд ахæм уарзт, æмæ æрратæ кæнон, уымæн мын рæстæг дæр нæ уыдис. Мæхи мын, æвæццæгæн, уарзтой, фæлæ сæ уарзтæн уарзтæй дзуапдæттæг ме ‘рдыгæй нæ уыдис…

Цасдæр рæстæгмæ сæ иуæй дæр ныхас нал схауд. Лæппу æмбæрста, дзурын кæй хъæуы æмæ та раздæхт философимæ.

– Цымыдисаг у рагон философты цард. Диоген дæр уыцы авдæй у. Цардис æлыгæй арæзт боцкъайы…

– Боцкъайы?

– О, о, боцкъайы…

– Æмæ дзы цæмæн ныббырыд, цы йæ нæ уагъта, æмæ дзы цардаид?

– Бафæндыд æй зæххон хæрзиуджытыл йæ къух сисын, æмæ ахæм цардæй цардис…

– Æмæ дæм уый зондджын, куырыхон лæджы ми кæсы? Уый сæрхъæн нæ уыд? – мæсты кæнын райдыдта чызг.

– Нæ, уый сæрхъæн нæ уыд. Бирæ, тынг бирæ хорз хъуыдытæ йæм уыдис, æмæ сыл абон дæр адæм сæхи ахуыр кæнынц. Цæвиттон…

– Нæ сæ хъæуы нымайын, Хъайсын. Цон, æз цæуон, – йæ рахиз уæхскыл ауыгъд хызын йæ къухтæм æриста Зæли.

– Ацæуай? Ау, исты дæм хъыг фæкаст?

– Нæ, хъыг мæм ницы фæкаст. Æрмæст…Æз æртыккаг дæн. Уæлдай. Уарзты та æрмæстдæр дыууæйæ хъуамæ уой…

– Ау, куыд дæ æртыккаг, нæ дыууæйæ дарддæр ам куы ничи ис? – фæдисы Хъайсын.

– Æртыккаг дæн, æртыккаг, Хъайсын. Дыккаг дын философи у, æмæ цæр йемæ, уарз æй…

Æрыгон ахуыргонд æдзæмæй каст, дардæй дарддæр дзы чи кодта, уыцы чызджы фæстæ…

ЕСПИНЕ

Æрыгон лæппу-лæг милицæйы дарæсы, йæ къухы сæрак папкæ, афтæмæй асинтыл тагъд-тагъд суад æмæ дыккаг уæладзыджы æртæ фатермæ бахизæн дуæрттæй астæуккаджы раз æрлæууыд. Йæ формæ æррæстытæ кодта, стæй дзæнгæрæджы джыбы хъуамæ балхъывтаид, фæлæ амонæн æнгуылдз джыбыйы комкоммæ уæлдæфы растæй андзыг, цыма йыл хæцгæ фæкодтаид, уыйау.

«Ам æцæгæйдæр хæст куы цæуы», – ахъуыды кодта йæхинымæр милиционер, мидæгæй сылгоймаджы хъæр-хъыллист хъусгæйæ, æмæ исдуг фæсагъæсыл, дзæнгæрæг ныццæгъда æви фæстæмæ аздæха. Фæлæ службæ службæ у, хæс æххæст кæнын хъæуы æмæ, æппынфæстагмæ, æнгуылдз уæддæр джыбыйы балхъывта.

Дуар байгом. Æрмæст иуыл нæ. Адæймаг дзы йæ сæр куыд радардтаид, афтæ. Æмæ дзы радардта йæ сæр Еспине – фатеры хицау. Милиционер æнхъæл уыд, чи ракæса, уый сæр йæ сæры комкоммæ уыдзæн, фæлæ йæм уæлдæрæй бынмæ куы ‘ркаст уыцы сæр, йæ тызмæг цæстытæ, йæ тар цæсгом ын куы ауыдта, уæд хорзау нал фæцис. Стæй ма йæ бæзджын, æндон ныхæстæ «цы ‘рцыд, цы хабар у?», зæгъгæ, йæ хъустыл фарсты хуызы куы ауадысты, уæд бамбæрста, йæ къæхтæ йæ хорз ранмæ кæй нæ бахастой.

– Ы-ы, де ‘зæр хорз… – райдианы уал салам радта лæппу.

– Чи дæ хъæуы, кæй агурыс? – салам раттыны бæсты цæхгæр æркарста сылгоймаг.

– Æз… æз уæ участокы ног инспектор дæн. Мæнæ уæ хæдзар дæр мæ территоримæ хауы. Гъе, æмæ телефонæй радгæстæм æрбадзырдæуыд, ацы хæдзары, дам, уыцы æмæ уыцы фатеры, ома, мæнæ сымахмæ, хæст цæуы æмæ, дам æй ныммынæг кæн.

– Йæ сæр хæсты цæхæры басудзæд йæ фæдзурæгæн. Багъæцæд, æз æй сбæрæг кæндзынæн, æмæ сар йæ сæр кæны. Рахиз, гъа, æмæ мынæг кæн хæсты, – æмæ дуар æгасæй дæр байгом. Разынд милиционермæ сылгоймаг дæргъæй уæрхмæ. Фæкаст æм æцæг къæдзæхы хуызæн. Дардыл зылд астæуы, синты æмæ уым дæлæмæ буары сæлхъывта сау хæлаф – бæрæг уыд, фидар хъуымац фидар æндахæй хуыд кæй уыдис. Астæуæй уæлæмæ та æмбæрзт уыд рог кофтæйæ. Ахæм бæрзонд, фæтæнтæконд сылгоймæгтыл йæ цæст царды куыннæ схæцыд, фæлæ йæ семæ хъуыддаг никуы уыд.

Дуар йæ фæстæ сабыргай, хъавгæ ахгæдта милиционер æмæ фæраст Еспинейы фæстæ, фæлæ йæ цæст хæдзары къуымты ницæуыл хæцы – бамбæрзтой сæ сылгоймаджы фæсонтæ, синтæ. Æрмæстдæр залмæ куы бахызт æмæ иуварс куы алæууыд, уæд æм разындисты хатæны къуымтæ, йæ мидæг æвæрд дзаумæттæ æмæ… диваны кæрон ныгъуылдæй бадæг мæллæг, фæлæ интеллигентон бакаст кæмæн уыд, ахæм лæг. Уый уыд Еспинейы цардæмбал Хъазбег.

Милиционеры куы ауыдта, уæд æм лæг тæригъæддаджы каст ракодта, стæй йæхиуыл фæхæцыд, уæхсджыты фæйнæрдæм айвæзта æмæ риуыдзаг йæхицæн рогæй сулæфыд. Æвæццæгæн, æнхъæлдта, йе ‘вварс кæй рахæцдзæн, кæй йæ бахъахъхъæндзæн. Уый ма зона, æмæ милиционер йæхæдæг дæр Еспинейы цур йæхи хорз кæй нæ хаты. Æмæ уым диссагæй дæр ницы ис, милицæйы нырма æрæджы райдыдта кусын, нæма сфæлтæрдта, нæма сфыхтис уыцы хъуыддаджы.

Райдианы уал Еспине цалдæр санчъехы акодта æмæ Хъазбеджы раз февзæрыд. Æргуыбыр æм кодта, йæ риуыл ын костюм, галстук, хæдонæй йе 'нгуылдзтæ цæуыл фæхæцст сты, уыдон æрбассывта йæ мустучъийы, æмæ лæг цадæггай диванæй фæхицæн. Милиционермæ афтæ фæкаст, цыма йæхæдæг райдыдта стын, фæлæ зæвæттæ, стæй та дзабырты фындзтæ астæрдæй куы фæхицæн сты, уæд бамбæрста, уый йæ Еспинейы цонджы тых кæй систа æмæ уæд йæ хуыз бынтон фæцыд, ай кæдæм бахаудтæн, зæгъгæ.

– Афтæ æнхъæлыс, æмæ дæм милиционеры цур нæ бауæнддзынæн. Нæ йæ зыдтай командировкæйæ æрцæуинаг дæн, цæуылнæ мыл сæмбæлдтæ, кæм хъеллау кодтай? – райхъуыст арвы нæрдау йæ хъæлæс Еспинейæн.

– Никуы уыдтæн, мæ лабораторийы афæстиат дæн… – куыддæрты райхъуыст йæ нымд хъæлæс Хъазбегæн.

– А – гъа, мæнæй дын дæ мыстытæ зынаргъдæр сты, нæ?!

– Нæ-æ… мæ кандидатон диссертацийыл тагъд кæнын, æмæ… – хъуыры сæлхъывтой дзаумæттæ, æмæ хуыр-хуыр кæнын райдыдта лæг.

– Кæсыс, милиционер, æз æхца ссивын мидæмæ, уый та гæххæттытæ змæнтыны куыст кæны!

Еспине лæджы æруагъта. Уый йæ дзаумæттæ бадзæбæхтæ кодта æмæ фæстæмæ йæ бынаты æрбадт. Диваны иннæ кæрон та Еспине æруагъта йæхи æмæ йæ иу къах зынтæй баппæрста иннæйы æккой.

Сабырдзинад бирæ нæ ахаста. Еспинейы барджын ныхæстæ ныр та милиционеры 'рдæм здæхт уыдысты:

– Цæй, æрæвнал дæ куыстмæ, хæстыты æртытæ мынæггæнæг.

Милиционер залмæ бахизæны, цыма йæ садзгæ æркодтой, уыйау æнæзмæлгæйæ æмырæй лæууыд. Цы акодтаид, уымæн ницы зыдта.

– О, фæлæ…– æрæджиау сфæрæзта дзурын милиционер, фæлæ дарддæр цы загътаид, уымæн ницы зыдта. Æмæ Еспине ныхас адарддæр кодта:

– Фæлæ цы? Нæ уыныс хæст? Нæ зоныс, цы ныммынæг кæнай, уый? Æмæ цы хъуамæ фенай? Хæсты дыууæ ныхмæлæууæджы кæрæдзи дæрæн кæнынц, кæрæдзи маргæ кæнынц, æмæ ам та мæнæн кæм уыныс мæ ныхмæлæууæджы? Мæнæ уый? – йæ амонæн æнгуылдзæй ацамыдта нæлгоймагмæ. – Уый мæ лæг у! Æмæ йын ныхмæлæууæджы хуыз ис? Штангæйæ бæстæйы дыууæ хатты чемпионкæ, æнтыстджын бизнесмен хæст самадта, мыстытыл йæ лабораторийы фæлварæнтæ чи аразы, мыстæй уæззаудæр чи ницы систа, уыимæ! Ха-ха-ха! – анæрыд йæ бæзджын хъæлæс æгас фатеры сылгоймагæн. Стæй уæззаугай сыстад йæ бынатæй æмæ… милиционеримæ се 'хсæн дæрддзæг къаддæрæй къаддæр кæнын райдыдта…

Хъазбег ныгъуылдæй кæсы, цы 'рцæудзæн дарддæр, уымæ. «Йæ цæрæнбон бирæ, милицæмæ чи фæдзырдта, ныр ын ацы милиционер уайдзæф уæддæр кæд бакæнид», – ахъуыды кодта сæры магъз æмæ дарддæр та, цы аскъуыддзаг кæндзæн, уый баст у, цæстытæ цы феной, ууыл. Уыдон та уыныц, милиционер куыд «æрбайсæфт» Еспинейы ауон.

Цы уавæры уыд милиционер та? Дæ балгъитæг ахæм уавæры ныххауæд! Еспине йæм куыд хæстæгдæр кодта, афтæ уый дæр фæстæ-фæстæ лæууыд, фæлæ кæйонг алæууыдаид, йæ фæстæ уыд къул, æмæ йыл сныхæст, уæдæ æндæр цы кодтаид. Йæ хуыз бынтон фæцыд, уæрджытæ дон кæнынц. Афтæ фенхъæлдта, ныртæккæ уымæн дæр йæ риумæ бавналдзæн, йæ дарæсæй цæуыл фæхæст уа, уыдоны мустучъийы атымбыл кæндзæн, æмæ уый дæр уæлдæфы дзедзырой кæндзæн.

Лæппу-милиционер цæмæй тарст, уый не 'рцыд, Хуыцау æй бахызта. Фæлæ тас нырма йе уæнгты бадт – хъуыддаг цæуыл фæуыдзæн, уый бæлвырд нæма зыдта. Йæ дуне та йыл бынтон æрбауынгæг – фæсте – къул, йæ разы – Еспине, æмæ уымæй дæр йæ уавæр ноджы зындæр кодта.

Уæдмæ Еспинейæн йæ армы тъæпæнтæ йæ фæрстыл хæрдмæ сабыргай бырын райдыдтой. Дыууæ лæджы сæм дзагъырдзастæй кæсынц. Армы тъæпæнтæ куыд уæлæмæ цæуынц, афтæ цæнгтæ та фæйнæрдæм сæхиуыл æнцайынц. Фæстагмæ армы тъæпæнтæ синты сæрыл æрæнцадысты æмæ Еспинейæ «Ф» дамгъæйы хуызæн рауад, кæд рæсугъд нæ уыд, уæддæр.

– Ацы дзæбæх милиционер, нæлгоймаг йæ цардæмбалæн куыд æмбæлы, афтæ куы нæ лæггад кæна, уæд ын цы бакæнын хъæуы?

Милиционер иуцасдæр æдзынæг алæууыд, цыма йе 'взаг аныхъуырдта, уыйау, стæй йæ нарæг уæхсджытыл хæрдмæ фæхæцыд æмæ æрмæстдæр уый фæстæ сфæрæзта дзурын:

– Мæгъа… Мæнæн нырма ус нæй…

– Ма дын уæд, фæлæ йæ хъуамæ зонай: уæд æм хъæуы хыл кæнын, куы бахъæуа, уæд та нæмын дæр! Раст нæ дæн?

– О, о…– разыйы дзуапп райста сылгоймаг.

Хъазбег милиционерæй йæ бон базыдта æмæ йæхæдæг йæхи хъахъхъæнынмæ фæцис:

– О, фæлæ мæнæн дæр мæхи куыст ис, сæрибар рæстæг мын нæ фаг кæны…

– Ныхъхъус у! Дæ мызды капеччытæй мæ уæлвæндаг фæкодтай… – æмæ та милиционермæ бадзырдта:

– Сылгоймаг уæвгæйæ, дæ нæлгоймагæн цард, бухъ цард куы уынын кæнай, йæ къахæй йæ ассон-ассон куы кæна æмæ дæ куы нæ æмбара, дæ фарсмæ куы нæ лæууа, уæд ахæм лæгæн цы кæнын хъæуы?

– Нæмын æй хъæуы! – фæныфсджын милиционер.

– Æз бизнесыл хæст нæ дæн… – райхъуыст та Хъазбеджы ныхас.

– Бизнес, бизнес! – фæзмæгау скодта сылгоймаг, – нæ дæ бизнесыл хæст æмæ цы царды ныххаудтæ, уый уæддæр æмбар! Мæнгæй нæ акæнынц, уæрццæн, дам, зад хуымы хизын нæ фидауы!

Æмæ та радон фарст милиционермæ:

– Мæ хъуыддæгты фæдыл куы уон, хæдзармæ æрæгмæ куы ‘рбацæуон æмæ хæринагæй мæ дзыхы цы акæнон, уый куы нæ ‘рбаййафон, дæ разы дын, æгæрыстæмæй, кофийы чашкæ дæр куы нæ авæра, уæд ахæм лæгæн цы бакæнын хъæуы? Нæмын æй нæ хъæуы?

– О, о, – æвæстиатæй та сразы милиционер.

Лæгæн дæр йæ дзуапп цæттæ уыд:

– О, фæлæ хæринæгтæ цæттæ кæнынмæ адæймаг куы нæ арæхса, уæд цы хъуамæ бакæна?

– Дæ сыбыртт мын ма хъусын кæн! Арæхсгæ та цæмæ кæныс, дæ мыстытимæ архайынæй дарддæр!

– Зæгъ-ма, милиционер, лæг æмæ ус дыууæ азы бæрц иумæ куы цæрой æмæ сывæллоны кæуын куы нæ райхъуыса сæ хæдзарæй, уæд ахæм лæгæн цы хъæуы?

– Нæмын! – сæрыстырæй загъта милиционер.

Лæг ацы хъуыддаджы дæр йæхи раст кæнынылсхæцыд:

– О, фæлæ дын дохтыртæ мæ цуры куы загътой, зæнæг нын кæй нæ цæуы, уый дæ аххос кæй у…

– Ныхъхъус у. Ды дæр уыдонæй хуыздæр нæ дæ, чи сыл æууæнды!..

Милиционер ма Еспинейы цалдæр фарстæн радта уыцы цыбыр дзуаппытæ «о» æмæ «нæмын æй хъæуы», зæгъгæ, стæй сылгоймаг йемæ йæ ныхас балхынцъ кодта:

– Æмæ уæдæ цæмæн æрбацыдтæ, милиционер? Афардæг у æмæ дæ куыст кæн!

Милиционер, цингæнгæйæ, феддæдуар.

Рацыд бæрцæй цасдæр рæстæг, æмæ та растдæр ацы милиционер ногæй хизы уæлæмæ, æрдæбон фыр цинæй дæлæмæ цы асинтыл æрызгъордта, уыдоныл. Хъæлдзæг нал у, йæ къæхтыл цыма здыйæ цырыхъхъытæ ис, уыйау сæ иу къæпхæнæй иннæмæ исы уæнгтæхъилæй. Нал æй фæнды уыцы дуары раз æрлæууын, уыцы æнæхайыры джыбыйы балхъивын. Фæлæ служба служба у, хæс æххæстгæнгæйæ у. Æмæ та мæнæ æрлæууыд уыцы Еспинейы дуары раз. Бирæ фæлæууыд æдзынæгæй ам. Хъуысы йæм мидæгæй хъæр-хъæлæба, æмæ йын уый нодджы йе уæнгтæ мары. Цалдæр хатты амонæн æнгуылдз бахаста дзæнгæрæджы джыбымæ, фæлæ йæм йæ нылхъивыны æхсар нæ разыны, æмæ та цонг йæхи уырдыгмæ ауадзы. Фæлæ цас хъуамæ лæууыдаид кæйдæр дуары раз. Æмæ дын йæхи куы фесхъæл кæнид, йæ формæ æрræстытæ кодта, цæсгом тызмæгхъуыз райста, афтæмæй дзæнгæрæджы джыбы балхъывта.

Дуар байгом, æмæ дзы йе стыр хъуынджын сæр радардта Еспине.

– Цы ма дæ ферох ам? – тызмæгæй йæ фæрсы.

– Хатыр, фæлæ… – милиционер нæ баурæдта сылгоймаджы цæстæнгас, æмæ йе ‘уæнгтæ æрызгъæлдысты.

– Ногæй мæ рарвыстой, хæст та, дам дзы стынг ис…

– Рахиз-ма, æмæ дын æз бацамонон, хæст куыд мынæг кæнын хъæуы, уый, – Еспинейы æнгуылдзтæ фæхæст сты милиционеры риуыл, æмæ йæ фæмидæг кодта.

Лæппу йе ‘намонд базыдта. Ныртæккæ Хъазбегау йæ къæхтæ уæлдæфы кæй дзедзылой кæндзысты, ууыл нал дызæрдыг кодта. Фæлæ та ацы хатт дæр афтæ нæ рауад. Еспине йæ æввахс йæ гуыбынмæ æрбалвæста, стæй йæ асхуыста æмæ гом дуарæй шампайнаг сæны къæрмæгау ратахт, худ та, цыма йæ хицауæй тынгдæр фætарст, уыйау сæрæй атахт æнцойгæнæны сæрты æмæ бынæй кæмдæр йæ тъæпп фæцыд.

Милиционер фæгæпп ласта æмæ асинтыл дæлæмæ ныййарц, фæлæ бæрæг нæ уыд, Еспинейæ лыгъд æви йæ худы фæстæ.

Хуыцауæн æртæ чъиригæ фæкувынц. Æмæ та æртыккаг хатт дæр куы балæууиккой Еспинейы фатеры къæсæрыл. Æртæ гуыппырсары. Гамхудты мидæг. Æд хотыхтæ. Æвæццæгæн сын милиционер бамбарын

кодта, хъуыддаг сæ къимæ уыдзæн, уый. Уыдон айтæ-уыйтæ нал фæкодтой, фæлæ бадзæнгæрæг кодтой æмæ, Еспине куыддæр дуар байгом кодта, афтæ йын йæ базгуытыл фæхæцыдысты æмæ… уынджы ахæсттæласæн машинæйы смидæг ис. Лæг ма йæ фæстæ тарстхуызæй ракаст, фæлæ асинтыл никæйуал раййæфта.

Еспинейы цалынмæ милицæйы хайадмæ ластой, уæдмæ йæ телефон йæ дзыппæй фелвæста, кæдæмты хъуыд, уырдæмыты адзырдтытæ кодта, æмæ йыл сæмбæлдысты… диссаг… цытджын æгъдауæй. Ӕгæрыстæмæй дзы хатыртæ дæр фæкуырдтой, афтæ кæй рауад, уый тыххæй. Йæ хæдзармæ йæ фæстæмæ дæр сæхæдæг æрбаластой. Ахæсттæласæн машинæйыл нæ – фæлмæн, чи не 'нкъуыст, ахæмыл.

Ӕрбаластой йæ, фæлæ… диссаг – хæдзары йæ лæджы нал æрбаййæфта.

«Цы, лидзгæ акодта? Ӕмæ кæйонг алидздзынæ мæ хæдзæрттæй – Мæскуыйы фатер, Дзæуджыхъæуы дыууæуæладзыгон хæдзар, ам мæнæ ацы фатер… Кæдæм алидздзынæ банкты ме 'хцатæй, балæууæндон дæр дын куы нæ ис, уæд? Дæ цыппæртыл мæм æрбабырдзынæ фæстæмæ мæ куыдзау!» – гуым-гуымгæнгæ рацу-бацу кодта хæдзары къуымты Еспине, стæй йæ хуыссæн бацагуырдта. Дуар дæр нæ сæхгæдта йæхиуыл – æнхъæл уыд, Хъазбег кæй æрбаздæхдзæн æмæ, хæдзарæй кæй ацыд, уый тыххæй дзы хатыртæ кæй ракурдзæн.

***

Ацы хабар раджы æрцыдис, уартæ иу-æртын азы размæ, ног дугивæны цы змæст, хæццæ рæстæджытæ ныллæууыдысты, уыдонæн сæ райдианы. Уæдæ цавæр рауадысты сæ царды фæндæгтæ мæ радзырды архайджытæн, хъысмæт ма сæ искуы сæмбæлын кодта, æрбаздæхт ма Хъазбег фæстæмæ йæ хæдзармæ æви нæ? Фарст цымыдисаг у, æмæ мæ фæнды, дзуапп ын радтон. Цыбыртæй, – нал фембæлдысты. Лæмбынæгдæрæй та, сæ хъуыддæгтæ афтæ рауадысты. Еспине раздæрау схъæл, æндон хъæлæсы хицау нал у. Кæддæры фидар, нуарджын уæнгтæ æрбампылæгау кодтой, фæгуыбыр, цæстыты цæхæр æрысыст. Ӕмæ уый йæ аххос нæу – рæстæг йæ кæнон кæны. Фæлæ рæстæджы аххос дæр нæу. Йæ бизнесы хъуыддæгтæн иу афоны æнæнхъæлæджы сæ бындур ныззылд, æмæ ныпырх сты. Йæ исад ын сфыстой хицауады пайдайæн, банчы æхца нал аззад. Хорз уыд, æмæ

йæхæдæг ахæстонæй аивæрзт. Ныр цæры, йæ бонтæ иунæгæй æрвиты, йæ цардæмбал кæцæй фæлыгъд, æрыгон милиционеры кæцæй ратардта, уыцы фатеры.

Бафæрсдзыстут, æнхъæлмæ ма кæсы Хъазбегмæ? Кастис æм æнхъæлмæ дыккаг бон, æртыккаг бон, мæйы, афæдзы æмæ дæс азы фæстæ дæр. Ӕмæ йæм абон дæр, чи зоны, æнхъæлмæ кæсид, иу изæрыгон ыл, телевизормæ кæсгæйæ, йæ цæст куы нæ схæцыдаид, уæд. Сæрмагонд равдыст ыл сарæзтой. Йæ цард, йæ зонадон архайды тыххæй дзырдтой. Равдыстой йын йæ цардæмбал æмæ йæ дыууæ сывæллоны дæр. Стыр ахуыргонд ссис – профессор у. Еспине йæм куыд хъуыста, афтæмæй йæхи амонджын хоны зонады дæр æмæ бинонты царды дæр. Растдæр уæд бамбæрста кæронмæ сылгоймаг, йæ къæсæрæй кæй никуыуал æрбахиздзæн. Зын ын уыдис, гъай-гъайдæр, уыцы хъуыддаг, фæлæ йын йæ зæрдæйы маст цыма чысыл рогдæр кодта Хъазбеджы ныхас, уадз, телевизорæй дæр уæд, ногæй йæ хæдзары кæй хъуысы, уый. Фæлæ равдыст фæцис, æмæ Хъазбег ацыд телевизорæй, бамыр йæ хъæлæс Еспинейы фатеры къуымты. Еспине та, йе 'взонгады стыр рæдыдыл хъуыды кæнгæйæ, йæ сагъæсты ныдздзæгъæлтæ…

Базыдтам цыдæртæ Хъазбеджы цардæй дæр. Цы бацис нæ æрыгон милиционер та? Ацы цауы фæстæ йæ куыстæй йæ зæрдæ афтæ фæцъæх, афтæ йын фесхъиуæггаг, æмæ йæ ныууагъта. Ныллæууыд ахуыргæнæджы куыстыл. æмæ, куыд дзурынц, афтæмæй дзы йæ хъуыддаджы хорз дæсны рауад.

НАНИТЫ ИВАНЫ ЧЫЗГ АСИАТ

Асиат райгуырд Ленингоры районы Цъиры хъæуы. Астæуккаг ахуырад райста Захъхъоры хъæуы скъолайы. У Ирыстоны фысджыты æмæ РХИ-йы журналистты цæдисты уæнг, РХИ-йы культурæйы сгуыхт кусæг, «Орден Дружбы»-йы кавалер, Джусойты Нафийы номыл литературон премийы лауреат, фæллойы ветеран. 45 азæй фылдæр кусы мыхуыры органты. 1966 азы кусын райдыдта газет «Советон Ирыстон»-ы корректорæй. Ахуыр кодта Мæскуыйы полиграфион институты. 1969 азы куыста рауагъдад «Ирыстон»-ы. Уый фæстæ та – Хуссар Ирыстоны литературон журнал «Фидиуæг»-ы прозæйы хайады редакторæй. Йæ фыццаг радзырд «Сæрвæтты» ныффыста 1964 азы. Уымæй дæс азы фæстæ чингуыты тæрхæгыл фæзынд йæ радзырдты æмбырдгонд «Ацæмæзы кафт». Уый фæстæ 1979 азы – «Æмкъай», 2013 азы – «Æнахуыр уазæг», 2017 азы – «Фыдæлты артдзæст»...

НАНИТЫ Асиат

ТУГÆЙДЗАГ УÆРДОН

(Радзырд)

Тулы уæрдон... Тулы зивæггæнгæ. Тулы лæгуæрдон тархъæды цъыф æмæ хуырджын хæрдвæндагыл... Йе згæхæрд цæлхыты зæрдæхалæн хъыррыст зæлы æгæндæг хъæды. Йæ цæлхыты бын тыччийы йас дур дæр куы бахауы, уæд та йæ бынаты дзыхълæуд фæкæны, нал фезмæлы... Æмæ йæ лæппу йæ фæстæ ахæр-хæр кæны... «Гъе-гъе! Кæд мæ исты амонд ис, уæд бон дзир-дзур байдыдта, арвы кæрæттæ æрбацъæх сты... Чысыл ма бафæразон, æмæ мын боныгон фенцондæр уыдзæн, мæ развæндаг уæддæр уындзынæн... Кæннод дысон-бонмæ мæ туг басур, цæуыс, æмæ кæдæм, уый бæрæг нæу. Ныр, табу Хуыцауæн, иучысыл ма, æмæ стæй хохы фале куы фæуон, уæд ницæуылуал тыхсын, уырдыджы тулгæ дæр кæндзыстæм. Зынаргъæй мæм цы уыд, уыдон мын раирвæзтысты – мæ мад, ме ‘мкъай æмæ мæ дыууæ фырты. Иннæтæ сæ хъуыры аирвæзæнт, мæн дзы æндæр ницыуал хъæуы. Æниу мæ уыдон дæр куыд нæ хъæуынц? Мæ чъиухидæй сæ фæамал кодтон... Фæлæ...» – æмæ та йæ тыхмæ тых бафтыд, йæ риумæ нылхъывта «рæтæнагъдты разхъæд» æмæ лæгæрды хердмæ.

Уæдмæ дзæбæх æрбарухс. Лæппу йæ уæрдон тæссармæ баурæдта, йæ цæлхыты бын ма йын дуртæ дæр бавæрдта, йæ астæу сраст кодта, йæ худ систа, йæ ныхы хид йæ рахиз цонджы дысæй асæрфта æмæ сдзырдта:

– Алæ-ма, гъеныр уæ дзæбæх фенон, уæхи хуызæттæ ма стут? Æмæ уал уæрдоны гуыффæйы хуыссæнтæ бадзæбæхтæ кодта, стæй хъæццулыл ахæцыд æмæ йæ мадмæ ныккаст.

– Куыд дæ, гыцци? Дæ цæф хæрзаг тынг риссы! Æй, мæ зынг куыд бахуыссыд, гъе, ам гыццийæ куы ницыуал ис!..

Йе уæнгтæ ауазал сты... Йе ‘взаг йæ дзыхы нал арæхст, йæ мады фæлурс цæсгом æмæ цъæх былтæ куы ауыдта, уæд. Фæлæ уæддæр йæ хъæлæсы уаг нæ аивта, ныфсытæ авæрдта йæ мадæн:

– Ма тæрс, иучысылма бафæраз, стæй ауырдыг кæндзыстæм æмæ аходæн афонмæ бынаты уыдзыстæм. Ды уæддæр Бакуыйы сахар бирæ уарзтай, æмæ дæ уым бамидæг кæндзæн а лæппу, æмæ стæй уырдыгæй Цæгат Ирыстонмæ цæуын æдас у, уым нæ ничиуал æхсдзæн. Уæдæ тынг риссы дæ цæф?

– Риссы, уæдæ цы? Уас йæ зæрдæйыл сæмбæла цыфыддæр знаджы нæмыг, кæд мах уыдонæн... уыцы бынаты нæ уыдыстæм!.. мæн ныууагътаис, Маирбег, дысон-бонмæ де знаджы туг басур, дæ мады уæнгтæ бахус уой... Сымах мын бирæ фæцæрут, æз уæддæр... Мæ бонтæ батыдтон, хорз уыдысты æви æвзæр...

– Цытæ дзурыс, цы, гыцци! Мах гъенырæй фæстæмæ хъуамæ фæцæрæм... Хъæрз, хъæрз, кæд дын афтæ æнцондæр у, уæд. Æмæ дын æз дæр дæ хъæлæс куы хъусон, уæд мæнæн дæр мæ тыхмæ тых æфты. – Стæй баздæхт йе ‘мкъаймæ. – Фатимæ, йæ цæф та йын куы абæттис ногæй, – чысыл чызгау ын йæ рус æрлæгъз кодта, стæй та йæ дыууæ фырты йæ хъæбысы ныттыхта: – Бафæлладыстут, фæлæ нын æндæр гæнæн нæй. Гыццийы рæстæгыл фæхæццæ кæнын хъæуы дохтыртæм, науæд... – сылгоймагау йæ зæрдæ ауынгæг, йæ фырттæй иуы æмгуыдын коцорайы йæ цæсгом амбæхста, афтæмæй иуварс алæууыдысты.

Чысыл фæстæдæр сæм Фатимæ тарстхуызæй æрбауад. Маирбегæн йæ зæрдæ ныссæххætт ласта, æмæ йæм йæхæдæг фæразæй:

– Куыд у, дæ хуыз дæ мидæг куынæуал ис?

– Йæ туг фæцыд, йæ бын сцад... Мах æй талынджы нæ уыдтам... Уæрдоны цалхмæ дæр æрхъардта... Тагъддæр, æндæра... – кæуынхъæлæсæй сдзырдта Фатимæ.

Маирбег арвы цæфау фæци... уый æнхъæлдта, туг хъæдгомыл бахус æмæ банцад, ницæмæйуал ын тарст. Ныр ма цы? Æнæсыбырттæй йæ бынатæй цæхгæр фæзылд æмæ йæ мады уæлхъус февзæрд. Йæхи та аифтыгъта уæрдоны æмæ та араст. Лæппутæ сæ хызынтæ уæлдуæтты хъилтыл ацауыгътой æмæ уыдон дæр фæсте ныззæгæл сты, размæ йыл æнцайынц.

Тулы та уæрдон... Тулы æрхæндæг хъæды æмхæрд æмæ хуырджын фæндагыл тугæйдзаг уæрдон...

«Мæ хæдзар хæлдзæн, æвæццæгæн... Гыцци, курын дæ, ма мæ ныууадз, æндæра махæн æнæ дæу нæ цард ницы у... Ме ‘нæхуруынд, мæ мæгуыр, мæ удвидар, ныфсджын мад... Æз, дам, уæддæр мæ бонтæ батыдтон... Æмæ цардæй цы федтай, цардæй?

Улæфынмæ йæ æппындæр никуы равдæлд. Цалынмæ-иу йæ къæхтæ сынтæгмæ хæццæ кодтой, уæдмæ та-иу йæ сæр рабадт... Æмæ, дам, фæцардтæн!.. Æниу мæнæн дæ разы мæ цæсгом сыгъдæг у, куыд хъæбул, афтæ. Сылгоймагау дын къæбæлдзыг ныхæстæ нæ дзырдтон, мæ нæлгоймаджы ном мын уый бар нæ лæвæрдта, уымæй дарддæр мах кæрæдзи тынг æмбæрстам. Мæ фæндзай азы мæхи фесты, фæлæ никуы хъуыды кæнын, æмæ, зæрдæмæзонгæ, ахæм къахдзæф акодтон, дæуæн хъыг чи уыдаид. Нæ, нæ, Гыцци, ды хъуамæ цæрай дæ хъæбулы хъæбултимæ... Нæ цæттæ цард лæгбирæгътæн ныууагътам, фæлæ... Алцы дæр та ссардзыстæм, æрмæст мæ гыцци хъуамæ уа мæ фарсмæ...» – Маирбег æрлæууыд, йæ ныхы хид та йæ хæдоны дысæй асæрфта æмæ сдзырдта:

– Гыцци, цы фæдæ, рæстæгæй-рæстæгмæ-иу исты сдзур, исты... Мæнæ ма нæ чысыл хъæуы, æмæ стæй хохæй фæфале уыдзыстæм.

Аминæт йæ хъæццулыл иуырдæм ахæцыд, æмæ райхъуыст йæ лæмæгъ фæсусгомау хъæлæс:

– Дæ сæрылхаст фæуон, мæ хъæбул. Баку ма куы фенин, бæргæ, фæлæ уымæн амонд хъæуы... Мæ зæрдæйы тугтæ тæдзынц... Хуымон галау дæхи сифтыгътай...

– Афтæ у бæрндзинад, афтæ, гыцци! Уæдæ ды ссæдзаздзыдæй хæсты быдыры уыцы уæззау цæф капитаны куы ластай дæ фæстæ, уæд æй

фæрæзтай? Æмæ цы фæрæдыдтæ, мæлæты дзæмбытæй байстай дæ амонд, дæ фидæн. Махæн дæр ды дæ нæ ныфс... Ныры онг фыдæбон йеддæмæ ницы федтай, амæй фæстæмæ та хъуамæ фæцæрай немæ... Гъе, уыцы бæрн мæ нæ уадзы, гъе, фæллайын, мæхи дзæбæх гыцци! – йæ фæстаг былдауæн ныхæстæй йæхæдæг фефсæрмы, æмæ та разхъæд йæ риумæ ахъаззаг æрбалхъывта... Дыууæ лæппуйы дæр та, сæ тых куыд амоны, афтæ æххуыс кæнынц сæ фыдæн. Фатимæйæн ныронг йæ хызынтæ уæрдоныл æрæвæрын йæ зæрдæ нæ куымдта, ныр уый дæр йæ лæппуты бафæзмыдта æмæ балæууыд уæрдоны ‘нцой. Рæхджы хохæн фæфале сты, ауырдыг кодтой. Ныр Маирбеджы никæйуал æххуыс хъуыд, уæрдон йæхигъæдæй тылд... Фатимæ лæппутимæ тагъд уадысты йæ фæстæ.

* * *

...Хæсты быдыры мæ фыдимæ куыд базонгæ сты, уый йын йæхæдæг радзырдта гыцци...

...Иу афон æфсæддон йæхи æрæмбæрста. Уæззаугай байгом кодта йæ цæстытæ. Уæлгоммæ хуыссы цъæх нæууыл. Фæкомкоммæ арвмæ... Ирд, иу мигъы къæм ыл хæснагæн дæр ничи ссардзæн. Хур нырма кæсы, фæлæ йæ уый нæ уыны – æвæццæгæн, акъул... Бæстæ – сабыр, иу хъыпп-сыпп никуыцæй хъуысы. Чысыл раздæр цыма ам хæст нæ уыд, фæлæ æдзæрæг быдыр у...

«Цымæ, кæм дæн? Кæй у, цы зæххы гæбазыл хуыссын, уый? Цы фесты хионæй, æддагонæй? Хуыцау, рæстаг адæм кæддæриддæр дæ фæдзæхст, де уазæг...» – хъуыдытæ кæны æфсæддон æмæ ацархайдта йе уæнгтæ базмæлын кæныныл, фæлæ, цыма йæ сæрæй дарддæр буар йæ уæлæ нæй, уыйау æппындæр ницы хаты. Йæ зæрдæ йæхи риуы къултыл ныххоста, лæг катайы бахауд... Фырадæргæй йæ сæр дзидзиагурæг сывæллонау дыууæрдæм радав-бадав кæны: «Табу Хуыцауæн, уæддæрма мæ бæрзæй кæй кусы æмæ мын фæйнæрдæм акæсæн кæй ис...» – Рахизырдæм афæлгæсыд. Рахатыд, кæм ис, уый. Æнæхъæн къуыри цы траншейтæ къахтой йе ‘мбæлттимæ, уыдонæй сæ иуы былыл, йе ‘ннæ былыл хохау хъен слæууыд ногкалд сыджыты обау æмæ дзы æппындæр ницы зыны. «Хорз у: кæм дæн, уый зонын, кæд ам нæ баззаин, уый гæнæн нæй, æмæ ауылты санитартæ ма рацæуой...» – чысыл йæ зæрдæ фæрухс. Ныр та галиуырдæм разылдта йæ сæр. Цадæггай фæлгæсы, йæ цæст цас æххæссы, уыйонг. Уым дæр та – ничи, æрмæст ам дæр – ногкъахт сыджыты обаутæ, чысылдæр обаутæ, уыдон æй фæйнæрдæм

кæсынæн ницы хъыгдарынц. «Табу Хуыцауæн, æгайтма æз иунæгæй фæцæф дæн, æмæ ме 'мбæлттыл æндæр зиан не 'рцыд... Уый уал хорз, фæлæ... Нæ, нæ, кæд нæ рæдийын, уæд уæртæ уый у цырыхъхъ, – æдзынæгдæр ныккаст, иу фондз метры æддæдæр цы обау уыд, уый цъупмæ. – Диссаг, афтид у æви искæй къахыл ис? – лæууы цырыхъхъ фалæмæ фæлдæхтæй, цæф æфсæддонмæ зыны æрмæст йæ бын. Æмæ та ацархайдта рабадынмæ: йæ сæрыл бæргæ схæцыд, фæлæ... Йæ гуыр, цыма йæ цъыхыры артмæ бадардæуыд, афтæ сыгъд. Ныфссаст æмæ æрхæндæгæй йæ сæр фæстæмæ фæлмæн сыджытыл æрæнцад. Уæд йæхи нал баурæдта, йæ дзыхыдзаг цырыхъхъырдæм бахъæр кодта:

– Чи дæ, удæгас дæ Хуыцау уадзæд... Ма тæрс, мæнæ дын æз дæр цæф æмбал. Куы йæ зонис, дæ цырыхъхъы уынд мын куыд æхсызгон у...

Фæлæ нæй дзуапдæттæг... Æмæ та уæд йæ ныфсы таг æрбатары. Йæ зæрдæ ныддздзынæзта, æмæ та цъæх-цъæхид арвы тыгъдады ацагуырдта æххуыс... «Афонмæ... Цæмæй зонынц гыцци æмæ баба, сæ хъæбул æрдуйы хидыл...» Тæхуды!.. – хъæрæй сирвæзт лæппуйæ æмæ, цыма йæхицæй фефсæрмы, уыйау йæ хъуыды фæивта: «Цытæ дзурын, цы? Лæджы, æфсæддоны ном куы хæссын, уæд мын уый бар ис? Бон цæуы æмæ фарн хæссы. Мæнæн та нырма мæ разы стыр хæс ис: хъуамæ знаджы фæстæмæ йæ сырддоны къæсæрæй мидæмæ баскъæрæм, уæдмæ махæй мæлыны бар никæмæн ис!» – ныр фидардæрæй анæрыд йе 'ххуысагур хъæлæс:

– Ам æмгæрæтты исчи ис æви нæ? Ам æввахс исчи ис æви нæ?

Æмæ – диссаг! Кæцæйдæр æм æрбайхъуыст сылгоймаджы цъæхснаг хъæлæс:

– Ис. Ис. Ныртæккæ дæм фæцæуын!

Æфсæддонæн фыр цинæй йæ донзоныг къæхтæ æмæ къухты бæсты йæ сæр скафыд фæлмæн сыджытыл... Адзырдта та:

– Ардæм, ардæм, мæнæ дæн!

Æмæ та æрбайхъуыст чызджы ныфсхаст хъæлæс дæр, ныр цыма æввахсдæрæй:

– Мæнæ дæн, мæнæ, æфсæддон, ныртæккæ дæ уæлхъус февзæрдзынæн!..

Чызг кæд иу уысммæ æрбахæццæ, уæддæр цæф æфсæддонмæ фæзынд æнус... Æмæ мæнæ йæ сæры фарсмæ фæлмæн сыджыты æрныгъуылд цырыхъхъ, стæй та иннæ. Фæрсмæ сæм йæ цæсты зулæй бакаст, стæй сыл хæрдмæ схаста йæ цæст... Æмраст рæхснаг зæнгтæ. Æфсæддоны уæлæдарæс ыл уыцы хорз фидауы...

– Сестра! – фыр цинæй дзы сирвæзт, æмæ йæ хъæлæс йæхæдæг дæр нал базыдта.

– Сестра нæ дæн, лейтенант, уый фæцæф, æз телеграфисткæ дæн... фæлæ ма тыхс, дыууын æфсæддонæй фылдæры ахастон тохы быдырæй... Нæ дæ бауырндзæн, дæу дæр ам нæ ныууадздзынæн... «Æниу уыдон дæуау телцæджындзты дæргъæнтæ нæ уыдысты, нæдæр дæуау рæсугъдтæ...» – цъыбар-цъыбур кæны чызг æмæ йын йæ цæфтæ хъавгæ сгары.

– Нæ тох куыд фæцис, нæ тох? Нæ фыдæбонæй исты рауад? Æз хъуыды кæнын, æнæхъæн къуыри цы траншейтæ фæкъахтам, уыдонмæ сæ æввахс æрбауагътам, стæй сыл æнæнхъæлæджы ныззгъæлстам, нæмгуыты тымыгъы куыд схъомпал сты зилгæ дымгæйы сисгæ хус сыфтæртау, уый дæр мæ цæстыты раз лæууы... Стæй, цы фæдæн, уый нал базыдтон.

– Хорз ма уый уыд, æмæ сæ хæцæнгарз кæй фæкалдтой, æгæрыстæмæй, танктæ дæр ныууагътой, танктæ. Сæдæйы бæрц та дзы уацары ракодтой. Ахæм уац алæвæрдтон æз...

– Дæ цæрæнбон бирæ. Ныр куы амæлон, уæд уымы бæсты сулæфдзынæн, – хъæлдзæгæй сдзырдта æфсæддон. Йæ цæфты рыст дæр дзы айрох, йæхи ныффидар кодта, арвæй йæм цы зæд æртахт, уымæ зæрдæрайæ каст. Чызг йемæ дзуры, цæмæйдæрты йæ фæрсы, цæмæй йæ цæфты рыст бæтгæ-бæттын ма хата, фæлæ уый бакъуырма. Æрæджиау, æфсæрмытæгæнгæ, сдзырдта:

– Дæ зæрдæ мыл ма фæхудæд, мадæр мæ тæппуд фенхъæл. Æз, мыййаг, мæлæтæй нæ тæрсын, æмæ уый тыххæй нæ сидтæн æххуысмæ. Мæн нырма фæнды хæцын, знаджы дæрæн кæнын. Хæст нырма нæ фæци, кæд йæ кæрон дард нал у, уæддæр. Стæй та мæ фæнды цæрын... Сæрибар бæстæйы...

– Раст дзурыс, æз алцыдæр æмбарын, лейтенант. Тæппудтæ хæстмæ нæ цæуынц. Ам хæцынц, стыр кады аккаг чи у, иуыылдæр ахæм лæппутæ. Алы æфсæддон дæр у стыр хæзна. Ныртæккæ æз æмæ ды хъуамæ анцайæм... Куыд у, бынтон дæхи не змæлын кæныс? Афæлвар-ма, кæннод...

– Нæй, де 'рбацыдмæ афæлвæрдтон, фæлæ... Цыма мæ гуыр æгасæй дæр стыр хохы бын фæцис, афтæ уæззау хатын мæхи.

– Хорз уæдæ! — чызг æм йæ сæрырдыгæй бацыд, йæ дыууæ дæлармы йын йæ къухтæ бакодта æмæ йыл хæрдмæ схæцыд. Æфсæддон

йæ бынатæй нæ фенкъуыст. Йæ фæстаг ныфсы таг та æрбаскъуыд.

– Æвæццæгæн мæ нæ афæраздзынæ! – хауд хъæлæсæй сдзырдта лæппу.

– Нæ, нæ, афтæ ма дзур. Ныртæккæ-ма фæкæс уæдæ! – æмæ йæм ногæй февнæлдта, йæ бынаты йæ дыууæрдæм аратил-батил кодта, æмæ уæд уый йæ бынатæй фенкъуыст!.. – Нæ дын загътон, – хъæлдзæгæй сдзырдта чызг. – Ныртæккæ ма фæкæс. – Æмæ та йæ тыхтæ ногæй æрбамбырд кодта. Иу риуыгъд, дыууæ... Æмæ цъусгай-цъусгай хæрдмæ ласы телцæджындзы дæргъæн æфсæддоны. Æмæ та йын рæстæгæй-рæстæгмæ ныфсытæ авæры: – Ма тæрс. Фæндагмæ хæстæг стæм, – тыхамæлттæй йæ райдыдта ласын. Æгæр уæззау кæй у, уымæй æфсæрмы кодта лæппу æмæ йæ афарста:

– Сылгоймаджы йæ карæй фæрсын аив нæу, фæлæ мын æй зæгъ уæддæр…

– Ссæдз мыл сæххæст.

– Бынтон сывæллон! Уæвгæ дæ æз дæр бирæ хистæр нæ дæн, фæлæ мæ ас æгæр стыртæ конд у. Мæ цахъхъæнæй ахæм стæвдтæ хъуамæ ма уаин, фæлæ афтæ у нæ гуырдзы сконд…

– Хæстон хæс мæ домы, лейтенант, – арæхстгай къахдзæфтæ кæны, афтæмæй дзуры чызг. Стæй дзы фыр тыхстæй сирвæзт иронау: – Хуыцау, ма мæ фесаф! Ратт мын, цы мæм ис, уымæй фылдæр тых.

– Цы загътай, цы? – фæцырд æм ис æфсæддон. – Иу хатт ма йæ зæгъ, дæ хорзæхæй! – цы фехъуыста, уый йæ нæ уырныдта, æмæ йæм дзуры уырыссагау.

– Ницы, мæнæ мæхи æвзагыл цыдæртæ…

– Ирон чызг дæ?!

– О, фæлæ цæмæй зоныс, иронау дзырдтон, уый?

– Ирон дæн, æмæ ме ‘взаг куыннæ хъуамæ зонон? – тыххудт бакодта лæппу.

– Ды дæр ирон дæ, лейтенант?

– Лейтенант нæ, фæлæ Хетæг. Афтæ мæ хон.

– Æз та – Аминæт…

– Ам мæ уадз, Аминæт. Кæд искæуыл фембæлай, уæд мæм-иу фæзынут. Мæнæн ницы уыдзæн, мæ цæфтæ хорз баст сты.

Уыцы рæстæджы сæ хъустыл ауад машинæйы уынæр. Уый уыд санитарон машинæ...

Аминæт æм цыд госпитальмæ. Æмæ кæрæдзийæ нал фæхицæн сты.

Хетæг куы фæдзæбæх, уæд сын сæ хæстон хæлæрттæ сæ амондæн скуывтой. Сæ иууыл адджындæр хæлар Мегрелидзе Важа та сын къухылхæцæг уыд...

Фæлæ…

Уæлахизы бон дард нал уыд, афтæ Хетæг уæззау цæф фæцис. Аминæтæн лæмæгъ хъæлæсæй дзырдта:

– Аминæт, дæхи сæр æмæ дын нæ хъæбулы фæдзæхсын. Худинаг дæ сæрмæ макуы æрхæсс...

Стæй Важамæ баздæхт:

– Мæ хæлар, уæхски-уæхск фæхæцыдыстæм знаджы ныхмæ. Бирæ дæ кæй уарзын, къухылхæцæг дæр дæ уый тыххæй скодтон. Фæдзæхсын дын: Аминæт, ме ‘фсин, дæ кæнгæ хо, дæ фæдзæхст фæуæд. Мæ хъæбул æмæ мын-иу Аминæты мæ ныййарджытæм фæхæццæ кæн, стæй, цы хъæуа, уый сæхæдæг кæндзысты. Ды та, рæсугъд хо дын ис, æмæ йæ дæ хæстон лæджы намысау хъахъхъæн...

Аминæт ын йæ сæр йæ хъæбысы ныттыхта, йæ бон дзурын нæ уыд, æмæ сусæг куыдæй куыдта. Важа лæппуйæн бауайдзæф кодта:

– Ирон лæджы ном ма æгад кæн! Хæсты алы уæззау цæф мæлгæ куы кæнид, уæд афонмæ немыц кæм уаиккой, уый зоныс?

– Нæ, Важа... æндæрхуызон цæф дæн ацы... ацы хатт...

Радгæс дохтыр сын йæ цæстæй ацамыдта, æмæ Аминæт æмæ Важа æвæндонæй рахызтысты æддæмæ.

Дыккаг райсом Аминæт Хетæджы палатæйы дуарыл куыддæр бахæцыд, афтæ йæ зæнгтæ йæ быны адон сты: йæ сынтæг уыд афтид...

Иу мæйы фæстæ Важа æмæ Аминæт нæ хъæуы æрбалæууыдысты... Дада æмæ нана сæ сæртæ къултыл фæхостой. Хъæубæстæ сæм фæцыдысты, куыдтой... Æмæ цин кодтой: хæст фæцис! Нана гыццимæ бацыд, сыхæгты размæ йæ ракодта æмæ, цыма никуы æмæ ницы, ахæм хъæлæсыуагæй сдзырдта:

– Аминæт, ме ссаргæ хъæбул, дæ зæрдæ мыл ма бахудæд, хъæбулы фесæфт уæззау хабар у. Ныййарæгæн йæ хъæбул тарф фынæй дæр ма бауæд, куынæуал райхъал уа, уымæй йын фæтæрсы. Мад тæригъæд у, – йæ кæуындзæг йæ былмæ схæццæ. – Дæуæн та зæгъын стыр бузныг, зæххыл арт сирвæзт, афтæмæй ды знагæй тыхджындæр кæй разындтæ, кæй ницæмæй фæтарстæ æмæ мын мæ хъæбулы æвæстаг кæй нæ фæкодтай. Мæ сæры астæу дын фæндаг. – Æмæ ныттыхст Аминæтыл.

Цалдæр мæйы фæстæ æз райгуырдтæн. Баба æмæ нана нæртон куывд скодтой, æцæг лæппуйы куывд.

«Ныр Гыцци...» – æрурæдта уæрдон æмæ тыхаразгæ хъæлдзæг хъæлæсыуагæй бадзырдта йæ мадмæ:

– Гыцци, цы фæдæ, цы ныссабыр дæ? Нæ дын загътон хъæрз, хъæрз, æмæ дын дæ хъæлæс хъусон.

– Хъæрзын дæр дæу тыххæй... – Дæу тыххæй мæ цæст нæ... уарзы... – бынтон фæсус æмæ æдых хъæлæсæй сдзырдта Аминæт. – Мæ хæдзарæй куыд дарддæр кæнын... афтæ... мæ зæрдæйы тугтæ тæдзынц! Мæ цæрæнбонты фыдæбон... Уыцы тыгъд быдыры мæ туг фæкалдтон... Мæ ифтонг æмæ мæ дзадджджын къуымтæ... Мæ... дыргъдон... сæндон... дæ мад... амæлæд, дæ сæнтæй иу литр дæр... нæ ауæй кодтай... Скъæтыдзаг... хæрзхаст фос... Мæ хæдзары хъахъхъæнæг, мæ иузæрдион цуанон Бинго! Бирæгътæн сæ ныууагътам æмæ... мæ зæрдæ куннæ скъуыйа?.. – цыма хъæдæй æргъæмттæ фæхаста, уыйау бафæллад ус уыцы ныхæстæ скъуыдтæ-скъуыдтæй дзурынæй дæр æмæ та ныссабыр.

Маирбег та йын ныфсытæ æвæрдта:

– Æппындæр мацæуыл тыхс, Гыцци! Рæстæг та æрсабыр уыдзæн, адæм та сæ кæрæдзи бамбардзысты... Æмæ та фæстæмæ дæр ныздæхдзыстæм. Уæдæ! Нæ хæдзармæ нын чи цы бар дары? – æмæ та йæ уæрдоныл ахæцыд...

Цы дæ, хæдзаргæнæг! – Маирбегæн къаддæр нæ рыст йæ зæрдæ, фæлæ йæ мады тыххæй фидар дардта йæхи. – Хæдзаргæнæг тæригъæд у, мæнæн дæр, размæ тагъд кæнын, фæлæ мæ зæрдæ та уым баззад... Æниу мæ мад адæмæн цы хæрзты бацыд, уый йæхицæн йæ цæст никуы бауарзта. Искæмæн балæггад кæнын уыд йæ уд-йæ дзæцц. Æмæ йын аргъ дæр кодтой... Йæ цæсты кæмæн бахаудаид, уый йæ нæ раппæрстаид. Мадæн кæмæн бæззыд, уымæн мады бынаты уыд, хойæн кæмæн бæззыд, уымæн та – хойы бынаты. Цалынмæ æнахъом уыдтæн, уæдмæ Гыцци фæсаууонмæ каст фæцис хъæууон-хæдзарадон институт, куыста колхозы агрономæй, стæй та ссис йæ сæрдар. Ахæм æууæнчы аккаг ссис, гъе, мæ мæгуыр мад!

Иугæр мæ дæс азы мæхирдыгæй куы фесты, уæд Гыцци æрымысыд хицæнæй зæхх райсын æмæ дзы хæдзар саразын. Дада æмæ мæ фыды ‘фсымæр Хазби сæ сæрмæ марæн кæрдтæ бахастой:

– Цæй зæхх дæ хъæуы? Мæнæ нæхи зæххытæ, нæ сæндон æмæ нæ дыргъдон иу хъæуы фаг куы сты, – æмæ сæ сæ тæккæ астæуыл фæдих кодтой. Мах дæр ма æндæр цы хъуыд? Цæттæ сæндон, цæттæ дыргъдон!

Иу афæдзмæ нæ хæстæджыты æмæ нæ хъæубæсты зиугуыстæй хæдзар сарæзтам æмæ æрæвнæлдтам цæрынмæ...

Иу изæр нын нæ сыхаг гуырдзиаг зæронд лæг нæ кæртмæ æрбалæууын кодта ногарæзт чысыл лæгуæрдон, йæ уæлæ дыууæ сæнæфсирласæн тæсчъы, афтæмæй.

– Аминæт, мæ хо, уый та дын сæрмагондæй мæ лæвар. Сæндоны хицауæн ахæм лæгуæрдон æнæмæнг хъæугæ у. Уæдæ дын дæ лæггæдтæ æндæр цæмæй бафидон? Алцыдæр дыууæрдæм у...

Нæ цинæн ма кæрон уыд! Гыцци, цыма йæ сæйраг хъæбул уыд æмæ йын хæстæй сыздæхт, уыйау йæ фарсмæ йæ зонгуытыл æрхауд æмæ йыл йæ цæнгтæ ныттыгъта... Зæронд лæг сæргуыбырæй лæууыд йæ уæлхъус. Гыцци йæм æрæджиау хæрдмæ скаст æмæ фæлмæн хъæлæсæй сдзырдта:

– Бузныг, дæ лæвар бирæ... Мæ алыварс цы бирæ хорз адæм ис, уыдоны фæрцы истытæ кæндзыстæм...

Гъе, æмæ йыл цалдæр азы дæргъы фæкуыстам... Хъæууон-хæдзарадон техникæйау æй мах дæр алы уалдзæг цалцæг кодтам, ивтам йын йæ хæйттæ æмæ йыл Гыццимæ иумæ дыууæ хуымон галау ифтыгъдæй нæ мæгуыр царды хъуыддæгтæ арæзтам.

Гыцци, мæгуыр, авгау мын æрхауынæй тарст, мæ фынæйыл дæр мын нæ хъæцыд, фæлæ мæ уæзданыл, мыййаг, нæ дардта. Куыстам фæрсæй-фæрстæм. Куы-иу бахъуыд, суг дæр иумæ ластам. Иу ме ‘мцахъхъæны дæр мæ разæй никуы ницæмæй ауагътон: тынг хорз нысæнттыл каст фæдæн астæуккаг скъола, уый фæстæ ахуырмæ бацыдтæн институтмæ. Æз дæр сдæн агроном.

Гыццийы колхозы сæрдарæй цы бон равзæрстой, хъæубæстæ сæ бæрæгбонты бæсты куывтой уыцы бонæн. Хъæуы мæ мады рæстæджы сарæзтой ног скъола, рынчындон, клуб, кæсæндон, дукани, хохы рæбынæй рауагътой ихы къæртты хуызæн суадоны дон, æрвылбон нæм цыд автобус.

Фæлæ Гыцци адæмæй уæлдай йæхи никуы фæхъулон кодта. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты хайадисджытæ бирæ хатыртæй пайда кодтой, фæлæ мæ мад уый йæ сæрмæ никуы бахаста, йæ хай дæр-иу æвæрæз бинонтæн радта. Никуыдæр йæ хорзæхтæ йæ риуыл бакодта. Фæлæ йыл фæндзай азы куы сæххæст, уæд ын нæ хъæубæстæ

стыр юбилей скодтой... бирæ уæздан æмæ буц ныхæсты фæстæ йын балæвар кодтой... «Волгæ». Гыцци уый æнхъæл кæм уыд, æмæ сдзурын ницыуал сфæрæзта... Фæлæ мæнæн мæ цинæн кæрон нал уыд! Усгур лæппуйы ма æндæр цы хъуыд! Уымæй дæр уыцы рæстæджы Фатимæйыл дзырдтон, æмæ...

Изæры нæхимæ Гыццийы стыр цымыдисæй афарстон:

– Гыцци, афтæ мæм фæкаст, цыма, кæддæр нæ уæрдоныл «Волгæ»-йæ фылдæр фæцин кодтай. Æви æз рæдийын?

– Нæ, раст дзурыс... Уымæн æмæ уæд æвæрæздæр уыдыстæм æмæ уый руаджы слæууыдыстæм нæ къахыл... Ныр та «Волга» нæхæдæг дæр балхæдтаиккам, абон кæд нæ, уæддæр æввахс рæстæджы... Æниу, ныр дæр тынг цин кæнын. Цæуыл, уый ды нæ зоныс... Мæ хъæубæстæ мын аргъ кæй кодтой, ууыл, æмæ уый чысыл хъуыддаг нæу, нæ.

Уыйадыл нæ лæгуæрдон арф бафснайдтам. Фæлæ нын «Волгæ» дæр бабæззыд: ус ыл æрхастон, мæ дыууæ хъæбулы дзы гуырæн хæдзарæй æрбакодтон... æмæ йыл ме 'мбал лæппутимæ (уæд гуырдзиаг дæ, ирон дæ ничи дзырдта) хъæлдзæгæй мæ рæстæг æрвыстон... Хорз, тынг хорз рæстæг... Уæлдайдæр та мæ хъæусоветы сæрдарæй куы равзæрстой, уæд. Иу бинонтау царды дзæбæхæй цардыстæм, цалынмæ бæстæ нæ сызмæст... Стæй...

О Дунескæнæг, цы фыдбылызы хъуыддæгтæ нæм æнхъæлмæ каст, æмæ сыл нæ фыны дæр куыд никуы ахъуыды кодтам...

Цæргæ-цæрæнбонты нæ къæбæр кæимæ хордтам, мадызæнæджы цæстæй кæмæ кастыстæм, уыдон цыбыр рæстæгмæ къæссафæлдæхт фесты... Сæ чъылдым нæм фездæхтой... Æргом нæм дзы ныхасмæ ничиуал лæууыд, нæ салам ныхас дæр сын марджы ад скодта, фылдæрхатт та, цыма сæ сæрызонд фæцыд, уыйау иу сæ цæсгом дыууæ къухæй амбæрзтой æмæ-иу нæ фæрсты асыффытт ластой... Фыр дисæй ма-иу кæрæдзимæ кæсыныл фестæм. Цы сыл æрцыд, уымæн ницы æмбæрстам...

Уыдонæн та, мæгуыр уа сæ бон, сæ фæтæгæй дзырд уыд, цæмæй иу иронмæ дæр мауал дзурой.

Куыдфæстагмæ сæ цæсгæмттæ нал æмбæхстой æмæ æргом рацыдысты нæ ныхмæ, æртхъирæнтæ нæм райдыдтой, тымбыл къухæй сæ риутæ хостой.

Иу райсом мæ куыстмæ бацыдтæн æмæ... мæ дуарыл – дыууæ фæйнæджы дзуарæвæрдæй ставд згæхæрд зæгæлтæй хуыд. Цы зонын ма мын æй хъуыд! Мæ куыстмæ мæ нал бауагътой... Гыцци уыцы

æхсæв дæр цас фæмаст кодта... Фæлæ цы сарæзтаиккам, уымæн ницы æмбæрстам. Фæстагмæ нын æй сæхæдæг бацамыдтой: æргом райдыдтой нæ хъæуы ирæтты стъигъын, надтой сæ, бастой сæ æмæ сын сæ мулк, сæ фос æргом истой...

Уæд мæ мад комкоммæ лæг барвыста Важамæ, фæлæ уый афтæ тагъд нæ фæзынд. Гыцци рахъавыд, хъуамæ сæм йæхæдæг бацыдаид, фæлæ йæ æз нæ ауагътон... Цы нæ вæййы... Æмæ уæд мæлæты бонмæ уый мæ зæрдæмæ хастаин. Уымæ гæсгæ йæм æнхъæлмæ кастыстæм.

Æмæ мæнæ иу æхсæвæрафон хуыснæгау Важа хъуызгæ æрбахызт нæ кæртмæ æмæ гæдыйау хъавгæ къахдзæфтæй хæдзармæ æрбараст.

Гыцци йыл хъæрццыгъайау йæхи андæгъта:

– Дæуыл та цы 'рцыд, дæуыл? Ме 'фсымæргонд нæ дæ? Ферох дæ, къухылхæцæг мын кæй уыдтæ, уый? Хетæгимæ уæхски-уæхск нæ хæцыдыстут, дыууæ æфсымæрау нæ уарзтат кæрæдзи? Уымæн цæрын нæ бантыст, фæлæ ды мænæн абоны бонмæ æфсымæры бынаты нæ уыдтæ? Уæд ныр... Цы дыл æрцыд? Цæмæй старстыстут, цæмæй? Æви уын уæ туг раивдæуыд æмæ уын исчи уе уæнгты марг ауагъта?

Важа зæхмæгастæй лæууы... Стæй æрæджиау, цыма йæ бæрзæйыл дойнаг дуртæ баст уыд, уыйау, уæззаугай йæ сæрыл схæцыд æмæ æнкъард, дондзаст цæстытæй бакаст Гыццимæ:

– Раст дæ, Аминæт, раст сты дæ ныхæстæ, фæлæ иу хъуыддаг куыд не 'мбарут, ацы ирæттæ, уый мæм дис кæсы. Уый мæ мары... Уыцы хъуыддæгтæ уыдысты знон... Абон та æрцыд æндæр рæстæг, æндæр, æмæ йæ бамбарут! Фæйнæрдыгæй уæ уайдзæфтæ хъусынæй мæ зæрдæ мæ риуы сфизонæг. Абон нын æндæр балхон ис, æндæр, æндæрхуызон цардыуаг æрцыд... æндæр политикæ, æнæрай дзы фæуой... Æмæ куыд бакæнæм? Нæ бынаты ма уæхи авæрут, æндæра исты азимаг стæм? Аминæт, ды йæ зоныс, æз карчы хъуырмæ кард никуы бахастон, фæлæ мын ныр уæлейæ дзырд куы уаид, ироны амар, зæгъгæ, иу нæ, фæлæ цалдæры, уæд... Нæ зонын, нæ зонын, куыд бакæнин... Æвæццæгæн... Уæдæ дын кæннод дæхи марынц... – æмæ та йæ бæрзæй фæтасыд, йæ сæр йæ риуыл æрзæбул...

Мæ мад æй уæддæр булкъау къахта æмæ къахта:

– Зæгъæм, мæ иунæг хъæбулæй дын загътой, амар æй... Нæ дыууæйæ дын загътой, уæд? Амарис нæ?

– Æвæццæгæн... – бынмæ йæ къæхтæм кæсгæйæ, фæсус хъæлæсæй сдзырдта Важа.

– Æй саубон мæ куыд баййæфта, гъе! – Гыцци йæ уæрджытыл балæууыд. – Ардыгæй æмæхсæвæджы фæлидзын куы хъæуы, æмæ ма мах та цæмæдæрты куы æнхъæлмæ кæсæм. Мæ хъæбул, исты æрымысæм, цалынмæ нæ байрæджы... Æндæра...

– Ма тæрс, гыцци, сæ алы нæмыг лæгыл не 'мбæлы...

– Ды уæддæр дæхион кæныс, адæймаджы ныхас дæм нæ хъары! – йæхи мæм фæгæмæл кодта Важа. – Дæхимæ раст кæсы, адæм цалдæр хъæуы хъомау хæццæйæ кæй цæрынц, уый? Гъеныр, зæгъæм, сымах ам, гуырдзыйы 'хсæн, цы аразут? Кæнæ Ирыстонæн Цæгаты æмæ Хуссары цы гуырдзиæгтæ цæры, уыдоны уым цы хъæуы? Гуырдзыстоны хъуамæ цæрой гуырдзы, Ирыстоны та – ир. Æмæ кæдæй-уæдæй ныр архайæм уыцы фарст æрбæстон кæныныл; гъе, æмæ сымахæн дæр уæ уавæрыл ахъуыды æмбæлы, цалынмæ нæ байрæджы... Мæн уæ хорздзинад кæй фæнды, уый раджы сбæлвырд, фæлæ ныртæккæ ахæм дуг у, æмæ уын мæ бон ницы у. Æрмæстдæр уæ бафæдзæхсон, цæмæй уæхи ардыгæй айсат. Æниу мæ уый дæр куы базоной, уæд дæ фыдгул афтæ... Ацы бонты уæм гуырдзыйы неформалтæ æрбацæуинаг сты... Æмæ сæ хъæвд у сымахмæ – адæмы размæцыд минæвæрттæм. Ахæм зонæнтæ сæм ис, цыма уæ хъæуы кусы «Адæмон ныхас»-ы бæрнджын адæймæгтæ, æхца æмæ хæцæнгарз æмбырд кæнынц Цхинвалмæ арвитынæн. Тынг тæссаг у ам баззайын. Ииуылдæр уын уæ хæдзæрттæ зонынц, æмæ сæ хъæвд у уыдонмæ... – фæдзырдта æмæ æхсæвы тары аныгъуылд.

Хъæубæстыл хъусæй-хъусмæ айхъуыст Важайы фæдзæхст. Катайаг æмæ фæсмойнаг фесты...

Важа раст разынд. Неформалтæм бирæ æнхъæлмæ кæсын нæ бахъуыд...

Иу изæрмилты сæ хъæуы тæккæ бæстастæу, скъолайы кæрты, баурæдта æнахуыр номыртæ кæуыл уыд, ахæм уырыдзыхуыз автобус. Хъæуы фæсивæд сæ цæст дардтой хæддзу уазджыты архайдмæ. Автобусæй хизын райдыдтой автоматджынтæ... Диссаг у, уалæй дзы куыд бацыдысты? Æвиппайды райхъуыст сæ циах-циах... «Уæдæ афтæ у, уæд фæлæууут!» – æмæ хъæуæн алы кæрæттæй лæппутæ сæ къæпитæ, æфсæйнаг сагæйттæ, ломтæ æмæ фæрæттæ кæрæдзийыл хойын райдыдтой æмæ, уый æмрæстæджы, хъæр кæнынц: «Дæлæты, дæлæты! Ды та – уæлæты, уæлæты! О, афтæ, афтæ! Цы фестут, иннæтæ? Нæмыгызгъалæн аласут тагъддæр, рæвдз архайут, иу дæр дзы удæгасæй куыд нæ аирвæза!» – æмæ хъæу хъæр æмæ æмбу сси.

Неформалтæ иу æхст дæр нæ фæкодтой, цыма тыхдымгæйы уылæны бахаудысты, уыйау сæ мидбынаты схъомпал сты, чердæм ма алыгъдаиккой, уый дæр нал зыдтой. Стæй сæ автобус дæр ныууагътой æмæ дæлæмæ, сосæ фæндаджы 'рдæм сæхи айстой...

Маирбег æмæ йе 'мбæлттæ æхсæвыгæтты сусæгæй фервыстой сывæллæтты æмæ сылгоймæгты. Аминæт никуыдæм акуымдта. Уæд Фатимæ дæр йæ къæхтæ ныццавта. Æмæ æнæхъæн бинонтæй уыцы фыдæвзарæны бахаудысты.

Иухатт та изæрмилты фæзындысты. Æцæг ныр сæхи нал равдыстой, хъæугæрæтты дæрддзæг къуылдымы бын бамбæхстысты æмæ уырдыгæй нызгъæлстой.

Маирбег йе 'мбæлттимæ æмбæхст уыдысты хъæуы кæрон иу ныккæнды.

Гуырдзы сæ пырх дзæбæх куы акалдтой, уæд кæддæр-кæддæр æхст æрсабыр. Уæдмæ фæталынг, æмæ лæппутæ дæр схызтысты, алчи сæ йæ бинонты абæрæг кæнынмæ атындзыдта...

Маирбег куыддæр сæ хæдзары къæсæрæй бакаст, афтæ йыл Фатимæ хæрхæмбæлд фæцис:

– Нæ йæ уагътон, фæлæ мæм нæ байхъуыста... Скъæты хъуццытæм тындзыдта. Æз æй æрцахстон, фæлæ мæ йæхи атыдта æмæ... Фæцæф...

…Фæцыд Аминæты фæсус хъæлæс. Лæппу уæрдон фæурæдта:

– Цы у, Гыцци!

– Мæ къæхтæ... мæ къухтæ... Нал сæ хатын...

– Гыцци!

– Нæ, нæ, мæ цæстытæй дæр нал уынын... бæстæ ба... – йæ фæстаг дзырд нал райхъуыст.

Фатимæ Аминæты рустæ йæ дыууæ армы бакодта:

– Ма тæрс, ныртæккæ дæм дохтыр дæр æрбакæндзыстæм... – Æмæ цæхгæр фæзылд Маирбегмæ, сдзурын йæ бон ницыуал баци, фæлæ йын йæ тарст цæстæнгасæй лæппу алцыдæр бамбæрста…

– Нæ, нæ, мæ мæгуыр Гыцци, фидар фæлæуу, цæрæнбонты куыд уыдтæ, афтæ. Ды, ды æнæ мах нæ бафæраздзынæ! – хъæр кæны Маирбег, фæлæ мад йæ иунæгмæ ницыуал сдзырдта.

Нал тулы уæрдон...

Декабръ, 1999 аз

ТÆФÆРФÆС

ДАУЫРАТЫ – СЛАНТЫ ЗОЯ (ДАУЫРÆ)

19 майы йæ цардæй ахицæн РЦИ-Аланийы адæмон фыссæг, публицист, æхсæнадон архайæг, режиссер, УФ-йы Театралон архайджыты æмæ Фысджыты цæдисты уæнг, РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг Дауыраты Зоя.

20 июны Зояйыл сæххæст уыдаид 85 азы. Йе стырдæр бæллиц уыд адæмы хорздзинад æмæ ирон æвзаджы рухс фидæн. Уыдонæн лæггад кæнгæйæ, арæзта йæ цард.

Зоя райгуырд Хъобаны. Каст фæцис педагогон училище. Уый фæстæ та – Мæскуыйы Щукины номыл театралон училищейы ирон студи. Уыд Ирон театры артисткæ. Фæлæ йæ зæрдæмæ хæстæгдæр уыд режиссеры куыст. Фондз азы бакуыста сывæллæтты æмæ рæзгæ фæлтæры театр «Саби»-йы режиссерæй.

1978 азы Даурæ ахуыр кæнынмæ бацыд Мæскуыйы театралон аивады институты режиссеры дæсныйады хайадмæ. Практикæ кодта «Союзмультфильм»-ы. Ирыстонмæ куы æрыздæхт, уæд йæ бæллиц уыд сывæллæттæн мультипликацион кононывтæ исын. Фæлæ уымæн уавæртæ нæ уыд, æмæ кусын райдыдта Цæгат Ирыстоны телеуынынады режиссерæй, стæй та – сæйраг режиссерæй. Бакуыста дзы 23 азы.

Уый фæстæ Зоя фæсивæды æмæ хистæр кары минæвæртты ахуыр кодта ирон æвзагыл дзурын, æхсæнад «Хæзнадон»-ы цы ирон æвзаджы скъола байгом кодта, уым. Афтæмæй йæ фæрцы бирæтæ сахуыр сты иронау æдæрсгæйæ дзурын. Парахат кодта ирон аивад, литературæ æмæ традицитæ йæ уды фæндонмæ гæсгæ, иу сом дæр никæд никæмæй бацагургæйæ.

Ирон литературæмæ Даурæ бакъахдзæф кодта, йæ æрдзон курдиат йæ тæмæны куы бацыд, уæд. Джиппы уагъдæй йын рацыдысты чингуытæ: «Курдиатгур», «Сæдæйысæр», «Азæлд», «Фæрдыг», «Дуджы улæфт».

Даурæ удуæлдайæ лæггад кодта кæстæр фæсивæдæн. Цы бирæ æмдзæвгætæ æмæ сын радзырдтæ ныффыста, уыдон уайтагъд ссардтой фæндаг сывæллæтты зæрдæтæм, æмæ сæ зæрдиагæй ахуыр кодтой æмæ кæнынц ныр дæр. Йæ чингуытæ «Мæ къонатæн, мæ хуртæн», «Мæ чысыл хуртæн», «Иуæй фондзмæ уал нымайæм», «Мæргъты паддзах», «Æз æмæ ды», «Æрдхæрдтæ» стыр æвæрæн бахастой кæстæрты хъомылады хъуыддагмæ.

Йе ’мдзæвгæтæ, радзырдтæ, очерктæ мыхуыры цыдысты республикæйы газеттæ æмæ журналты. Социалон тыхстаг фарстытыл дзырдта ныфсджынæй æмæ æргомæй.

Фæзминаг, æгъдауджын ирон сылгоймаг, не ’нувыд журналкæсæг, нæ хæлар, ирон дзырдæн æмæ культурæйæн бирæ хæрзты бацæуæг Дауыраты Зоя не ’хсæн кæй нал ис, уыцы æвирхъау цауыл фæрыст алы ирон лæджы зæрдæ дæр.

Рухсаг у, Зоя…

«Мах дуг»-ы кусджытæ

Журналы цы къамтæ ис, уыдон ист æрцыдысты РЦИ-Аланийы
Нывгæнджыты цæдисы æмæ Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл
Театралон аивады музейы æвæрæнтæй.

* * *

Шеф-редактор Н.С. ДЖУСОЕВА
Корректор А.К. КАРГАЕВА
Дизайн, верстка М.Т. БАГАЕВ
Специалист по информационным ресурсам А.А. ГАБИСОВ

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Редакцийы куысджытæ авторы хъуыдыимæ алкæд разы нæ вæйййынц.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО—Алания
362003. г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug@mail.ru.
Тел.: гл. редактор — 25-09-64;
отдел поэзии, корректор — 25-09-74; бухгалтерия, компьют. — 25-22-47.

Подписано к печати 20.05.2020 г. Формат издания 60x90 1/16. Бум. офсет.
№80г./м². Гарнитура шрифта Times New Iron. Вклейка 1 п.л. мелованная.
Печать офсетная. Усл. п.л. 16. Учетно-изд. л. 14,88. Тираж 1800 экз.
Заказ №205. Цена свободная. Выход из печати 30 мая 2020 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.